Библие Хъыбархэр 1

Франк Пенни

# ПАСЭРЕЙ ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМРЭ

# ХЪЫБАРЫФІЫМРЭ

Библием къитхыжа хъыбархэр

Frank Penney: Bible Stories

Copyright c 1984 LionPublishing,England

Copyright c 1994 Kabardian Translation by «Licht im Osten», Postfach 1340, 70809 Korntal,Germany

Third edition 2010

Франк Пенни: Библейские рассказы на кабардинском языке

Третье исправленное издание 2010

«Свет на Востоке», Корнтал, Германия

Франк Пенни: Библием къитхыжа хъыбархэр:

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэмрэ ХъыбарыфIымрэ

Ягъэунэхуа ещанэ тедзэныгъэ 2010

«КъуэкIыпIэм къыщыпс нэхунэ», Корнтал, Германия

**Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэр**

**ТХЬЭМ ДУНЕЙР КЪЫЗЭРИГЪЭЩIАР**

Псом япэ Тхьэм уэгумрэ щIыгумрэ къигъэщIащ. ЩIыгур нэщIыпст икIи кIыфIыпст. Ауэ Тхьэм ищIэрт щIыгур дахащэ ищIыну лъэкIыныгъэ зэриIэр. Тхьэм нэхур къигъэщIри, кIыфIыр абы къыщхьэщигъэщхьэхукIащ. Арати, Тхьэм нэхум - махуэ, кIыфIым - жэщ яфIищащ. Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

ЩIым и щхьэфэр зэрыщыту псыт. Тхьэм мурад ищIащ а псы къомым и ныкъуэр щIым къытринэу, адрейм пшэ къыхищIыкIыну.

Тхьэм уэгури къигъэщIащ, а пшэхэм щхьэкIэ. Пшэхэр зэхыхьэурэ пшагъуэ хъуа нэужь, уэшхыр къошх. Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

Псым щыщу щIы щхьэфэм къытена Iыхьэм Тхьэм къыхищIыкIащ тенджызхэр, псыхъурейхэр, псыежэххэр.

Псыр дахащэт. Абы нэхур къытелыдыкIырт. Тхъурымбэ бжыгъэншэу зэхэт хыуалъэхэр тенджыз Iуфэм къеуалIэрт.

Языныкъуэ щIыпIэхэм деж хыуалъэр нэпкъым апхуэдизкIэ ину къыжьэхэуэрти, ткIуэпс куэдыкIейуэ зэбгрылъэтыкIырт. Арати, дунейм хыи тафи щыIэ хъуакIэт. Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

Тхьэм тафэхэр къэкIыгъэ куэдыкIейкIэ игъэнщIащ.

Гулъ щхъуантIэ цIыкIухэр къызэIукIщ, къэкIыурэ зашэщIщ, щхьэмыжхэр къищIри, дыщафэ хъужауэ хьэдзэхэр иришIэжащ.

Жыгхэр хэт хужьу, хэт тхьэмбылыфэ дахэу зэщIэгъэгъащ.

„Ар дэгъуэщ, - жиIащ Тхьэм, - куэд дэмыкIыу пхъэщхьэмыщхьэхэр дунейм тез хъунущ - ахэр шхыныгъуэ хъарзынэщ".

Жыгхэм зыкъращэкIат тхьэмпэ жьгъей цIыкIухэр Iуву зытет лъэнтхъуийхэм. Хьэуар епэрымэ гуакIуащэкIэ гъэнщIат. „ЩIыгур дахащэ хъунущ", - жиIащ Тхьэм.

Жыгей инхэм я къудамэхэр пхъафэ пхъашэжьхэм щIагъэнащ. Къабзийм и тхьэмпэ бапхъэ кIыхьхэр зэбгришиикIащ. Тхьэм илъэгъуащ ари зэрыхъарзынэр.

Тхьэм ищIэрт къэкIыгъэхэр нэхурэ хуабэрэ зэрыхуейр. Арати, абы къигъэщIащ дыгъэр, дунейр къигъэнэхун, къигъэхуэбэн щхьэкIэ. „Си къэкIыгъэхэр дыгъэм быдэ, бэшэч ищIынущ, къигъэкIынущ, хигъэхъуэнущ", - жиIащ Тхьэм.

Тхьэр хуейт махуэу дыгъэр къыщепсым деж жейрэ, жэщкIэ мыжейуэ хьэкIэкхъуэкIэхэр къигъэщIыну. Ахэри хуэныкъуэнут нэху, ауэ дыгъэм хуэдэ дыдэу къепс нэхутэкъым зыхуэныкъуэнур. Арати, Тхьэм мазэмрэ вагъуэхэмрэ къигъэщIащ. Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

Тхьэм гу лъитащ хыуалъэхэр нэпкъым къызэреуалIэм. Дыгъэм и нурхэм псыр пэлыдырт.

„Мыбдей ущыпсэуну дэгъуэщ, - жиIащ Тхьэм. - Сэ къэзгъэщIынщ бдзэжьейхэр, псым щыбэгъуэн хуэдэу, къауц щабэхэр зытет бзухэри къэзгъэщIынщ, хьэуам къыщалъэтыхьын щхьэкIэ“. Тхьэм зэрыжиIауи Iуэхур хъуащ. Тхьэм илъэгъуащ ари зэрыхъарзынэр.

„Иджы сэ къэзгъэщIынщ псэ зыIут жьгъей куэд: гъудэбадзэхэр, хъумпIэцIэджхэр, зэщIэвууэжу бжьэхэр. ИтIанэ, - къыщIигъуащ Тхьэм, - сэ къэзгъэщIынщ псэущхьэ домбейхэр. Псалъэм папщIэ: пылрэ пэбжьакъуэврэ.

Языныкъуэ хьэкIэкхъуэкIэхэр хуэм дыдэурэ зекIуэнущ, мис мы щхьэхынэбацэм ещхьу. Адрейхэр хуабжь дыдэу жэфу щытынущ, псалъэм папщIэ, мис мы щомыщым хуэдэу. Сэ хьэкIэкхъуэкIэ зэмыщхь куэд къэзгъэщIынщ".

Абы зэрыжиIам хуэдэуи Iуэхур хъуащ. Хъуа нэужь, Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

Языныкъуэ псэущхьэхэр Тхьэм къигъэщIащ цы щабэ ятету, адрейхэм фэ быдэ ятелъу. Номинхэр кIэ кIыхьхэр япыту къигъэщIащ, зы жыгым илърэ адрейм пкIэфу щытын щхьэкIэ. Жьындухэм нэшхуэ яхуищIащ, щыкIыфIым дежи ялъагъуу щытын щхьэкIэ.

Псым хэсри, хьэуам хэтри, тафэм тетри - дэтхэнэ псэущхьэри дахащэт икIи нэщIысат. Тхьэр абыхэм еплъурэ гуфIэрт. А къигъэщIа псом яхэплъэжри, Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

ИкIэм-икIэжым, щIыгур хьэзыр хъуащ. „Иджы сэ къэзгъэщIынщ цIыхухэр, мы щIыгум хъугъуэфIыгъуэу тет псом щыгуфIыкIыу псэун щхьэкIэ“, - жиIащ Тхьэм. ИкIи къигъэщIащ цIыхухъурэ цIыхубзрэ. Тхьэм илъэгъуащ ар зэрыхъарзынэр.

„Абыхэм бын къащIэхъуэнущ икIи абыхэм зэрахьэнущ си щIыр“, - жиIащ Тхьэм. ЦIыхухъум абы фIищащ Iэдэм, цIыхубзым - Хьэуа. Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, яIуплъэху, ящыгуфIыкIырт.

Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ яригъэлъэгъуащ псэущхьэрэ къэкIыгъу къигъэщIауэ хъуар, ахэр щалъагъукIэ, езым къыдэгуфIэнхэ папщIэ.

„ФIыщIэ пхудощI псори зи IэщIагъэ, - жаIащ Iэдэмрэ Хьэуарэ. - Уи щIыгур дахащэщ!“

Тхьэр щIыгум еплъри, жиIащ: „Пэж дыдэу щIыгур дахащэщ! Иджы сэ къэзгъэщIам сыщыгуфIыкIыурэ зызгъэпсэху хъунущ". Арати, Тхьэм и лэжьыгъэр зэпигъэури, къигъэщIам щыгуфIыкIрэ зигъэпсэхуу щIидзащ.

Тхьэм дунейр къызэригъэщIам и тхыдэм фэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ БибЛеам щыщу Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) хыхьэ, Мусэ бегъымбарым итха и япэ тхылъым и япэ псалъащхьэм.

## IЭДЭМРЭ ХЬЭУАРЭ

Дунейр къигъэщIа къудейрэ щIыгур щIэрыпсу щыщыта япэ махуэхэм щыгъуэ Тхьэм къыщикIухьырт и жыг хадэ телъыджэм. Ар ящыгуфIыкIырт хьэкIэкхъуэкIэрэ бзууэ къигъэщIам. Ауэ псом хуэмыдэжу ар иригуфIэрт цIыхухъурэ цIыхубзрэ къызэригъэщIам. Ахэр абы и ныбжьэгъут икIи фIы дыдэу илъагъурт. Iэдэмрэ Хьэуарэ - апхуэдэут а тIум зэреджэр.

Тхьэм абыхэм я пщэ ирилъхьащ и жыг хадэм кIэлъыплъыну. ПщыхьэщхьэкIэрэ, пшапэр зэхэуэу хьэуар нэхъ щIыIэтыIэ щыхъум деж, абыхэм Тхьэм хуаIуэтэжырт махуэм ящIауэ хъуар.

Iэдэм хуабжьу игу ирихьырт абыхэм щхьэкIэ Тхьэм къигъэщIа жыг хадэр. Ахэр къэкIыгъэхэм якIэлъыплъырт, мэракIуэрэ нэгъуэщI пшхы хъууэ къапыкIэу хъуар къыпачырт.

Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ къажриIащ кIэлъыплъурэ зэрыдахащэм иригуфIэу щытын щхьэкIэ, щIыр абыхэм къазэрыхуигъэщIар. Iэдэмрэ Хьэуарэ цIэ фIащащ хьэкIэкхъуэкIэрэ къуалэбзууэ щыIэ псоми. Ахэр абыхэм ядэджэгурт, псым зыщагъэпскIырти, итIанэ уафэм щызекIуэ пшэхэм якIэлъыплъу куэдрэ щылът.

„Хадэм и курыкупсэм ит жыгым нэмыщI, адрей жыг псоми къапыкIэу хъуар фшхы хъунущ", - къажриIащ абыхэм Тхьэм зэгуэр. Тхьэм абыкIэ уедэIуэныр тыншт, сыту жыпIэмэ хадэм гъунэжу итт пхъэщхьэмыщхьэ IэфI куэд къызыпыкIэ нэгъуэщI жыгхэри.

Псэущхьэ псоми фIыуэ ялъагъурт Iэдэмрэ Хьэуарэ, абыхэм къащымышынэу къабгъэдыхьэрт. Ауэ а хадэм ист зы блэ бзаджэ, Iэдэмрэ Хьэуарэ ятеплъэ мыхъурэ а цIыхухэр Тхьэм ныбжьэгъу зэрыхуэхъуар фIэмыфIу.

Арати, зэгуэрым а блэ бзаджэр Хьэуа бгъэдэпщхьэри, мыпхуэдэу жриIащ:

„Хадэм и курыкупсэм ит мо жыгым къыпыкIэм щыщ щхьэ пшхыуэ уемыплърэ? Тхьэм къывжиIакъэ хадэм ит жыг псоми къапыкIэу хъуар фшхыну фыхуиту?“

„Жыг псоми къапытчурэ тшхы хъунущ, - жэуап кърitащ абы Хьэуа, - ауэ а жыгым къыпыкIэм щыщ зэи тшхы хъунукъым, тшхымэ, дылIэнущ“.

„Ар зи фIэщ хъуа уэ сыту уделэ цIыкIу мыгъуэ - Iущэщащ блэ бзаджэр. -УлIэнукъым! Абы къыпыкIэм щыщ зы закъуэ нэхъ мыхъуми пшхымэ, езы Тхьэ дыдэм ещхьу губзыгъэ ухъунущ. ЖысIэр уи фIэщ мыхъумэ, шхыи еплъ“.

Хьэуа, жыгым хуеплъэкIри, дзыхь имыщIыщэурэ, абыкIэ игъэзащ. Игъазэщ, жыгым бгъэдыхьэри, дэплъеящ. ПщIащэ щхъуантIэхэм къахэлыдыкIыу жыгым пытт хъупарэ фоупскIэ гъэнщIауэ мыIэрысэ дахэшхуэхэр. Нэхъ и лъабжьэмкIэ зы мыIэрысэшхуэ пытти, Хьэуа зишийурэ ерагъкIэ ар къыпичащ.

Хьэуа мыIэрысэр къыпичщ, и жьэм хуихьри... едзэкъащ.

„Пэж дыдэу, мыр хуабжьу IэфIщ", - жиIащ абы. Пабжьэм къыхэтIысхьауэ блэ бзаджэр Хьэуа къыкIэлъыплъырт.

Абы ирихьэлIэу, Iэдэм Хьэуа къыбгъэдыхьэри, табу зытелъ жыгым къыпичауэ мыIэрысэ зэришхыр къилъэгъуащ. „Мыр адрейхэм нэхърэ IэджэкIэ нэхъ IэфIщ, едзакъи, еплъыт", - жиIэри Хьэуа мыIэрысэр къиишиящ. Къыщишийм, ехъуапсэри, Iэдэми едзэкъащ.

Блэ бзаджэр гущыкIыгъуэу пыдыхьэшхыкIащ. Тхьэм и жыIэм ебэкъуа Iэдэмрэ Хьэуарэ зыкъащIэжри, зэуэ къэшынащ.

„Тхьэр иджыпсту къакIуэмэ и унафэм дызэребэкъуар илъагъунущ, зыдгъэгъэпщкIу", - жаIащ абыхэм. Япэм Iэдэмрэ Хьэуарэ зэи зыщагъэпщкIуу щытакъым Тхьэм, сыту жыпIэмэ ахэр абы и ныбжьэгъут.

Пшапэр зэхэуэу Тхьэм къигъэзэжа нэужь, Iэдэмрэ Хьэуарэ къызэрыпемыжьам гу лъитэри, еджэу щIидзащ: „Iэдэм, Хьэуа! Сыт зыщIэвгъэпщкIуар? Хадэм и кум ит жыгым къыпыфчу мыIэрысэ фымышхауэ пIэрэ фэ?“

Iэдэмрэ Хьэуарэ щтэIэщтаблэу пабжьэм къыхэкIыжащ.

„Мо жыгым пытым щыщ щхьэ фшха?“ - къеупщIащ абыхэм Тхьэр. Iэдэм, Хьэуа Iэпэ хуишийри, моуэ жиIащ: „Мыращ ар сэ къызэзытар“.

„Апхуэдэу щхьэ пщIа? - еупщIащ Тхьэр Хьэуа. Хьэуа, блэм Iэпэ хуишийри, жиIащ:

„Мис мобы сытригъэгушхуащ“.

„Сэ сыхуеят игъащIэкIэ мы хадэм зэщIыгъуу дыщыпсэуну, ауэ фэ фи IэкIэ а фи насыпыр фкъутэжащ, - жиIащ Тхьэм. - Иджы, къэгъазэ фимыIэу мы си хадэр къэвбгынэн хуейщ фэ тIум. Нобэ щыщIэдзауэ фэ фи кIэтIийр фи вакъэпсу фылэжьэнущ, уз жыхуаIэр зыхэфщIэнущ, зэшыгъуэмрэ узыгъуэмрэ зищIысри къэфщIэнущ. ИкIи зэи къэвгъэзэжыфынукъым фэ зэи мы хадэм. Мис апхуэдэурэ жьы фыхъунурэ, итIанэ фылIэжынущ.

Ар и щIыкIэу, Тхьэм Iэдэмрэ Хьэуарэ жэнэт хадэм кърихуащ. Тхьэм хуабжьу и жагъуэ хъуат и унафэм ахэр зэребэкъуахэр икIи афIэкIа дзыхь лъэпкъ а тIум яхуищIыжыфынутэкъым. Езы Iэдэмрэ Хьэуари щIегъуэжарэ я гум щIыхьауэ къэнат Тхьэм и жыIэм зэребэкъуар.

Арати, мэжалIэм имыхьын щхьэкIэ, гугъу дыдэ ехьурэ щIым телэжьыхьын, яшхынур езыхэм къагъуэтыжын хуейуэ абыхэм къахудэкIащ. Iэдэмрэ Хьэуарэ хуабжьу я жагъуэ хъурт адрей псэущхьэхэр къащышынэ зэрыхъуар. Ауэ псом нэхърэ нэхъыбэу ахэр зыгъэгумэщIыр Тхьэм къахуиIа ныбжьэгъугъэр зэрафIэкIуэдарт.

Мы хъыбарыр фэ къивгъуэтэнщ БибЛеам щыщу Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и ещанэ псалъащхьэм.

## НУХЬ БЕГЪЫМБАРЫМРЭ ПСЫДЗЭШХУЭМРЭ

Тхьэм дунейр къыщигъэщIам, абы псори щыхъарзынэт. Ауэ куэд дэмыкIыу Тхьэм гу лъитащ а щIыгум тепсэухь цIыхухэр жыIэмыдаIуэ зэрыхъуам, щIэпхъаджагъэхэр зэралэжьым. ЗэгурыIуэ-зэдэIуэжу щыпсэуар ящыгъупщэжауэ, ахэр зыр зым ебийрт. Хуейтэкъым ахэр афIэкIа Тхьэми хуэжыIэщIэну. Арати, Тхьэр къигъэгубжьащ цIыхухэм ялэжь Iуэху мыщхьэпэхэм.

Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм моуэ жиIащ: „Сэ цIыхухэм тезыр ятеслъхьэнущ, къызэрызэмыдэIуэжхэм къыхэкIкIэ. Псыдзэшхуэм дунейр зэщIезгъэщтэнщи, псэ зыIуту хъуар хэзгъэкIуэдэнщ икIи апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыгур згъэкъэбзэнщ. ИтIанэ щIыгур дахащэ хъужынущ, къыщыунэхуам ещхьыркъабзэу. ИкIи абы гъащIэм щIэрыщIэу щыщIидзэжынщ.

Ауэ зы цIыху яхэтт а щIыгум щыпсэухэм, щIэпхъаджагъэ лъэпкъ имыщIарэ Тхьэм и жыIэм едаIуэу. Ар цIыху псэ хьэлэлт, абы къыхэкIыуи Тхьэм фIыуэ къилъэгъуащ. Нухьт абы зэреджэр.

Арати, Тхьэм Нухь къыжриIащ щIыгум псыдзэшхуэ къыщIигъэуэну зэримурадыр, а псыдзэм псэ зыIуту хъуар зэрыхэкIуэдэнур. Кърпигъэлынур Нухьрэ абы и унагъуэмрэщ.

„Уэ пщIэн хуейр мыращ, - къыжриIащ Тхьэм Нухь. - Пхъэм къыхэщIыкI кхъухь. Мис а кхъухьым уисмэ, дунейм къыщIэзгъэуэну псыдзэм укъелынущ".

Тхьэм Нухь къыжриIащ а кхъухьыр зэрищIыну щIыкIэр. Кхъухьыр куууттIхэмкIэ куэду зэпыхулыкIарэ щхьэ телъу, щхьэгъубжэ иIэу, зы лъэныкъуэмкIи бжэ хэлъу щытын хуейщ. Дагъэ фIыуэ зыщIегъэфын хуейщ а кхъухьыр къызыхэпщIыкIыну пхъэхэм, и кIуэцIым псы къимыхьэн щхьэкIэ.

Арати, Нухьым ищIу щIидзащ кхъухьыр. Абы игъащIэм кхъухь ищIа-тэкъым, ауэ Тхьэм къыжриIат зэрыщIын хуейри, абы и жыIэм тетурэ Нухь кхъухьым елэжьырт. Кхъухьыр хьэзыр зэрыхъуу, Нухьрэ абы и унагъуэм исхэмрэ дэкIуейри ихьащ. Тхьэм мыпхуэдэу Нухьым къыжриIащ: „Мы кхъухьым уэ ибгъэтIысхьэн хуейщ хьэкIэкхъуэкIэуи къуалэбзууи дунейм тетым ящыщу зэхъу-зэбз зырыз, ахэр къебгъэлын щхьэкIэ. Кхъухьым исыху, уи нэIи ятебгъэкIын хуейкъым уэ абыхэм. Фэр щхьэкIи абыхэм щхьэкIи шхын гъэхьэзыр“.

Ар зэхэзыха Нухь, и унагъуэм исхэр зыщIигъури, хьэкIэкхъуэкIэуи къуалэбзууи дунейм тетым я зэхъу-зэбз зырыз кхъухьым ирагъэтIысхьащ, тыншу исын, яшхыни хуитуягъуэтын хуэдэу.

Нухь, Тхьэм и унафэм тету, псори зэфIигъэкIа нэужь, Тхьэм и унафэкIэ бжэр зэхуищIащ.

Тхьэм емыдэIуа цIыху псори кхъухь щIыбым къэнащ.

Ар зэрызэфIэкIыу, Тхьэм уэлбанэшхуэ къырищIэкIащ дунейм. Хуэм-хуэмурэ уэлбанэр борэнышхуэм хуэкIуэжри, псыдзэр къэуащ. КъракIых фIэкIа умыщIэну уафэм къежэх уэшхыпсыр, макъ шынагъуэ иригъэщIу, кхъухьым и щхьэм къытелъадэрт. Уэшхми щигъэтыртэкъым – къешхырти - къешхырт. Ауэрэ щIыгур зэрыщыту псым щIигъанэщ, кхъухьыр къиIэтри, ирихьэжьащ.

Зэпымыужу, уэшхыр махуэ куэдкIэ къешхащ. ХьэкIэкхъуэкIэхэр кхъухьым къикIыу хуиту къажыхьыну хуейт. Нухь и къуэхэри щIэхъуэ-псырт, япэм ещхьу, унэм щIэсу псэуну. АрщхьэкIэ Нухь абыхэм яжриIащ: „Фэ шыIэныгъэ фхэлъын икIи фыпэплъэн хуейщ".

Апхуэдэурэ махуэ куэд дэкIри, икIэм-икIэжым уэшхым къешхын щигъэтащ. Псым апхуэдизкIэ лъагэу зиIэтати, къуршхэм я щыгухэри щIихъумат. Жьы къыкъуэури, псы гущIыIум тету кхъухьыр ежьащ.

Жьыр нэхъри ину къепщэу щIидзэри, псыр хуэм-хуэмурэ жэщIыжащ. Апхуэдэурэ, Нухьрэ абы и унагъуэм щыщхэмрэ зэгуэрым къалъэгъуащ псым къыхэщ къурш щыгухэр.

Нухь жиIащ: „Къуалэбзум я дамэхэм тIэкIу зрагъэшэщIын хуейщ. КъуанщIэр сыутIыпщынщи, сеплъынкъэ“. КъуанщIэр зелъатэщ - зелъатэри, куэд дэмыкIыу къигъэзэжащ. ИтIанэ Нухь иутIыпщащ тхьэрыкъуэр. Ауэ тхьэрыкъуэри щIэх дыдэу къэлъэтэжащ, сыту жыпIэмэ щетIысэхын гъущапIэ игъуэтакъым.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Нухь аргуэру тхьэрыкъуэр иутIыпщащ. Мы зэм тхьэрыкъуэм къигъуэтащ зи щхьэкIэр псым къыхэщ жыгыр. Зы къудамэ цIыкIу къыпичри, ар жьэдэлъу тхьэрыкъуэр аргуэру кхъухьым къилъэтэжащ. Ар и нэщэнэт псыдзэм щIыгур къызэриутIыпщыжым.

Ауэрэ, кхъухьыр къурш гуэрым и щыгум теувыIыхьащ. Ар и щIыкIэу иухащ дунейр щIэзыхъума псыдзэшхуэр. Нухь Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ жиIащ: „Тхьэм жиIар игъэзэщIащ. Куэд дэмыкIыу щIыгур гъущыжынурэ, абы ущыпсэу хъунущ. Тхьэрыкъуэр аргуэру сыутIыпщынщи, псэупIэ хуэхъун езым къилъыхъуэжынщ".

Ар жиIэри, тхьэрыкъуэр аргуэру кхъухьым ириутIыпщыкIащ абы. Тхьэрыкъуэр лъатэри, мы зэм къигъэзэжакъым. АбыкIэ Нухь къыгурыIуащ псыр щIэужу щIыгур зэрыгъущыжар.

ИтIанэ Тхьэм Нухь жриIащ: „Мис, си щIыгур аргуэру хуэхьэзырщ фэ фытепсэухьыным. ФыкъикI кхъухьым уэри уи унагъуэм щыщхэри. Къи-шыж хьэкIэкхъуэкIэрэ къуалэбзууэ ису хъуари“. Нухь и фызыр, я къуи-щыр, абыхэм я щхьэгъусэхэр кхъухьым къикIри, щIыгуми хьэуа къабзэми щыгуфIыкIыу тэлайкIэ зэхэтащ. Абыхэм Тхьэм гуапэу фIыщIэ хуащIащ, псыдзэм къызэрыригъэлам, мы щIыгу дахащэр тыгъэ къазэрыхуищIам щхьэкIэ.

„Сэ си гум къоуэ дунейм псыдзэ къыщIэзгъауэу цIыхухэри псэ зыIуту хъуари зэрыхэзгъэкIуэдар, - жиIащ Тхьэм. - Си щIыгум фэ нэхъ насыпыфIэ фыщыхъункIэ сохъуахъуэ!“

Уафэм щыдэплъейм, абыхэм къалъэгъуащ плъыфэ зэмыфэгъу дахащэхэу зэщIэблэ лэгъупыкъур.

„ЗэвгъащIэ, - жиIащ Тхьэм, - уэгум лэгъупыкъу къихьэу щытыху, сэ псэ зыIутхэм псыдзэкIэ дунейкъутэж афIэкIэ къахуэзгъэкIуэнкъым“.

Мы хъыбарыр фэ къивгъуэтэнщ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) щыщу Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и еханэ псалъащхьэм деж къыщыщIэдзауэ.

## ТХЬЭМ И НЫБЖЬЭГЪУ ИБРЭХЬИМ

Ибрэхьимрэ абы и фыз Сарэрэ Бабилэн къэралыгъуэшхуэм щыщ Ур къалэм щыпсэурт. Арати, зэгуэрым Тхьэм Ибрэхьим къыжриIащ Бабилэныр ибгынэу нэгъуэщI хэку Iэпхъуэну. Тхьэр хуейт а хэку здигъэIэпхъуэнур Ибрэхьимрэ абы къытехъукIынухэмрэ тыгъэ къахуищIыну.

Ибрэхьимрэ Сарэрэ бын яIэтэкъым, ауэ Тхьэм Ибрэхьим къыжриIащ: „А хэкур сэ тыгъэ фхузощI уэри, уи бынхэми, абыхэм къатехъукIынухэми. Фэ сэ си лъэпкъыу фыщытынущ". Ибрэхьим, жьы хъуа пэтми, Тхьэм жиIар и фIэщ хъуащ: Сарэрэ абырэ бын зэрагъуэтынур.

Арати, Ибрэхьимрэ Сарэрэ гъуэгуанэм зыхуагъэхьэзыру щIадзащ. Щыгъын лей, гъуэмылэ къащтэщ, я ныбжьэгъу-жэрэгъухэм фIэхъус ирахыжри, ахэр гъуэгу техьащ.

Ибрэхьимрэ Сарэрэ ящIэртэкъым а хэку здэкIуэр къызэрагъуэтынур, гъуэгу убзыху лъэпкъи яIэтэкъым. Тхьэрат ахэр гъуэгугъэлъагъуэу зыщы-гугъыр. Гъуэгуанэр хуабжьу

кIыхьт икIи хьэлъэт. ЖэщкIэрэ шэтыр яухуэрти, абы щыжейрт, нэху зэрыщу, гъуэгуанэм теувэжхэрти, кIуэрт, къэрал Iэджи къызэранэкIыурэ.

Ибрэхьимрэ Сарэрэ жьы хъуакIэт, ауэ зэи бын ягъуэтатэкъым. Арати, Тхьэм зэгуэрым Ибрэхьим моуэ къыжриIащ: „Пхуэбжыну пIэрэ уэ гъуэгум пшахъуэу телъым е уэгум вагъуэу исым я бжыгъэр? НтIэ, зэгъащIэ: уэ къыпщIэхъуэхэр щыпхуэмыбжыж зэман къэхъунущ".

Ибрэхьим ар и фIэщ хъурт.

Гъуэгуанэ кIыхь икIи хъэлъэ зэпача нэужь, ахэр нэсащ къалъыхъуэ лъабыхэм. Абы щыIэтэкъым ахэр щыпсэун унэ, абы къыхэкIыуи шэтыр яухуэри, абы щыпсэууэ щIадзащ. Зэгуэрым Ибрэхьим гу лъитащ я шэтырым гъуэгурыкIуэ лIищ къызэрыхуэблагъэр. „Фыкъеблагъэ, фыкъыщIыхьи, тIэкIу зывгъэпсэху, - гуапэу яжриIащ абыхэм Ибрэхьим. - ЩIакхъуэ фэттынщи, тIэкIу фызэIурыунщ".

„Ди гуапэу, - жаIащ гъуэгурыкIуэхэм. - Дэ уэ хъыбарыфI къыпхуэтхьащ: уи щхьэгъусэ Сарэ къуэ игъуэтынущ". Абыхэм жаIэр щызэхихым, Сарэ къэдыхьэшхащ. „КIасэIуэщ, - егупсысащ ар, - жьыIуэ дыхъуащ дэ тIур“.

А гъуэгурыкIуэхэр къэзыгъэкIуар Тхьэрат, Ибрэхьимрэ Сарэрэ ягъэ-гуфIэну абыхэм жаIар Сарэ и фIэщ зэрымыхъуар Тхьэм и жагъуэ хъуащ. Ауэ куэд дэмыкIыу Сарэ къыгурыIуащ а гъуэгурыкIуэхэм жаIауэ щытар зэрыпэжыр, абыхэм я хъуэпсапIэ закъуэу щытыр икIэм-икIэжым зэрызэ-щIэнур. „Тхьэм хузэфIэмыкIын Iуэху зыри щыIэкъым“, - жиIащ абы.

Ибрэхьимрэ Сарэрэ я гуфIэгъуэр пхужымыIэным хуэдизт къуэ щагъуэ-там щыгъуэ. Абыхэм я щIалэ цIыкIум фIащащ Исхьэкъ. Тхьэм и псалъэр игъэпэжат.

Ибрэхьимрэ Сарэрэ я къуэр нэми псэми хуахьырт. Шэтыр гупэм деж щысу ахэр куэдрэ еплъырт я къуэр зэрыджэгум.

Гъэхэр кIуэрт. Исхьэкъ узыншэу икIи къаруушфIэу къэхъурт. Къэзылъхуахэр абы хуабжьу щыгуфIыкIырт, я Тхьэм фIыщIэ хуащIырт, и псалъэр зэригъэпэжам щхьэкIэ.

Тхьэм Ибрэхьим тыгъэ къыхуищIат къуэи хэкущIи. Ибрэхьим фIыуэ илъагъурт и къуэр.

Тхьэм фIыуэ илъагъурт Ибрэхьим. Ибрэхьим-щэ? И дзыхь иригъэзрэт абы Тхьэм, япэм ещхьу?

Арати, Тхьэм мурад ищIащ Ибрэхьим къыхуиIэ фIэщхъуныгъэр зыхуэдизыр игъэунэхуну. Зэгуэрым абы мыпхуэдэу Ибрэхьим жриIащ: „Апхуэдизу фIыуэ плъагъу уи къуэр къащти, мо бгым дэкI. Сэ сыхуейщ Исхьэкъ къурмэныпхъэ къысхуэпщIыну".

Ибрэхьим тхьэмыщкIэ! Тхьэр фIыщэу зэрилъагъур нэгъуэщI щIыкIэ гуэркIэ хьэкъ щищIыну сыту хуейт ар! Ауэ ар Тхьэм хуэпэжти, и унафэр игъэзэщIащ: сэрэ пхъэрэ къыздищтэри, Исхьэкъ щIыгъуу ар бгым дэкIащ.

Исхьэкъ ищIэрт бгыщхьэм щызэтралъхьа мывэмрэ абы телъ пхъэхэмрэ Тхьэм къурмэныпхъэ щыхуащIу зэрыщытыр. „Тхьэр фIыуэ зэрытлъагъум и щыхьэту сыт дэ абы къурмэныпхъэу хуэтщIыфынур?“ - еупщIащ ар и адэм.

Ибрэхьим хуабжьу нэщхъейт, ауэ Исхьэкъ мыпхуэдэу жэуап кърitащ: „Дэ Тхьэм сыткIи фIэщхъуныгъэ худиIэн хуейщ и къурмэныпхъэр езым къызэрыхихыжыфынумкIи“.

Тхьэр хуейтэкъым Исхьэкъ игъэлIэну. Хуейтэкъым Ибрэхьимрэ Сарэрэ насыпыншэ ищIыну. Ар зыхуейр Ибрэхьим къызэрыхуэпэжымрэ фIэщхъуныгъэу къыхуиIэмрэ игъэунэхуну арат.

Исхьэкъыр зэкIуэцIипхэри, Ибрэхьим ар къурмэныпхъэ щIыпIэм тригъэукIуриящ. Сэр къищтэу Исхьэкъ зыщыхуригъэзыхым ирихьэлIэу, Тхьэм и макъ къэIуащ: „УвыIэ, Ибрэхьим! И гугъу умыщI уи къуэм! Модэ мо чыцэм хэна мэлыр къэхьи, уи къуэм и пIэкIэ мис ар къурмэн къыс-хуэщI.

Иджы Тхьэм шэч лъэпкъ къытрихьэжыртэкъым Ибрэхьим абы фIэщхъуныгъэшхуэ къызэрыхуиIэми къызэрыхуэпэжми. Ибрэхьимрэ Исхьэкърэ насыпыр я нэгум къищу Тхьэм фIыщIэ хуащIырт.

Бгым къыздехыжым, ахэр куэдрэ тепсэлъыхьащ къэхъуам, гурэ псэкIи иригуфIэжащ Тхьэм фIэщхъуныгъэ зэрыхуаIэм икIи абы зэрыхуэпэжым.

Тхьэм жиIар игъэзэщIащ икIи Ибрэхьим къыщIэхъуа Исхьэкъ и бынхэм къатехъукIахэм пхуэмыбжыным хуэдизу лъэпкъ къищIыкIащ.

Ибрэхьим и къекIуэкIыкIам теухуа мы хъыбарыр фэ къивгъуэтэнщ Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и 22-нэ псалъащхьэм.

## ИСХЬЭКЪРЭ РЕБЕККЭРЭ

И къуэ Исхьэкъ дэщIыгъуу Ибрэхьим Ханаан хэкум щыпсэурт. Илъэс зыкъомкIэ узэIэбэкIыжмэ, Тхьэм Ибрэхьим къигъэгугъат и унагъуэр дэщIыгъуу а хэкум зэрыщыпсэунур. Иджы ар нахуапIэ хъуакIэт: ахэр а хэкум щыпсэурт, зыхуэныкъуэ щымыIэрэ псомкIи арэзыуэ. Абыхэм Тхьэм фIэщхъуныгъэ хуаIэт икIи фIыуэ ялъагъурт. ЯщIэрт абыхэм Тхьэм и нэIэ сытым дежи къазэрытетыр.

Ауэрэ, илъэс зыкъом блэкIри, Ибрэхьим и фыз Сарэ дунейм ехыжащ. Езы Ибрэхьими хуабжьу кхъахэ хъуати, мыпхуэдэ мурад ищIащ: „Сэ си къалэнщ си къуэ закъуэм хуэфэщэн щхьэгъусэ къезгъэшэну. Сэ сылIа нэужь, цIыху щхьэзакъуэу къэнэну сыхуейкъым ар“.

Ибрэхьим ищIэрт Исхьэкъ щхьэгъусэ ищIынур и лъэпкъэгъуу щытын зэрыхуейр. Ауэ ахэр я лъэпкъым пыIудзауэ жыжьэ щыпсэурт. ИтIанэ Ибрэхьим мурад ищIащ пэжыгъэкIэ къыбгъэдэт и унэIутыр я хэкум игъэкIуэну. Абы я хэкужьым Исхьэкъ къыщыхуигъуэтын хуейт щхьэгъусэ.

Арати, Ибрэхьим и унэIутыр кърижащ. Ар цIыхуфIт икIи Iэдэбт, илъэс куэдкIи Ибрэхьим пэжыгъэкIэ къыбгъэдэтат. „Хэти хуэмыдэу, сэ си дзыхь уэ узогъэз, - жриIащ Ибрэхьим и унэIутым. - СыкъыумыгъэщIэхъуу, ди хэкужьым кIуэи, Исхьэкъ щхьэгъусэ къыщыхуэлъыхъуэ“.

УнэIутыр хэгупсысыхьащ. „Дауэ сэ ар къызэрызгъэдэIуэфынур, си гъусэу къэкIуэну?“ - щIэупщIащ ар. „Тхьэм уигъэлъагъунщ уэ ар зэрыпщIынур“, - жэуап къитащ Ибрэхьим.

Арати, унэIутыр гъуэгуанэ жыжьэ теуващ. Сабэм нэр игъаплъэртэкъым, дунейри апхуэдизкIэ хуабэти, хьэуар псы къэкъуалъэм хуэдэт. Гъуэгуанэр хуабжьу кIыхьт икIи гугъусыгъут.

УнэIутым махъшипщIрэ дыщэ къабзэм къыхэщIыкIа тыгъэ куэдрэ къыздищтат, зипсэлъыхъур къулейуэ зэрыщытыр абыкIэ къаригъэщIэну.

Сытми, икIэм-икIэжым, унэIутыр нэсащ Ибрэхьим япэм щыпсэуа къалэм икIи псыкъуийм деж къыщыувыIащ, жьауапIэм щIэсу тIэкIу зигъэпсэхун мурадкIэ. УнэIутым Тхьэм лъэIукIэ зыхуигъэзащ: „Тхьэуэ зи къарур ин, къыздэIэпыкъу. Сыгъэлъагъу Исхьэкъ псэгъуу къыхухэпхар. Хъыджэбзхэр псыхьэ мыбдеж къокIуэ. Абыхэм ящыщ гуэрым селъэIунщ сэ псы сригъэфэну. Сэри псы къызитрэ си махъшэхэри иригъафэмэ, итIанэ къызгурыIуэнущ - аращ уэ псэгъуу Исхьэкъ къыхухэпхар“.

Къалэм дэсу хъуам псы къызрахыр а псыкъуийрат. Куэд дэмыкIыу псыкъуийм зы хъыджэбз дахэ къыбгъэдыхьащ. Абы и дамэм кхъуэщын тетт.

„КхъыIэ, псы тIэкIу сегъафэ“, - лъэIуащ унэIутыр.

„Мэ, - жиIащ хъыджэбзым. - Сэ уи махъшэхэри езгъэфэнкъэ иджыпсту".

УнэIутыр хуабжьу гуфIэрт: Исхьэкъ щхьэгъусэ къыхуигъуэтащ! Абы хъыджэбзым тыгъэ хуищIащ къыздихьа дыщэ Iэлъыныр. Хъыджэбзым и цIэр жиIащ - Ребеккэ“.

УнэIутым Тхьэм фIыщIэ ин хуищIащ а хъыджэбзым зэрыIуигъэщIам щхьэкIэ.

Иджы унэIутым къыхуэнэжыр хъыджэбзым и адэ-анэр къигъуэту Iуэхур зытетыр яжриIэн хуейуэ арат.

„Нэху сыкъыщекIын щызгъуэтыну пIэрэ мыбы?“ - еупщIащ ар Ребеккэ. „Дэ ди унэр инышхуэщ, - жиIащ хъыджэбзым. - НакIуэ си гъусэу, си адэ-анэри уэзгъэцIыхунщ".

УнэIутыр Ребеккэ и ужь иувэри, я деж кIуащ. Унэм ису хъуам ягъэщIэгъуащ, ямыцIыху лIы гуэр щIыгъуу Ребеккэ къыщигъэзэжам. Абыхэм гу лъатащ Ребеккэ Iэрылъ дыщэ Iэлъыным. Апхуэдэу щыхъум, унэIутым абыхэм яжриIащ мы къалэм ар Ибрэхьим къыщIигъэкIуа Iуэхур.

„Ар уэ пщIыгъуу накIуэмэ, дэ хуабжьу дыхуэзэшынущ, - жаIэрт унагъум исхэм. - Ауэ езы Ребеккэ и щхьэ унафэ хурырещIыж абыкIэ“.

„Сэ абы щIыгъуу сыкIуэнурэ Исхьэкъ щхьэгъусэ сыхуэхъунущ", - жэуап къаритащ абыхэм Ребеккэ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Ребеккэрэ унэIутымрэ Ханаан хэкум кIуэну ежьащ. Ребеккэ зыдищIыгъуащ и унэIут хъыджэбзыр.

Куэдрэ кIуа, мащIэрэ кIуа, - сытми Ибрэхьим и шэтырым къыщыхуэблэгъэжьым, Исхьэкъ абыхэм къапежьащ. Ребеккэ зэрилъагъуу, ар фIыуэ илъэгъуащ. Абы насыпыфIэу зилъытэжырт ар щхьэгъусэ зэрыхуэхъунум щхьэкIэ.

„НакIуэ, си адэри уэзгъэцIыхунщ, ди хэщIапIэри уэзгъэлъагъунщ", - жриIащ абы Исхьэкъ. Ребеккэ хуабжьу иригуфIэрт къыщалъхуа унэр къигъанэу Исхьэкъ деж къэкIуэну зэрытегушхуам.

Ахэр хуабжьу насыпыфIэт, нысэмрэ къуэмрэ апхуэдэу зэрызэхущытым Ибрэхьими иригуфIэрт. Тхьэм дежкIэ нэрылъагъут Ибрэхьим и дзыхь абы къызэрыригъэзыр, абы къыхэкIыуи Исхьэкъ щхьэгъусэ къыхуигъуэтащ.

И къуэ Исхьэкъ щхьэгъусэ къыхуигъуэтынымкIэ Тхьэр Ибрэхьим къызэрыдэIэпыкъуам теухуа хъыбарыр къивгъуэтэнщ Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и 24-нэ псалъащхьэм.

## ЕКЪУБРЭ ЭСАУРЭ

Исхьэкъ Ханаан хэкум щыпсэурт. Ар жьыи набгъи хъуат. Абы кIэлъыплъырт и фыз Ребеккэ. Исхьэкърэ Ребеккэрэ зэтIолъхуэныкъуэу къалъхуауэ къуитI яIэт: Эсаурэ Екъубрэ. Абыхэм я къуэхэр фIы дыдэу ялъагъурт.

Эсаурэ Екъубрэ щыцIыкIум щыгъуэ зэкIэрымыкIыу сытым дежи зэдэджэгурт. Ахэр щыпсэу шэтырым и хъуреягъыр тафэти, ущыджэгунур гъунэжт.

Ауэ Эсаурэ Екъубрэ къыдэкIуэтея нэужь, ахэр Iуэхугъуэ зырызым дихьэх хъуащ.

„НакIуэ си гъусэу щакIуэ“, - жриIэрт Эсау Екъуб.

„Хьэуэ, упсэу, - жэуап иритыжырт Екъуб абы, - унэм сисымэ, нэхъыфIщ".

Ребеккэ Екъуб хуабжьу фIыуэ илъагъурт. Абы фIэфIт Екъуб нэхъыбэрэ унэм зэрисыр. Унагъуэ Iуэху щащIэм деж, ахэр куэдым тепсэлъыхьырт. Екъуб ищIэрт, Эсаурэ абырэ зэтIолъхуэныкъуэ щхьэкIэ, япэу Эсау дунейм къызэрытехьар, и адэр Тхьэм и нэфI къыщыхуэну абы нэхъапэ зэрыхуелъэIунур. „Ауэ ар захуагъэкъым,“ - хуэтхьэусыхэрт Екъуб и анэм.

Исхьэкъи и гуапэ хъурт зэрыщэкIуам теухуауи нэгъуэщI гуэрхэри Эсау къызэрыхуиIуэтэжыр: бгы лъагэхэм, тафэ щхъуантIэхэм, жыпIэнуракъэ, жьыгъэм нэф ихъукIа Исхьэкъ зэи имылъагъужыну дуней дабыхэм теухуа хъыбархэр.

Арати, зэгуэрым, Эсау щакIуэ дэкIауэ, Ребеккэ Екъуб къриджащ. „ПсынщIэу Эсау и щыгъынхэр зыщытIагъи, уи адэм деж кIуэ, - жиIащ абы. - Эсау къэмысыж щIыкIэ уи адэр Тхьэм и нэфI къыпщыхуэну пхуелъэIуну тщIынщ дэ“.

Ребеккэ Екъуб и Iэпщэхэмрэ и дамэхэмрэ бжэныфэ трипхащ, и адэр къеIуса нэужь, Эсауу къыщыхъун хуэдэу, сыту жыпIэмэ Эсау цыбэт. И анэм игъэхьэзыра шхыныр къищтэри, Екъуб адэм хуихьащ. Исхьэкъ нэфти, и пащхьэ итыр Эсаурэ мы-Эсаурэ къищIэн щхьэкIэ, и Iэхэр и дамэм къытрилъхьащ.

„Уэра мыр, Эсау?" - къеупщIащ абы Исхьэкъ.

„Сэращ, ди адэ, сэращ", - жиIащ Екъуб, къуэшым и макъым ещхь зищIурэ.

Арати, Исхьэкъ, къуэ нэхъыжьым щхьэкIэ зэрелъэIунум хуэдэу, Тхьэм и нэфI къыщыхуэну хуелъэIуащ. Екъубрэ Ребеккэрэ хуабжьу гуфIэрт Iуэхур апхуэдэу зэрыхъуам щхьэкIэ. Абыхэм ящIэрт адэм и тхьэлъэIу псалъэм ар насыпыфIи гъащIэ кIыхьи зэрищIынур.

Абы хэту, Эсау щакIуэ къикIыжащ. КъиукIабыхэм я лым щыщ хуигъажьэри абы и адэм хуихьащ. Шхыныр и пащхьэ иригъэувэри, Эсау адэм елъэIуащ Тхьэм и нэфI къыщыхуэну хуелъэIуну. Исхьэкъ занщIэу къищIащ къызэрагъэпцIар.

„ТIэкIу хэкIэсауэ укъэкIуащ, си къуэ", - жриIащ абы Эсау.

Эсау, къэхъуар къыщищIэм, зэуэ къэгубжьащ. „Си къуэшыр гъэпцIакIуэщ -жиIэри кIиящ ар. - Сэрат и нэфI къыщыхуэну Тхьэм зыхуелъэIупхъэр. СынолъэIу, ди адэ, схуелъэIу!" „Сэ ар слъэкIынукъым, - жиIащ нэщхъейуэ Исхьэкъ. - Екъуб и цIэкIэ сыхуелъэIуагъэххэщ, си псалъэм къезгъэгъэзэж хъунукъым". „НтIэ, сэ ар сыукIауэ фэзгъэлъагъунщ", - жиIэри кIиящ Эсау.

Эсау жиIар щызэхихым, Ребеккэ мурад ищIащ Екъуб нэгъуэщI щIыпIэ игъэкIуэну, и къуэшым имыукIыжын щхьэкIэ.

„Си дэлъхур щыпсэу хэкум кIуэи, абы щыIэ, - жиIащ Ребеккэ. - Къэбгъэзэж щыхъунум деж сэ хъыбар уэзгъэщIэнщ".

Арати, Екъуб Ребеккэ и дэлъхур щыпсэу Харран къэралым кIуэну ежьащ. Гъуэгуанэ кIыхь къыпэщылът абы. Пшапэр щызэхэуэм, Екъуб зыхищIащ хуабжьу зэрешар. ЩIым гъуэлъщ, и щхьэм мывэ джафэ гуэр щIидзри, ар Iурихащ.

ИкIи мыр пщIыхьэпIэу илъэгъуащ Екъуб. Уафэм пкIэлъей кIыхьышхуэ едзат, а пкIэлъейм уафэм дэкIуей-къехыжу мелыIычхэр тетт. Абы хэту Екъуб макъ гуэр къызэхихащ: „Сэ Ибрэхьимрэ Исхьэкърэ сра-Тхьэщ. Сытым дежи сэ уэ сыпщIыгъунщ икIи щхьэпэ сыпхуэхъунщ лажьэ уимыIэу уи унэ бгъэзэжа зэрыхъунумкIэ". Екъуб ищIэрт Тхьэм цIыху хьилэшыгъэр илъагъу зэрымыхъур, абы къыхэкIыуи хуабжьу къэшынащ. Ауэ Тхьэм Екъуб къыжриIащ и лIакъуэр хуигъэбэгъуэну, хуигъэбжьыфIэну жиIэу Ибрэхьим къызэригъэгугъауэ щытар абы зэригъэпэжынур.

Харран къэралым къызэрысу, Екъуб къигъуэтащ и анэ дэлъху Лаван. Екъуб абы хуэлэжьэну щIидзэри, илъэс куэдкIэ хуэлIыщIащ, сыту жыпIэмэ Лаван абы нэхърэ нэхъ тхьэгъэпцIу къыщIэкIащ.

Екъуб еши псэхуи имыщIэ жыхуаIэм хуэдэу щылэжьащ Харран къэралым икIи къулей хъуащ. Мэл, бжэн хъушэшхуэхэр иIэ хъуа нэужь, абы мурад ищIащ къишэну. Екъуб хуейт Лаван ипхъу Рахел къишэну, ауэ Лаван абы нэхърэ нэхъыжьу пхъу иIэт, ЛеакIэ

еджэу. Мо Лаван тхьэгъэпцIым хьилагъэ зэрихьэри, ипхъу нэхъыжьыр Екъубым къригъэшащ.

Эсау Ханаан хэкум зэрыщыпсэурт. КъыщыщIам ар хуабжьу иринэщхъейт, къагъэпцIауи къилъытэрт. Исхьэкъръэ Ребеккэрэ дунейм ехыжати, и унагъуэр щIыгъуу Эсау шэтырышхуэм щыпсэурт, мыувыIэуи лажьэрт.

Абы куэдрэ игу къихьэрт Екъуб икIи егупсысырт: „Дэнэ щыIэу пIэрэ си къуэшыр иджыпсту? Хуабжьу сыгуфIэнут, ар слъэгъуамэ“.

Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм Iэмыр ищIащ Ибрэхьим иритауэ щыта Ханаан хэкум Екъуб игъэзэжыну. И унагъуэр зыщIигъущ, Iэщу иIэу хъуар и пэ иригъэувэри, Екъуб къежьэжащ.

Ауэ Эсау хуабжьу иришынэрт и къуэшым зэрыхуэзэнум.

„ФIыщIэ пхузощI, ди Тхьэу си Зиусхьэн, апхуэдиз илъэскIэ уи лъагъуныгъэр зыхэсщIэ зэпыту сызэрыбгъэпсэуам щхьэкIэ, - жиIэрт Екъуб. - Ауэ уи гущIэгъур иджыри къыслъыгъэс си къуэш Эсау сыщыIущIэнум деж".

Къуэшым и губжьыр нэхъ щабэ ищIын мурадкIэ, Екъуб, езыр нэмысыж щIыкIэ, бжэнрэ мэлу зэхэту хъушэшхуэ Эсау тыгъэу хуригъэхуащ. Ауэ Эсау жэкIэ къыпежьэщ Екъубым, IэплIэшхуи баи къыхуищIащ. Эсау гуфIэрт икIэм-икIэжым и къуэшым къызэригъэзэжам щхьэкIэ.

Тхьэр Эсау дэIэпыкъуащ Екъуб кърищIар хуигъэгъуу и губжьыр тIысыжынымкIэ. Ар и щIыкIэу Тхьэм жиIар игъэпэжащ – лажьэ имыIэу Екъуб къыщалъхуа хэкум нигъэсыжыну жыхуиIауэ щытар. Арати, зэкъуэшитIыр, япэм ещхьу, зэнэзэпсэ зэхуэхъужащ.

Мы хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и 27-33 –нэ псалъащхьэхэм.

## ПЩIЫХЬЭПIЭ ЛЪАГЪУРЕЙ ИСУФ

Екъуб Ханаан хэкум щыпсэурт. Ар хуабжьу кхъахэ хъуат, и фызри дунейм ехыжакIэт, ауэ лIыжьым и закъуэтэкъым - къуэуэ пщыкIутI иIэт абы.

Екъуб и къуэ псори фIыуэ илъагъурт, ауэ зыпищI щымыIэу абыхэм зы яхэтт. Исуфт абы и цIэр. И къуэшхэр Исуф къефыгъуэрт псом нэхърэ нэхъыфIу ар Екъуб зэрилъагъум щхьэкIэ. Абы и щIыIужкIэ Екъуб къэптал къуэлэн дахэ Исуф зэгуэрым кърitат.

И къуэшхэм ящIэу хъуар Исуф адэм жриIэжырт икIи, зэрыгурыIуэ-гъуэщи, абы щхьэкIэ ар и къуэшхэм фIыуэ къалъагъуртэкъым.

Исуф зэгуэрым илъэгъуащ пщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн дыдэ. И къуэшхэм ящIыгъурэ пхыр зэрипхыу ар хафэм итт. Апхуэдэурэ здэлажьэм, Исуф ищIа пхырыр занщIэу уври, жам хуэдэу къэнащ, и къуэшхэм ящIа пхырхэм абы зыкъыхуагъэщхъри хъурейуэ къаувыхьащ.

Исуф а пщIыхьэпIэр щажриIэжам, и къуэшхэр хуабжьу къэгубжьащ.

„Догуэ, дэ щхьэщэ пхуэтщIыным ущыгугъыу ара уэ? – ткIыбжьу жаIащ абыхэм. - ЛIо, укъытщыдыхьэшхыу ара, уэ?“

ИужькIэ Исуф пщIыхьэпIэу илъэгъуащ уэгум дыгъэри, мазэри, вагъуэ пщыкIузи ит хуэдэу. Здеплъым, абыхэм псоми Исуф щхьэщэ къыхуащIащ.

И къуэшхэр дэнэ къэна, адэм щыжриIэжам, ари Исуф къыщIэгубжьащ абы щыгъуэ. „Сыт мы делагъэ узэпщIыхьхэр“, - губжьарэ кIийуэ жиIащ абы.

Мис абы щыгъуэ и къуэшхэр нэхъри бий къыхуэхъуащ Исуф.

Екъуб къулейт. Абы иIэт мэл, бжэн хъушэшхуэхэр. Мэлхэмрэ бжэнхэмрэ къэуат зыщIэлъ удз щхъуантIэфIрэ псы къабзэрэ нэхъ яфIэфI щыIэкъым. Абы къыхэкIыу Iэхъуэхэм жыжьэ Iуахун хуей хъурт хъушэхэр - къэуат зыщIэлъ удзрэ псырэ ягъуэтын щхьэкIэ.

Хъушэхэр хъупIэм щахум деж, Екъуб и къуэхэр сытым дежи ядэщIыгъуу кIуэрт икIи ахэр яхъумэрт. Куэд къызэхакIухьын хуей хъурт абыхэм, хъупIэфI къагъуэтын щхьэкIэ. Исуф сытым дежи унэм къанэрт.

Зэгуэрым Екъуб и къуэхэм хъушэхэр щагъэхъуу хъупIэ жыжьэм щыIэт. Арати, Екъуб Исуф жриIащ: „КIуэ, уи къуэшхэр здэщыIэр къэгъуэт. Гъуэмылэ яхуэхь, я узыншагъэр зыхуэдэр, я Iуэху зтетыр зэгъащIэ“.

Исуф ежьащ, арати. Махуэ зыбжанэкIэ кIуауэ, и къуэшхэм я хэщIапIэм щынэсым, модрейхэм къалъагъури, къыщыдыхьэшхыу щIадзащ: „Мес пщIыхьэпIэ лъагъурейр къокIуэ!“ - жаIэрт абыхэм.

Абыхэм ящыщ зым моуэ жиIащ: „Сужэгъуащ сэ абы и пщIыхьэпIэхэр. Мыбы къыщIэкIуари тщIэр дядэм жриIэжыну арагъэнущ. Девгъауи, дывгъэукI ар“.

Адрей и къуэшым жиIащ: „Абы нэхърэ нэхъыфIщ, мы псыкъуий игъущIыкIам идывгъадзи“. „Дэгъуэу къэбгупсысащ", -жаIащ адрейхэм. Исуф къаубыдщ, и къэптал дахэр къыщахри, псыкъуийм ирадзащ.

ИтIанэ зэхэтIысхьэжри, зыри къэмыхъуа хуэдэ, Исуф къихьар яшхыу щIадзащ абыхэм. Абы хэту зэшхэм къалъэгъуащ хуэм дыдэурэ къахуэкIуэ махъшэ чырэр. Ахэр Мысырым кIуэ сатуущIэхэт.

„ФщIэрэ къэзгупсысар, - жиIащ зэшхэм ящыщ зым, - девгъауи, Исуф мобыхэм едвгъащэ. Мысырым яшэнщи, афIэкIа зэи тлъагъужынкъым.

ЗэрыжаIам хуэдэуи ящIащ. Зэшхэм Исуф псыкъуийм кърахыжри, сатуущIэхэр къраджащ.

„Дапщэ къыдэфтын мы щIалэщIэ Iэчлъэчым пэкIуэу?“ - еупщIащ ахэр сатуу-щIэхэм.

Арати, зэшхэм Исуф дыжьын ахъшэ тIощIкIэ ящащ. Куэдрэ кIэлъыплъащ ахэр махъшэ чырэм. КъращIар зи фIэщ мыхъупа Исуф махъшэ чырэм и ужь итрэ нэщхъейуэ кIуэрт. Зэшхэм Исуф къыщаха къэпталыр зэхачатхъэри, щынэ цIыкIу фIагъэжам и лъымкIэ ар зэхацIэлащ. А лъыкIэ зэхэцIэла къэптал къуэлэн дахэм уеплъынкIэ шынагъуэт.

Я адэм деж къыщагъэзэжам, зэшхэм хуабжьу нэщхъеифэ зытрагъэуащ. „Къеплъыт мы дэ къэдгъуэтам, - жаIэри абыхэм къэпталыр я адэм ирагъэлъэгъуащ - Исуф и къэпталыракъэ мыр?“

Къэпталыр зэрилъагъуу, Екъуб къыхэкIиикIащ: „Исуф псэужкъым! ХьэкIэкхъуэкIэ гуэрым зэпкъритхъащ ар!“

Исуф зыфIэкIуэда Екъуб гуауэшхуэм игъэхыщIэрт. АтIэми абы и къуэхэр щэхуу иригуфIэрт Исуф зэрамыIэжым.

Ауэ зэшхэм ящIэртэкъым Мысырым щигъэзэщIэн хуей къалэн ин Тхьэм Исуф и пщэм къызэрыдилъхьар. Ар игъэзэщIэн папщIэ, Исуф иджыри куэдым зыхуигъэсэн хуейт.

Екъуб къыщыщIа гуауэм куэдрэ иринэщхъеящ. Абы и гугъэт фIыуэ илъагъу и къуэр афIэкIа зэи имылъагъужыну. Абы ищIэртэкъым Исуф и Iуэхур абдеж зэрыщимыухыр.

Исуф и сабиигъуэм теухуа хъыбарыр къыщывгъуэтынщ Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и 37-нэ псалъащхьэм.

## ИСУФ МЫСЫРЫМ ЗЭРЫЩЫIАР

Исуф Мысырым щыпсэурт. Ауэ абы и хэкур Ханаан щIыналъэу фIы дыдэу къэзылъагъу и адэ Екъубрэ и къуэш пщыкIузымрэ щыпсэурат.

Исуф и гъащIэр хуабжьу хьэлъэт. Ханаан щыщыпсэуам, ар и адэм быну иIэм нэхърэ нэхъыфIу илъагъурт икIи игъафIэрт. Мыбы, Мысырым, абы къыщхьэщыжын зыри щиIэтэкъым. ЦIыхухэм Iэпэ къыхуашийурэ абы щхьэкIэ жаIэрт: „Феплъыт мобы, занщIэу къыбощIэ хамэщI къызэрикIар“.

Исуф Ханаан щимыIэ щыIэтэкъым, сыту жыпIэмэ абы и адэр къулейуэ псэурт. Мыбы, Мысырым, ар къулеижь гуэрым унэIуту иращауэ щыIэт.

Исуф а къулеижьым унэIуту зыкъомрэ иIащ, ауэ абы и къалэнхэр апхуэдизкIэ фIыуэ игъэзащIэрти, нэхъ Iуэхугъуэшхуэхэри игъэзэщIэнкIэ я дзыхь кърагъэзу щIадзащ. Апхуэдэу кIуэурэ, ар ягъэуващ а къулеижьым и унагъуэ Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ унафэщIу.

Тхьэм щыгъупщэжауэ аратэкъым Исуф. Исуф зихъуэжыну фIэкъабылу арат. Ар хуейтэкъым Исуф ауэ сытми зи къуэшхэр гуэныхь зыпылъ Iуэхугъуэ ялэжьыну езыхулIа щIалэ цIыкIу гъэфIа къудейуэ къэнэну. Тхьэр хуейт Исуф абы фIэщхъуныгъэ къыхуиIэну, псоми я дзыхь зрагъэз, пщIэ зыхуащI цIыху къищIыкIыну.

Зэгуэрым Исуф къуаншагъэ лъэпкъ бгъэдэмылъу хьэпсым ирадзауэ ист. Ауэ хьэпсми IэщIыб щищIакъым ар Тхьэм.

Хьэпсыр кIыфIт, псыIэт, шынагъуэт. ХъумакIуэм гу лъитащ Исуф игури и псэри етауэ зэрылажьэр, абы къыхэкIыуи хьэпсым ис адрейхэм я унафэщIу игъэуващ.

Исуф зэуэ ныбжьэгъу яхуэхъуащ хьэпсым исхэм. Абыхэм ящыщ цIыхуитIым пщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн дыдэ ялъэгъуащ зэгуэрым. Абыхэм Исуф къыжраIэжащ ялъэгъуа пщIыхьэпIэр. „Тхьэр сэ къыздэIэпыкъунущ а пщIыхьэпIэхэм къиIыр къэсщIэнымкIэ", - яжриIащ абыхэм Исуф.

„Махуищ дэкIмэ, уэ щхьэхуит ухъужынущ, - жриIащ Исуф а тIум я зым. - Ауэ щыхъукIэ, сэри сызыщумыгъэгъупщэу, саутIыпщыжыну схуелъэIу".

А цIыхур фирхьэуным деж санэригъахъуэу щылажьэрт, фирхьэуным и Iэнэм фадэ тригъэувэу. Махуищ дэкIри, Исуф зэрыжиIам тету, санэри-гъахъуэр къаутIыпщыжащ икIи и къалэныр фирхьэуным хуищIэу ежьэжащ.

АрщхьэкIэ илъэситIи блэкIащ, Исуф хьэпсым исурэ. Зэгуэрым фирхьэуным пщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн гуэр илъэгъуати, абы къикIыр зыми къыхуэщIэртэкъым. Арати, санэригъахъуэм занщIэу игу къэкIыжащ Исуф. „Сэ соцIыху а уи пщIыхьэпIэм къикIыр къыбжезыIэфын гуэр, - жриIащ абы фирхьэуным. -АбыкIэ а жыхуэсIэм къыдоIэпыкъу и Тхьэр".

Фирхьэуным унафэ ищIащ Исуф къыхуашэну.

„Сэ пщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн гуэр слъэгъуащи, си унэIутым зэрыжиIэмкIэ, абы къикIыр уэ къыпхуэщIэнущ", - жиIащ фирхьэуным.

„Си Тхьэр абыкIэ сэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъунущ", - жиIащ Исуф.

Фирхьэуным пщIыхьэпIэу илъэгъуат, псы Iуфэм здыIутым, пшэр хъужауэ жэмибл псым къыхэкIри хъуакIуэу щIадзауэ. ИтIанэ илъэгъуащ хуабжьу уэдыкъуауэ жэмибл а псы дыдэм къыхэкIри, мо жэм пшэриблыр занщIэу яшхауэ, яшха щхьэкIэ, жэм уэдиблыр зэрыуэду къэнауэ. Мис абдеж дыдэм ирихьэлIэу фирхьэуныр къэушащ.

„А пщIыхьэпIэм къикIыр сщIатэмэ!..." - жиIащ фирхьэуным макъ лъагэкIэ. Исуф мыпхуэдэу жриIащ фирхьэуным: „Тхьэм абыкIэ фирхьэуным хъыбар кърригъащIэу аращ илъэсиблкIэ зэкIэлъыкIуэу гъавэ бэв Мысыр хэку псом къызэрыщрахьэлIэжынумкIэ. Уэ уи къалэнщ а илъэсиблым кърриубыдэу гъавэ гъэтIылъыгъэ пщIыну, ситу жыпIэмэ абы къыкIэлъыкIуэнущ цIыхур щэджэладжэ зыщI илъэсибл гъаблэ".

„Ситу фIыт Тхьэм абыкIэ хъыбар къызэрыдигъэщIар, - жиIащ фирхьэу-ным. - Гъавэшхуэ гъэтIылъыгъэ тщIын хуейщ. Абы къыхэкIыуи дэ димы-Iэу хъунукъым а Iуэхур акъыл хэлъу къызэзыгъэпэщын цIыху Iущ. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, а къалэныр уэ уи пщэ итлъхьэ хъунущ".

Арати, фирхьэуным къыкIэлъыкIуэу нэхъ фIэлIыкI зиIэ цIыху Мысырым щыхъуащ Исуф. Гъавэр бэв щыхъуа илъэсхэм абы емышыжу гуэнхэр игъэн-щIащ. ИужькIэ, гъаблэ илъэсхэр къыщысам, цIыхухэр къакIуэурэ, Исуф деж гъавэ къыщащэхуу щIадзащ.

НэгъуэщI хэкухэми къикIыурэ цIыхухэр гъавэщэху къакIуэрт. Ауэрэ, Исуф и адэмрэ и къуэшхэмрэ щыпсэу Ханаан лъабыхэми гъаблэр нэсащ. ЩIым гъавэу къытекIыж щыIэтэкъым, цIыхухэр мэжэщIалIэ, ныбаджэ хъуэ щIадзат.

Зэгуэрым, гъавэр зыщIэлъ гуэнэщым здыщIэтым, Исуф къилъэгъуащ абы къыщIыхьа и къуэшхэр. Абыхэм къацIыхужакъым Исуф. Гъавэ щхьэкIэ елъэIуну къызыхуэкIуа цIыху фIэлIыкIышхуэ зиIэр къыдалъхуа я къуэшырауи дэнэ щащIэнт. Исуфи абыхэм закъригъэщIакъым къызэрицIыхужабыхэмкIэ. Ар хуейт къищIэну япэм хуэдэу ахэр цIыху бзаджэрэ захъуэжарэ.

Я къуэшыр зэращамкIэ щIегъуэжауэ гу щалъитэм, Исуф абыхэм зэракъуэшыр яжриIащ. Зэшхэр занщIэу къэшынащ. Апхуэдэу щыхъум, Исуф яжриIащ абыхэм: „Фымышынэ, зэрыфлъагъущи, сэ Тхьэм гулъы-тэншэу сыкъигъэнакъым. ФыкIуэжи, ди адэр къафшэ. Сэ сыхуейщ псори зэщIыгъуу Мысырым дыщыпсэуну, сыту жыпIэмэ иджыри илъэситхукIэ гъаблэр екIуэкIынущ".

Екъуб Исуф щымыIэж и гугъэрэ абы иригумэщIу а илъэсхэр игъэкIуащ. Сытым хуэдиз гуфIэгъуэр иIэт абы, и къуэр псэурэ лажьэ имыIэу щилъэ-гъуам!

Нэхъыбэ дыдэу Екъуб зыщыгуфIыкIыр псоми пщIэ зыхуащI, зи дзыхь зра-гъэз цIыху Исуф къызэрищIыкIарт. Тхьэм ихъуэжащ Исуфи абы и къуэшхэри я хьэлрэ щэнкIэ. Екъуб Тхьэм фIыщIэшхуэ хуищIащ Мысырым щыIэ Исуф абы и гущIэгъум зэрыхимынам, и гъащIэр зэрихъумам щхьэкIэ.

Исуф Мысырым зэрыщыIам теухуа хъыбарыр фэ щывгъуэтынущ Мусэ бегъымбарым итха япэ тхылъым и 39-50-нэ псалъащхьэхэм.

## ПАЩТЫХЬЫПХЪУМРЭ САБИЙМРЭ

Израилым щыщ цIыху куэд щыпсэурт Мысырым. Ауэ Мысырыр абыхэм адэжь щIыналъэ яхуэхъуакъым, хамэ хэкути, а зэрахамэу къэнащ. Мысырым и цIыхухэр Израилым къикIабыхэм ящышынэрт я хэкур абыхэм фIаубыдынкIэ икIи жаIэрт: „Ди хэкум куэдыIуэ ис хъуащ Израилым щыщу. Апхуэдэурэ кIуэмэ, куэд дэмыкIыу абыхэм Мысырыр зэрыщыту яIэщIыхьэнущ".

Мысырым и пащтыхь фирхьэунри апхуэдэу егупсыс хъуат Iуэхум:

„Iэмал имыIэу зыгуэр щIэн хуейщ, - жиIащ абы зэгуэрым. - Абыхэм хуабжьу къахохъуэ, заубгъу. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, куэд дэмыкIыу абыхэм нэхъ къару ягъуэту, дэ ди хэкум драхункIэ шынагъуэ щыIэщ.

ПщылIыпIэм игъэувэн хуейщ ахэр псори. Лэжьыгъэ хьэлъэм я къарур щIихмэ, къаруушэ хъунщи, къыдэзэуэну къытпэувыфынкъым“.

Арати, Израилым къикIабыхэм фирхьэуным и унафэкIэ нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэ дыдэхэр ирагъащIэу щIадзащ. Нэхулъэ къыщищIым щыщIэдзауэ, кIыфI хъуху лэжьэн хуейт ахэр.

Израилым къикIабыхэм нэхъыбэу чырбыш ирагъэщIырт, мысыр къа-лэхэр яухуэн щхьэкIэ е дыгъэвэхым хэту губгъуэм щагъэлажьэрт. Апхуэдиз лэжьыгъэ хьэлъэ ирагъащIэрэ, хуабжьу еш пэтми, абыхэм мысырхэм нэхърэ нэхъ къару яIэт. Абы къыхэкIыуи мысырхэр кIуэ пэтми къащышынэрт абыхэм.

„Сэ сощIэ абыхэм я лъапсэр зэрызгъэгъущын, - жиIащ зэгуэрым фирхьэуным. - ЩIалэ цIыкIуу къалъхуу хъуар дяпэкIэ занщIэу дыукIыурэ зэуэфын цIыхухъу ямыIэжу къэдгъэнэнщ".

Арати, фирхьэуным хэку унафэу къищтащ:

„Израилым къикIабыхэм щIалэ цIыкIуу къалъхуу хъуар псори укIын хуейщ". Израилым къикIахэр абы хуабжьу иринэщхъейрт. Дауэт зэрымынэщхъеи-нур, - абыхэми я бынхэр хуабжьу фIыуэ ялъагъурт, я къуэхэр узыншэрэ къаруурфIэу къэхъуну хуейт.

Апхуэдэу щыхъум, щIалэ цIыкIу зыгъуэта журт цIыхубз гуэрым ипхъу Мириам мыпхуэдэу жриIащ:

„Си псэр пыту езгъэукIынкъым сэ абыхэм ди щIалэ цIыкIур! Сэ сыхуейщ ар псэуну, къаруфIэ, губзыгъэ, инышхуэ хъуну! Сэ ар хуабжьу фIыуэ солъагъу“.

Арати, матэ цIыкIу ищIащ абы. ИщIри, мэзышкIэ фIы дыдэу зэщIицIэлэжащ, псы пхымыкIын хуэдэу. ИтIанэ а матэм сабийр ирилъхьэри псы Iуфэ къамылым хигъэпщкIуащ. Псы Iуфэм Iусу сабийм кIэлъыплъырт абы ипхъу цIыкIу Мириам.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, хъыджэбз цIыкIум зэгуэрым къилъэгъуащ фирхьэуным и пхъур. И унэIут хъыджэбзхэр дэщIыгъуу, абы къызэхикIухьырт псы Iуфэр. Мириам апхуэдизкIэ къэшынати, ищIэнур имыщIэжу Iэпэлъапэсыс хъуат. Матэр игъэпщкIунуи анэр къриджэнуи хунэмысу, абы къыбгъэды-хьащ фирхьэуным и пхъур.

„Мыр сыт?“ - жиIэри, фирхьэуным и пхъум матэм Iэпэ хуишиящ.

УнэIут хъыджэбзхэм матэр псы Iуфэм къытрагъэувэрэ и щхьэр трахмэ - сабий цIыкIу илъщ. Фирхьэуным и пхъур щилъагъум, сабийр къыпыгуфIыкIри и Iэ цIыкIухэр къыхуишиящ.

„Сыту сабий дахащэ! - жиIащ фирхьэуным и пхъум. - Мыр журт щIалэ цIыкIущ. СхукIэлъыплъын цIыхубз згъуэтыну сщIамэ, сэ къэсщтэнт мыр“.

Мириам темыгушхуащэурэ абыхэм къабгъэдыхьащ.

„Сэ зы цIыхубз соцIыху сабийм кIэлъыплъыфыну, - жиIащ абы, - ухуеймэ, сыкIуэнщи, къыпхуезджэнщ".

Арати, Мириам жэкIэ кIуащ, и анэр къишэну. Фирхьэуным и пхъум ищIэртэкъым ар сабийм зэрианэр.

„КхъыIэ, мы сабийр къащти, ин хъуху пIы, - жиIащ пащтыхьыпхъум. - Ин хъумэ, итIанэ сэ ар сшэнщ ди пащтыхь сэрейм. Сэ фIэсщынущ абы Мусэ“.

Мириамрэ и анэмрэ хуабжьу гуфIэрт. Сабийр япIыну хуит хъуат ахэр! Иджы зыми иукIыну хуиттэкъым ар, сыту жыпIэмэ псоми ящIэрт ар фирхьэуным и пхъум зэрейр.

Мусэ, ауэрэ, къикIухь, псалъэ хъуащ. Ар щIалэ цIыкIу нэжэгужэт, жыджэрт, и шыпхъум дэщIыгъуу псы Iуфэм щыджэгунуи фIэфIт.

Ауэрэ, илъэсхэр блэкIри, Мусэ ныбжьыщIэ дахэ икIи Iэчлъэч къищIыкIащ. Фирхьэуным и унэшхуэм щыпсэурт ар.

АтIэми Мусэ ищIэрт езыр зэрэмымысырыр. Ар куэдрэ якIэлъыплъырт быдапIэм пэмыжыжьэу щылажьэ израил цIыхухэм. Ахэр зэхэукIа, нэщхъей зэпыту щытт.

„СыткIэ сэбэп сахуэхъуфыну, ярэби, мыбыхэм", - жиIэурэ куэдрэ егупсысырт ар.

Ауэ Тхьэм щыгъупщакъым, IэщIыби ищIакъым Абы къыхиха и лъэпкъыр. Абы ищIэрт Мысырым къизышыжыфын гъуазэ гуэр израил цIыхухэм яIэн зэрыхуейр.

Тхьэр хуейт Абы къыхиха и лъэпкъым Ханаан игъэзэжыну.

„Сэ Мусэ унафэ хуэсщIынщ израил цIыхухэр Мысырым къришыжыну, - жиIащ Тхьэм. - ИкIи сэ абы сыдэIэпыкъунщ илъэс куэд и пэкIэ Исуф сызэрыдэIэпыкъуам ещхьу".

АтIэми ар нэгъуэщI хъыбарщ.

Фирхьэуным и пхъум Мусэ ямыукIыу къызэрыригъэлам теухуа хъыбарыр фэ къыщцывгъуэтынщ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) щыщу Мусэ бегъымбарым итха етIуанэ тхылъым и япэ, етIуанэ псалъащхьэхэм.

## УТIЫПЩЫЖ СИ ЛЪЭПКЪЫР!

Мусэ и щIалэгъуэр фирхьэуным и сэрейм щигъэкIуащ, зыхуейуэ хъуар щигъуэту. Ауэ Мусэ мысыртэкъым икIи зэпымычу егупсысырт Израил лъэпкъым и Iуэхур зэрыхъунум. Израил цIыхухэр мысырхэм я пщылIт икIи, махуэл дамыхыу, абыхэм яхуэлэжьэну я къалэнт. Мысырхэм яухуэ къалэхэм щхьэкIэ абыхэм чырбыш ягъэжырт. ТIэкIу жьы зыIурагъэхьэну къэувыIамэ, ахэр цIыху мыхъужын жыхуаIэм хуэдэу кIуэцIакъухьырт зыгъэлажьэхэм.

Мусэ зэгуэрым хуэзащ зыгъэлажьэ Мысырым зы израил цIыху хуабжьу кIуэцIикъухьу. Мусэ апхуэдизкIэ къэгубжьати, еуэри мысырыр иукIащ.

Ар щилъагъум, Мусэ къэшынащ фирхьэуным къыхуимыгъэгъункIэ, зэуи къалэр ибгынащ. Абы зыщигъэпщкIуащ зыми къыщамыцIыху щIыпIэ гуэрым. А щIыпIэм ар щылэжьащ мэлыхъуэу. Хъушэм здыпэрытым, ар куэдрэ егупсысырт израил лъэпкъым и Iуэхур зэрыхъунум.

Хъушэм яхэту хъупIэм здитым, Мусэ зэгуэрым къилъэгъуащ и хъуреягъэр мафIэ лыгъейм зэщIищта пэтми, абы химысхьэрэ мафIэм зримыщIэфIауэ щыт чыцэ гуэрэныр.

„Ар сыт гъэщIэгъуэн, - егупсысащ ар, -пщIащэхэр ис хуэдэуи щытщ, ауэ зэрыщхъуантIэуи къонэ“.

Абы хэту макъ гуэр къызэхихащ: „Мыдэ къызэдаIуэт Сэ, Мусэ. Ибрэхьим, Исхьэкъ, Екъуб сымэ я Тхьэр сэращ. Сэ солъагъу къыхэсха си лъэпкъым бэлыхь зэришэчыр. Уэ уи къалэнщ а лъэпкъыр Мысырым ипшыжыну. КIуэи, а си псалъэхэр фирхьэуным схужеIэж".

Мусэ къэшынащ.

„Фирхьэуныр сэ къызэдэIуэнукъым, - жиIащ абы. - И фIэщ мыхъуххэнур уэ укъызэрызэпсэлъарщ".

Ауэ Тхьэм Мусэ унафэ къыхуищIащ и къуэш Хьэрун зыщIигъуу фирхьэуным деж кIуэну.

Ахэр Тхьэм жиIам едаIуэри, кIуащ.

„Дэ ныбжетIэнур Тхьэм къыбгъэдэкIа псалъэхэщ, - жаIащ абыхэм. - Дэ ди Тхьэм къыбжеIэ:

„УтIыпщыжи, Мысырым игъэкIыж сэ къыхэсха си лъэпкъыр“.

„Сэ фэ фи Тхьэр сцIыхуркъым, - жиIащ фирхьэуным, - икIи сутIыпщыжынукъым фи лъэпкъыр“.

Арати, фирхьэуным унафэ ищIащ израил цIыхухэм нэхъри нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэ иратыну, нэхъ хэкъузауи ягъэлэжьэну.

Ауэ Тхьэм Мусэрэ Хьэрунрэ къигъэгугъащ фирхьэуныр хигъэзыхьу израил цIыхухэр къригъэутIыпщыжыну.

„Дэ думыутIыпщыжу щытмэ, фи псыежэхххэр лъы хъунущ", - жриIащ Мусэ фирхьэуным. Фирхьэуным къридзакъым Мусэ жиIар. Арати, мысырхэм я псыр Тхьэм лъы ищIащ.

„Дауэрэ фщIами, сэ израил лъэпкъыр сутIыпщыжынукъым!“ - губжьауэ кIиящ фирхьэуныр.

Ауэ Тхьэм Мусэ къигъэгугъакIэт израил цIыхухэр Мысырым къришы-жыну. Арати, Мусэ фирхьэуным деж кIуэри, аргуэру жриIащ:

„Тхьэм уэ мыпхуэдэу къыбжеIэ: „УтIыпщыж сэ къыхэсха си лъэпкъыр!“

АрщхьэкIэ фирхьэуныр нэхъри къэгубжьри, Мусэ жиIэм едэIуэххакъым.

Апхуэдэу щыхъум, псыхэм хьэндыркъуакъуэу хэсыр къыхэкIри, уэрамхэм дэз, унэхэм щIэз хъуащ, фирхьэуным и сэрейри хэту. Ар щилъагъум, фирхьэуным Мусэ къыжриIащ:

„Хъунщ-тIэ, яжеIэ израил цIыхухэм кIуэжыну зэрыхуитыр“.

Ар зэрыжиIэу, хьэндыркъуакъуэхэр зэуэ бзэхыжащ. Хьэндыркъуакъуэхэр щыбзэхыжым, фирхьэуныр жиIам епцIыжри, израил цIыхухэр Мысырым къикIыжыну хуит ищIакъым.

ИтIанэ Тхьэм и IэмыркIэ, пшагъуэ фIыцIэм хуэдэу, Мысырым къытеуащ гъудэ бжыгъэншэхэр. ЦIыхуи Iэщи къагъанэртэкъым ахэр епщIурэ я шэрэзхэр зыхамыукIэ.

„СоутIыпщ, соутIыпщыж израил цIыхухэр!“ - къэкIиящ итIанэ фирхьэуныр. АрщхьэкIэ, гъудэхэр зэрыбзэхыжу, аргуэру жиIам епцIыжри, израил цIыхухэр иутIыпщыжакъым фирхьэуным.

КъыщимыутIыпщыжым, Тхьэм Iэщыр зэрылIыкI уз бзаджэ къахигъэхьащ Мысырым. Уз бзаджэм мысырхэм я Iэщыр лъэрыщIыкI ищIырт, ауэ израил цIыхухэм ейм зэран лъэпкъ хуэхъуртэкъым.

„ИрекIуэжхэ“, - унафэ ищIащ фирхьэуным итIанэ.

Уз бзаджэр зэращхьэщыкIыу, фирхьэуным, аргуэрыжьти, и унафэр ихъуэ-жащ.

„Фэ мыбы фыкъэнэн хуейщ", - жиIащ абы.

Мусэрэ Хьэрунрэ фирхьэуным мыпхуэдэу жраIащ итIанэ:

„Ди лъэпкъыр умыутIыпщыжмэ, мысырхэм игъащIэм фымылъэгъуа борэнышхуэ уэ щIэту къэхъунущ".

АрщхьэкIэ фирхьэуным къридзакъым абыхэм жаIэр.

Арати, уэ зыщIэт борэн шынагъуэр Мысырым къыщхьэщыхьащ. Израил цIыхухэр щыпсэухэм фIэкIа къэмынэу, псэ зыIутуи къэкIыгъэуи губгъуэм, хьэсэхэм иту хъуар щIым щыщ ищIыжащ уэм.

„Хъунщ, фызоутIыпщыж", - жиIащ фирхьэуным.

Ауэ, борэныр зэрыувыIэххэрауэ, фирхьэуныр жиIам епцIыжащ.

Мусэ итIанэ фирхьэуным жриIащ Тхьэм Мысырым мацIэр къатригъэуэу гъави, удзи, пхъэщхьэмыщхьи къахуимыгъанэу зэрыригъэшхынур. А зэрыжиIам хуэдэуи хъуащ.

Тхьэм кIыфIыгъэр щIыгум къыщхьэщигъэхьащ итIанэ. МахуищкIэ, жэщым ещхьу, нэм къыщIэIэбэр умылъагъу жыхуаIэм хуэдэу кIыфIу щытащ. А бэлыхь къомыр къэхъуа нэужькIэщ Фирхьэуным израил цIыхухэр къиутIып-щыжыну къыщигъэгугъар. Ауэ гузэвэгъуэр зэращхьэщыкIыу, абы и унафэр аргуэру ихъуэжащ.

Тхьэм Мусэ къыжриIащ итIанэ:

„Израил цIыхухэм яжеIэ мысыр щIыналъэм зэрикIыжынум зыхуагъэхьэзы-рыну. Фирхьэунми жеIэ сэ жэщ ныкъуэхэм деж Мысырым сынызэрыкIуэнур. Си жыIэр зэрамыгъэзэщIам къыхэкIыу, мысыр унагъуэхэм сабий нэхъыжьу ису хъуар а жэщым зэтелIэнущ".

Мусэ израил цIыхухэм яжриIащ щынэм къыщIэжа лъы я бжэблыпкъхэм щахуэну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ израил цIыхухэм я унэхэр наIуэ хъунурэ Тхьэм и тезырыр мысырхэм щатрилъхьэм деж езыхэм я сабийхэр къелынут.

Израил цIыху псоми апхуэдэу ящIри, я сабийхэм къащымыщIIауэ къэнащ.

ИкIэм-икIэжым, фирхьэуныр езыр Мусэ къелъэIуащ израил цIыхухэр Мысырым иришыжыну.

„Тхьэм гугъуехь куэд фэр щхьэкIэ дигъэшэчащ дэ, фежьи фыкъыздикIам фыкIуэж", - жиIащ абы.

Тхьэм къыхиха и лъэпкъыр Мысырым къришыжащ апхуэдэ щIыкIэкIэ. Ар езыр гъуэгугъэлъагъуэу яIэт абыхэм: махуэкIэ пшагъуэ гуэрэн зищIырти, къащхьэщыту кIуэрт, жэщкIэ - нур кIапсэу зишэщIырти, мыгъуэщэн щхьэкIэ, гъуэгур къахуигъэнэхурт. Сытми, икIэм-икIэжым, я хъуэпсапIэр къехъулIауэ, израил цIыхухэр кIуэжырт Ханаан щIыналъэм - Тхьэм къызэригъэгугъауэ щыта щIыналъэм.

Израил лъэпкъым я пашэ Мусэ теухуа хъыбарым фыкъыщеджэ хъунущ Мусэ бегъымбарым итха етIуанэ тхылъым и 2-нэ псалъащхьэм щыщIэдзауэ е I2-нэр къыхиубыдэу.

## ТХЬЭМ И ЛЪЭПКЪЫР КЪЫЗЭРИГЪЭГУГЪА

## ХЭКУМ ХУЭКIУЭ ГЪУЭГУАНЭМ

Израил лъэпкъыр илъэс куэдкIэ Мысырым щыпсэуащ. Ауэ израил цIыхухэр щIэхъуэпсырт я хэкужьым, Ханаан щIыналъэм, щыпсэужыну. Мысырым ахэр гъэру, пщылIу яIэт, абы къыхэкIыуи фирхьэуныр хуейтэкъым къиутIыпщыжыну. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм израил цIыхухэм гъуазэу къаритащ Мусэ. Мусэ къигъэсэбэпурэ, Тхьэм фирхьэуныр иригъэзащ мыпхуэдэу жиIэну: „Фи хэку фыкIуэжыну хуит фызощI“. Арати, Мусэ израил лъэпкъыр Мысыр хэкум къришыжащ.

АрщхьэкIэ фирхьэуныр жиIам хущIегъуэжри, Iуэхум нэгъуэщIу егупсысыжащ. Апхуэдэ къыхэкIыжыну зи мыгугъа израил цIыхухэр гъуэгуанэ здытетым, шы лъэ макъ куэд къызэхахри, зэплъэкIащ. Мысырхэр къакIэлъыпхъэрауэ къакIэлъыжэрт. Израил цIыхухэр, ящIэнур ямыщIэжу, бызэрыхьзэрий хъуащ. Абыхэм къапэщылът гъуни-нэзи зимыIэжу къыпщыхъу тенджызыр. ЯщIэнур ямыщIэу, цIыхухэр Мусэ еплъырт. „Фымышынэ, - жиIащ Мусэ. - Иджыпсту фи нэкIэ флъагъунщ, дэ дыкъихъумэн щхьэкIэ, Тхьэм хуэщIэнур зыхуэдизыр”.

Ар жиIэри, башыр зэриIыгъ Iэр Мусэ тенджызымхуишиящ. Зэрыхуишийуэ, Тхьэм жьапщэшхуэр къарищIэкIри, жэщым нэху щыху мыувыIэу къепщащ, тенджы-зышхуэр зэгуэури, удэкI хъууэ, тIу ирищIыкIащ. Арати, пIащIэгъуэр яIэу а зэхуакум дыхьэри, зыри къащымыщIу израил цIыхухэр адрей тенджыз Iуфэм къы-щыхутащ. Абыхэм къакIэлъыжэурэ, мысыр цIыхухэр, тенджы зэгуэуам и зэхуакум къызэрыдыхьэу, тенджызыр зэхуэкIуэжри, къанэ щымыIэу псори хитхьэлыхьащ.

Ар и щIыкIэу, израил цIыхухэр къелащ. ГуфIэгъуэр яIэрэ хэти уэрэд кърищу, хэти къафэу ахэр я гъуэгуанэ теувэжащ.

Гъуэгуанэ кIыхь зэпачащ абыхэм. КIыхьым и мызакъуэу, ар икIи хуабжьу гъуэгуанэ гугъут, сыту жыпIэмэ ахэр кIуэцIрыкIырт жьэражьэу дыгъэр зыщхьэщыт губгъуэ нэщIыжьым. Ауэрэ цIыхухэм тхьэусыхэу щIадзащ. „Сыт дэ тшхынури ди псыхуэлIэ зэридгъэкIынури?“ -жаIэрт абыхэм.

„Сэ фыкъысщыгугъ“, - жиIащ Тхьэм.

Арати, къыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым абыхэм къалъэгъуащ, жэпым ещхьу, щIыгум хужь гуэр зэрытелъыр. Ар IэфIт, фокIэ ящIа хьэлыуэм хуэдэу. ЦIыхухэр „мэннкIэ“ абы еджэрт. Зы пщэдджыжь къэмынэу, а шхыныгъуэр Тхьэм цIыхухэм тыгъэ къахуищIырт.

Тхьэм Мусэ зэгуэрым къыжриIащ:

„Си жыIэм тету щытын щхьэкIэ, цIыхухэр зэрыпсэун хуей щIыкIэр ныбжесIэнут".

Синай бгым и жьэгъум деж израил цIыхухэм я хэщIапIэр щаухуат. Тхьэм жиIэр зэхихын щхьэкIэ, Мусэ бгым и щхьэ дыдэм дэкIащ. Тхьэм Мусэ кърితащ цIыхухэр зэрыпсэун хуей Торэт хабзэр. А хабзэм хэтт Тхьэм и унафэу пщIыр.

Мусэ, къимыгъэзэжу, бгыщхьэм куэдрэ тетащ, Тхьэм епсалъэу, абы къежьэу зэхэт цIыху къомри ешащ. Абыхэм зэхуэтхьэусыхэжурэ жаIэрт:

„Сыт зэрытщIынур дэ дымылъагъу Тхьэ?!“

Арати, дыщэ Iэлъынуи щыгъэуи яIэр зэхуахьэсщ, ягъэткIури, дыщэ защIэу танэ сурэт ягъэжащ.

„Мис мыращ дэ ди тхьэр“, - жаIащ цIыхухэм.

ИкIи дыщэм къыхащIыкIа танэм и хъуреягъыр къафыхьу щIадзащ. Мусэ бгым къехыжри, дыщэ танэм щхьэщэ хуащIу израил цIыхухэр щилъагъум, хуабжьу къэгубжьащ. АпхуэдизкIэ къэлыбати, дыщэ танэр цIыкIу-цIыкIуу зэхикъутащ. Израил цIыхухэр хущIегъуэжащ дыщэ танэр зэрагъэлъэпIам. Абыхэм псалъэ быдэ ятащ унафэ къыхуащIахэм темыкIыу тетыну, Тхьэм и хабзэм хуэпэжу псэуну.

Арати, Тхьэм Мусэ унафэ къыхуищIащ шэтыр щхьэхуэ хуиухуэну. Псоми ялъагъун хуэдэу Мусэ ар щиухуащ къуажэ цIыкIум ещхьу зэхагъэувва шэтырхэм я курыкупсэм. Тхьэм и шэтырыр хуабжьу дахэт.

Шэтырым и кIуэцIым иIэт Тхьэм и унафэхэм щхьэкIэ хъумапIэ. Унафэхэр дэлът дыщэ къабзэм къыхэщIыкIа пхъуантэм. Пхъуантэм и щхьэтепIэр гъэщIэрэщIат зи дамэхэр укъуэдия мэлыIычитIым я сурэтхэмкIэ. Абдежым къыщыщIэдзауэ, дэнэ Iэпхъуами, израил цIыхухэм здашэрт Тхьэм и унэмрэ пхъуантэмрэ, Тхьэр я гум илъ зэпыту щытын щхьэкIэ.

Тхьэм Мусэ мыпхуэдэу къыжриIащ зэгуэрым:

„Псым адрыщIкIэ къыщылъщ сэ къыхэсха си лъэпкъыр къызэрызгъэгугъауэ щыта Ханаан хэкур. ЦIыху зыбжанэ гъакIуэ абы, зэрыщытыр ялъагъуу адрейхэм жраIэжын хуэдэу".

Мусэ цIыху пщIыкIутI игъэкIуащ а щIыналъэм еплъыну. Еплъхэри, пхъэщхьэмыщхьэр ярызу матэ зырыз яIыгъыу къагъэзэжащ.

„ЩIыналъэ дэгъуэщ ар, - жаIащ Ханаан къикIыжа цIыхухэм, - ауэ дэ дихьэфынукъым а хэкум, сыту жыпIэмэ иныжьхэр щопсэу".

Ауэ къэкIуэжахэм ящыщитIым, Нун и къуэ Ехьошуарэ Калеврэ, моуэ жаIащ:

„Дэ зыми дыщIыщышынэн щыIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Тхьэр тщIыгъущ, ди лъэныкъуэщ!“

АрщхьэкIэ израил цIыхухэр едэIуакъым абыхэм жаIэм.

„Дэ иныжьхэм я деж зэуакIуэ дыкIуэнукъым, - жаIащ абыхэм. - Абы нэхърэ лъэпкъ гъуазэ хэтхыу Мысырым дгъэзэжмэ, нэхъыфIщ".

„Дапщэщ фэ сэ фIэщхъуныгъэ нэс къысхувиIэ щыхъунур? - яжриIащ Тхьэм цIыхухэм. - Зэрыфлъагъущи, си нэIэ зэи фтекIакъым, фщIэнур фымыщIэжрэ фыкIэрахъуэу гъуэгум фыкъытезнакъым, епцIыж къы-хэмыкIыу фыкъызэрызгъэгугъахэр дапщэщи згъэзэщIащ. ИтIани сэ жысIэр фи фIэщ фщIыну фыхуейкъым. Ауэ щыхъукIэ, мы къумым иджыри илъэс плIыщIкIэ фыщыпсэу!“

Ауэ израил цIыхухэм я мыарэзыныгъэмрэ тхьэусыхэмрэ кIэ иIэжыххэтэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм абыхэм къахиутIыпщхьащ щхъухькIэ зи шэрэзхэр гъэнщIа блэхэр, ахэр зэуа цIыху куэди щхъухьым илIыкIащ.

„Ар Тхьэм и жыIэм дызэремыдэIуам щхьэкIэ къыттрилъхьа тезыру аращ", - жаIэри къахуигъэгъуну Тхьэм елъэIуу щIадзащ.

Тхьэм Мусэ къыжриIащ итIанэ: „Гъуаплъэм блэ сурэт къыхэщIыкI, чы щхьэкIэм фIэIуи, щIым хэтIэ“.

Тхьэм жиIар игъэзащIэри, Мусэ цIыхубэм яжриIащ:

„Тхьэм унафэ къыфхуещI абы фыщыгугъыну. Блэ зэуар мис мы блэ гъуаплъэм къыхэщIыкIам зэрыIуплъэу, узыншэ хъужынущ". ЦIыхухэм абы зэрыжиIэм хуэдэу ящIащ икIи Тхьэм жиIар зи фIэщ хъуа псори зэуэ хъужащ.

АрщхьэкIэ израил цIыхухэм я фIэщ хъуртэкъым Тхьэм ахэр къызэригъэгугъа хэкум ишэжыфыну. Мусэ жьы хъуати, абыхэм пашэ яхуэхъужыфыртэкъым. Арати, Тхьэм Мусэ жриIащ израил цIыхухэм я лъэпкъ гъуазэу Нун и къуэ Ехьошуа зэрыхихыр.

Апхуэдэу щыхъум, Мусэ Нун и къуэ Ехьошуа утыкум къришэри, ар лъэпкъ гъуазэу зэраIэнур цIыхубэм яжриIащ.

„Мыр Тхьэм къыхиха цIыхущ икIи абы фэ Тхьэм фызэригъэгугъа хэкум фишэжынущ" , - жиIащ Мусэ.

Куэд дэмыкIыу Мусэ лIащ. ЦIыхухэм хуабжьу ягу щIыхьат а гуауэр, гухэщIуи ягъейрт. Мусэ илъэс куэдкIэ гъуазэрэ щхьэщыжакIуэу яIат абыхэм.

Иджы цIыхухэм шэч лъэпкъ къытрамыхьэжу къагурыIуат Тхьэм щыгугъыу, фIэщхъуныгъэ хуаIэрэ и жыIэм тету щытын зэрыхуейр, Тхьэм къызэригъэгугъауэ щыта Ханаан хэкум зышэфыну Нун и къуэ Ехьошуа и ужь иувэну псори хьэзырт.

Мы хъыбарыр къыщывгъуэтынщ Мусэ бегъымбарым итха етIуанэ икIи еплIанэ тхылъхэми, Нун и къуэ Ехьошуа и хъыбар зэрыт тхылъми.

## ЕРИХОН ЩХЬЭКIЭ ЕКIУЭКIА ЗАУЭ

Израил цIыхухэм я шэтырхэр Иордан псым и Iуфэм деж щаухуащ. Псым узэпрыкIмэ, Ханаан щIыналъэр къыщылът. Тхьэм израил лъэпкъыр къигъэгугъат а щIыналъэр къаритыну. А хэкур къалъыхъуэу илъэс куэдкIэ къумым итащ израил лъэпкъыр. ИкIэм-икIэжым, мис, а щIыналъэр я пащхьэм къилът абыхэм.

Тхьэм Нун и къуэ Ехьошуа къыжриIащ: „Мис мы щIыналъэр тыгъэ фхузощI, сэ фIэщхъуныгъэ къысхувиIэрэ фыкъызэдаIуэу фыщытынумэ.

Мусэ сызэрыщIыгъуам ещхьыркъабзэу, уэри сыпщIыгъунущ. Ауэ щыхъукIэ, фымышынэ зы щхьэкIи. Сэ зэи фи закъуэу фыкъэзгъэнэнукъым“.

Нун и къуэ Ехьошуа хуабжьу гуфIащ Тхьэр къызэрепсэлъам, апхуэдэу къызэрыжриIам щхьэкIэ, сыту жыпIэмэ Ханаан щIыналъэм ис лъэпкъым езэуэн хуейуэ израил цIыхухэм къапэщылът.

Нун и къуэ Ехьошуа цIыхубэм яжриIащ мыпхуэдэу: „Хьэзыру фыщыт, Ханаан хэкум дихьэну дожьэ“.

Израил цIыхухэр хуабжьу иригуфIащ а зэхахам. Я шэтырхэр зэпкърахыжу, я хьэпшыпхэр зэкIуэцIалъхьэжу щIадзащ. Нун и къуэ Ехьошуа цIыхуитIым я пщэ ирилъхьащ Ханаан хэкум кIуэуэ абы щыпсэу лъэпкъым теухуауэ къапщIэ хъунур зэрагъэщIэну.

„Дэ псым дызэрикIынум зыхуэдгъэхьэзырынщ, - жиIащ Нун и къуэ Ехьошуа, - фэ тIур апщIондэху Ерихон къалэм фыкIуи, дызыхуейхэр псори зэвгъащIэ.

ТIасхъэщIэххэр псым зэпрыкIри, щэхуу къалэм дыхьащ. Бжэ инхэр зыхэлъ блын лъагэкIэ къэщIыхьыжауэ, Ерихон бийм зыщыхъумэным хуабжьу хуэщIа къалэт. Ерихон тIасхъэщIэххэр щыIущIащ къалэ блыным ещIылIа унэ гуэрым щыпсэууэ РахавкIэ зэджэ цIыхубзым.

Ерихон и тепщэм къищIащ я къалэм хамэ цIыху гуэрхэр къызэрыдыхьар икIи унафэ ищIащ икIэщIыпIэкIэ ахэр къаубыдыну. АрщхьэкIэ Рахав а тIур унащхьэм дришейри, абы телъ джуныгу пхырхэм зыхагъэпщкIуащ.

„Сэ фи Тхьэм ищIа Iуэхушхуэ телъыджэхэм я хъыбар куэд зэхэсхащ, - къажриIащ Рахав тIасхъэщIэххэм. - Къалэр фубыда нэужь, самыукIыу сыкъевгъэлыну сыкъэвгъэгугъэ“.

Ахэм цIыхубзыр къагъэгугъащ. КIыфI хъуа нэужь, Рахав къадэIэпыкъуурэ, ахэр къалэм къыдэкIыжащ икIи къащымыщIауэ я цIыхухэм деж къагъэзэжащ.

ЦIыхухэр хуэхьэзырт псым зэрызэпрыкIынум. АрщхьэкIэ псым лъэмыж телътэкъым, израил цIыхухэми кхъуафэжьей яIэтэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр зезыхьэхэр япэ ирагъэуващ. Пхъуантэр зэрыщыту дыщэти, дыгъэм пэлыдырт. ЦIыхухэр Иордан зэрыхыхьэу, псым зэуэ жэн щигъэтащ. Пхъуантэр зыIыгъхэр псым и курыкупсэм деж щытащ цIыху псори Иордан зэпрыкIыху.

ИкIэм-икIэжым, израил цIыхухэр нэсащ Ханаан щIыналъэм. Абыхэм Тхьэм фIыщIэшхуэ хуащIащ Иордан псым зэпрыкIыну къазэрыдэIэпыкъуам щхьэкIэ. Нун и къуэ Ехьошуа унафэ ищIащ мывэшхуэу пщыкIутI Иордан псыхъуэм къыдахыну. Мывэхэр къахьу зэтралъхьа нэужь, Нун и къуэ  Ехьошуа моуэ жиIащ:

„Нобэ щыщIэдзауэ мыбдежым блэкI дэтхэнэми къилъагъунущ мы мывэхэр. Ахэр и фэеплъу щытынущ Тхьэм израил лъэпкъыр Иордан зэрызэпришам“.

Арати, цIыхубэр иришажьэри Нун и къуэ Ехьошуа Ерихон къалэм хуиунэтIащ. Ерихон къызэрыщIыхьа блыныр хуабжьу лъагэт, куэбжэ хэлъхэри быдэу гъэбыдат.

„Сэ тыгъэ фхуэсщIынщ мы къалэр, - жиIащ Тхьэм. - Ауэ ар къыщыхъунур махуэ ебланэрщ".

„МахуихкIэ къалэм и хъуреягъэр къэфкIухьынущ. Бжьамийхэм епщэу цIыхуибл Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр зыхьхэм япэ иту кIуэн хуейщ. Пхъуантэр зыхьхэм я ужь итыну зауэлIхэр щыму ирекIуэ. Махуэ ебланэм къалэм и хъуреягъэр блэнейрэ къывокIухь. ИтIанэ пхъуантэм и ужь иту кIуэ цIыхухэр ину къыхокIиикIри, - итIанэ къалэр фыфейщ".

Нун и къуэ Ехьошуа Тхьэм зэрыжиIам тету псори ищIащ. Махуихым къриубыдэу израил цIыхухэм Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр яIыгъыу Ерихон къалэм и хъуреягъэр къакIухьащ. Къалэ блынхэм тету, къалэ дэсхэр абыхэм къахэплъэрт.

ЦIыхубэм япэ иту кIуэрт бжьамийм ину епщэхэр. Бжьамийхэм я макъыр шынагъуэу жыжьэ Iурт. Бжьамияпщэхэм я ужь итт Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр зыхь цIыхухэр. Пхъуантэм и ужь итрэ щыму, адрей израил цIыху къомыр кIуэрт.

Махуэ ебланэм, израил цIыхухэм хэнейрэ къакIухьащ Ерихон къалэр. Абы дэсхэр хуабжьу къэшынат. Абыхэм къагурыIуэртэкъым израил цIыхухэм я мурадыр. Арати, блэнейрэ Ерихон къакIухьа нэужь, Нун и къуэ Ехьошуа унафэ ищIащ псори зэуэ къэкIиину. А унафэм цIыхухэр иригуфIащ, сыту жыпIэмэ куэдыIуэрэ щыму щытат. Арати, израил цIыхухэр зыжьэу къыщыкIийм, Ерихон и блынхэр зэтещэхащ.

Апхуэдэу щыхъум, текIуэныгъэр къэзыхьа израил цIыхухэр, Тхьэм зэрыжиIам тету, къалэм дыхьэри, яубыдащ.

„НтIэ, мис иджы фыкIуи, дыкъызэрывгъэгугъар вгъэзащIэ, - яжриIащ  Нун и къуэ Ехьошуа Рахав кърigъэла тIасхъэщIэххэм. - Ар вгъэзэщIа нэужь, дэ Ерихон зэхэткъутэн хуейщ".

Ар и щIыкIэу, израил цIыхухэм япэ текIуэныгъэр къыщахьащ Тхьэм яхухиха хэкум.

Нун и къуэ Ехьошуа ищIэрт израил цIыхухэм сытым дежи Тхьэм дзыхь хуащIын зэрыхуейр.

„Зауэ куэд къытпэщылъщ дэ дяпэкIи, - яжриIащ абы цIыхубэм. - Ауэ дэ дыщIэшынэн лъэпкъ щыIэкъым, сыту жыпIэмэ Тхьэм тщIыгъуну дыкъигъэгугъащ".

Ерихон къызэращтам теухуа хъыбарыр Библием къивджыкIыну фыхуеймэ, фэ ар къыщывгъуэтынущ Нун и къуэ Ехьошуа и хъыбар зэрыт тхылъым и еханэ псалъащхьэм.

**ГИДЕОН**

Израил цIыхухэр Тхьэм емыдэIуэж хъуат. Ахэр хуейтэкъым афIэкIа Тхьэм и унафэхэм щIэтыну, абы и унафэхэм тету псэуну. Апхуэдэу здекIуэкIым, израил цIыхухэм

къытеуэу щIадзащ Мадиан щыщхэр. КъатеуэхукIи, израил цIыхухэм гъавэрэ Iэщу яIэр абыхэм зэщIакъуэрт. Апхуэдэурэ, израил цIыхухэм гъаблэр къалъэIэсащ. Мадиани щыщ зэрыпхъуакIуэхэм зыщахъумэурэ, ахэр къурш жьанэм дыхьэжырти, бгъуэнщIагъхэм щIэсу псэурт. Щымыхъужым, израил цIыхухэр Тхьэм елъэIуащ гущIэгъу къахуищIыну.

Израил цIыхухэм яхэтт ГидеонкIэ еджэу зыгуэр. ЩыцIыкIум щыгъуэ ар фIэфIыпсу щIэдэIуу щытащ Тхьэм теухуа хъыбархэм. Псалъэм папщIэ, ар фIэгъэщIэгъуэн дыдэу щIэдэIурт Тхьэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ Мусэ израил лъэпкъыр Мысырым къызэрыришыжам теухуа хъыбарым.

„Дэнэ-тIэ иджы Тхьэр здэщыIэр? - щIэупщIащ Гидеон. - Ар къыддэмыIэпыкъумэ, дэ Мадиан щыщ зэрыпхъуакIуэхэм дапэлъэщынукъым“. Гидеон зэкIэ ищIэртэкъым, балигъ хъуа нэужь, ар Мадиан щыщ зэрыпхъуакIуэхэм ятекIуэну Тхьэм Iэмыр зэрищIагъэххэр.

НыбжьыщIэ зэрыхъуу Гидеон къыхуэкIуащ Тхьэм и лIыкIуэ мелыIычыр. „Тхьэм уэ укъыхуреджэ Мадиан щыщ зэрыпхъуакIуэхэм езэуэн папщIэ, израил лъэпкъыр къызэщIэбгъэтэджэну, - къыжриIащ мелыIычым Гидеон. - Зы щхьэкIи умышынэ, Тхьэр сытым дежи пщIыгъунущ".

Ауэ Гидеон тIэкIуи игъэшынат абы къыжриIам.

„Сэ лъэпкъым гъуазэ сахуэхъункъым, - жиIащ абы. - Сэ тепщэхэм сакъыхэкIакъым, ауэ щыхъукIэ цIыхухэр си жыIэм къедэIуэнукъым“.

„Уэ ар плъэкIынущ, сыту жыпIэмэ Тхьэр абыкIэ къыбдэIэпыкъунущ, - жэуап къритыжащ мелыIычым. Ар жиIэри, мелыIычыр бзэхыжащ.

Ауэ Гидеон и фIэщ хъуакъым мелыIычым и жьэкIэ абы Тхьэр къепсэлъауэ. Арати, Тхьэм ар елъэIуащ а къалэныр къызэрыхуигъэувар къигъэнэIуну.

„Ди Тхьэ, Мадиан щыщ зэрыпхъуакIуэхэм сатекIуэныр пфIэкъабылмэ, зы нэщэнэ гуэркIэ ар къэзгъащIэ“.

Арати, жэщ зэрыхъуу Гидеон мэлыфэр бгъуэнщIагъым къыщIихри иубгъуащ.

Пщэдджыжьым еплъмэ, мэлыфэр уэсэпсым псыфыбзэ ищIат, щIыгур зэрыщыту гъущэ пэтми. Ар Тхьэм Гидеон къыхуищIа нэщэнэт.

АрщхьэкIэ Гидеон и фIэщ хуэщIтэркъым абы Тхьэр къызэрепсэлъар. „Ди Зиусхьэн, сэ сыхуейщ Мадиан цIыхухэм сатекIуэныр уэ уи гукъэкIыу зэрыщытыр хьэкъ сщыхъуну. Сэ мэлыфэр а здэзубгъуауэ щытам деж жэщым аргуэру къыщызнэнщ. Къысхуэгъэгъу, ауэ сэ сыхуейт иджыри апхуэдэу пщIыну, ауэ мы зэм зэдзэкIауэ: щIыгур псыфрэ мэлыфэр гъущэу къэнэну".

Арати, а зэрищIауэ щытам ещхьу, мэлыфэр бгъуэнщIагъ гупэм деж щиубгъуащ. Пщэдджыжьым йоплъри - щIыгум зэрыщыту уэсэпсыр къытехащ, ауэ мэлыфэр гъущабзэщ. ИтIанэ Гидеон хьэкъ щыхъуащ мелыIычым и жьэкIэ абы Тхьэр къызэрепсэлъар.

Апхуэдэу щыхъум, Гидеон израил цIыху псори къыхуриджащ я бгъуэнщIагъхэмрэ шэтырхэмрэ къыщIэкIыу бийм зэрыпэувынум зыхуагъэхьэзырыну. Арати, зэуэ зэхуэсащ зэуэным хуэхьэзыррэ мин бжыгъэ куэд хъууэ дзэшхуэ.

АрщхьэкIэ Тхьэм Гидеон къыжриIащ:

„Мы зэхуэпшэсар дзэшхуэIуэщ. А дзэмрэ уэрэ мыхъуу, мы зауэм текIуэныгъэр сэ къызэрыщысхьынур уи нэгу щIэзгъэкIыну сыхуейщ".

Арати, Гидеон цIыхухэм яжриIащ: „Хэт и щхьэ тешыныхьми, дзэм хэмыхьэну хуит сощI. Гидеон апхуэдэу щыжиIэм, дзэм и зэхуэдитIыр зэбгрыкIыжащ.

Тхьэм Гидеон къыжриIащ итIанэ:

„Уи дзэр иджыри иныIуэщ. Ахэр псафэ шэи, псы егъафэ икIи еплъ хэт дапхуэдэу ефэми. Лъэгуажьэмыщхьэ зизыгъэуэу псым занщIэу хэфхэр къанэ щымыIэу утIыпщыж.

Къэбгъэнэнур IэмыщIэкIэ къыщIэзыгъалъэурэ ефэнухэращ. А гуп цIыкIум фIэкIа пщIымыгъуу сэ Мадиан щыщхэм уатезгъэкIуэнщ". Апхуэдэу ищIа нэужь, Гидеон и дзэр зэрыхъужар щищ къудейщ.

„Сэ укъызогъэгугъэ узмыбгынэну, - къыжриIащ Тхьэм Гидеон. - Ауэ иджыри ушынэмэ, Мадиан щыщхэм я хэщIапIэм щэхуу екIуалIи, жаIэм щIэдэIу".

Гидеон щэху дыдэу екIуэлIащ Мадиан щыщхэм я хэщIапIэм. ИкIи зэхихащ абыхэм жаIэр:

„Гидеон дэ къыттекIуэнущ. Ар езы Тхьэ дыдэм къигъэгугъащ къыдэIэпыкъуну".

Ар щызэхихым, Гидеон хьэкъ щыхъуащ мы зауэм Тхьэр абы къызэрыщыдэIэпыкъунур.

Пшапэ зэрызэхэуэу, Гидеон и цIыхур гупищу игуэшащ. ЗауэлIхэм яIыгът кхъуэщын нэщI зырыз, мафIэр къыпихыу пхъакъуэ зырыз, бжьамий зырыз.

„Фи пхъакъуэхэр кхъуэщыным ифлъхьэ, - жиIащ Гидеон, - икIи, сэ вжесIэху, щыму фыщыт. ИтIанэ, си дежкIэ фыкъаплъэурэ, сэ зэрысщI дыдэм хуэдэу фщIы“.

Арати, зауэлIхэр Мадиан щыщхэм я хэщIапIэм щэху дыдэу екIуалIэри, къа-увыхьащ. Iуэхур абы щынэсым, Гидеон зэуэ кхъуэщыныр икъутэри, пхъа-къуэр кърихащ, къызэрырихыуи занщIэу къэлыдащ. Гидеон бжьамийм ину епщэри, зауэлIхэм яхэгуоуащ:

„Тхьэмрэ Гидеонрэ я джатэр!“

Абы зэрищIа дыдэм хуэдэу и зауэлIхэми ящIащ.

МафIэр къызыпих пхъакъуэ куэдыкIейм къаувыхьащ бийм я хэщIапIэр. Мадиан щыщхэр къыщIэушащ израил цIыхухэм я гуо макъымрэ бжьамий къомым я джэ макъымрэ. Мадиан щыщхэри апхуэдизкIэ къэшынати, дзэшхуэ къатеуауэ фIэкIящIакъым. Мо кIыфIым абыхэм къахуэщIэртэкъым зэзауэр хэтми, езыхэм

ящыщхэмрэ ящымыщхэмрэ яхузэхэгъэкIыртэкъым. Арати, шынэр къатекIуэри, Мадиан щыщхэр щIэпхъуэжащ.

Израил цIыхухэм я текIуэныгъэр пшэдджыжьым ягъэлъапIэрт. Абыхэм уэрэд жаIэрт, нэжэгужэт. Псори иригуфIэрт Гидеон Тхьэм и жыIэм щIэдэIуу лъэпкъ тхьэмадэ зэрахуэхъуам.

ФIыщIэшхуэ хуащIу, ахэр Тхьэм елъэIурт икIи жаIэрт:

„Дэ хуабжьу дыхущIогъуэж, ди Зиусхьэн, уи унафэм дытекIыу зэрыщытам. Иджы дэ дыхуейщ уэ къыдэпта хэкум уи лъэпкъ дыщыхъуну".

Гидеон Тхьэм къыхиха цIыхут. Абы игъэзэщIащ Тхьэм и унафэр икIи Тхьэм ар тригъэкIуащ израил цIыхухэм я бийхэм. Гидеон теухуа хъыбарыр итщ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) щыщу ХеящIэхэм я хъыбар зэрыт тхылъым и 6-8-нэ псалъащхьэхэм.

## ШИМШОН

Израил цIыхухэм гъуазэщIэ яIэн хуейт. Ахэр Тхьэм и жыIэм емыдаIуэ хъуат, абы къыхэкIыуи зауэхэм текIуэныгъэ лъэпкъ къыщахьыжыртэкъым. Тхьэм израил цIыхухэм тыгъэ къахуищIа хэкур филистим цIыхухэм яубыдакIэт. Ахэр яхуэпщылIт пхъэмрэ мывэмрэ къыхэщIыкIа тхьэхэм. ГъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм и бийт филистим щыщхэр.

Арати, зэгуэрым Тхьэм мелыIычыр Маной зи цIэ израил цIыху гуэрым и щхьэгъусэм лIыкIуэ къыхуищIащ.

„Уэ мыгувэу къуэ бгъуэтынущ, - къыжриIащ мелыIычым Маной и фызым. - Ар сабий телъыджэу дунейм къытехьэнущ. Балигъ хъуа нэужь, Тхьэм ар гъуазэ фхуищIынурэ филистим цIыхухэм езэуэнущ".

Манойрэ и щхьэгъусэмрэ хуабжьу гуфIащ.

„Сыт дэ тщIэн хуейр, ди къуэр а жыхуэпIэ къалэным хуэхьэзыру къэхъун щхьэкIэ?“ - щIэупщIащ ахэр. МелыIычым жэуап къаритыжащ:

„Тхьэм нэ зыхурищауэ зэрыщытым и нэщэнэу а щIалэ цIыкIум и щхьэцыр зэи пывмыупщI. КъыдэкIуэтея нэужькIи ар санэ ефэ хъунукъым“.

Арати, куэд дэмыкIыу абыхэм къуэ ягъуэтащ. Манойрэ и щхьэгъусэмрэ абы фIащащ Шимшон.

Зэманыр кIуэрт. Ауэрэ Шимшон щIалэ къарууфIэшхуэ къищIыкIащ икIи израил цIыхухэм я гъуазэ хъуащ.

Шимшон израил цIыхухэм мыпхуэдэу яжриIащ зэгуэрым:

„И чэзу хъуащ филистим цIыхухэр ди хэкум итхужыну. Ахэр гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм и бийщ".

Ар жиIэри, Шимшон филистим цIыхухэм яубыдауэ яIыгъ губгъуэм кIуащ. Бажэ къиубыдым, я кIэм мафIэр къызыпих пхъакъуэ кIэрищIэурэ, губгъуэм ириутIыпщхьэжащ абы. Бажэхэм губгъуэр къызэхажыхьырт, лыгъэр дэнэкIи щIадзэурэ. Губгъуэхэр зэрыщыту лыгъаем зэщIищтэри, гуэдзу хъуар исащ. Филистим цIыхухэр хуабжьу къызэрыгъэгубжьри, Шимшон къыхуэдалъэурэ жаIащ: „Мыдэ умыпIащIэ уэ!“

Зэгуэрым филистим цIыхухэм зэхахащ Газэ къалэм щыщ гуэрым я деж Шимшон къызэрыкIуар. Шимшон къаубыдынуи мурад ящIащ абыхэм.

Филистим цIыхухэм къалэ дыхьэпIэхэр зэхуащIри, езыхэм блыным зыкъуагъэпщкIуащ.

Шимшон унэм къыщIэкIыжу къалэ дыхьэпIэхэр зэхуэщIауэ щилъагъум, ауи шынакъым. IункIыбзэхэри зэрыхэлъу куэбжэшхуэр къыхитхъщ, и плIэм ирилъхьэри, къалэбгъум деж щыт бгы гуэрым и щхьэм дихащ.

Филистим цIыхухэр къэшынащ икIи хьэкъ ящыхъуащ Шимшон апхуэдэу къэубыдыгъуафIэ зэрымыхъунур. ПхуэмыIуэтэным хуэдизу къаруушхуэ ихэлът абы! Щымыхъум, абыхэм Шимшон деж ягъэкIуащ ДелилэкIэ еджэу цIыхубз дахащэ.

„Уэ къэпщIэн хуейщ Шимшон апхуэдэ къару къыздрихым и щэхур“, - къыжраIащ филистим цIыхухэм абы.

Шимшоным фIыуэ къилъэгъуащ  Делилэр. Абы ищIэртэкъым апхуэдиз къару къыздрихым и щэхур къищIэн хуейуэ Делилэ къызэрагъэкIуар.

Делилэ моуэ къыжриIащ Шимшон зэгуэрым:

„Уэ хуабжьу укъарууфIэщ. ЖыIэт, зыкъыумытIэтэжыфын щхьэкIэ дапхуэдэу уэ Iэпхлъэпх узэращIын хуейр?“

Шимшон жэуап къитащ: „ГъэщIыта бзэпсиблкIэ сызэкIуэцIапхэмэ, сэ адрей цIыхухэм ещхьу къаруушэ сыхъунущ".

Филистим цIыхухэм ар щызэхахым, гъэщIытауэ бзэпсибл Делилэм кърэтащ, Шимшон зэрыжейуэ абыхэмкIэ зэкIуэцIыпхэ, жаIэри. Делилэ зэрыжаIам тету ищIащ. АрщхьэкIэ Шимшон къэушри, Iэпхлъэпх зэращIа бзэпсхэр тынш дыдэу зэпичащ. Арати, абы щыгъуэ Делилэ къыхуэщIакъым Шимшон и къарум щэхуу хэлъыр.

«ПцIы быупсыныр фIыкъым, - жриIащ абы Шимшон. – КхъыIэ, пэж дыдэу къызжеIэ: сыт уэ Iэпхлъэпх узэращI хъунур?»

Шимшон жэуар къитащ: «КIапсэщIэкIэ сапхмэ, си къарур зэуэ щIэкIыныщ».

Филистим цIыхухэм Делилэ кIапсэщIэ кърэтащ. Шимшон зэрыжейуэ, Делилэ кIапсэщIэмкIэ ар зэкIуэцIипхащ. АрщхьэкIэ Шимшоныр къэушри, Iуданэ фIэкIа къыщымыхъуу кIапсэр къызэпичащ. А зэми Делилэ къыхуэщIакъым Шимшон и къарур къыздикIыр.

„Аргуэру сыкъэбгъэпцIащ! - жиIэри къэкIиящ Делилэ. - КхъыIэ, пэж дыдэу къызжеIэт: Къызэпумычыну Iэпхлъэпх узэращIын щыIэ уэ?“

Шимшон жэуап къритащ: „ЩэкI щызэIупщэкIэ, си щхьэцыр Iуданэм хэбухуанэмэ, си къарур щIэкIынурэ зыри слъэкIыжынукъым“.

Шимшон зэрыIурихыу, Делилэ абы и щхьэцыр щэкIым хиухуэнащ. АрщхьэкIэ Шимшон къэушри, и щхьэцыр тынш дыдэу щэкIым къыхичыжащ.

Делилэ абы щыгъуи къыхуэщIакъым Шимшон апхуэдэ къару къыздрихыр.

„Щэнейрэ сыкъэбгъэпцIащ, - жиIэри Делилэ Шимшон зыхуигъэгусащ. - А тIэкIунитIэр пэжу къызжепIэфыркъым уэ“.

Апхуэдиз гукъанэмрэ зыгъэгусэмрэ иужэгъури, щымыхъужыххэм, Шимшон и щэхур Делилэ къыхузэIуихащ:

„Сэ апхуэдэу къаруушхуэ щIызиIэр Тхьэм срейщи, аращ. Аращ си щхьацыр зэи щIыпезмыгъэупщIыр. Си щхьэцыр паупщIмэ, сэ адрей цIыхухэм ещхьыркъабзэ сыхъунущ".

Ар зэхэзыха Делилэ, Шимшон жейм зэрыхилъафэу, Iэбэри абы и щхьэц кIыхьышхуэр пиупщIащ. ПиупщIри, филистим цIыхухэр къриджащ.

Шимшон къыщыушам, япэрей къаруушхуэр хэмылъыжу къыщIэкIри, филистим цIыхухэм япэлъэщакъым.

Арати, филистим цIыхухэм Шимшоныр лъэхъуэщым ирадзащ. И нэхэр къыхуращIщ, гъущI лъэхъухэр къыхуралъхьэри, щхьэл мывэшхуэр игъэкIэрахъуэурэ ягъэхьэжэу лъэхъуэщым къинащ.

Шимшон къыщыщIам хуабжьу иригумэщIырт. Сыту хъарзынэт, Тхьэм хуэлэжьэным фIэкIа и къарур тримыгъэкIуадэу щытамэ! Тхьэр хуеящ абы израил лъэпкъыр филистим цIыхухэм къаIэщIигъэкIыну. Иджы, мис, Шимшон и къарур щIэкIащ. АрщхьэкIэ Шимшон и щхьэцыр къэкIыжу щIидзэри, зэрыщатам хуэдэу кIыхь хъужащ.

Филистим цIыхухэм я махуэшхуэ гуэр ягъэлъапIэрт зэгуэрым. ЦIыху куэдыкIей къыщызэхуэсат пщы унэшхуэм. Филистим цIыхухэм Шимшон лъэхъуэщым къыщIрагъэшащ. Пщы унэшхуэм къыщашам, зыми гу лъитакъым Шимшон и щхьэцыр зэрыщытауэ кIыхь зэрыхъужам. Шимшон зышэ унэIутым елъэIуащ пщы унэшхуэм и курыкупсэм деж щIэт мывэ джей пкъоушхуитIым я зэхуакум дишэну.

„Тхьэм сэ иужь дыдэу хуит сещI си къарумкIэ абы сыхуэлэжьэну икIи си лъэпкъыр филистим цIыхухэм къаIэщIэзгъэкIыжыну. СрекIуэд сэри мыбыхэм ящIыгъуу!“ - жиIащ Шимшон.

Арати, и IэхэмкIэ мывэджей пкъоуитIым еIэу щIидзащ. Пкъохэр хъейщ, зэпэщIэкIуэтри, пщы унэшхуэр зэуэ къызэтещэхащ. ГъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм и бий филистим цIыхухэм я кIуэдыр къикIащ абы.

А хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ ХеящIэхэм я хъыбар зэрыт тхылъым и I3-I6-нэ псалъащхьэхэм.

## РУТ И УНАГЪУЭР

А махуэхэм израил цIыхухэм я хэкур гъаблаем иIыгът. ЩIыр апхуэдизкIэ уэгъум зэщIиIулIати, хьэсэхэм зы къэкIыгъи къыщыкIыжыртэкъым. Гъавэ къехьэлIэжыгъуэр къыщысами гуэнхэр зэрынэщIыпсу къэнат. Израил унагъуэ куэд уи щхьэ щыппIыжыфын хамэ хэкухэм Iэпхъуат.

Апхуэдэ зы унагъуэ Iэпхъуащ Моав. Ахэр Iэлимэлэх, абы и фыз НэIэми сымэт, я къуитIри ящIыгъу. Ягу пымыкIыурэ, ябгынащ абыхэм Израилыр, ауэ Моав абыхэм лэжьапIи, псэупIи, ныбжьэгъу гуэрхэри къыщагъуэтакIэт.

Арати, хуэм-хуэмурэ хамэ щIыпIэ Моавыр я унэжьым хуэдэу къащыхъуу есэжащ ахэр. АрщхьэкIэ абыхэм зэи ягу ихуакъым Израилымрэ израил лъэпкъымрэ.

Iэлимэлэх и къуитIыр балигъ щыхъум, абыхэм щхьэгъусэу къашащ мы хамэ щIыпIэм щыщ хъыджэбз зырыз. Хуабжьу дахэт абыхэм къаша хъыджэбзхэр. Зым и цIэр Орпэт, адрейм Рутт. Iэлимэлэхрэ НэIэмирэ хуабжьу иригуфIэрт я къуэхэм апхуэдэ щхьэгъусэ хъарзынэхэр зэрагъуэтам.

Ауэрэ, зэгуэрым насыпыншагъэшхуэ унагъуэм къатепсыхащ: Iэлимэлэхрэ и къуитIымрэ сымаджэ хъури, куэд дэмыкIыу щыри лIащ. НэIэми гуауэм ихьырт. „Дауэ сэ ахэр симыIэжу сызэрыпсэунур?“ - жиIэурэ гъырт ар. Орпэрэ Рутрэ хуабжьу игъэгузасэрт а гуауэм икIи абыхэм НэIэми къагъэгугъащ зэи хыфIамыдзэну, я нэIэ къытрагъэтыну.

Къыщалъхуа Бэтлэхьэм къалэм къикIыу хъыбарыфI зэгуэрым къылъэIэсащ НэIэми. „Мы гъэм ди хэкум гъавэр бэв щыхъуащ. Тхьэм гущIэгъу къытхуищIри тшхынумкIэ къыддэIэпыкъуауэ аращ дэ. Ди хэкум сыIэпхъуэжыну, ди унэжь сыщыпсэужыну сыхуейщ", - жиIащ НэIэми.

Рутрэ Орпэрэ мурад ящIащ абы щIыгъуу кIуэну.

„Апхуэдэу фымыщI, - къахуидакъым абыхэм НэIэми. - Фи хэкужь фыкъэнэжи нэхъыфIщ, хэт ищIэрэ, иджыри фи насыпыр къекIэрэхъуэкIынкIэ мэхъу".

Абы зэрыжиIам тету, Орпэ и адэ-анэхэм я деж кIуэжащ. Ауэ Рут мурад быдэ ищIат НэIэми дэщIыгъуу Бэтлэхьэм кIуэну. НэIэми елIэлIащ абы и мурадыр иригъэхъуэжыну, ауэ Рут и жэуапыр зыт:

„Хьэуэ, сэ уэ фIыуэ узолъагъу, дэнэ укIуэми, уи ужь ситынущ. КхъыIэ, афIэкIаи укъызэмылъэIу уи закъуэ укъэзгъэнэну. Сэ сыхуейщ Израилым сыщыпсэуну, уэ уэщхьу уи Тхьэр згъэлъэпIэну".

НэIэми зэхихар и гуапэ дыдэ хъуащ икIи тIури гъуэгу теуващ Бэтлэхьэм кIуэну.

Бэтлэхьэм щынэсам, цIыхухэр гуфIэжу абыхэм къапежьащ.

„Догуэ, пэж дыдэу НэIэми ди деж къигъэзэжауэ ара-тIэ? Аращ, ара дыдэщ! Къеблэгъэж, НэIэми!“

Рути къыщыгуфIыкIащ ахэр. НэIэми цIыхухэм яжриIэжащ Моав абыхэм къащехъулIа псори.

Рутрэ НэIэмирэ Бэтлэхьэм къыдэна НэIэми и унэжьыр псэупIэ ящIащ. Зэгуэрым Рут НэIэми жриIащ: „ЛIо тщIэнур, щIакхъуэ къудей къызэрытщэхун ахъшэ диIэкъым“. НэIэми жэуап къитащ: „Тхьэм къытхуищIэнIауэ дыщыгугъынщ“.

НэIэми Рут жриIащ тхьэмыщкIэм цIыхухэр дэIэпыкъуу Израилым зэры-щыхабзэр. Тхьэм цIыхухэм къалэн къащищIащ, гъавэр къыщрахьэлIэжкIэ, тхьэмыщкIэхэм къащыпын хуэдэу, я щхьэмыж Iыхьэр хафэм къранэну.

Арати, Рут я унэм пэгъунэгъу хафэм кIуэурэ щхьэмыж зэщIищыпэу, унэм къихьу щIидзащ.

Гуэдз хьэсэр зей лIыр къэкIуащ зэгуэрым. Абы и цIэр БоIазт.

«Хэт мо хафэм щхьэмыж къыщызыщыпыр?» - еупщIащ ар и лIыщIэм.

„Ар Рутщ - жиIащ лIыщIэм. – ЦIыхубз хъарзынэ гуэрщ ар, Моав къикIри НэIэми щIыгъуу ди деж къэIэпхъуащ. Езымрэ НэIэмирэ щхьэкIэ щхьэмыж къищыпу аращ".

„Пэж дыдэу, цIыхубз хъарзынэщ ар, - жиIащ БоIаз, - ауэ лэжьыгъэ хьэлъэIуэщ ар абы дежкIэ. Ар къытелэжьэн лIы хуейщ. Си адэ къуэшым и къуэм сепсэлъылIэнщ сэ абы теухуауэ. Хэт ищIэрэ, абы ишэнкIэ хъунщ. Абы имышэмэ, итIанэ сэ езым къэсшэнщ".

Арати, БоIаз и адэ къуэшым и къуэм епсэлъащ Рут теухуауэ, ауэ абы идакъым ар къишэну. Апхуэдэу щыхъум, БоIаз Бэтлэхьэм дэс нэхъыжьы-фIхэр зэхуишэсри, Рут щхьэгъусэу къэсшэну фыарэзы, хьэмэ фымыарэзы, жиIэри яхэупщIыхьащ.

БоIаз нэхъыжьыфIхэм мыпхуэдэу яжриIащ: „Сэ Рут, Моав къикIа бзылъху-гъэр, щхьэгъусэу къэсшэну сыхуейщ. Лэжьыгъэ хьэлъэхэр езмыгъащIэу сэ сытелэжьэнущ абы. НэIэми кIэлъыплъынри си пщэ изолъхьэж".

Арати, БоIазрэ Рутрэ зэрышащ. Къалэм дэсу хъуар кърихьэлIащ а тIум я хьэгъуэлIыгъуэм. Щхьэмыж щыпэ щIэкIуэн лъэпкъ щыIэжтэкъым иджы Рут. Абыи НэIэмии яшхын къелыжу яIэт.

БоIазрэ Рутрэ насыпыфIэ дыдэу псэурт, НэIэми я гъусэу. Куэд дэмыкIыу Рут щIалэ цIыкIу игъуэтащ. „Сыту дынасыпыфIэ!“ - жаIэрт Рутрэ БоIазрэ. НэIэмии и IэплIэм сабийр илъу щIиупскIэурэ пыгуфIыкIырт.

Апхуэдэу я гъащIэм зыкъыщызэридзэкIым, абыхэм Тхьэм фIыщIэшхуэ хуащIащ. Рутрэ НэIэмирэ жаIащ:„ ФIыщIэ пхудощI Бэтлэхьэм дыкъэ-кIуэжынымкIэ укъызэрыддэIэпыкъуам щхьэкIэ!“

БоIаз жиIащ: „Апхуэдэ унагъуэ дахэ зэрызиIэм щхьэкIэ фIыщIэ пхузощI“.

ИтIанэ щыми зыжьэу жаIащ: „ФIыщIэ ин пхудощI ди щIалэ цIыкIум щхьэкIэ!“ абыхэм я къуэ ОведкIэ зэджэр Даут пащтыхьым и адэшхуэм и адэрщ. Даут къытехъукIа лIакъуэм иужькIэ нэгъуэщI пащтыхь гуэри къахэкIащ. Абы и цIэр Хьисэт.

Рутрэ НэIэмирэ ятеухуа хъыбарым фыкъеджэну фыхуеймэ, Библием щыщ Рут и хъыбар зэрыт тхылъым къыщывгъуэтынущ.

**ШАМУЕЛ**

Ижь-ижьыж зэманым израил къэралым щыпсэуащ Елий зи цIэ дин пашэ гуэр. Махуэ къэс Тхьэунэм къакIуэурэ ар Тхьэм хуэлажьэрт. Зэрысабий лъандэрэ Тхьэр фIыщэу илъагъурт Елий.

Елий къуитI иIэт.

Зэманыр кIуэрт. Ауэрэ Елий жьы хъуащ, и къуэхэри балигъыпIэ иуващ. Ауэ Елий и къуэхэм Тхьэр зыуи кърадзэртэкъым, абы и унафэм щIэтыну хуейтэкъым. Ахэр нэпсейт икIи залымт, ящышынэрти израил цIыхухэм, жраIэфIатэкъым абыхэм.

Израил цIыхухэр хуейт Тхьэр фIыуэ илъагъурэ абы хуэпэжу, и унафэм щIэту цIыхухэр зэрыпсэуным хуезыгъэсэн дин пашэ яIэну.

А зэманым Ханнэ зи цIэ цIыхубз гуэр щыпсэурт Израилым. Ар хуабжьу иригумэщIырт бын зэримыгъуэтым. Ханнэ сабий икъукIэ фIыуэ илъагъурт икIи щIэмычэу Тхьэм елъэIурт сабий кърритыну.

Ханнэ ар псом хуэмыдэу щызыхищIэр, къыщынэщхъейр махуэ лъапIэхэм ирихьэлIэу и лIымрэ я ныбжьэгъухэмрэ ядэщIыгъуу Тхьэунэм щыкIуэм дежт.

„ЛIо, иджыри къэс сабий умыгъуэтауэ ара?“ - къеупщIырт абы цIыхухэр.

Нэщхъей къэхъуауэ Ханнэ жэуап папщIэу, и щхьэр игъэкIэрахъуэрт.

Махуэшхуэ гуэр цIыхухэм щагъэлъапIэм, Ханнэ нэщхъей дыдэу яхэст зэгуэрым. Ефэ-ешхэм къахэкIри, ар щIыхьащ Тхьэунэм. Тхьэунэм и кIуэцIыр щымт. Дин пашэ лIыжь Елий здэщытын хуейм деж щытт. Ауэ Елийтэкым, Тхьэрат зэпсэлъэну Ханнэ зыхуейр.

Тхьэунэм щIэту, Ханнэ Тхьэм елъэIурт. И Iупэхэр зэрыпIэжьажьэр плъагъу мыхъумэ, абы жиIэхэр зэхэпхыртэкъым.

„Ди Тхьэ, сэ уэ лъэIукIэ зыпхузогъазэ: кхъыIэ, къуэ тыгъэ къысхуэщI !“ - лъаIуэрт Ханнэ. - Укъызогъэгугъэ си къуэр уэ пхуэлэжьэну уэстынкIэ. Мис мы уи Тхьэунэм щIэту, псэухукIэ къыпхуэлэжьэнщ. Плъагъукъэ сэ сызэры-насыпыншэр, ди Тхьэ“.

Елий къыбгъэдыхьащ Ханнэ. Абы ищIэртэкъым Ханнэ Тхьэм зэрелъэIуар, санэ ефарэ чэф хъуауэ и гугъэт.

„Сыт къыпщыщIар? - къеупщIащ ар цIыхубзым. - Махуэ лъапIэм и фIыщIэкIэ санэ уефагъэнущ уэ?“

„Хьэуэ, хьэуэ, - жиIащ Ханнэ икIи Елий жриIэжащ Тхьэм зэрелъэIуар, щIелъэIуар.

„УмыгумэщI, - жиIащ Елий. - Тхьэр едэIунущ уи лъэIум икIи къыпхуищIэнущ ущIелъэIуар“.

И гур фIы къыхуащIыжауэ, Ханнэ тхьэунэм къыщIэкIыжащ.

Куэд дэмыкIыу Ханнэ и лIыр хъыбарыфIкIэ игъэгуфIащ:

„Тхьэр едэIуащ си лъэIум, - жриIащ абы и лIым. - ИкIэм-икIэжым, сэри сабий сиIэнущ!“

Арати, Ханнэ щIалэ цIыкIу игъуэтащ. И щхьэцыр ушэрэзарэ и Iэ цIыкIухэр щабэ хъужауэ, сытым хуэдэу сабий къабзащэт ар! Абы нэхъ сабий дахэ дунейм къытрамылъхуауэ жиIэрт Ханнэ. Абы сабийм фIищащ Шамуел.

НэгъуэщI бынхэри игъуэтащ иужькIэ Ханнэ. Шамуел къыдэкIуэтея нэужь, и тхьэрыIуэ псалъэр игъэпэжын мурад иIэу, Ханнэ ар тхьэунэм ишащ. Абы хуабжьу фIыуэ илъагъуэрт Шамуел, пэIэщIэ зэрыхъунури къехьэлъэкIырт, ауэ абы къыдэкIуэуи иригуфIэрт и къуэр Тхьэм зэрыхуигъэлэжьэнум.

Ханнэ ищIэрт Елий зэрыцIыху гуапэр икIи хуейт абы и жьауэм щIэтрэ Тхьэм хуэпэжу фIыуэ илъагъу Шамуел тхьэунэм щылэжьэну. Илъэс къэс, махуэ лъапIэр къызэрысу, Ханнэ тхьэунэм кIуэрт икIи Шамуел тыгъэу къыхуихьырт езым и IэкIэ ида щыгъыныгъуэхэр.

Тхьэр Елий куэд щIауэ къепсэлъэфыртэкъым. И къуэ мыхъумыщIэхэм ящIэгупсыс зэпытт Елий. Япэми хуэдэу, абыхэм иджыри щIэпхъаджагъэ куэд ялэжьырт, Тхьэр кърадзэртэкъым, Абы и унафэм щIэтыну хуейтэкъым. МащIэ дыдэт а махуэхэм Тхьэм и макъыр зэхэзыхыр.

Арати, Тхьэм мурад ищIащ Шамуел къепсэлъэну. Тхьэм ищIэрт абы и ма-къыр Шамуел зэи зэрызэхимыхар.

„Жэщ хъууэ дунейр щым хъуа нэужь, Шамуел сепсэлъэнщ сэ“, - жиIащ Тхьэм.

Апхуэдэу, зэгуэрым, жейуэ здыхэлъым, Шамуел зэхихащ: „Шамуел!“

„Сымис", - къитащ Шамуел жэуап, Елий къеджэ и гугъауэ. Ар къыщылъэтри, дин пашэ лIыжьым деж жащ. Ауэ Елий къеджатэкъым абы.

„КIуэ, гъуэлъыж", - къыжриIащ абы Елий.

Къигъэзэжу гъуэлъыжа нэужьи, а макъ дыдэр аргуэру къызэхихащ: „Шамуел!“

Шамуел аргуэру къэтэджщ, Елий деж кIуэри, жриIащ:

„Мис, сыкъэкIуащ, укъызэджакъэ?"

Ауэ Елий къеджатэкъым абы. Шамуел къигъэзэжри аргуэру гъуэлъыжащ.

Тхьэр ещанэу Шамуел къеджащ: „Шамуел!"

Шамуел къэтэджщ, Елий деж кIуэри, аргуэру жриIащ:

„Сымис, укъызэджакъэ?"

ИтIанэ Елий къыгурыIуащ Шамуел къеджэр Тхьэр зэрыарар. КъыгурыIуэри, Елий Шамуел жриIащ:

„Тхьэращ а къоджэр. КIуэ, гъуэлъыжи, Тхьэм къыбжиIэу хъуам фIыуэ щIэдэIу".

Шамуел къеджэ макъыр аргуэру щызэхихым, Елий къызэрыжриIам хуэдэу жэуап иритыжащ:

„ЖыIэ, Зиусхьэн, сэ уэ жыпIэр зэхызох!"

Тхьэм Шамуел къыжриIащ итIанэ:

„Елий схужеIэж абы и къуэхэм Iуэху мыщхьэпэ куэд зэралэжьыр. Елий хулъэкIакъым мыхъумыщIэ ямылэжьын хуэдэу и къуэхэр къигъэшыну. Сэ тезыр ятеслъхьэнщ-тIэ абыхэм".

Шамуел хуейтэкъым Елий и жагъуэ ищIыну, ауэ абы хьэкъыу пхыкIат Тхьэм и унафэр игъэзэщIэн, Тхьэм и псалъэхэр жриIэжын зэрыхуейр. ИкIи абы Тхьэм къызэрыжриIам хуэдэу ищIащ. Елий ищIэрт Тхьэм жиIауэ хъуар зэрыпэжыр.

ИужькIи Шамуел куэдрэ зэхихащ Тхьэм и макъыр. Израил цIыхухэр Шамуел и жыIэм едаIуэрт, сыту жыпIэмэ ар езыр сытым дежи Тхьэм и жыIэм тетт.

Тхьэр зэрыфIэфIым тету псэун зэрыхуейр Шамуел израил цIыхухэм яригъащIэу щытащ.

Тхьэр Шамуел къызэрепсэлъам теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и 1-3-нэ псалъащхьэхэм.

**ИЗРАИЛЫМ ЩХЬЭКIЭ ПАЩТЫХЬ**

Шамуел илъэс куэдкIэ Тхьэунэм щылэжьащ дин пашэу. Ар цIыху гуапэт икIи губзыгъэт. Ауэ, Iуэхушхуэратэкъэ, Шамуел жьы хъури, израил цIыхухэм нэгъуэщI гъуазэ къалъыхъуэн хуейуэ къахудэкIащ.

Израил цIыхухэр ехъуапсэрт пащтыхь зиIэ гъунэгъу лъэпкъхэм, езыхэми яIэн хуейуэ къагъэуващ.

„Дэри пащтыхь дыхуейщ! - жраIащ абыхэм Шамуел. - Унафэ къытхуищIрэ дяпэ иту зауэхэм текIуэныгъэ къыщыдэзыгъэхьыфын пащтыхь".

Шамуел Тхьэм хуиIуэтащ цIыхухэм я лъэIур. „Сэ срапащтыхькъэ абыхэм, - къыжриIащ Тхьэм Шамуел. - Сэ сыхуейт ахэр къысхуэлэжьэну. ИтIанэ сэ абыхэм зыпымычу си нэIэ ятезгъэтынут".

Шамуел Тхьэм и псалъэр израил цIыхухэм яжриIэжащ. АрщхьэкIэ абыхэм ядакъым: „Дэ дызыхуейр пащтыхь дыдэщ, адрей лъэпкъхэм яIэм хуэдэщ ", жаIэри.

„ЦIыхухэр сэ къызэдэIуэну хуейкъым, - жиIащ Тхьэм. - Хъунщ, естынщ сэ абыхэм пащтыхь, апхуэдизу щыщIэхъуэпсхэкIэ, ауэ гуауэ куэд къахуи-хьынщ а Iуэхум абыхэм".

Шамуел ищIэртэкъым израил лъэпкъым пащтыхь къаздыхурихынур, ауэ Тхьэм фIэщхъуныгъэшхуэ хуиIэти, шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым абы хэкIыпIэр къызэрыригъэлъагъунум.

Зы щIыпIэ гуэрым Кис жаIэри израил зы цIыху щыпсэурт. Ар хуабжьу къулейт, цIыхухэм пщIэшхуэ къыхуащIырт.

Кис ШаулкIэ еджэу къуэ иIэт. Шаул лъагэшхуэ хъужауэ щIалэ дахэт.

Кис и шыд хъуакIуэ щыIэхэр кIуэдри къагъэзэжакъым зэгуэрым.

„КIуэ, шыдхэр къэлъыхъуэж“, - жриIащ Кис Шаул.

Шаул, унэIутыр зыщIигъури, шыдхэр къилъыхъуэжыну дэкIащ.

Шыдхэр къалъыхъуэжурэ, Шаулрэ унэIутымрэ гъуэгуанэ кIыхь зэпачащ, бгы зыкъоми къызэранэкIащ, губгъуэ зыкъоми зэпаупщIащ. Ахэр еупщIырт къахуэзэ цIыхухэм:

„Ди шыдхэр фымылъэгъуауэ пIэрэ? Дэ тфIэкIуэдащ ахэр“.

АрщхьэкIэ зыми ахэр илъэгъуатэкъым.

Апхуэдэххэурэ, ахэр къалэ гуэрым дыхьащ. Шаул моуэ жриIащ унэIутым:

„Ди шыдхэр дэ мы къалэм къыщыдгъуэтыжыну къыщIэкIынкъым. Абы дыхэмыту, дгъэзэжмэ, нэхъыфIщ, ахъумэ ди адэр гузэвэнщ".

Ауэ унэIутым ищIэрт мы къалэм Шамуел зэрыщыпсэур. Арати, унэIутым жиIащ:

„Шамуел дегъэупщI. Абы имыщIэ мы дунейм теткъым“.

Шаулрэ унэIутымрэ къалэ уэрамым щрикIуэ дыдэм ирихьэлIэу, Тхьэм Шамуел къыжриIащ:

„ШаулкIэ зэджэ а уи деж къакIуэр Израилым и япэ пащтыхьу хэпхын хуейщ".

Шаулрэ и унэIутымрэ къызэрилъагъуу, Шамуел ахэр гуапэу иригъэблэгъащ, зывгъэпсэху, жиIэри.

„Фи шыдхэм щхьэкIи умыгузавэ, - жриIащ Шамуел Шаул. - Ахэр зыщIыпIи кIуакъым, къывгъуэтыжауэ флъытэ“.

Шаулрэ унэIутымрэ ягъэщIэгъуащ абы жиIар. Шыдхэм ятеухуауэ абыхэм Шамуел зы псалъи жраIатэкъым.

Шамуел Шаулыр фIыуэ къызэпиплъыхьащ. ЩIалэ лъагэт икIи дахэт ар. „Мыпхуэдэ пащтыхь яIамэ, цIыхухэр гуфIэнут", - егупсысащ ар. Ауэрэ, шэджагъуашхэ шхэну тIысащ ахэр. ЩIыхьышхуэ зыхуащI цIыхум хуэдэу Шамуел Шаул игъэхьэщIащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Шамуел жьы дыдэу Шаул къигъэушщ, къыщIишри, гъуэгум нэс ишащ.

„Иджы зы щэху гуэр къыпхуззэIусхынущ сэ уэ, - жриIащ Шамуел Шаул, я закъуэ хъуа нэужь. - Тхьэм уэ Израилым и пащтыхь ухихакIэщ".

Ар жиIэщ, кхъуэщыныр игъэщIейри, Тхьэм Шаул нэ къызэрыхурищам, пащтыхьу хихыну зэрыхуейм и щыхьэту, и щхьэм дагъэр къытрикIащ. Шаул къигъэзэжащ я унэ. Ауэ Шамуел къыжриIар гущIагъщIэлъ щэхуу и гум къринащ абы.

Куэд дэмыкIыу, Шамуел израил цIыхухэр псори зэхуишэсащ. Шаули яхэтт абыхэм. Шамуел мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ зыхуигъэзащ цIыхубэм:

„Фэ иджыпсту къыфхэтщ Израилым и пащтыхьу Тхьэм хиха цIыху".

ЩIалэ дахэшхуэ хъужауэ Шаул цIыхухэм яхэтт.

„Мис дэ ди пащтыхьыр!“ - жиIащ макъ лъагэкIэ Шамуел икIи и Iэпэр Шаул къыхуишиящ. Израил цIыхухэр хуабжьу гуфIэрт. Адрей лъэпкъхэм ещхьу, иджы абыхэми пащтыхь яIэнут. „ИугъащIэ Израилым и пащтыхьым!“ - гуфIэурэ зэрыгъэкIийрт цIыхухэр.

А зэманым щыщIэдзауэ, израил цIыхухэр зэуапIэ щыIухьэм деж, пащтыхь Шаул дзэзешэу яIащ.

Израил цIыхухэр иригушхуэрт пащтыхь лIыхъужь икIи къару зэраIэм. Бийхэр къащышынэрт иджы израил цIыхухэм, сыту жыпIэмэ ящIэрт къи-кIуэт зымыщIэ пащтыхь лъэщ зэраIэр.

Зыкъомрэ хъарзыну екIуэкIащ, ауэ хуэм-хуэмурэ Шаул зыкъыфIэщIыж хъуащ. Абы щыгъупщэжащ Тхьэм хуэжыIэщIэу щытын зэрыхуейр. Шамуел къыжриIэхэми емыдэIуэжу щIидзащ абы, езым ещхьу израил цIыху псори Тхьэм хуэмылэжьэж хъуащ.

Шаул и дзэр амалик хэкум щыщ цIыхухэм езаурт зэгуэрым. А зауэм Шаул абыхэм щатекIуащ. Зауэр иуха нэужь, Шаулрэ абы и зауэлIхэмрэ мылъкурэ гъэру куэд зэщIакъуащ. Ауэ апхуэдэу ямыщIыну Тхьэм абыхэм къажриIащ.

Шамуел Шаул жриIащ:

„Уэ Тхьэм хуэжыIэщIэу ущытакъым. Ар хущIегъуэжащ уэ Израилым и пащтыхьу узэрыхихам. Иджы абы нэгъуэщI пащтыхь яхухихынущ израил цIыхухэм".

Куэд дэмыкIыу, Тхьэм мыпхуэдэу къыжриIащ Шамуел:

„Шаул афIэкIа Израилым и пащтыхьу щытынукъым. НэгъуэщI пащтыхь хэхын щыхуей зэманыр къэсащ".

Шамуел гъуэгуанэ теувэну зигъэхьэзыращ. Бэтлэхьэм кIуэуэ абы къигъуэтын хуейт ЕссекIэ зэджэ лIыр. Ессе и къуэхэм ящыщ зы Израилым и пащтыхь хъун хуейуэ щытт. Шамуел зэкIэ ищIэртэкъым пащтыхь хъун хуейр Ессе и къуэ дэтхэнэрами.

Шаул пащтыхьу хахауэ зэрыщытам теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и 8-I5-нэ псалъащхьэхэм.

## ДАУТРЭ ГОЛИАТРЭ

Iэхъуэ Ессе къуий иIэти, Даут абыхэм я нэхъыщIэт. Зэгуэрым Шамуел бегъымбарыр Ессе деж къакIуэри, къыжриIащ, абы и къуэр, Шаул пащтыхьыр, лIа нэужь, Израилым и етIуанэ пащтыхь зэрыхъунур.

Тхьэм нэ къыхурищат Даут, езы Даути сытым дежи зыхищIэрт Тхьэр къызэрыщIыгъур, къалэн хэхаи иIэу дунейм къызэрытехьар. Даут ныбжьыщIэр емышыжу лажьэрт. „Пащтыхь нэгъэса сыхъун щхьэкIэ, Тхьэм нэхъапэ сэ сигъэсэн хуейщ си мэл хъушэр Iэзэу згъэхъуу", - и щхьэм хужиIэжырт Даут.

Даут Iэзэ дыдэу пшынэдыкъуакъуэм (арфэ) еуэрт. Абы дин уэрэдхэр Тхьэм хузэхилъхьэрти, макъ жьгърукIэ ахэр жиIэрт. Уэрэд жригъэIэн мурадкIэ, езы Шаул пащтыхь дыдэм куэдрэ иригъэблагъэрт ар пащтыхь сэрейм. Пащтыхь Шаул щынэщхъейм деж Даут пшынэдыкъуакъуэм еуэурэ уэрэд жриIэрти, нэжэгужэ къищIыжырт.

Даут и къуэшхэр зауэлIт. Ахэр пащтыхь Шаул и дзэм хэту зауэрт. Зауэм кIуэрти, унэм куэдрэ пэIэщIэу щытт ахэр.

Даут и адэр хуабжьу иригуфIэрт и къуэ нэхъыщIэр сытым дежи къыдэ-щIыгъуу унэм зэрисым. Ессе лIыжь хъуати, Даут абы дэIэпыкъурт, я мэлхэр игъэхъурт.

Даут куэдрэ къыхуихуэрт жэщи махуи къурш жыжьэхэм щрихьэкIыну. Псырэ хъупIэфIрэ здэщыIэм хъушэр ихуну и къалэнт абы. Къуршым щыпсэут хьэкIэкхъуэкIэ куэд: аслъэнхэр, мыщэхэр, дыгъужь шынагъуэхэр. Даут куэдрэ къыхудэкIырт и мэлхэмрэ щынэхэмрэ ящихъумэу а хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэхэм куэдрэ япэщIэувэну, ящхьэщихуну.

Зэгуэрым, хъушэр къуршым кърихужри къигъэзэжауэ, адэм Даут къыжриIащ: „Хъушэр зэкIэ мыбы къэгъанэ. Уи къуэшхэм я деж лъагъунлъагъу узгъэкIуэну сыхуейщ сэ. Гъуэмылэ къащтэ, я хэщIапIэм кIуэи, си къуэхэм я хъыбар къысхуэхь.

Гъуэмылэр зэрылъ хъуржыныр и дамэм трилъхьэри, Даут гъуэгуанэ теуващ. ЗдэкIуэнур жыжьэт, ауэ Даут къуршым зэрыщызекIуэ гъуэгухэр фIыуэ ицIыхурт.

Ауэрэ Даут нэсащ израил цIыхухэм я дзэр къыщыувыIа хэщIапIэм. И къуэшхэми ящыIущIащ абдеж. Яхэплъэмэ, и къуэшхэр хуабжьу зыгуэрым зэрыригузавэр къапщIэрт. „Къэхъуар сыт?“ - еупщIащ Даут абыхэм. „Плъэт мобыкIэ“, - жаIащ Даут и къуэшхэм икIи я Iэр яшиящ аузым и адрей лъэн и къуэмкIэ. „Мо плъагъур филистим цIыхухэм я дзэращ. Абыхэм яхэтщ ГолиаткIэ зэджэ иныжьыр. Абы израил цIыхухэм тщыщ зы езэуэн хуейуэ ireджэ“.

„НтIэ сыт абы щхьэкIэ? - еупщIащ абыхэм Даут. - Фэ гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм фризауэлIщ. ИкIи Iэмал имыIэу фытекIуэнущ абы“.

„Апхуэдизу ущылIыхъужькIэ, уэ пащтыхьым деж кIуэи жеIэ иныжьым уезэуэну узэрыхьэзырыр“, - къыжраIащ и къуэшхэм абы.

Абыхэм хуабжьу ягъэщIэгъуащ, Даут пащтыхьым деж зэрыкIуэр щалъагъум. Даут Шаул жриIащ ар Голиат езэуэну зэрыхьэзырыр, тригъэкIуэнкIэ Тхьэр къызэрыдэIэпыкъунур. „Си джатэмрэ тажымрэ къыздэщтэ-тIэ“, - къыжриIащ Шаул Даутым.

Арати, Шаул и джатэри Даут къритащ, и тажри къыщхьэритIэгъащ. Ауэ пащтыхьым и зауэ фащэр апхуэдизкIэ хьэлъэти, ахэр щыгъыу Даут зэфIэтыфыртэкъым. „Мы уи Iэщэ-фащэр зыкIэрыслъхьэну сыхуейкъым, пащтыхьышхуэ, - жриIащ Даут пащтыхьым. - Сэ сесакъым апхуэдэ Iэщэ-фащэ. Мэл щызгъэхъукIэ къэзгъэсэбэп си мывэдзымрэ мывэрэ фIэкIа нэгъуэщI Iэщэ сыхуейкъым сэ“. Арати, пащтыхьым и Iэщэ-фащэр зыкIэрихыжри, мывэдзыр къищтащ, джафэ хъужауэ мывитхуи хъуржы-ным ирилъхьащ.

Аузыр къызэпиупщIауэ гъунэгъу къыхуэхъу мо щIалэ цIыкIу Даутыр зэрилъагъуу, Голиат къыщиудри апхуэдизкIэ ину къэдыхьэшхати, израил цIыхухэм яхуэмышэчыжу я тхьэкIумэхэр яубыдащ. Голиат джатэ хьэлъэрэ мэIуху инрэ иIыгът. Мывэрэ мывэдзрэ фIэкIа Даут зэримыIыгъыр щилъагъум, Голиат хъийм икIауэ губжьащ. „СлIожь, сэ укъызэзэуэнри мэл хъушэм къещакIуэ хьэкIэкхъуэкIэр башкIэ бгъэщтэнри зы уи гугъэу ара?“ - щIэгурымыхьыжу къыщIэкIиящ абы Голиат.

Ауэ Даут мывэрэ мывэдзкIэ хуабжьу IэкIуэлъакIуэт. Голиат здыбгъэдыхьэм, абы мывэдзыр къигъэIэгъуэри мыви дилъхьащ. Голиат гъунэгъу дыдэ щыхуэхъум, Даут къэкIиящ: „ГъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм и цIэкIэ сыппэщIоувэ!“

Ар жиIэщ, зишэщIри, Даут мывэр Голиат ириутIыпщащ. Мывэр Голиат и натIэ дыдэм техуащ. АфIэкIаи хэмылъу, Голиат щIым хэхуащ хьэдэ хьэзыру.

Апхуэдэу щыхъум, Даутыр жэщ, джатэр къищтэри, Голиат и щхьэр зэуэ пигъэхуащ. Голиат хагъащIэу и щхьэр зэрыпаупщIар щалъагъум, филистим цIыхухэр шынэри щIэпхъуэжащ.

Даут Голиат зэрытекIуам израил цIыхухэр хуабжьу иригуфIэрт. Абыхэм филистим цIыхухэм пхъэр кIэлъаутIыпщащ, я щIым трахужын щхьэкIэ.

Израил цIыхухэм зэуэ зэлъащIысащ Даут Голиат зэрытекIуамрэ филистим цIыхухэр я хэкум зэрырахужамрэ я хъыбарыр. Мэлыхъуэ хъыжьэу Даут хъужыр ягъэлъапIэу цIыхухэр къафэрэ уэрэд жаIэу уэрамхэм дэтт. Ауэрэ Даут зэрыхэкуу къацIыху, цIэрыIуэ хъуащ. Апхуэдэу Iуэхум зыкъы-щызэридзэкIым, зи цIэр дэнэкIи щаIэт Даутым пащтыхь Шаул къефыгъуэу щIидзащ.

Мэлыхъуэу щыщытам Даут зыхуигъэсат Тхьэм фIэщхъуныгъэ хуиIэрэ хуэпэжу. Голиат ар щIытекIуар, Израилым я Тхьэр гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэр арауэ зэрыщытыр ищIэрти, аращ. Аращ иныжьым текIуэнымкIэ Тхьэр абы къыщIыдэIэпыкъуар. Иджы Даут хъарзынэу ищIэрт икIи хуэхьэзырт, Израилым я пащтыхь хъуа нэужь, Тхьэм и унафэм щIэтын зэрыхуейм.

Мы хъыбарыр хэтщ Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и I7-нэ псалъащхьэм.

## ДАУТ ПАЩТЫХЬЫР

Шаул и пащтыхь сэрейм щIэт псоми Даут къацIыхурт. Ар текIуат ГолиаткIэ зэджэ иныжьым. Абы къищынэмыщIауэ, ар хуабжьу дахащэу пшынэдыкъуакъуэм еуэрт.

Даут, Голиат текIуа нэужь, Шаул и пащтыхь сэрейм щыпсэуну яшащ. Абы Даут ныбжьэгъу къыщыхуэхъуащ Шаул и къуэ Ионатан. Даутрэ Ионатанрэ занщIэу фIыуэ зэрылъэгъуащ. Я псэр зы чысэм илърэ щэху лъэпкъ яку дэмылъу псэурт ахэр.

Даут хуабжьу цIэрыIуэт, израил цIыху псоми фIыуэ къалъагъурт ар. Зэры-лIыхъужьыр ящIэрти арат фIыуэ щIалъагъур. Ауэ Шаул пащтыхьыр Даут къефыгъуэрт. „Израил цIыхухэм ар пащтыхьу хахыну хэтщ, - егупсысырт ар. - Си натIэ изгъэкIын хуейщ ар сэ. Си къуэ Ионатани фIыуэ елъагъу а Даут хъужыр“- жиIащ пащтыхьым.

Даут пащтыхьым пшынэдыкъуакъуэ хуеуэу щыст зэгуэрым. Зэуэ зыкъызэкъуихщ, бжыр къищтэщ, зишэщIри, Шаулым бжы папцIэр Даут ириутIыпщащ. Даут, насып иIэти, лъэн и къуэкIэ зидзыну хунэсащ. Даут здэщыса дыдэм хуэзэу бжым блыным зыхиупцIащ. Шаул и губжьым зыщидзейуэ, Даут пащтыхь сэрейр зэуэ къибгынащ.

Ионатан иринэщхъейрт Даут пащтыхь сэрейм зэрыщымыпсэужым. Арати, Шаул пащтыхьым зыхуигъэзащ абы: „Даут псоми фIыуэ ялъагъу. Зыми шэч къытетхьэркъым ар зэгуэр цIыхушхуэ зэрыхъунум“. А псалъэхэм нэхъри къызэщIагъэстащ Шаул и гужьгъэжьыр.

Ионатан Даут къилъыхъуэри жриIащ ар иукIын мурад Шаул зэриIэр. Ауэ Даут ищIэрт Тхьэм ар абы къызэрыщимыгъэщIынур. ИщIэрт ар Израилым и пащтыхь ищIыну Тхьэр зэрыхуейр. Ауэ Шаул Даут и натIэм зэрыригъэкIын Iэмал къилъыхъуэ зэпытт.

Зэгуэрым пащтыхь сэрейм махуэшхуэ гуэр щагъэлъапIэрт. Арати, Даут Ионатан жриIащ:

„Сэ а махуэшхуэм сынэкIуэфыну къыщIэкIынкъым, сыту жыпIэмэ Шаул сиукIыну и мурадщ. Уи адэр сэр щхьэкIэ къоупщIмэ, и Iыхьылхэр илъагъуну кIуэжащ, жыIэ“.

Ионатан Даут къигъэгугъащ и псалъэхэр пащтыхьым жриIэжыну.

Пщыхьэщхьэм, ефэешхэм здыхэсым, Шаул щIэупщIащ, Даут щхьэ щымыIэрэ, жиIэри. Даут и Iыхьылхэр илъагъуну зэрыкIуэжар Ионатан къыщыжриIэм, Шаул пащтыхьыр къэлыбащ.

„Сыт уэ зэпымычу Даут укъыщIыдэщIыр?! - кIийрт ар. - Уэ сэ узикъуэщ. Сэ сылIа нэужь, уэращ пащтыхьыгъуэр зылъысын хуейр. Даут сымыукIмэ, Израилым я пащтыхь хъунур аращ!“

ЕтIуанэ махуэм Ионатан Даут деж кIуащ, къэхъуари зэхихари жриIэжыну.

„Ди адэр псэуху, пащтыхь сэрейм гъунэгъуу уемыкIуалIэ, - жиIащ абы. – Ди адэр хэтщ уэ уиукIыну".

Даут къыхуэщIэртэкъым Шаул пащтыхьым и губжьым зыщихъумэн щхьэкIэ, здэкIуэнур, ауэ Тхьэм къызэрихъумэнур фIы дыдэу ищIэрт.

Шаул пащтыхьыр Даутыр иукIыну къилъыхъуэ зэпытт. АрщхьэкIэ Даут бгъуэнщIагъ куэд здэщыIэ къуршым ихьэжат. И ныбжьэгъу зыбжани кIэлъыкIуауэ зэщIыгъуу щыпсэурт абы.

Зэгуэрым Шаул, къуршым здитым, зыщигъэпсэхуну щетIысэхащ Даут зыщIэс бгъуэнщIагъым пэмыжыжьэу. Даут хуэм цIыкIуурэ бгъуэнщIагъым къыщIэкIри, гу зылъримыгъатэурэ Шаул и плIэтепхъуэм и зы къуащIэ кIапэр къыпиупщIащ.

Шаул зигъэпсэхуауэ къыщытэджыжым, Даутыр къегуоуащ. „Сыт уэ сыбукIыну сыкъыщIэплъыхъуэр? Сэ уи зэран лъэпкъ сщIэну сыхэткъым. Мис, сэ уи гъунэгъу дыдэу сыщытащ, ауэ си зэран уэкIакъым“, -жиIащ Даут, абы и щыхьэту и плIэтепхъуэ къуащIэм щыщу къыпигъэжари иригъэлъэгъуащ.

Шаул зиумысыжащ Даут зэрызахуэмкIэ. АрщхьэкIэ а къыщыщIари абы щыгъуэ жиIари щыгъупщэжри, Шаул Даут иукIыну аргуэру къилъыхъуэу щIидзащ.

ИужькIэ Даут жэщым щэхуу екIуэлIащ Шаул и дзэм я хэщIапIэм. Псори жей IэфIым хэтт. Апхуэдэу щыхъум, Даут Iэбэри Шаул и щхьэм пэгъунэгъуу щылъ бжыр къищтащ. Нэху зэрыщу, жыжьэу IукIуэта Даут къэгуоуащ: „Пащтыхь Шаул, уи бжыр дэнэ щыIэ?“ Бжыр Даут иIыгът. Абы щыгъуи пащтыхьым хьэкъ щыхъуащ Даут ар иукIыфыну зэрыщытар, ауэ апхуэдэу зэримыщIар. Абы егупсысурэ, унэм аргуэру къигъэзэжащ Шаул.

Ауэрэ зэман зыкъом дэкIащ икIи Даут зэгуэрым къищIащ филистим цIыхухэм езауэурэ Шаул пащтыхьри абы и къуэ Ионатани къызэраукIар. Даут а хъыбарым хуабжьу иринэщхъеящ. А махуэхэм нэхъ хьэлъэ Даут и гъащIэм хэтакъым. Псом хуэмыдэу абы и гум щIыхьар и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэ Ионатан дунейм зэрехыжарт.

Шаул пащтыхьыр къаукIа нэужь, цIыхубэм Даут пащтыхьу хахащ. А щIыкIэм тетуи зэщIа хъуащ Тхьэм и псалъэр. Япэми хуэдэу, израил цIыхухэр щIэх-щIэхыурэ бийм езэуэн хуей хъурт. Ауэ абыхэм ящIэрт Тхьэм и IэмыркIэ Даут бийхэм зэратекIуэнур.

Куэд дэмыкIыу Даут пащтыхьыр Ерусалим кIуащ. Тхьэм и пхъуантэр здэщыIэ къалэм къызэрыIэпхъуауэ щытар игъэлъапIэу абы мы къалэм махуэшхуэ щызэхишащ. ЦIыхубэм яхэту къалэ уэрамым щрикIуэм, Даут, апхуэдизкIэ гуфIэрти, и уэрэдри зэпигъэуакъым, зэпымыууи къэфащ. Ауэ зауэ куэд иригъэкIуэкIын хуейуэ къыпэщылът абы иджыри.

Шыщхьэмыгъазэу дзэм и пэ итурэ, абы хигъэщIащ и бий псори. ИкIэм-икIэжым Израилым гъащIэ мамырым щыщIидзащ.

Абы и ужькIи Даут Израил и пащтыхьу илъэс куэдкIэ щытащ. Псэуху Тхьэм хуэпэжу къекIуэкIащ ар. Тхьэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, абы и унафэм зэи къыщIэкIакъым ар. ЗыгуэркIэ щыуагъэ къыIэщIэщIамэ, ар хуабжьу щIегъуэжырт икIи Тхьэм елъэIурт къыхуигъэгъуну.

Тхьэм Даут къызэригъэгугъауэ щыта псори игъэзэщIащ. „Уи къуэ Сэлмэнщ пащтыхьыгъуэр къызыхуэнэри, ар Израилым и пащтыхьу щытынущ, - жиIащ Тхьэм. - ИкIи сэр щхьэкIэ абы иухуэнущ тхьэунэшхуэ.

Даут пащтыхьым теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и I8-нэ псалъащхьэм къыщыщIэдзауэ.

## СЭЛМЭН ТХЬЭМ ХУИГЪЭУВА УНЭШХУЭР

„ИугъащIэ пащтыхь Сэлмэн!“ - жаIэурэ цIыхухэр щIэуэ хаха пащтыхьым ехъуэхъурт: Сэлмэн Израилым и пащтыхь хъуат. Ар хуейт, и адэ Даут зэрыщытам ещхьу, фIы зыхужаIэ пащтыхь хъуну. Сэлмэн ищIэрт, и адэ Даут Тхьэм хуэжыIэщIэу щыщытым деж, и пащтыхьыгъуэм Iуэхухэр хъарзынэу щекIуэкIыу зэрыщытар. Абы къыхэкIыу езы Сэлмэни мурад ищIащ Тхьэм и жыIэм зэи темыкIыну.

Тхьэри Сэлмэн къыхуэарэзыт, Абы и жыIэм щIэдэIуу псэун мурад зэрищIам щхьэкIэ. Тхьэр Сэлмэн къепсалъэрт, ар жейуэ пщIыхьым щыхэтым деж.

„Сыт хуэдэ тыгъэ пхуэсщIын? - къеупщIащ абы зэгуэрым Тхьэр. - Узыхуей дыдэмкIэ къызэлъэIу".

„АкъылыфIагъэ сыхуейщ, - жэуап кърितыжащ Сэлмэн. - Сэ пащтыхьыфI сыхъункIэ Iэмал иIэкъым, акъылыфIагъэ симыIэмэ“.

Тхьэм игу ирихьащ Сэлмэн кърitыжа жэуапыр.

„Сэ уэстынщ уэ акъылыфIагъэ, - жиIащ Тхьэм. - Абы къыдэкIуэу, щIыхьи къулеягъи“.

Арати, Тхьэм акъылыфIэгъэшхуэ кърitащ Сэлмэн. Чэнджэщрэ дэIэпыкъуныгъэрэ хуей израил цIыху псори абы деж къакIуэрт, къакIуэу хъуами зыхуейр яхуищIэрт. НэгъуэщI

хэкухэми къикIыурэ цIыхухэр къыхуэкIуэрт Сэлмэн. Абыхэми зэхахат акъылыфIагъэ инрэ къулеигъэшхуэрэ Сэлмэн къызэрыритар Тхьэм.

Сэлмэн акъылыфIагъэ ин зэрыхэлъым и хъыбар щызэхихым, Ипщэ хэкум и пащтыхь гуащэм гъуэгуанэшхуэ къызэпичри къэкIуащ, ар зригъэцIыхуну икIи къыдэуэршэрыну. Пащтыхь гуащэр къеупщIурэ акъылыфIагъэ ин хэлъу мыдрейм иритыж жэуапхэм щIэдэIуу щыст. Пащтыхь гуащэм зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу игу ирихьащ Сэлмэн и пащтыхь сэрейм и дахагъэр, абы къулеигъэу щIэлъыр.

„Сэ къызжаIакIэт уэ хуабжьу узэрыкъулейр, - къыжриIащ абы Сэлмэн. - КъызжаIат хуабжьу акъылыфIагъэ узэриIэр. ИкIи сышынэрт, сыкъагъэпцIауэ къыщIэкIыу сыхущIегъуэжынкIэ. Иджы бжесIэну сыхуейщ уи акъылыфIагъи уи къулеигъэри а укъызэрысщыхъуам нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ иныр!“

Израил цIыхухэр мы лъахэм къыщыкIуам, шэтырхэм щIэсу псэуащ.

Иджы абыхэм яIэт къалэ блын лъагэхэмкIэ къэщIыхьыжауэ унэ зэпэщхэр. Ауэ къалэм тхьэунэшхуэ дэттэкъым.

„Зыми ямылъэгъуауэ тхьэунэшхуэ дахащэ дыухуэн хуейщ дэ, - мурад ищIащ Сэлмэн. - Мис а си адэр зыщIэхъуэпсу щытам хуэдэ тхьэунэшхуэ. Мы дунейм тхьэунэшхуэу тетым я нэхъ дахэ хъун хуейщ ар. Мис абы щIэдгъэувэнщ Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэри. Абы дэ сытым дежи дигу къигъэкIыжу щытын хуейщ Тхьэм дызэригъэгугъа Iуэхухэр“.

Арати, Сэлмэн тхьэунэшхуэр ухуэн щIидзащ. „Мывэм, пхъэм, дыщэм къыхэщIыкIауэ тхьэунэшхуэ дахэ дыухуэнщ дэ, - жиIащ Сэлмэн. - Ар ящIыну я пщэ итлъхьэнщ нэхъ цIыху IэпщIэлъапщIэ дыдэхэм“.

Сэлмэн лIыкIуэ хуигъэкIуащ Тирэ къалэм и пащтыхьым.

„Сэ Тхьэунэшхуэ соухуэ, - хуитхащ Сэлмэн а пащтыхьым. - СынолъэIу абы пхъэуэ есхьэлIэну хъуар ащэу къысхуебгъэшэну. Сэ сыхуейщ а тхьэунэшхуэр пхъэуэ щыIэм я нэхъыфIым къыхезгъэщIыкIыну".

Арати, Сэлмэн зэхуишэсащ мывэм, пхъэм, дыщэм елэжьынымкIэ нэхъ Iэзэу дунейм тету хъуар.

„Дэ тщIыр унэ къызэрыгуэкIкъым, ди Тхьэм и унэшхуэщ, - яжриIащ Сэлмэн ухуакIуэхэм. - Фэ абы фелэжьын хуейщ а Iуэхум фIэкIа нэгъуэщIым фимыгъэпIейтейрэ фыдихьэхауэ. ФымыIэуэлъауэ икIи фызэрымыгъэкIий абы фыщелэжькIэ“. УхуакIуэхэр лъэкI къамыгъанэу лажьэрт. Зэман куэди трагъэкIуэдащ абыхэм унэм. А тхьэунэшхуэр интэкъым, псалъэм папщIэ, Тхьэм хуагъэув нобэрей унэшхуэхэм хуэдэу, ауэ пхуэмыIуэтэным хуэдизу дахэт. Тхьэунэшхуэм и хъуреягъыр зэхуэсыпIэу щытт.

Арати, икIэм-икIэжым, тхьэунэшхуэр ухуэн яухащ. Иджы тхьэунэшхуэм щIэпхьэ хъунут Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр. А пхъуантэр щIэтыным хуэщIауэ тхьэунэшхуэм пэш щхьэхуэ хэтт. А пэшым и блынхэр зэрыщыту дыщэпскIэ лат. Сэлмэнрэ израил цIыхухэмрэ тхьэунэшхуэм еплъыну къыщыкIуам, хуабжьу ягъэщIэгъуащ абы и дахагъыр. Иджыр къыздэсым дунейм щаухуауэ щыIэ тхьэунэшхуэхэм я нэхъ дахэт ар.

Тхьэунэшхуэм и гупэм деж иIэ зэхуэсыпIэм Сэлмэн цIыху псори къыщызэхуишэсащ. „Ди Тхьэм и унэшхуэр ухуа хъуакIэщ! - макъ лъагэкIэ жиIащ Сэлмэн. - Тхьэунэшхуэм щIэтщ Тхьэм и унафэхэр зыдэлъ пхъуантэр. НтIэ, мис иджы фIыщIэ хуэдывгъэщI апхуэдэ унэ дыухуэнымкIэ къыддэIэпы-къуа Тхьэм!“ Ар жиIэри, езы Сэлмэни цIыхубэри Тхьэм елъэIуу щIадзащ.

„Дэ дощIэ, ди Тхьэ, уэ уэгум узэритыр, - жаIэрт цIыхухэм. - ДынолъэIу мы Тхьэунэшхуэр уэ хэщIапIэ пщIыну".

Ар зэрыжиIэххэу, зэщIэлыдэжу пшэ хужь Iэрамэ Тхьэунэшхуэм къыщIэхутащ. ЦIыхухэми къагурыIуащ я лъэIур Тхьэм деж зэрынэсар.

Тхьэм израил лъэпкъым тыгъэ къахуищIат пащтыхь Iущ.

Тхьэм елъэIуну тхьэунэшхуэм къыщыкIуэм деж, цIыхухэм хьэкъ ящыхъурт Ерусалим щIыпIэ хэха зэрыхъуар. Мы унэм щыщIэткIэ, абыхэм къадэщIыгъут Тхьэр.

Мы хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынущ Пащтыхьхэм я хъыбар зэрыт япэрей тхылъым и 3-I0-нэ псалъащхьэхэм.

Библие Хъыбархэр 3

## ИЛЯС БЕГЪЫМБАРЫР ЩIАКХЪУЭ ЩХЬЭКIЭ ЗЭРЫЛЪЭIУАР

Мы Iуэхур къыщыхъуар Ахав пащтыхьыр Израилым и тепщэу щыщытарщ. Абы и къалэнт Тхьэр фIыуэ ялъагъуу цIыхухэр игъэсэну, Абы и унафэм щIэту игъэпсэуну. Арщхьэкlэ пащтыхьыр езыр зыхуэлэжьар гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэратэкъым, БаIалт. Ар дэнэ къэна, Тхьэ пэжым фIэщхъуныгъэ хузиIэу Абы елъэIухэм тезыр ятрилъхьэрт.

Тхьэр хуейт Израил лъэпкъым дэIэпыкъуну. А мурадыр иIэу Абы цIыхухэм къахуигъэкIуащ и бегъымбарыр. Бегъымбарым ИляскIэ еджэрт. Тхьэм и унафэр бегъымбарым къыжриIэрти, Тхьэм жиIар Иляс цIыхухэм яжриIэжт.

Тхьэм и бегъымбарыр Ахав пащтыхьым лIыкIуэ къыхуищIащ зэгуэрым. Иляс кIуэри, пащтыхьым моуэ жриIащ:

„Тхьэм жиIэр мыращ: Уэ, пащтыхь Ахав, си унафэр бгъэзащIэ ухъуху, зы уэшх ткIуэпс щIым къыхэткIуэнукъым“.

Пащтыхьыр къэгубжьщ, бегъымбарым къытекIиери къыщIихужащ.

Апхуэдэу щыхъум, дунейр уэгъум зэщIиIулIащ. Псыи псыкъуии къанэ щымыIэу игъущIыкIащ. Пащтыхьри цIыхухэри псыхуэлIэм ихьырт, ауэ зы псы Iубыгъуэ зыщIыпIи щыбгъуэтыртэкъым.

Пащтыхьым Иляс гужьгъэжь къыхуищIащ. Щымыхъум, Иляс кIуасэри Сарептэ жыхуаIэ къалэ цIыкIум щыпсэуну кIуащ. Тхьэм Иляс къыжриIащ: „Мы щIыпIэм уэ къыщыбгъуэтынущ бысым пхуэхъун цIыхухэр“.

Тхьэм Иляс къыжриIащ къуэ цIыкIу закъуэ иIэу фызабэ гуэр Сарептэ къалэм зэрыщыпсэур. Ахэр хуабжьу тхьэмыщкIэщ, ауэ Иляс фIыуэ къыкIэлъыплъынущ. „Абыхэм я деж ущыIэмэ, зы щхьэкIи умышынэ“, - жиIащ Тхьэм.

Иляс ищIэртэкъым а цIыхубзыр зыщыпсэур, ауэ Сарептэ къэса къудейуэ, жьэгум дилъхьэн чыщч гуэрхэр къищыпу абы зы физ къилъэгъуащ. Ар бэлэбанэу хуэпат, ешагъэфи тетт.

Иляс еупщIащ абы: „Ярэби, сэ хуабжьу сымэжэлIащ, щIакхъуэ Iыхьэрэ псы тIэкIурэ къызумытыфыну пIэрэ?“

Фызыр къэуIэбжьарэ игъэщIагъуэу къеплъащ абы.

„Ди щIыпIэм Iэджэ щIауэ уэшх ткIуэпс къызэрыщемышхар умыщIэу ара уэ?“ – къеупщIащ ар Иляс.

Губгъуэм зы щхьэмыж нэхъ мыхъуми щыплъагъунукъым, къыщыкIакъым. Зы хьэжыгъэ IэмыщIэрэ бжэмышх из дагъэрэ - аращ ерыскъыгъуэу ди унагъуэм илъыжыр.

Унэм згъэзэжа нэужь, си къуэмрэ сэрэ щхьэкIэ а къытхуэна тIэкIур сыпщэфIыжынущ сэ. АдэкIэ - гъаблэр къытпоплъэ“, -жиIащ фызым.

„А хьэжыгъэмрэ дагъэмрэ сэ сшхын къысхухэщIыкI, - жриIащ Иляс абы, - итIанэ плъагъунщ уэрэ уи къуэмрэ Тхьэм и гущIэгъум фызэрыхимынар“.

Арати, цIыхубзым Иляс иригъэблэгъащ. Хьэжыгъэ тIэкIур тхьэву ипщщ, цIыкIу-цIыкIуурэ зэпиупщIри игъэжьащ.

Игъажьэри, мо щIакхъуэ цIыкIунитIэхэр Иляс къыхуихьащ. Иляс ар зэришхыр щилъагъум, фызым и нэхэм нэпсыр къыщIэуват. „Сыт иджы сэ си къуэм езгъэшхынур?“ - къеупщIащ ар Иляс.

АрщхьэкIэ, Iэнлъэм иплъэмэ... Телъыджэтэкъэ: абы илъа хьэжыгъэр зэрилът. Кхъуэщыным иплъэмэ - дагъэ тIэкIур зэритт!

Абдежым щыщIидзэри, фызым махуэ къэс щIакхъуэ пIащIэ цIыкIухэр Илясй, езыми, и къуэми щхьэкIэ игъажьэу хуежьащ. Махуэ къэс ар Iэнлъэм иплъэрт. Iэнлъэм илът а илъам хуэдиз дыдэ хьэжыгъэу. ИтIанэ ар иплъэрт кхъуэщыным. Абыи а итам хуэдиз дыдэ дагъэу итт.

Фызым и къуэ цIыкIур сымаджэ къэхъуащ зэгуэрым. Узыр апхуэдизкIэ хьэлъэти, хуэмыхьу сабийр илIыкIащ.

„Иджы сэ си закъуэ дыдэрэ фIыуэ слъагъун, сызэубзэрэбзэн симыIэу сыкъэнащ, - жиIэурэ гъырт физ тхьэмыщкIэр. - Сэ уэ сыныпкIэлъыплъати, Иляс, сыт мыгъуэ-тIэ си къуэ закъуэр лIэну Тхьэм Iэмыр щIищIар?“

Иляс щIалэ цIыкIум и хьэдэ гъуэлъыпIэм илъыр къищтащ.

„Мыр тIэкIурэ си деж щрыреIэ“, - жриIащ абы гуауэм ихь цIыхубзым.

Иляс щIалэ цIыкIум и хьэдэр езыр щыжей пэшым ихьри, зрылъ гъуэлъыпIэм ирилъхьащ. ИтIанэ бжэр хуищIри, абы Тхьэм зыхуигъэзащ.

„Ди Тхьэ, щхьэ мыпхуэдэ гуауэ къэбгъэхъуа? - еупщIащ Иляс Тхьэм. - Сэ Уэ хуабжьу сынолъэIу: мы щIалэ цIыкIур къэхъужыну Iэмыр щIы. Абы и анэр сэ къыскIэлъыплъащ, и ерыскъы сшхащ".

Иляс и лъэIур зэхихри, Тхьэм щIалэ цIыкIур къигъэхъужащ. Иляс щIалэ цIыкIум еплъри, ар зэрыбауэр къилъэгъуащ.

Иляс щIалэ цIыкIур и IэплIэм ирилъхьэри, анэр зыщIэлъ пэшым къихьыжащ. „Къеплъыт, - жриIащ абы фызым, - уи къуэр псэущ. АбыкIэ селъэIуати, Тхьэм ар къигъэхъужащ".

„Сыту гуфIэгъуэшхуэ! - къэгуфIащ фызыр. - Мис иджы сэ си фIэщ мэхъу уэ Тхьэм и лIыкIуэу узэрыщытыр“. Ар жиIэри, фызым Тхьэм зыхуигъэзащ: „Хуабжьу фIыщIэ пхузощI, уэ, ди Тхьэ, Иляс Сарептэ къалэм къызэрыбгъэкIуам щхьэкIэ. Абы и фIыгъэкIэ сэ уэ пхузиIэ хъуащ фIэщхъуныгъэ“.

Иляс бегъымбарым теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) иту Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и I7-нэ псалъащхьэм.

**ИЛЯС БЕГЪЫМБАРЫМРЭ БАIАЛ И БЕГЪЫМБАРХЭМРЭ**

Илъэсит1 хъуауэ зы уэшх ткIуэпс къыщешхатэкъым Израилым. Ар зи лажьэр пащтыхь Ахавт. Тхьэм и бегъымбар Иляс Ахав деж къигъэкIуащ. Иляс бегъымбарым Ахав къыжриIащ: „Тхьэр уэ къэбгъэгубжьащ, Ахав, абы и жыIэм узэремыдаIуэм, и унафэм узэрыщIэмытым, тхьэ нэпцIхэм уазэрыхуэпщIылIым къыхэкIкIэ. УзэрыкъуэншамкIэ зыбумысыжрэ Тхьэм хуэжыIэщIэ ухъумэ, мис итIанэ абы уэшх къригъэшхынущ".

Ауэ Ахав пащтыхьыр Иляс бегъымбарым жиIэм едэIуакъым. ЕтIуанэуи Тхьэм Иляс бегъымбарыр Ахав пащтыхьым деж кIуэну иригъэжьащ.

Иляс пащтыхьым деж кIуэрт. ЗдэкIуэм, елъагъу яхъуэкIун удз лъэпкъ къызэрымыкIыжым къыхэкIкIэ фэмрэ къупщхьэмрэ къахуэна Iэщ къомыр. ЦIыхуу зыхуэзэу хъуари, ещхьыркъабзэу, зэтегъуат икIи улэуат. Абыхэм я хьэсэхэм гъавэ лъэпкъ къытекIатэкъым, абы къыхэкIыуи яIэтэкъым яшхын.

Ахав и пащтыхь сэрейм къыхуэблэгъа Иляс щалъагъум, цIыхухэм жаIащ:

„Сыту улIыхъужь уэ, Иляс. Ахав пащтыхьыр уэ хуабжьу къыбгъэгубжьащ икIи уэ абы укъилъыхъуащ!"

Арати, Иляс къызэрилъагъуу, Ахав пащтыхьыр къытекIиящ:

„А-а-а, Израилым и цIыхухэр зыгъэутхъуэр укъэкIуай!"

Ар къыщыжриIэм, Иляс пащтыхьым жэуап кърітыжащ:

„Сэракъым цIыхухэр зыгъэутхъуэр, уэращ, Тхьэм и унафэм ебэкъуа уэ. Тхьэм и жыIэм утетамэ, мы тхьэмыщкIагъэр ди хэкум къихъуэнутэкъым!"

„Уэ узыхуэжыIэщIэн хуейр Тхьэ дыдэращ, - жриIащ Иляс Ахав, - ауэ тхьэ нэпцIхэрщ уэ зызыхуэбгъэшыр. БаIал тхьэ нэпцIщ, абы лъэкIыныгъэшхуэ иIэкъым. Ухуеймэ, хьэкъ пщысщIынщ сэ ар. БаIал и бегъымбархэмрэ Израил лъэпкъымрэ Кармил Iуащхьэм деж къыщызэхуэшэс. Мис итIанэ уи нэкIэ плъагъунщ Тхьэ дыдэр хэтми".

Ар зэхэзыха Ахав пащтыхьым унафэ ищIащ Израил лъэпкъымрэ БаIал и бегъымбархэмрэ Кармил Iуащхьэм деж къыщызэхуэсыну. Иляс жиIащ:

„Дэ тыхь мафIащхьэхэр дгъэхьэзырынщ, ауэ зэкIэ зэщIэдгъэнэнкъым. БаIал и бегъымбархэр я тхьэм ирелъэIу тыхь мафIащхьэхэр зэщIигъэнэну. Тыхь мафIащхьэр зэщIэзыгъанэ Тхьэр мис ар Тхьэ дыдэщ".

Iуащхьэм и щыгум псори къыщызэрызэхуэсу БаIал и бегъымбархэм тыхь мафIащхьэ мывэкIэ ящIащ. ИтIанэ абыхэм шкIэ укIар тралъхьащ тыхь Iэнэм, ауэ мафIэр зэщIагъэнакъым.

ИтIанэ Иляс къызэфIэувэщ, цIыхубэм закъыхуигъазэри, псоми зэхахын хуэдэу къахэгуоуащ:

„И чэзу хъуащ фэ губзыгъэ фыхъуну. ЩыIэр Тхьэ дыдэу шэч къызытрамыхьэжым и закъуэщ! ТхьитIым уахуэжыIэщIэ хъунукъым -

БаIали Израилым я Тхьэми.

ИIэ, мис иджы девгъэплъ хэт и тхьэ мафIащхьэр къызэщIигъэнэфми. ИтIанэ наIуэ къэхъунщ Тхьэ дыдэр хэтми: БаIал, хьэмэ Израилым я Тхьэра?“

Иляс БаIал и бегъымбархэм яжриIащ, ахэр я Тхьэм япэ елъэIуну. Ар щызэхахым, бегъымбархэр я тхьэм елъэIуу, зэрыгъэкIий-зэрыгъэгуоууэ щIадзащ. Махуэ псокIэ я тхьэм елъэIуащ ахэр къикI щымыIэу.

Я Iэгухэр зэтрагъауэурэ абыхэм тыхь мафIащхьэр къафыхьырт, арщхьэкIэ мафIэр къызэщIэнэртэкъым.

Иляс ящыдыхьэшхырт абыхэм:

„БаIал жеяуэ фызэхимыхыу арауэ пIэрэ? Моуэ нэхъ иныIуэу фызэрыгъэкIий, къэвгъэушын хуэдэу! ИтIанэ, хэт ищIэрэ, фи тыхь мафIэр фхузэщIигъэнэнкIэ хъунщ!“

Ар зэхэзыха бегъымбархэр нэхъ иныжу кIийуэ, гуоууэ, я тхьэ БаIал къраджэу хуежьащ. Нэхъри щIагъэхуабжьэу абыхэм къафыхьырт тыхь мафIащхьэр, арщхьэкIэ мафIэр зыи къызэщIэнэртэкъым.

ИтIанэ чэзур къылъысащ Иляс бегъымбарым. Абы израил цIыхухэм яжриIащ, къэхъур ялъагъун хуэдэу, псори гъунэгъуу къекIуэлIэну. Мывэ инышхуэхэр зэхуихьэсым, зэтрилъхьэурэ, абы Тхьэм тыхь мафIащхьэ хуищIащ. ХуищIри, шкIэ яукIар трилъхьащ тыхь мафIащхьэм. ИтIанэ тыхь мафIащхьэм и хъуреягъыр кууэ дитIыкIащ. Апхуэдэу ищIа нэужь, пэгунхэм псыр из ищIым, тыхь мафIащхьэм трикIэурэ, тыхь мафIащхьэр зэрыщыту псыф ищIащ, тыхь мафIащхьэм и хъуреягъ дитIыкIами псыр дэз хъуащ.

Арати, Иляс тыхь мафIащхьэм бгъэдэувэри Тхьэм макъ лъагэкIэ еджащ:

„Ди Тхьэу Тхьэшхуэ! СынолъэIу, уи лъэкIыныгъэ щэджащэр цIыхухэм наIуэ ящыщIи къагурыгъаIуэ Тхьэ дыдэр, Тхьэ нэсыр уэрауэ зэрыщытыр, уэр нэмыщI нэгъуэщI Тхьэ Израилым зэримыIэр!“

Ар зэрыжиIэу, тыхь мафIащхьэм мафIэ бзиишхуэ къытелыдыкIщ, лъагэу зиIэтри, Iугъуэ фIыцIэм уэгум зригуэшащ. А мафIэм хисхьащ псори - шкIэ укIари, тыхь мафIащхьэри, ахэр дэнэ къэна - псыри. Ар щалъагъум, псори зыжьэу къэкIиящ:

„Израилым и Тхьэр дэри ди Тхьэщ! Дэ дыхуейщ ди Тхьэм дыхуэлэжьэну!“

ИтIанэ Иляс бегъымбарым зыхуигъэзащ Ахав пащтыхьым:

„Мис иджы укъыхэмыщту уэри унэм укIуэж хъунущ. Сэ си тхьэкIумэм къоIуэ уэшх макъ".

Псоми къалъэгъуащ тенджызымкIэ къикIыу пшэ Iэрамэ къызэрыкIуэр.

Пшэ Iэрамэр псынщIэ дыдэу гъунэгъу къэхъурт. Ауэрэ уафэр зэрыщыту пшэм зэхуищIри, кIыфI къэхъуащ. ЩIыгу гъущIам къытеткIуэу хуежьащ уэшх ткIуэпс пIащэхэр. ЗанщIэуи кърикIыхащ уэшхышхуэ. Уэгъум кIэ игъуэтакIэт. Иджы тафэхэр удзыпцIэ дахэ хъужынут, хьэсэхэми къатынут гъавэ бэв. Ар и щIыкIэу цIыху псори я Тхьэм и Iэмырым къыщIыхьэжащ.

А хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Шамуел и хъыбар зэрыт япэ тхылъым и I8-нэ псалъащхьэм.

## НАХЬАМАН И ЩЭХУ ШЫНАГЪУЭР

Нахьаман Сирие къэралыгъуэм и дзэзешэт. Сириер абы щыгъуэ Израилым къезауэрт. Зэгуэрым Израил хэкум гъэр къыщащIа цIыху куэд къахури Нахьаман я пашэу Сирием щыщ зауэлIхэм къагъэзэжат. Сирием я пащтыхьыр хуабжьу къыхуэарэзыт Нахьаман бийм зэратекIуам щхьэкIэ, абы пэкIуэуи пащтыхьым Нахьаман и щхьэгъусэм тыгъэ къыхуищIащ гъэру къахуауэ Израилым щыщ хъыджэбз цIыкIу.

Нахьаман дзэзешэ щэджащэт, ауэ и гъащIэр жыхьэнмэ къыщищIу зы щэху гуэр иIэт абы. И ныбжьэгъухэми зауэлIхэми - зыми ящIэртэкъым ар. Ахэр дэнэ къэна, Сирием и пащтыхь дыдэми зыри хищIыкIыртэкъым Нахьаман и щэхум. Зы цIыху закъуэт а щэхур зыщIэу дунейм тетыр: Нахьаман и щхьэгъусэр. А щэхур зищIысырати, Нахьаман уз бзаджэ къеузырт - фаджэ уз. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ Iей хъурт а узыр.

Нахьаман тхьэмыщкIэ! Узыр здынэса и щIыфэр щыгъыным къызэрыщIимыгъэ-щыным хэтрэ абы иригузавэ зэпыту псэурт ар. АрщхьэкIэ узыр нэхъри екIакIуэрт.

Нахьаман и щхьэгъусэр абы хуабжьу иригузавэрт. Абы и лIыр фIыуэ илъагъурт, абы къыхэкIыуи и гукъеуэр цIыхухэм ящихъумэурэ екIуэкIырт. НасыпыфIэ дыдэу закъыщигъэхъурт абы цIыхухэм.

Нахьаман и фызым хъарзынэу къыгурыIуэрт, щхьэгъусэм и ныбжьэгъухэм абы къеузыр къащIэмэ, Нахьаман къалэм зэрыдагъэкIынур, зы къулыкъу лъаги Сирием къызэрыщылъамыгъэсыжынур.

Пщэдджыжь гуэрым Нахьаман и фызыр къэушарэ гухэщIу гъыуэ хэлът. Нахьаман Израилым къриша хъыджэбз цIыкIум ар щилъагъум, игу щIэгъуащ зиусхьэн гуащэм.

„КхъыIэ, умыгъ, - жиIащ хъыджэбз цIыкIум. - Уи нэкIур нэпсым плъыжь ищIынущ. Къеплъыт мыдэ, сэ уэ нобэ пщыгъыну къыпхуэсхьащ уи бостей гъуэжь нэхъыфI дыдэр. ИIэт, тIэкIу къыпыгуфIыкIыт!“

АрщхьэкIэ Нахьаман и фызыр гъыртигъырт.

„Сыт къэхъуар, лIо апхуэдизу гухэщIу ущIэгъыр?“ - къеупщIащ абы унэIут хъыджэбз цIыкIур.

„Дзэзешэ Нахьаман сымаджэщ. Абы фаджэ уз бзаджэр къофыкI, - жиIащ гуащэм, нэпсым къыхэпсэлъыкIыурэ. - Апхуэдэ уз абы къызэреузыр къащIэмэ, цIыхухэм я щIыб къытхуагъэзэнущ. Нахьамани ягъэкIуэнущ жыжьэ дыдэ“.

Ар щызэхихым, хъыджэбз цIыкIур хэгупсысыхьащ. Апхуэдэу тIэкIурэ щыта нэужь, ар зэуэ къэкIиящ: „Сэ Израилым щыIэу соцIыху фэ къывдэIэпыкъуфын. Абы и цIэр Iэлишэщ, ди Тхьэм и бегъымбарщ. Израилым ди Тхьэм хуэгъэхъужынущ Нахьаман“. Нахьаман и щхьэгъусэм а зэхихар и фIэщ хъуащ, зэуэ щIэпхъуэри и лIым жриIэну кIуащ.

Нахьаман и щэхур, икIэм-икIэжым, пащтыхьым хуимыIуатэу хъуакъым, Израилым кIуэну хуит зыкърригъэщIын щхьэкIэ. Нахьаман цIыху зыбжанэ зыщIигъуащ, Израилым я пащтыхьым хуэгъэза тхыгъи къыздищтащ. Нахьаман Израилым нэс къыщIэкIуар абы и пащтыхьым щыжраIэм, пащтыхьыр зэуэ къэшынащ.

„Сирием и пащтыхьыр аргуэру къыттеуэну хэту армырауэ пIэрэ?! - кIиящ пащтыхьыр. - ЛIо, сэ Тхьэ сыхъуа я гугъэ, дзэзешэ Нахьаман згъэхъужын хуэдэу!“

Абы ирихьэлIэу Iэлишэ бегъымбарым и лIыкIуэ пащтыхьым къыхуэкIуащ.

„Зы щхьэкIэ умышынэ, - къыжрыригъэIащ Iэлишэ пащтыхьым. - Мыдэ си деж къэгъакIуэ Нахьаман“.

Израилым я пащтыхьыр хуабжьу къэгуфIэжащ. „Уэ Iэлишэ бегъымбарым дежщ уздэкIуэн хуейр“, - къыжриIащ абы Нахьаман. Пащтыхьым и унэIутхэм загъэщхъыпэурэ Нахьаман щхьэщэ къыхуащIащ, ар пащтыхь сэрейм къыщыщIэкIыжым. „Iэлишэ бегъымбарыр Нахьаман сэбэп къыхуэхъуну дыщогугъ, - жаIэурэ тепсэлъыхьырт цIыхухэр. - Тхьэм жимыIэ аргуэру Сириемрэ дэрэ дяку зауэ къыдэхъуэну".

Арати, Нахьаман шыгумису Iэлишэ и унэм кIуащ. АрщхьэкIэ зыми иригъэблэгъакъым ар унэм щIыхьэну. Iэлишэ и унэIутыр унэм къыщIэкIри, бегъымбарым и псалъэхэр къыжриIащ итIанэ:

„Iэлишэ къыбжеIэ: Иордан псым блэнейрэ зыщIэгъэмбрыуи, узыншэ ухъужынущ".

Нахьаман зэуэ къэлыбащ:

„ЕIмэ-еIщ, Iэлишэ апхуэдэу щхьэ къызжиIэн хуей хъуа сэ! Езы Iэлишэ къыспежьэу Тхьэм схуелъэIуну си гугъащ сэ, езым псым зыщIэгъэмбрыуэ, жи! Сыхуейкъым сэ фи псы фIейм зыщызгъэпскIыну!“

АрщхьэкIэ Нахьаман и унэIутхэр къелъэIуу къэуващ:

„Сыт абы зыщыбгъэпскI щхьэкIэ къэхъунур? Зыри хэлъкъым а бегъымбарым жыхуиIар бгъэзэщIэным. КъомыхьэлъэкIыу щIы абы зэрыжиIэм хуэдэу. Сабийми хуэгъэзэщIэн Iуэхущ ар“.

Сытми, Нахьаман къытрагъэхьэри, псым хыхьащ. Хыхьэри, зыщIигъэмбрыуащ, мыдэкIэ псы Iуфэм Iутхэм абы дапщэрэ зыщIигъэмбрыуэми ябжу щIадзащ: „Зэ, тIэу, щэ!“ - ахэр гуфIэрт Нахьаман щIыгъуу псым хыхьэн хуейуэ къазэрыхудэмыкIам щхьэкIэ.

Псыр утхъуат икIи щIыIэт. Нахьаман и лъакъуэхэр мывэ дзакIэ жанхэм тецIэнтхъукIырти, афIэкIа зыщIимыгъэмбрыуэу псым къыхэкIыжыным нэсат.

„ПлIэ, тхуэ, хэ! - жаIэурэ къэкIийрт псы Iуфэм Iутхэр. - УщIемыгъуэж, Iэлишэ жиIакъэ: блэнейрэ!“

Ебланэу зыщIигъэмбрыуа нэужь, Нахьаман и щIыфэр къызэпиплъы-хьащ. ЩIалэ цIыкIу щIыфэ фIэкIа умыщIыну, ар джафэт икIи къабзэт. Фаджэ узым и зы лъэужьи телъыжтэкъым абы, Нахьаман хъужат! Сытым хуэдиз гуфIэгъуэт абы иIэр!

И унэIутхэр зыщIигъури, ар пIащIэу Iэлишэ деж кIуащ, фIыщIэ хуищIыну  хуейти. Нахьаман Iэлишэ бгъэдыхьэри жриIащ:

„Мис иджы сэ къызгурыIуащ Тхьэ пэжу щыIэр Израилым я Тхьэр зэрыарар!“ А махуэм щыщIэдзауэ Израилым я Тхьэм пщIэ хуищIыну игу ирилъхьащ Нахьаман. Ар пIащIэрт нэсыжу зэрыхъужар и фызым жриIэну, Тхьэ пэжым и къарур зэрыиныр хуиIуатэу абыи фIэщхъуныгъэ хилъхьэну.

Мы хъыбар къыщывгъуэтынущ Пащтыхьхэм я хъыбар зэрыт етIуанэ тхылъым и етхуанэ псалъащхьэм.

## БИЙХЭМ Я КУМ

Израил цIыхухэр гуфIэрт, Тхьэми щIыхьышхуэ хуащIырт. Абы цIыхухэм тепщэ къахуищIат Тхьэм хуэжыIэщIэу пащтыхь гуапэ. Езекиет а пащтыхьым и цIэр. Езекие Тхьэр фIыуэ илъэгъуат, абы емычэнджэщарэ и нэфI къыхуримыщауэ зыри илэжьыртэкъым.

Апхуэдэу зэрищIыр хъарзынэт абы, сыту жыпIэмэ а зэманым Ассирием и пащтыхь Сеннахирим жыхуаIэр бий шынагъуэу израил цIыхухэм яIэт.

Пащтыхь Сеннахирим цIэрыIуэт. Псоми ящIэрт ар егъэлеяуэ зэрылъэщыр икIи зэрыкъанлыр, абы къыхэкIыуи, и цIэ къудейр щыжаIэкIэ, цIыхухэр шынэрт. „Абы и дзэр Iэщэ шынагъуэхэмкIэ зэщIэузэдащ, зэзауэу хъуам ятокIуэ, къали къуажи зыхуэзэр зэтрегъасхьэ“, - жаIэрт Ассирием и пащтыхьым щхьэкIэ цIыхухэм.

Ауэрэ, махуэ гуэрым Ерусалим дэсхэм къащIащ пащтыхь Сеннахирим и дзэр абыхэм я къалэм къызэрыхуэкIуэр.

ЦIыхухэм къалэ куэбжэхэр ягъэбыдащ. Ерусалим къызэрыщIыхьа блынхэр лъагэт икIи быдэт. Пащтыхь Езекиерэ и цIыхухэмрэ блыным махуэ къэс дэкIуейурэ плъэрт, Ассирием и дзэр гъунэгъу къахуэхъуарэ къахуэмыхъуарэ къащIэну. Абыхэм ящIэрт

пащтыхь Сеннахирим, Ерусалим къыщцыхуэкIуэм, зыхуэза нэгъуэщI къалэхэри къызэритIысыхьар.

Арати, икIэм-икIэжым, Сеннахирим и дзэр Ерусалим къызэрыщIыхьа блыным къекIуэлIащ. Я бжыпэ цIухэр дыгъэм пэлыду зауэлIхэр зэхэтт. ДыхьэпIи дэкIыпIи имыIэу къалэр къаувыхьати, Ерусалим дэсхэр дэубыда хъуат.

Псом япэрауэ, Сеннахирим и лIыкIуэр къалэ блыным бгъэдигъэхьащ. ЛIыкIуэр блыным бгъэдыхьэри, моуэ жиIэу кIиящ: „КъыдэкIыт, пащтыхь Езекие! Сэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху пхуэсIуэтэнущ!“

Сеннахирим и лIыкIуэм епсэлъылIэну пащтыхь Езекие лIыкIуищ къыIуигъэхьащ къалэ куэбжэм.

Сеннахирим и лIыкIуэм жиIащ: „ФыкъыщIытпэувыр сыт? Фэр нэхърэ куэдкIэ дызэрынэхъ лъэщыр нэрылъагъуэщ. Пащтыхь Езекие Тхьэм и дэIэпыкъуныгъэм щогугъ, жыфIэну ара фызыхэтыр? Ар дыхьэшхэнщ, дыхьэшхэнщ!“

Къалэ блыным къекIуэлIауэ зэхэт ерусалимдэсхэм Сеннахирим и лIыкIуэм жиIэу хъуар зэхахырт.

„ФемыдаIуэ а фи пащтыхь Езекие жиIэ шыпсэхэм, - жиIэрт лIыкIуэм. - Фэ зэи дэ фыкъыттекIуэнукъым. Пащтыхь Езекие щымыгугъыпхъэу Тхьэм щогугъ!“

„Сыт фэ фи Тхьэр адрейхэм я тхьэхэм нэхърэ нэхъыфIу къыщIэфлъытэр? - къэкIиящ лIыкIуэр аргуэру. - Адрей лъэпкъхэр хэдгъэщIащ дэ, фэри фыхэдгъэщIэнщ !

Фи Тхьэр къывдэIэпыкъуу фыкъихъумэн фи гугъэу фыщымыгугъ!“

Езекие пащтыхьым и лIыкIуэхэм зы псалъи падзыжакъым абы. Езекие пащтыхьым абыхэм унафэ къахуищIат лIыкIуэм жэуап ирамытыну.

Езекие пащтыхьым деж къагъэзэжри, лIыкIуищым Сеннахирим пащтыхьым и лIыкIуэм къажриIауэ хъуар яжриIэжащ. Езекие пащтыхьым зэхихар хуабжьу и жагъуэ хъуащ икIи игъэпIейтеящ.

Апхуэдэу щыхъум, а цIыхухэр Ешай бегъымбарым деж игъакIуэри, мып-хуэдэу жрыригъэIащ: „Сеннахирим и лIыкIуэм гъащIэр къызыбгъэдэкI Тхьэр игъэпудащ. Тхьэм дыкъихъумэну тхуелъэIу!“

Ешай Тхьэм хихауэ Абы и бегъымбарт. Тхьэм цIыхухэм къажриIэну хъуар Ешай къыжриIэрт, Ешаий Тхьэм къыжриIэхэр цIыхухэм яжриIэжырт.

Ешай бегъымбарыр гупсэхуу щIэдэIуащ Езекие пащтыхьым къыхуиIуэхуа псалъэхэм.

„А Сеннахирим жиIэм щхьэкIэ фымышынэ, - жиIащ бегъымбарым. - Тхьэм ирихужынущ Ассирием и дзэр ди щIым“.

А зэман дыдэм ирихьэлIэу, Езекие пащтыхьым деж къэкIуащ Сеннахирим пащтыхьым къыбгъэдэкI тхылъыр зыIыгъ лIыкIуэр. Тхылъым мыпхуэдэу итт:

„Уэ къыпщохъу фи Тхьэр сэ къыстекIуэн хуэдизкIэ щэджащэу. Ауэ сэ фIы дыдэу сощIэ фызэрыщыуэр. ИгъащIэкIэ сэ къыстекIуэнукъым а фи Тхьэр!“

Езыр еджа нэужь, Езекие пащтыхьым тхылъыр Тхьэм и унэшхуэм ихьащ. Тхьэм и унэшхуэм ихьри, Тхьэм и пащхьэм къыщызэIуихащ тхылъыр.

„Ди Тхьэу Тхьэ дыдэ! - зыхуигъэзащ Езекие Тхьэм. - Уэ дунейм къыщыхъу-къыщыщIэу хъуам ущыгъуазэщ. ЩIэдэIут, ди Тхьэ, Сеннахирим пащтыхьым уэ гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэ пэжыр узэригъэпуд псалъэхэм. Абы и гугъэщ адрей лъэпкъхэм я тхьэхэм ещхьу, уэри пхъэм е мывэм укъыхэщIыкIауэ. Ди Тхьэу Зиусхьэн, абы дыкъегъэли, мы дунейм пащтыхьрэ пащтыхьыгъуэу тетым хьэкъ ящыщI цIыхухэм гъащIэ къезыт Тхьэ пэжу мы дунейм тетыр уэ, уэ зыр зэрыарар!“

Тхьэм зэхихащ Езекие пащтыхьым и псалъэхэр. Ешай бегъымбарым и унафэкIэ Сеннахирим пащтыхьым къахуитхам и жэуапу тхылъ ирагъэхьыжащ, мыпхуэдэу иту: „ДэркIэ дыхьэшхэнщ уи щхьэщытхъу псалъэхэмрэ дыбгъэшынэну узэрыхэтымрэ дедэIуэныр.

Фи дзэр къызэтригъэувыIэу, ди Тхьэм дыкъимыхъумэфыну къыфщохъу фэ. Ауэ ди Тхьэм ищIэххэрт фэ Ерусалим и блынхэм фыкъызэрекIуэлIэнур икIи дэ къыддэIэпыкъунущ ар. Ди Тхьэм дэ къыджиIакIэщ, фыкъыттекIуэн дэнэ къэна, къалэ куэбжэхэм фыкъызэрыдэмыхьэфынур. Ди Тхьэм жеIэ апхуэдэу!“

КъыкIэлъыкIуэ махуэм израил цIыхухэр къалэ блыным теувэри плъащ, бийхэм я Iуэху зытетыр зрагъэщIэну. Я нэкIэ ялъагъур я фIэщ яхуэщIыртэкъым абыхэм.

Сеннахирим и дзэ Ерусалим къэзубыдыну къэкIуар хьэдэ зэтехъуауэ блын лъабжьэм щIэлът. ЗауэлIхэр псори зэтелIащ. Израил цIыхухэм къагурыIуащ езы пащтыхь Сеннахирим зэрыщIэпхъуэжар. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ Тхьэм игъэпэжащ и псалъэр. Сеннахирим и дзэр къалэ блыным фIэкIыфакъым.

Пэжыгъэ зи гум илъ Езекие пащтыхьымрэ Ассирием щыщ Сеннахирим пащтыхьым и дзэр Ерусалим и блыным зэрыIукIуэдыхьамрэ теухуа хъыбарыр къыщывгъуэтынщ Пащтыхьхэм я хъыбар зэрыт етIуанэ тхылъым и I8-I9-нэ псалъащхьэхэм.

## ЕРЕМИЕ БЕГЪЫМБАРЫМРЭ ТХЬЭМЫЩКIАГЪЭШХУЭМРЭ

Еремие щIалэ дыдэт, Тхьэр япэу къыщепсэлъам щыгъуэ. Еремие хуабжьу игъэщIэгъуат ар. ИгъащIэм апхуэдэ лъэпкъ къехъулIатэкъым абы.

Тхьэм Еремие мыпхуэдэу къыжриIащ:

„Сэ уэ нэ пхуисщат укъамылъху щIыкIэ. Сэ си бегъымбар ухъунущ уэ. Сэ цIыхухэм сепсэлъэнущ уэ уи жьэкIэ“.

Еремие хуабжьу дзыхьмыщIти, шынэри мыпхуэдэу жэуап иритыжащ:

„Сэ бегъымбар къысхэкIынукъым. Иджыри сыщIалэIуэщ сэ, адрейуэ жысIэнури сщIэркъым".

„Уэракъым жызыIэнур, сэращ, - жиIащ Тхьэм. - Сэ уэстынущ цIыхум яжепIэжыну псалъэхэр".

Асыхьэтым Еремие зыхищIащ и Iупэм Iэпэ гуэрхэр къызэрецырхъар.

Тхьэм Еремие къыжриIащ къыхиха и лъэпкъыр абы фIыуэ зэрилъагъур. Пасэ дыдэу, лъэпкъыщIэ къэунэхуам и гъуазэу Ибрэхьим щыхиха лъандэрэ, Тхьэм ар фIыуэ илъэгъуащ.

„Ауэ цIыхухэм сэ сащогъупщэж, - жиIащ Тхьэм. - Сэ фIыуэ сыкъалъагъуу жаIэ щхьэкIэ, абыхэм зыхуагъэщхъ тхьэ нэпцIхэм, мывэм, пхъэм къыхащIыкIахэм. Иджы уэ си бегъымбару ущытынущ! Уэ уи къалэнщ къыхэсха си лъэпкъым и гупэр къысхуигъэзэжын зэрыхуейр цIыхухэм яжепIэну. КIасэ мыхъу щIыкIэ!"

Еремие Тхьэм и жыIэм едэIуащ. Тхьэм абы къыжриIащ, и псалъэр псоми зэхахын хуэдэу, Ерусалим дэт тхьэунэшхуэм кIуэн зэрыхуейр. Еремие Тхьэм и унэшхуэм бгъэдыхьэри, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм яжриIэу къригъэжьащ.

„Тхьэм фэ къывжеIэ фи псэукIэр фхъуэжын зэрыхуейр, - жиIащ абы. - Абы жеIэ фи IуэхущIафэхэр илъагъу зэрымыхъур. Апхуэдэу щыт пэтми, фэ Тхьэм и деж Тхьэм и унэшхуэм фокIуэ. Фи псэукIэр фымыхъуэжауэ, фэ фыхуиткъым Тхьэм и унэшхуэм фыщIыхьэну!"

ЦIыхухэр Еремие жиIэм щIэдэIуртт, ауэ ахэр хуейтэкъым Еремие и жьэкIэ Тхьэм къажриIар ягъэзэщIэну.

Еремие цIыхухэм ягу къигъэкIыжащ Тхьэм Ибрэхьим къызэригъэгугъауэ щытар.

„Тхьэм псалъэ итащ фыкъихъумэну, фIэщхъуныгъэ хувиIэу фыхуэлажьэу щытмэ", - яжриIащ Еремие цIыхухэм.

„Фэ фепцIыжащ Тхьэм зэгуэр ефтауэ щыта псалъэм. Тхьэм фэ иджыри фIыуэ фыкъелъагъу, ауэ, фи псэукIэр фымыхъуэжмэ, Абы хуэгъэзэщIэнукъым ита псалъэр". ЦIыхухэр едаIуэрт бегъымбарым жиIэхэм, ауэ и псэукIэр ихъуэжыну зыри иужь иттэкъым.

Еремие абыхэм итIанэ яригъэлъэгъуащ кхъуэщынщыкъу зыщIым и тыкуэн цIыкIур.

„Феплъыт мо кхъуэщыныщIым, - жиIащ абы. - Кхъуэщын ищIым быркъуэшыркъуэ щиIэм деж, сыт абы ищIэр?"

Зыгуэр къахэпсэлъыкIащ цIыхухэм:

„Зэхепщэжри, щIэрыщIэу ещI. Хэти ещIэ ар".

„Пэж дыдэщ, - жиIащ Еремие. - „НтIэ, зэвгъащIэ: Тхьэми ар дыдэращ ищIэнур, Езым къигъэщIа лъэпкъыр къемыдэIуэж хъурэ гъуэгу пхэнж теувэмэ". Я тхьэкIумэр тегъэхуауэ псори щIэдэIурт абы жиIэм.

Тхьэм Еремие къыжриIащ кхъуэщынышхуэ къищэхуну. Еремие цIыхухэм яжриIащ:

„Тхьэм мыпхуэдэу жеIэ! Тхьэм фэ тезыр къыфтрилъхьэнущ, и унафэм фыщIэтыну фызэрыхуэмейм щхьэкIэ!“

Ар жиIэщ, кхъуэщынышхуэр лъагэу иIэтщ, тридзэри, „жьгъымб“ жиIэу Еремие икъутащ. „Мис мыращ Тхьэм къывищIэнур, - макъ лъагэкIэ жиIащ абы. - Бабилэн  и пащтыхьыр къыттеуэнурэ мы къалэр зэтрикъутэнущ!“ ЦIыхухэр шынауэ еплъырт кхъуэщыным и къутахуэ зэбгрылъэлъахэм. Ар кхъуэщын зыщIыжыфын зыри щыIэтэкъым.

ЦIыхухэр зэуэ къэлыбащ.

„Бегъымбару зыкъытщигъэхъуну щIыхэтыр сыт Еремие? - жаIэурэ зэрыгъэкIийрт ахэр. – Абы и жьэр хузэхуэщIын зэрыхуейрэ куэд щIащ!“

Абыхэм зэхахыну хуейтэкъым къемызэгъ куэд зэралэжьым теухуа лъэпкъ.

Къэгубжьа цIыхубэм тIэкIуи къагъэшына щхьэкIэ къимыгъанэрэ тегушхуэныгъэ хэлъу Еремие Израил цIыхухэм епсэлъэн щигъэттэкъым. Тхьэм и унэшхуэм къыщыпсалъэрт, тхылъ пащтыхьым хуригъэхьырт. Ауэ зыри къикIыртэкъым. ИкIэм-икIэжым, пащтыхьым и щхьэхъумэхэр къигъэкIуащ, Еремие иригъэубыду лъэхъуэщым ирыригъэдзэну.

Пащтыхьым и щхьэхъумэхэм Еремие къаубыдри, псыкъуий мащэ игъущыкIыжа гуэрым ирадзащ. Мащэр кIыфIт икIи псыIэт. Иджы Еремие Тхьэм и псалъэхэр зыжриIэн игъуэтыртэкъым иджы.

Ауэ къалэм ныбжьэгъу гуэр щиIэт Еремие. Пащтыхьым деж кIуэри, абы жриIащ:

„ЩIыхь зиIэ ди пащтыхьышхуэ! Псыкъуий мащэм ирадза Еремие къаутIыпщыжыну унафэ щIы. Ди къалэр бийм къаувыхьакIэщ, Еремие шхын щхьэкIэ псыкъуий мащэм илIыхьынущ. Хуит сыщI ар къезгъэлыну".

Пащтыхьым унафэ ищIащ Еремие псыкъуий мащэм кърахыжыну. Кърахыжри, лъэхъуэщым ирадзащ. Ауэ Тхьэм игъэзэщIащ Еремие и жьэкIэ

цIыхухэм къажриIа псалъэхэр. Абы мурад ищIащ израил лъэпкъым тезыр ятрилъхьэну.

Арати, бийхэр Ерусалим къыдэужьгъащ. Iэпхълъэпх ящIурэ, абыхэм израил цIыхухэр гъэру Бабилэн яхуащ. Бийхэм къалэр зэтракъутащ, пащтыхь унэшхуэри ягъэсащ. Тхьэм и унэшхуэм щыщуи къэнар мывэ самэшхуэ къудейщ. ЦIыху закъуэтIакъуэт къалэм къыдэнэжар. Мис а закъуэтIакъуэм яхэтт Еремий.

Еремие хуабжьу иринэщхъейрт къэхъуам. И щхьэр къыхуэмыIэту, ар еплъырт зэгуэр дахащэу щыта къалэм. Ар зэхэкъутат икIи нэщIт.

ИтIанэ Еремие игу къэкIыжащ Тхьэм зэгуэр къыжриIауэ щытар:

„Ерусалим зэхакъутэнущ, зэхадыгъуэжынущи, абы дэсу хъуар гъэрыпIэм яхуэнущ. Ауэ къыхэсха си лъэпкъыр сэ жысIэм къедаIуэу щIидзэрэ си унафэм къыщIэувэжмэ, Ерусалим къагъэзэжыну Iэмыр сщIынщ".

Тхьэм къыхиха и лъэпкъыр иджыри фIыуэ илъагъурт. Ауэ щыхъукIэ, гугъапIэ щыIэт иджыри.

Еремие бегъымбарым теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Библием щыщу абы и цIэр зезыхьэ тхылъым.

**НЭВУХАДНЭЦАР ПАЩТЫХЬЫМ ДЫЩЭМ**

**КЪЫХРИГЪЭЩIЫКIА ТХЬЭ СУРЭТЫР**

Нэвухаднэцар пащтыхьым текIуэныгъэшхуэ къихьат. Абы гъэр куэд кърищат Израилым, Бабилэн  щигъэлэжьэн мурадкIэ.

Арати, Нэвухаднэцар пащтыхьым гъэрхэр зыIэщIэлъым жриIащ: „КIуэи, Бабилэн къэсша израил цIыхухэм яхэпсэлъыхь. Къахэх нэхъ щIалэ дахэрэ губзыгъэу зыщыплI, сыт хуэдэ щIэныгъэми хащIыкIыу. Ахэр си пащтыхь бжаблэм дэтынущ".

Гъэрхэр зыIэщIэлъыр кIуэщ, яхэплъыхьри, нэхъ дахэрэ нэхъ къарууфIэу щIалиплI къахихащ. ПлIыми Тхьэр фIыуэ ялъагъурт, абы хуэжыIэщIэуи псэухэт. Ахэр щыгуфIыкIащ зэщIыгъуу зэрыпсэунум.

Ауэ щIалиплIыр иригузавэрт пащтыхьым и бжаблэм дэтыну Бабилэн зэрагъакIуэм.

„Дэ Тхьэм дыхуэлэжьэн хуейщ, - жаIэрт абыхэм. - Ауэ дауэ дызэрыхъунур, ди Тхьэм тшхы мыхъуну жыхуиIа шхыныгъуэкIэ пащтыхь унэшхуэм дыщагъашхэу щIадзэмэ?“

Апхуэдэу щыхъум, ныбжьыщIиплIым языхэзу ДаниелкIэ зэджэм гъэрхэр зыIэщIэлъым деж кIуэри жриIащ:

„Бабилэным фи пащтыхьым и гъэр дыхъуауэ мыбы дыщыпсэу пэтми, дэ дыхуейкъым Израилым ди Тхьэм къытхуигъэув хабзэхэм дытекIыну".

Ди хабзэм дэ къытхуегъэув мыбы щапщэфIа тшхы мыхъуну. ДынолъэIу хадэхэкIрэ псырэ фIэкIа нэгъуэщI шхыныгъуэ къыдэвмытыну. МахуипщIым къриубыдэу мис апхуэдэу щIыи, плъагъунщ узыншэрэ къарууфIэу ди Тхьэм дыкъызэрихъумэр“.

Гъэрхэм я унафэщIым жэуап кърityжащ: „Хъарзынэщ. ТщIынщ апхуэдэу. Ауэ сыфщогугъ губгъэн гуэр къэзвмыгъэхьыну".

Ар жиIэри, хадэхэкIрэ псырэ фIэкIа нэгъуэщI шхын щIалэхэм къаримыту щIидзащ. Махуэ епщIанэр къыщысам, гъэрхэм я унафэщIым щIалиплIыр къызэпиплъыхьащ: пэж дыдэу, плIыри зэрыузыншэт, я къарури щIэкIатэкъым. ИгъэщIагъуэри, абы щIалэхэм

моуэ яжриIащ: „Сэ хьэкъ сщыхъуащ, и унафэхэр вгъэзащIэмэ, фи Тхьэм и нэIэ къызэрыфтетынур“.

Пащтыхь унэшхуэм зэгуэрым къыщыхъуащ абы щIэсхэр хуабжьу зыгъэпIейтея Iуэху. Пащтыхьым пщIыхьэпIэ гуэр илъэгъуат. Арати, зэныбжьэ-гъуиплIым зэхах а пщIыхьэпIэм къикIыр къащIэн хуейуэ пащтыхьым и лIы Iущхэм къалэн зэращищIар. „Си пщIыхьэпIэр зытеухуар сыт, къикIри лIо?“ - жиIэри пащтыхьыр и лIы Iущхэм еупщIащ.

Пащтыхьым и лIы Iущхэр хуабжьу къэшынат.

„А уэ къалэн къытщыпщIыр зыхуэгъэзэщIэн цIыху щыIэкъым, - жэуап къатащ абыхэм. - Дауэ дэ къызэрытщIэнур уэ пщIыхьэпIэу плъэгъуар зыхуэдэр?“

Бабилэн и пащтыхьыр зэуэ къэлыбри, лIы Iущхэм къахэкIиеу щIидзащ:

„Си пщIыхьэпIэр зыхуэдэр къызжевмыIэмэ, фаукIыну унафэ сщIынщ!“

ЛIы Iущхэр зэщIэкIэзызэу къызэхэнащ, ауэ пащтыхьым жраIэнур ящIэртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, Тхьэм Даниел  къыжриIащ Нэвухаднэцар и пщIыхьэпIэр зыхуэдэр икIи Даниел занщIэу пащтыхьым деж кIуащ:

„Сэ ныбжесIэфынущ уи пщIыхьэпIэр зыхуэдэри абы къикIри“, - жиIэри абы пащтыхьым жриIащ и пщIыхьэпIэр зыхуэдэри абы къикIри.

И тхьэкIумэр тегъэхуауэ пащтыхьыр Даниел  къедэIуащ, зэхихамкIи хуабжьу арэзы хъуащ. Мыращ абы жиIар:

„Уэ уи Тхьэр щэджащэщ икIи абы уэ акъылыфIагъэ къыпхилъхьащ. Си пащтыхь сэрейм и лIы Iущ нэхъ пашэу узгъэувыну мурад сщIащ, уи ныбжьэгъухэми къулыкъушхуэ естынущ".

Нэвухаднэцар пащтыхьым ищIэрт Тхьэ пэжым и къарур зэрыинри а Тхьэм Даниел  АкъылыфIагъэ къызэрыхилъхьари. АтIэми, Нэвухаднэцар пащтыхьыр егъэлеяуэ пагэти, езым нэхърэ нэхъ лIы щэджащэ мы дуней псом темыту и гугъэжт.

Нэвухаднэцар зэгуэрым унафэ ищIащ дыщэм тхьэ сурэт къыхагъэжыкIыну. КъыхагъэжыкIа нэужьи унафэ ищIащ тхьэ сурэтыр здагъэувам деж иIэ зэхуэсыпIэм цIыху псори къыщызэхуэсын хуейуэ. ЦIыху куэд щызэхуэсащ абдеж. Бжьамияпщэхэми зыкъагъэхьэзырат я пшыналъэр къызэпащIэну. Нэвухаднэцар унафэ ищIащ:

„Пшыналъэр зэрызэхахыу, цIыхуу хъуам щIым зэхаIубэу щхьэщэ хуащIын хуейщ дыщэ тхьэ сурэтым“.

Гъуор зэхуэсыпIэм къихьэри, пащтыхьым и унафэр псоми ину яжриIащ. „Пшыналъэр зэхиха нэужь, щIым зыхиIубэурэ дыщэ тхьэ сурэтым щхьэщэ хуэзымыщIыр хьэкушхуэм ирадзэнурэ ягъэсынущ" жиIэу хэтт унафэм.

Ауэ Израил щыщ ныбжьыщIэхэм хъарзынэу ящIэрт цIыхум щхьэщэ зыхуищIын хуейр гъащIэр къызыбгъэдэкI Тхьэуэ зэрыщытыр. Даниел  и ныбжьэгъуищым жаIащ:

„Дэ Тхьэр фIыуэ долъагъу, абы къыхэкIыуи дыщэ тхьэ сурэтым щхьэщэ хуэтщIынукъым“.

Даниел  и ныбжьэгъухэм дыщэ тхьэ сурэтым щхьэщэ зэрыхуамыщIар щызэхихым, Нэвуходнэцар пащтыхьыр хуабжьу къэгубжьащ:

„Щхьэщэ хуэвмыщIынумэ, жьэражьэу мафIэ зрылъ хьэкум фрадзэнущ", - къажриIащ абы.

„Хэт ищIэрэ, Тхьэм дыкъригъэлынкIэ хъунщ а мафIэм, - жаIащ зэныбжьэгъуищым. - ДыкъримыгъэлынкIи хъунщ. Дауэ хъуами, дэ тхьэ сурэтым щхьэщэ хуэтщIынукъым“.

Нэвуходнэцар пащтыхьыр къэлыбащ: „БлэнейкIэ нэхъ гуащIэу къыщызэщIэвгъанэ хьэкум мафIэр!“ - кIиящ ар.

„ЗэкIуэцIыфпхи, мафIэм хэвдзэ!“ - унафэ ищIащ пащтыхьым.

Хьэкум илъ мафIэр апхуэдизкIэ гуащIэти, щIалэхэр абы хэзыдзэ цIыхухэр езыхэр исащ.

Iуэхушхуэ телъыджэр къыщыхъуар итIанэщ. Нэвуходнэцар пащтыхьым и фэр зэуэ пыкIащ. Ар къыхэкIиикIащ:

„Феплъыт, феплъыт! Дэ мафIэм хэддзар щIалищщ. Мохэр цIыхуиплI хъуащ, зыуи къащымыхъуу къакIухьри мафIэм хэтщ!“

Псоми гъэщIэгъуэныщэ къащыхъуат ялъагъур.

Нэвуходнэцар пащтыхьыр щIалищым елъэIуащ хьэкум къикIыжыну. ЩIалэхэр зэрыщытам хуэдэт, я щIыфи я щыгъыни мафIэр зэран къахуэхъуатэкъым. Ар дэнэ къэна, Iугъуэмэ къудей къыкIэрихыртэкъым я щыгъыным.

Апхуэдэу щыхъум, Навуходоносор пащтыхьым Бабилэн дэсхэм захуигъэзащ:

„Мис иджы сэ хьэкъ сщыхъуащ Израилым и Тхьэр Тхьэ пэжу зэрыщытыр. Мы щIалищыр абы хуэжыIэщIэрти, ажалым къригъэлыну и мелыIычыр къахуигъэкIуащ. Израилым и Тхьэу цIыхухэм гъащIэр езытым нэмыщI нэгъуэщI Тхьэ щыIэкъым“.

Мы хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Даниел бегъымбарым теухуа тхылъым и I-3-нэ псалъащхьэхэм.

## ДАНИЕЛ БЕГЪЫМБАРЫР АСЛЪЭНХЭР ЗЭРЫС МАЩЭМ ЗЭРЫРАДЗАР

Даниел Бабилэн щыпсэурт. Бабилэныр абы и хэкутэкъым, гъэру щыIэу арат. Ауэ акъылыфIагъэ зэрыхэлъым и фIыгъэкIэ ар пащтыхьым езым и чэнджэщэгъуу игъэуващ.

АрщхьэкIэ Даниел щыгугъырт икIи пэплъэр зэгуэр я деж, Ерусалим, зэригъэзэжынум. И пэш цIыкIум здыщIэсым, ар махуэ къэ щэнейрэ Тхьэм елъэIурт.

Ауэрэ, Бабилэныр персхэм яубыдащ зэгуэрым. Бабилэным и тепщэ хъуащ нэгъуэщI пащтыхь - Дарий. Дарий ищIэрт Даниел  хуабжьу зэрылIы Iущыр. Зыгуэрым ечэнджэщын хуей зэрыхъууи, абы Даниел  занщIэу къригъашэрт.

Дарий и пащтыхь сэрейм нэгъуэщI лIы Iущ гуэрхэри щыIэт. Мис ахэр къефыгъуэу щIадзащ Даниел , акъылыфIагъэ зэрыбгъэдэлъыр щалъагъум.

„Дарий хамэ хэку къикIа Даниел щIечэнджэщыр сыт, - жаIэрт абыхэм, - дэ къыдэмычэнджэщу?“

Арати, адрей лIы Iущхэр зэпсэлъылIэну зэIущIащ.

„Мы Даниел  зыгуэр едмыщIэу хъунукъым дэ, - жаIащ абыхэм. - Ауэ сыт къэдгупсысынур, ар ди натIэ идгъэкIын щхьэкIэ?“

„Iуэхушхуэракъэ, Даниел псэ хьэлэл зыIут цIыху пэжщ, ирибгъэкъуэншэфын хуэдэу зыри къуэлъкъым, - жаIащ абыхэм. - Ар зэрыбгъэкъуэншэн щхьэусыгъуэ хуабжьу къэгъуэтыгъуей хъунущ. Девгъауи, Тхьэм хуиIэ лъагъуныгъэр къэдвгъэгъэсэбэп апхуэдэ щхьэусыгъуэу".

КъыкIэлъыкIуэ махуэм лIы Iущхэр пащтыхьым деж кIуащ.

„Мыухыжын гъащIэр Тхьэм зритыну ди пащтыхьышхуэ Дарий, - къырагъэжьащ абыхэм. - Уэ пащтыхьу дунейм тету хъуам уранэхъ Iущщ. ПлъэмыкIыни щыIэкъым уэ!“ Пащтыхьым игу ирихьащ абыхэм жаIэр.

„Унафэ щхьэ умыщIрэ, - къыпащащ лIы Iущхэм, - махуэ щэщIым къриубыдэу уэр фIэкIа цIыхухэр зыри елъэIуну хуимыту - цIыхуи Тхьэи? Мис итIанэ цIыхухэм къагурыIуэнт уэ лъэкIыныгъэу уиIэр зыхуэдизыр!“

„Ар дэгъуэу къэвгупсысащ, дэгъуэу!“ - жиIэри, унафэм занщIэу Iэ щIидзащ.

Даниел пащтыхь сэрейм щыIэу ирихьэлIащ, гъуор а унафэм къыщеджэм. Унафэ тхылъым зэритымкIэ, хэт, сыт щхьэкIи ирехъу, зыгуэрым елъэIумэ, а лъэIуар аслъэнхэр щаIыгъ мащэм занщIэу ирадзэнущ, абы щызэпкърачын щхьэкIэ.

ЛIы Iущхэм Даниел кIэлъыплъу щIадзащ. И унэм пэгъунэгъубзэу екIуа-лIэхэри, къимылъагъун хуэдэу, абыхэм загъэпщкIуащ. „Ар, шэч лъэпкъ хэмылъу, я Тхьэм елъэIунущ, - жаIэурэ зэхъуцэцащ ахэр. - Мис итIанэ ди натIэ идгъэкIыфынут дэ ар“.

Унэм къэкIуэжа нэужь, Даниел  куэдрэ егупсысащ пащтыхьым щIэуэ къыдигъэкIа унафэм. Зы махуэ дэкIыртэкъым абы Тхьэм фIыщIэ хуимыщIу, къызэрыдэIэпыкъум, гулъытэ къызэрыхуищIым къыхэкIкIэ. Ауэ Тхьэм фIыщIэ хуищI къудейтэкъым абы, щелъэIуи щыIэт.

Пащтыхьым щIэуэ къыдигъэкIа унафэм хуит укъищIыртэкъым Тхьэм уелъэIуэну. Щхьэгъубжэ зэIудзам бгъэдыхьэри, дапщэщи хуэдэу, Тхьэм елъэIуу щIидзащ абы.

Пабжьэм къыхэтIысхьа лIы Iущхэм щхьэгъубжэм дэплъурэ ялъэгъуащ икIи зэхахащ Даниел Тхьэм фIыщIэ зэрыхуищIыр, зыхуей гуэрхэм щхьэкIи зэрелъэIур. ЛIы Iущхэм дуней гуфIэгъуэр яIэт. Пащтыхьым деж жэри, жраIащ абы и унафэм Даниел зэребэкъуар.

Дарий пащтыхьым ар хуабжьу и жагъуэ хъуащ. Абы фIыуэ илъагъурт Даниел, Iей лъэпкъ къехъулIэнуи хуейтэкъым.

„Iэ щIэзмыдзыххамэ нэхъыфIти а унафэм, - егупсысащ пащтыхьыр. - Абы сытезыгъэгушхуа цIыхухэр Даниел ефыгъуэу аркъудейщ. Иджы, мис, зэпкърезгъэтхъыну аслъэнхэр зэрыс мащэм ирезгъэдзэн хуей хъуащ ар“.

Дарий текIыж хъунутэкъым езым ищIа унафэм. Iэ щыщIидзым, и цIэращ абы унафэм кIэщIитхар. Пащтыхьым и унафэр якъутэу хабзэтэкъым.

Арати, зауэлIхэм Даниел къаубыдри, аслъэнхэр зэрыс мащэм яшащ. Абыхэм Даниел ыр хурадзыхащ аслъэнхэм.

Ар щызэфIэкIым, пащтыхьым къигъэзэжащ и сэрейм. Иджы абы къыгурыIуэжат а унафэр къызэрыдигъэкIамкIэ делагъэшхуэ зэрищIар. Жэщ псом и нэбдзыпэ хузэтелъхьакъым абы.

„Сыщогугъ Даниел и Тхьэм, езы Даниел зэрыжиIэм хуэдэу, лъэкIыныгъэшхуэ иIэу къыщIэкIыну, - жиIэурэ егупсысырт пащтыхьыр, зигъэкIэрахъуэрэ мыжеифу здыхэлъым. - Хэт ищIэрэ, абы кърригъэлынкIи хъунщ ар“.

Нэху зэрыщу, псори жейуэ здыхэлъым, Дарий къэтэджри аслэнхэр зэрыс мащэм кIуащ. ИхъуреягъкIэ щымт.

Мащэм бгъэдыхьэри, ар джащ: „Даниел , зэхэпхрэ жысIэр? Уи Тхьэм укъригъэлыфауэ пIэрэ?“ Дарий пэплъакъым жэуап къратыжыну.

АрщхьэкIэ мыпхуэдэ жэуап зэхихащ: „Зэхызох. Си Тхьэм сыкъригъэлащ сэ. Аслъэнхэм я жьэ къупщхьэхэр зэщIигъанэри, зыри къызамыщIэфу сакъелащ. Тхьэм ещIэ сэ Iей лъэпкъ зэрызмылэжьар“.

Пащтыхьым унафэ къыдигъэкIащ асыхьэтым, Даниел мащэм кърахыжын хуейуэ. Тезыр ятрилъхьащ фыгъуэнэдыгъэм къыхэкIкIэ Даниел зыгъэкIуэдыну хэта цIыхухэм. Абы и ужькIэ и пащтыхьыгъуэм лъэпкъыу исым я деж унафэ тхылъ иригъэхьащ Дарий:

„Унафэ сощI Даниел и Тхьэм пщIэрэ щIыхьрэ хуэфщIыну, сыту жыпIэмэ ар гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэ пэжщ, абы и пащтыхьыгъуэми кIэ иIэкъым. Аращ аслъэнхэм зэпкърамытхъыу Даниел къезыгъэлар“.

Мы хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ Библием щыщу Даниел бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым и еханэ псалъащхьэм.

**ПАЩТЫХЬ ГУАЩЭ ЭСТЕР**

Сузэ къалэм дэс цIыхухэр Iуэхугъуэ гуэрым хуабжьу игъэпIейтеят зэгуэрым: Персием и пащтыхьым пащтыхь гуащэ къишэн хуейт. Пащтыхь сэрейм къыщызэхуэсат нэхъ хъыджэбз дахэу хэкум ису хъуар. Илъэс псокIэ ахэр хэплъыхьауэ ягъэшхащ, я щIыфэм мэ дахэ къызыкIэрих, щабэ зыщI зэхэлъхьагъэ гуэрхэр щахуэурэ яIыгъащ, нэхъри нэхъ дахэ хъун, тхьэIухудым хуэдэу пащтыхьым и пащхьэм ихьэн хуэдэу.

Пащтыхь сэрейм къагъэкIуа а хъыджэбзхэм языхэзым и цIэр Эстерт. Эстер журтт. Ар цIыкIунитIэу и анэ-адэр лIэри, зеиншэу къыщынэм, Мардохай жаIэри и адэ къуэшым ипIыжат.

„Уэ апхуэдизкIэ удахэщи, си хъыджэбз, пащтыхьым укъызэрыхихынум шэч къытесхьэркъым, - жриIащ Мардохай абы, пащтыхь унэм щишэнум щыгъуэ. - Ауэ пащтыхьым къыумыгъащIэ узэрыжуртыр. Мис ар ущэху".

Арати, Эстер и адэ къуэшым къызэрыжриIа дыдэм хуэдэу ищIащ - и щэхур зыми жриIакъым. Ауэрэ пащтыхь гуащэр къыщыхахыну махуэри къэсащ. Къэсри, пащтыхь Ахашверуш Эстер къыхихащ, сыту жыпIэмэ ар псом нэхърэ нэхъ дахэт. Пащтыхьым хьэгъуэлIыгъуэшхуэ ирищIэкIащ пащтыхь гуащэм, пащтыхьым зэрыхуэфэщэнкIи тыгъэ лъапIэхэр зэбгри-тыкIащ.

Эстер пащтыхь сэрейм щыпсэууэ щIидзащ. И гъащIэм апхуэдэу зыкъызэрыридзэкIам ар хуабжьу иригуфIэрт икIи арэзыт. Абы и адэ къуэш Мардохай пащтыхь сэрейм щыпсэурт икIи Эстер пащтыхь сэрейм щекIуэкI псори къыжриIэжт.

Мардохей зыгуэрым хуабжьу иригузавэу Эстер деж щIыхьащ.

„Си тхьэкIумэм къызэриIуамкIэ, - жриIащ абы Эстер, - лIитI зэгурыIуауэ пащтыхьыр яукIыну хэтщ".

Эстер ар Ахашверуш жриIэжащ икIи пащтыхьыр зыукIыну хэта лIитIыр езыхэр яукIащ.

Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым унафэ ищIащ, ажалым къезыгъэлауэ щытар щымыгъупщэжын щхьэкIэ, къэхъу Iуэхугъуэхэр махуэ къэс зратхэ тхылъым Мардохай и цIэр иратхэну.

Илъэс зыбжанэ блэкIащ абы и ужькIэ. А зэманым къриубыдэу Ахашверуш пащтыхьым и нэфI зыщыхуа лIы гуэр иIэтурэ, пщы псоми нэхърэ нэхъ къулыкъушхуэ иритащ. Хьамант абы и цIэр. Хьаман хуабжьу пагэт икIи къан-лыт. Хьаман къалэм дэту е пащтыхь сэрейм къегъэкIэкIа жыг хадэм хэту къыщикIухьым деж псоми загъэщхъыу щхьэщэ къыхуащIын хуейт.

Мардохай и закъуэт абы щхьэщэ къыхуэзымыщIыр.

„Сэ зызыхуэзгъэщхъыу щыIэр Тхьэм и закъуэщ, - жиIащ Мардохай. - Сэ Хьаман зыхуэзгъэщхъыфынукъым". Арати, Хьаман гужьгъэжь къыхуиIэ хъуащ абы.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Хьаман мурад бзаджэ ищIащ - Мардохай иукIыну. Абы и мызакъуэу, персхэм я къэралыгъуэм журту исыр зэтриукIэну игу ирилъхьащ. Игу ирилъхьэщ, пащтыхьым деж кIуэри, моуэ жриIащ: „Уи къэралыгъуэм дэнэкIи

щыхэпхъауэ щопсэу дэ къытщхьэ-щыкIыу лъэпкъ гуэр. Абыхэм ягъэзащIэркъым ди хэкум щыхабзэхэр икIи сэ, уи чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу сыщытыр пэжмэ, а лъэпкъыр ди натIэ ибгъэкIыну чэнджэщ узот".

Хьаман цIыху бзаджэти, журтхэр я натIэ иригъэкIыну арэзы хъуху, пащтыхьым къыкIэрыкIакъым. Арати, щымыхъужым, Ахашверуш пащтыхьым унафэ къыдигъэкIащ журту хъуар щаукIыну махуэр иту.

Пащтыхьым апхуэдэ унафэ зэрищIар щызэхихым, Мардохай абы хуабжьу иринэщхъеящ. Эстер деж кIуэри, къэхъуар абы хуиIуэтащ итIанэ.

„А псор къыщIэхъуар Хьаман и зэранщ, - жиIащ Мардохай. - Уэ журтхэм уазэрыщыщыр ищIамэ, ар апхуэдэ Iуэхум тегушхуэнутэкъым. Пащтыхьым жепIэу уи лъэпкъыр къыумыгъэлу хъунукъым уэ, Эстер“.

„АрщхьэкIэ сэ пащтыхьым деж сыкIуэну сыщыхуитыр, ар езыр къыщызэ-джэм дежщ, - жиIэри жэуап къитащ пащтыхь гуащэ Эстер. – Къызэмыджауэ пащтыхьым деж сыкIуэмэ, сэри сригъэукIынкIэ хъунущ абы. Сэ сыкIуэнщ, ауэ цIыхухэр Тхьэм схуелъэIуну яжеIэ“.

„ДелъэIунщ, псори Тхьэм дыпхуелъэIунщ, - жиIащ Мардохай. - Хэт ищIэрэ, Тхьэм Персием и пащтыхь гуащэ ущIищIар арагъэнкIи мэхъу: уи лъэпкъыр къебгъэлын щхьэкIэ".

Арати, Эстер пащтыхьым и хэщIапIэм кIуащ. Абы къыгурыIуэрт а ищIэр пащтыхь сэрейм щекIуэкI хабзэхэм къызэремызэгъыр. АрщхьэкIэ, пащтыхьыр нэжэгужэу къыщыIущIэм, Эстер къэгуфIэжащ.

„Сытыт узыхуейр, Эстер?“ - къеупщIащ абы пащтыхьыр.

„Уэр щхьэкIэ ефэ-ешхэ сощIри, унезгъэблэгъэну арат. Хьамани пщIыгъуу накIуэ“.

Арати, Ахашверуш, Хьаман зыщIигъури, Эстер ищIа ефэ-ешхэм кIуащ. Зипэ-зипэкIэ темылъ щымыIэу Iэнэ къыхуащтащ абыхэм. Пащтыхь гуащэм къы-зэрыригъэблэгъар хуабжьу и гуапэ хъуат Хьамани.

Ефэ-ешхэр зэфIэкIа нэужь, Ахашверуш и хэщIапIэм кIуэжащ. АрщхьэкIэ и жеин къакIуэртэкъым. ЗигъэкIэрахъуэрэ и нэбдзыпэ хузэтемылъхьэу зыкъомрэ хэлъащ. Апхуэдэу здэщылъым, Ахашверуш къеджэну къищтащ къэхъукъащIэхэр махуэ къэс зратхэ тхылъыр икIи занщIэу и нэр хуэзащ пащтыхьыр яукIыну лIитIым унафэ зэращIам, ар Мардохай къищIэу пащтыхьым зэрыхуиIуэтауэ щытам теухуа хъыбарым.

„Абы щыгъуэ Мардохай зыгуэркIэ сыхуэупсэжауэ щыта?“ - жиIэри пащтыхьыр и унэIутым еупщIащ.

„Хьэуэ,“ - жиIэри унэIутым жэуап къитыжащ.

Нэху къызэрекI нэхъ пIалъэ имыIэу, Ахашверуш пащтыхьым Мардохай тыгъэ хуищIащ дыщэ IуданэкIэ дауэ шылэм къыхэщIыкIа щыгъыныгъуэ лъапIэхэр, шы бэлыхь. Абы и закъуэ - Ахашверуш Хьаман унафэ хуищIащ Мардохай и шы IумпIэр иIыгъыу къалэкум иIэ зэхуэсыпIэм мыпхуэдэу жиIэурэ къыщришэкIыну:

„Феплъ пащтыхьыр пэжыгъэкIэ къыхуэлажьэм зэрыхуэупсэм!“

КъыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэми Ахашверушрэ Хьаманрэ Эстер деж къэкIуащ.

„Сэ уэ тыгъэ пхуэсщIыну сыхуейщ, - жриIащ пащтыхьым Эстер. - Узыхуей дыдэмкIэ къызэлъэIу".

Эстер къэшынэри кIэзызащ. Абы къыгурыIуащ мис иджыпсту журтхэм къащхьэщыжын зэрыхуейр.

КъыгурыIуэри, Ахашвеpуш мыпхуэдэу жриIащ:

„Зы Iуэхугъуэ закъуэкIэ сынолъэIунут. Сэ сыжуртщ. ИкIи сынолъэIу журту хъуар ебгъэукIыну пщIа унафэр пкъутэжыну".

„Апхуэдэ унафэ мыхъумыщIэ къыдэзгъэкIыну сытезыгъэгушхуар хэту пIэрэт сэ?“ - жиIэри къыхэкIиикIащ пащтыхьыр.

„Мисыр утезыгъэгушхуар“, - жиIэри Эстер и Iэр Хьаман хуишиящ.

Пащтыхьыр губжьауэ Хьаман хуеплъэкIащ. Хьаман къэшынэри, щIэпхъуэжыну щыхуежьэм, пащтыхьым и щхьэхъумэхэм зэщIаубыдащ.

„Мыбы си щхьэгъусэри, Мардохеи, журт лъэпкъри иукIыну хэтащ, - жиIэри губжьауэ кIиящ пащтыхьыр. - НтIэ, мис абыхэм ярищIэну зыхэта дыдэр езым къылърес иджы!“

Арати, Мардохай, Хьаман и пIэкIэ, пащтыхьым и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу ягъэуващ. АкъылыфIагъэ хэлърэ IуэхуфIхэр къuрикIуэу апхуэдэ чэнджэщщ абы сытым дежи пащтыхьым иритахэр. Персием щыпсэу журтхэр иджы щIэшынэн лъэпкъ щыIэтэкъым.

Эстер хуабжьу иригуфIэжырт гъащIэ къызыбгъэдэкI Тхьэм фIэщхъуныгъэ зэрыхуиIэм, и Iуэхур хэплъэгъуэ щыхъуам щыгъуэ Тхьэр къызэрыдэIэпыкъуам, журт лъэпкъыр къригъэлыну зэрылъигъэкIам. Абы пэкIуэу, Эстер махуэ къэс Тхьэм фIыщIэ хуищIащ.

Мы хъыбарым зэрыщыту фыкъеджэну фыхуеймэ, фэ ар къыщывгъуэтынщ пащтыхь гуащэ Эстер теухуауэ Библием хыхьэ тхылъым.

## НЭХЬЭМИЕ БЕГЪЫМБАРЫМ И МАХУЭШХУЭР

Нэхьэмие хамэщI щыпсэурт. Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, Израил щыщ нэгъуэщI цIыху куэдым ящIыгъуу абы и унагъуэри Бабилэн пащтыхьым и дзэм гъэр ящIри мыбы къахуат. Абы и ужькIэ Бабилэн езыр персхэм яубыдри, абы и фIыгъэкIэ израил цIыху куэдым я хэку ягъэзэ-жащ. АрщхьэкIэ Нэхьэмие къыщынат Бабилэным.

Нэхьэмие Сузэ дэт пащтыхь унэм щылажьэрт. Санэигъахъуэу пащтыхьым иIэт ар. Санэигъахъуэр - абы щыгъуэ пщIэ зыхуащI къулыкъут.

Нэхьэмие хуабжьу къыхуэзэшырт и хэкум. Абы ищIэжырт, бийхэм зэхакъутэн ипэ, Ерусалим дахащэу зэрыщытар. Сыту насыпыфIэт израил цIыхухэр, я хэку исыжу щыпсэуам!

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, Нэхьэмие хуейуэ пащтыхь унэм зэгуэрым къэкIуащ абы и къуэшымрэ нэгъуэщI израил цIыху зыбжанэрэ.

„Сыт щыхъыбар ди хэкум? - щIэупщIащ Нэхьэмие. - Нэзыгъэзэжахэм зэрагъэпэщыжакъэ Ерусалим?“

АрщхьэкIэ къэкIуахэм хъыбар мыщхьэпэт Нэхьэмие къыхуахьар:

„Хьэуэ, - жаIащ абыхэм, - Ерусалим нобэр къыздэсым зэрызэтещэхауэ щытщ. Къалэ блынри куэбжэхэри зэхакъутащ“.

Апхуэдэу щыхъум, Нэхьэмие Тхьэм лъэIукIэ зыхуигъэзащ:

„Ди Тхьэу Тхьэшхуэ, - лъаIуэрт ар, - уэ сытым дежи бгъэзащIэу щытащ уи лъэпкъым епта псалъэр. Ауэ уи унафэм дыкъыщIэкIщ, уи псалъэр дымыгъэзащIэу щIэддзэри, иджы, мис, гъэру хамэщIым дыкъыщыщIидзыжащ. Си лъэIур зэхэхи, ди хэку дгъэзэжыну Iэмыр щIы, ди Тхьэ!“

ИгукIэ Тхьэм елъэIуурэ, Нэхьэмие и Iуэху и ужь ихьэжащ. Санэ къищтэри, пащтыхьым деж щIихьауэ Iэнэм щыхутригъэувэм, модрейр къеплъащ Нэхьэмие.

„Мыр сыту хуабжьу узэхэуа? - жиIащ пащтыхьым. - КъыпщыщIаIа?“

Зэрынэщхъейр пащтыхьым игу иримыхьауэ къыщыхъури, Нэхьэмие жиIащ:

„Си гум бампIэ телъщ, а бампIэр сэ сщхьэщызыхыфыни щыIэкъым. Сэ къызэрызжаIамкIэ, Ерусалим зэрызэхэкъутауэ нобэр къыздэсым щытщ, а Iуэхум иригузави щыIэкъым“.

„СыткIэ сыбдэIэпыкъуфыну-тIэ сэ?“ - къеупщIащ пащтыхьыр Нэхьэмие. „Хуит сыщI Ерусалим згъэзэжу къалэр зэфIэзгъэувэжыну," - елъэIуащ абы Нэхьэмие.

КъыщелъэIум, пащтыхьым Нэхьэмие Ерусалим кIуэжыну хуит ищIащ. Куэдрэ епсэлъылIащ ар Нэхьэмие Ерусалим зэфIэбгъэувэжын щхьэкIэ зэману ихьынумрэ ехьэлIэн хуейхэмрэ теухуауэ. ИтIанэ Нэхьэмие кIуэжащ и унэм.

„Тхьэм си лъэIур зэхихащ", - гуфIэрт Нэхьэмие.

Нэху къызэрекIыу, ар, и ныбжьэгъухэр зыщIигъури, гъуэгу техьащ. Гъуэ-гуанэр кIыхьт икIи шынагъуэт. Сытми, зэгуэр Ерусалим нэсыжащ ахэр. Нэсыжхэри, къалэм дэплъэмэ, ялъэгъуар гухэщIт. КIыфI хъуа нэужь, и ныбжьэгъу зыбжанэ щIыгъуу, Нэхьэмие къалэм и хъуреягъыр къикIухьащ. „Сыту лэжьыгъэшхуэ къытпэщылъ“, - жаIащ абыхэм.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Нэхьэмие цIыхубэм захуигъэзащ: „Тхьэр хуейщ ди къалэр зэфIэдгъэувэжыну. Ари къыддэIэпыкъунущ дэ“.

Израил цIыхухэм гуфIэжу къыдаIыгъащ абы жиIар. ИтIанэ гуп-гупурэ загуэшащ абыхэм - къалэм щыщу здэщыпсэу щIыпIэм елъытауэ. Дэтхэнэ гупми и къалэнт къалэм щыщу а щыпсэу Iыхьэр зэфIигъэ-увэжыну.

Израил цIыхухэм къалэ блыныр зэтралъхьэжу щалъагъум, я бийхэм ауан къащIу щIадзащ:

„Догуэ, а къалэ блыныр зэтефлъхьэжыфын фи гугъэу ара иджы фэ?! - жаIэурэ къэкIийрт ахэр. - ИгъащIэкIэ блын быдэ фхуэщIынукъым фэ. Зы бажэ дэлъеймэ, зэрыблыну къызэтещэхэжынущ!“

АрщхьэкIэ, лъагэрэ быдэ хъужауэ, блыныр къращIэкIыу щалъагъум, бийхэр къызэрыгъэгубжьащ. Къызэрыгъэгубжьри, израил лъэпкъым и бийхэм аргуэру мурад ящIащ Ерусалим и блынхэр зэхакъутэну. Нэхьэмиерэ и акъылэгъухэмрэ сакъ зэпытт, бэлэрыгъауэ бийр къатемыуэн щхьэкIэ. Абы къыхэкIыуи, блыным елэжьхэр елэжьырт, емылэжьхэр плъырыпIэм щытт. Езы ухуакIуэ дыдэхэми япщIэхэлът джатэ.

Къалэ блыныр зэтралъхьэжа, куэбжэхэр халъхьэжа, къалэм лэжьыгъэу дэлъыр яуха нэужь, Ерусалим къедза щIыпIэхэм Израил цIыхуу щыпсэууэ хъуар Нэхьэмие къригъэблэгъащ.

ИтIанэ Нэхьэмие дин пашэ Ездрэ жриIащ Тхьэм и унафэхэр зэрыт тхылъым щыщ цIыхухэм къахуеджэну.

Арати, дин пашэр лъагапIэм къытеувэри Тхьэм цIыхухэм унафэ къахуищIахэм къеджэу щIидзащ. Тхьэм и унафэхэм едаIуэурэ, цIыхухэм я гум къихьащ Тхьэм хуаIэ хъуа арэзыныгъэр. Псори хуабжьу хущIегъуэжащ Тхьэм хуэжыIэщIэ зэпыту зэрыщымытам.

„Дауэрэ хъуми, ди къалэр къэдгъэбыдыхьащ иджы, - жиIащ Нэхьэмие. - Мис иджы Тхьэм щIыхьышхуэ щыхуэтщIыфынущ езым и Тхьэ унэшхуэм“.

Арати, дапхъэхэм теувэурэ израил цIыху псори зэкIэлъхьэужьу къалэ блы-ным и щхьэм дэкIуэящ. Ахэр бжьэмийхэм епщэрт, къалэ блыным теуvауэ къраш уэрэд макъыр жыжьэ нэIусырт. Бий псоми зэхахырт израил цIыхухэм я Тхьэм щIыхьышхуэ зэрыхуащIыр.

Тхьэм къажриIэ зэпыту щытащ и лъэпкъым: Тхьэм и унафэм зэрыщIэкIыу гъэрыпIэм ихуэнущ. Аращ къащыщIауэ щытари.

Ауэ Тхьэм цIыхухэр къигъэгугъауэ щытащ: Гуэныхьу ящIам хущIегъуэжурэ Тхьэр фIыуэ ялъагъуу, абы хуэжыIэщIэу щIадзэжмэ, Тхьэм Iэмыр ищIынущ абыхэм Ерусалим къагъэзэжыну.

ИкIи, мис, Тхьэм цIыхухэм къарита гугъапIэр зэщIащ - израил цIыхухэм къагъэзэжащ я хэкум, Ерусалим. Къалэ блыным тету цIыхухэр кIуэрт, и псалъэр зэригъэпэжам щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуащIу.

Мы хъыбарым фыкъеджэну фыхуеймэ, ар къыщывгъуэтынущ Библием щыщу Нэхьэмие бегъымбарым и хъыбар зэрыт тхылъым.

**ИНУС БЕГЪЫМБАРЫР**

Пасэм щыгъуэ ИнускIэ еджэу лIы гуэр псэуащ. Инус бегъымбарт. Ар Тхьэм къыхихат, зыхуейхэр абы и жьэкIэ цIыхухэм яжриIэну.

Тхьэм Инус жриIащ зэгуэрым:

„Сэ сыхуейщ уэ Ниневие укIуэну. Ар къалэшхуэ гуэрщ. Абы дэсхэм мыпхуэдэу яжеIэ: абыхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэр щагъэту я гуэныхьхэм яхущIемыгъуэжмэ, сэ абыхэм я къалэр зэтескъутэнущ".

Ниневие дэсхэр израил цIыхухэм я бийт. Инус хуейт Тхьэм Ниневие дэсхэр игъэпшынэжыну, абы къыхэкIыуи а къалэм мыкIуэмэ, нэхъ къищтэрт.

„Сэ сощIэ ар итIанэ зэрыхъунур, - егупсысащ Инус. - Япэми зэкъым, тIэукъым апхуэдэ къызэрыхъуар. Апхуэдэ хъыбар Iей яхуэсхьрэ сахыхьэмэ, цIыхухэр занщIэу гужьеинущ. Гужьеинурэ, Тхьэм жраIэнущ: „Дэ длэжа щIэпхъаджагъэхэм дыхущIегъуэжащ, къытхуэгъэгъу". Тхьэм гущIэгъу хэлъщ, абы къыхэкIыуи, ялэжьахэр яхуигъэгъунущ. Сэ сызыхуейр Тхьэм Ниневие цIыхухэм яригъэпшыныжыну аращ".

Абы къыхэкIыуи, Инус, Ниневие мыкIуэу, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ иунэтIащ.

Инусми хуейт Тхьэми Ниневие цIыхухэми яIэщIэкIыну. Тенджыз Iуфэм екIуалIэри, ар елъэIуащ кхъухьым ирагъэтIысхьэну.

Кхъухьыр тенджызым техьа нэужь, Инус, и гур псэхужауэ, егупсысащ мыпхуэдэу: „

Мы кхъухьым сыкъыщитIысхьэм зыри щыжимыIакIэ, Тхьэм мы сщIэр фIэкъабылщ. Иджы, мис, сэ Тхьэми Ниневие къалэми сапэжыжьэщ".

Ауэ куэд дэмыкIыу борэн къэхъури, тенджызыр узижэгъуэн и махуэу къэукъубеящ. Кхъухьыр, шхиипэ цIыкIу фIэкIа умыщIэну, хыуалъэ домбейхэм зэрадзэрт. Хысыджхэр апхуэдизкIэ ину кхъухь джабэм къыжьэхэуэрти, ахэр здэкIуэн хуеям хуабжьу пэжыжьэу Iуихырт.

Кхъухьыр зыхухэр шынэщати, Iэпэлъапэсыс хъуауэ, зыри яхуэщIэжыр-тэкъым. Арати, цIыхухэм хьэкъ ящыхъуащ ахэр мыбы зэрыхэкIуэдэнур. Апхуэдэу щыхъум, Инус кхъухь лъащIэ пэшым щIыхьэри, жеину гъуэлъащ: „ФIыуэ сыжейуэ сыкъэушыжыху, тенджызри мамыр хъужынщ" - егупсысащ ар.

Инус жея къудейуэ, кхъухьыр зыхухэм я пашэр къэсри, къигъэушащ.

„Мы борэнышхуэм дауэ ухэжеикIыфрэ?! - къэкIиящ ар. - Ди кхъухьыр щIотIысыкI. Къэтэджи, елъэIу уи Тхьэм!“

Инус къыгурыIуэжащ Тхьэм IэщIэкIыну ищIа мурадыр зэрыделагъэр икIи абы зыри къызэримыкIынур.

„Ар зи зэраныр сэращ, - жриIащ абы кхъухь пашэм. - Си Тхьэм борэн къыдищIэкIауэ аращ дэ, сыкъигъэувыIэн щхьэкIэ. Сэ сыхэтащ абы сыIэщIэкIыну. Сыкъафщтэ, тенджызым сыхэвдзи, мис итIанэ занщIэу борэныр увыIэжынущ".

Кхъухь пашэр къэшынащ. Ар хуейтэкъым икIи тегушхуэртэкъым Инус псым хидзэу иригъэтхьэлэну. Ауэ Инус ищIэрт а зы Iэмалым фIэкIа борэныр къызэрыбгъэувыIэфын зэрыщымыIэр.

Сытми, кхъухьым исхэр тегушхуэри, тенджыз къэукъубеям Инус хадзащ. Зэрыхадзэххэуи, увыIэжащ борэныр. УвыIэжри, дыгъэр къыщIэкIыжащ. Апхуэдэу щыхъум, кхъухь пашэми кхъухьым ис адрейхэми жаIащ: „Инус и Тхьэр къаруушхуэ зиIэ Тхьэщ. Тенджыз къэукъубеяри къыхуожыIэщIэ абы“.

Ауэ абыхэм зыри хащIыкIыртэкъым Тхьэм бдзэжьеишхуэ къриутIыпщу Инус зэрыригъэлъэтэхам.

Бдзэжьеишхуэм и кIуэцIым ис Инус шынгъуэм зэщIиубыдат. ИхъуреягъкIэ кIыфIыгъэрэ цIынагъэрэт. Арати, Инус гухэщIу Тхьэм еджащ:

„Ди Зиусхьэн! Сэ уэ зыпхузогъазэ гузэвэгъуэр стелъу бдзэжьеишхуэм и кIуэцIым сыздисым. ГущIэгъу кьысхуэщI. Мис иджы сэ фIы дыдэу къызгурыIуэжащ, уи унафэм сыщIэкIыну сыщыхуежьам, делагъэ зэрысщIар“.

Ауэ Инус жэщищрэ махуищкIэ исын хуей хъуащ бдзэжьеишхуэм и кIуэцIым. ИтIанэ, Инус тенджыз Iуфэм къытехуэу къызыжьэдидзыжри, бдзэжьеишхуэр тенджыз лъащIэм ехыжащ.

Тхьэм етIуанэуи зыкъыхуигъэзащ Инус: „Къэтэдж, Ниневие кIуэи, абы щыпеэухэм яжеIэ сэ бжесIахэр“.

Ар щызэхихым, Инус къэтэджщ, Ниневие кIуэри, цIыхухэм яжриIэну Тхьэм унафэ хуищIар яжриIащ.

Инус Ниневие дэсхэм яжриIащ ялэжь Iуэху фIейхэм щхьэкIэ Тхьэм и ней абыхэм къазэрытехуар, мыхъумыщIэ псэукIэр щагъэту я гуэныхьхэм хущIемыгъуэжмэ, кIуэдыкIейр къазэрыхуигъэкIуэнур.

Ниневие цIыхухэм абы жиIэр хьэкъ ящыхъури, ялэжьа щIэпхъаджагъэхэм хущIегъуэжащ. Абыхэм Тхьэм зыхуагъэзащ, къахуигъэгъуну елъэIуу.

Арати, Инус зэригугъа дыдэм хуэдэу Iуэхур хъуащ. Тхьэм гущIэгъу къахуищIри, имыгъэпшынэжу Ниневие цIыхухэр къигъэнащ. Мис ар и жагъуэ дыдэ хъуащ Инус. Къалэм къыдэкIри, зигъэпсэхуну зыщIыпIэ деж щетIысэхащ ар. Хуабэвэхти, Тхьэм и унафэкIэ асыхьэтым къэкIа жыг цIыкIум и жьауэм Инус дыгъэ бзий гуащIэм щихъумэрт. Абы иригуфIэрэ жьауэм щIэсу Инус зигъэпсэхурт.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Тхьэм иунафэкIэ жыг цIыкIур гъужащ. Дыгъэ гуащIэм зэрызыщихъумэн иIэжтэкъым Инус. Ар хэст хуабэм, и щхьэр зэрихьэрэ гузэвэгъуэр телъу. Тхьэр къеупщIащ абы:

„Сыт уэ апхуэдизу уи жагъуэ хъуауэ ущIэгумэщIыр?“

Инус жэуап къитащ: „Си жагъуэ хъуащ жыг цIыкIур зэрыгъужар. Адрейуэ, хуабжьу си жагъуэ хъуащ Ниневие къалэм уэ гущIэгъу зэрыхуэпщIар“.

Тхьэм Инус жриIащ итIанэ: „Мы къэкIыгъэр къэзыгъэщIар сэращ. Сэращ Ниневие цIыхухэри къэзыгъэщIар. НтIэ, уэ хыумыса жыгыр зэрыгъужар уи жагъуэ щыхъуакIэ, сэ къэзгъэщIа цIыхухэм кIуэдыкIейр къахуэкIуамэ, сытым хуэдизут си жагъуэ хъун зэрыхуейр? Уэ уи жагъуэ лъэпкъ щIэпщIын щыIэкъым а цIыхухэр зэрыпсэури, сэ тыгъэ яхуэсщIа дуней гъащIэм зэрыригуфIэри“.

Инус теухуа  хъыбарыр къыщывгъуэтынущ Библием щыщу абы и цIэр зезыхьэ тхылъым.

# Библие Хъыбархэр 4

## ЩIАЛЭЦIЫКIУМ ЗЭРЕДЖЭР ИУАНТ

Израилым Зэчрей жаIэри зы лIы хэкIуэта гуэр щыпсэурт, и фыз Елизаветэ щIыгъуу. Зэчрей псоми яцIыхурт, сыту жыпIэмэ ар Тхьэм и унэшхуэм дин пашэу щылажьэрт.

Зэчрейрэ Елизаветэрэ куэдрэ зэпсэлъылIэрт Тхьэм теухуауэ.

„Сэ хуабжьу фIыуэ солъагъу езы Тхьэ дыдэр цIыхухэм, псалъэм папщIэ, Израилым и лъэпкъ тхьэмадэ Мусэ е пащтыхь Шаул сымэ, епсалъэу зыхэт хъыбархэр, - жиIэрт Зэчрей. - Сэ хуабжьу сыщIохъуэпс абы и макъыр зэхэсхыну".

„Сэ нэхъ сыдэзыхьэхыр Тхьэм Сарэрэ Ханнэрэ я нэгу щIигъэкIа Iуэхушхуэ телъыджэхэм теухуа хъыбарыжьхэрщ, - къыпидзыжащ абы Елизаветэ. - Сыту сыгуфIэнут сэ Абы сабий къызитатэмэ!“

Зэчрейрэ Елизаветэрэ хэкIуэтат, быни яIэтэкъым.

Зэгуэрым Зэчрей Тхьэм зэрелъэIунум хуабжьу зыщыхуигъэхьэзырырт. Дин пашэ псоми ящыщу арат зыхуагъэфэщар Тхьэм и унэшхуэм Абы щыхуэлэжьэну.

Израил псом я цIэкIэ Зэчрей Тхьэм и унэшхуэм Тхьэм щелъэIун хуейт. МыдэкIэ, пщIантIэм, абы пэплъэ Елизаветэрэ цIыхубэмрэ Тхьэм щелъэIунут.

ЦIыхубэр дыгъэвэхым хэту къанэри, езы Зэчрей Тхьэм и унэшхуэ щIыIэтыIэм щIыхьащ.

Абы зэуэ къилъэгъуащ нур пакIэ. Зэчрей къэшынащ: абы и закъуэт Тхьэм и унэшхуэм щIэтыр. Сыт къэхъуар?

Абы ирихьэлIэу Тхьэм къигъэкIуа мелыIычыр дин пашэ хэкIуэтам къепсалъэу щIидзащ: „Умышынэ, Зэчрей, Тхьэр, япэми хуэдэу, цIыхухэм иджыри йопсалъэ Iуэхушхуэ телъыджэхэр зэрилэжьын къаруушхуи иIэщ! Елизаветэрэ уэрэ къуэ вгъуэтынущ. Иуан фIэфщ абы“.

„ЦIыху къызэрыгуэкIхэм емыщхьу къэхъунущ Иуан. Абы цIыхубэр хуигъэ-хьэзырынущ Тхьэм и Къуэм зэрыIущIэнум“, - жиIэри къыпищащ мелыIычым.

„Апхуэдэ къэхъункIэ хъунукъым, - жэуап къитащ Зэчрей, - дэ дыхэкIуэтэIуащ бын диIэнкIэ!“

„Тхьэм сытри зэрылъэкIыр умыщIэу ара уэ? - къеупщIащ абы мелыIычыр. - Абы шэч къызэрытепхьам и тезыру бзагуэ ухъунурэ, а сабийр дунейм къытехьэхукIэ апхуэдэу ущытынущ. Мис итIанэ хьэкъ пщыхъунщ а сэ жысIэр зэрыпэжыр“.

ЦIыхубэм ягъэщIагъуэрт Зэчрей Тхьэм и унэшхуэм апхуэдизрэ къызэрыщIэмыкIыжыр. КъыщIэкIыжа нэужь, псоми къагурыIуащ Тхьэм и унэшхуэм зыгуэр къызэрыщыхъуар, сыту жипIэмэ Зэчрей псэлъэжыфыртэкъым.

Унэм къагъэзэжа нэужь, Iуэхур зытетыр и фызым къригъэщIэн щхьэкIэ, Зэчрей псори итхащ. И лIым нэхърэ нэхъ мащIэу игъэщIэгъуакъым Елизаветэ а къиищIар. Абы тIури хуабжьу ирипIейтейрт икIи тхьэмахуэ зэхуакухэр къабжырт, сабийр дунейм къыщытехьэнур къахуэмыгъэсу.

Елизаветэ деж зэгуэрым къэкIуащ абы и адэ къуэшым ипхъу Мэрием. Мэриеми бын игъуэтын хуейуэ щытт.

Зэшыпхъухэр хуабжьу зэщыгуфIыкIащ, куэд щIауэ зэрылъэгъуатэкъыми. Елизаветэ зэуэ Мэрием жриIащ Тхьэм и унэшхуэм щIэту Зэчрей мелыIыч къызэрыхуэкIуар.

„Сэри къысхуэкIуащ мелыIыч“, - жиIэри жэуап къритыжащ абы Мэрием. ТIуми хуабжьу ягъэщIэгъуащ Тхьэр а цIыху къызэрыгуэкI дыдэхэм апхуэдэ къуэ телъыджэхэмкIэ къазэрыхуэупсэр. ТIэкIурэ абы щыхьэщIа нэужь, Мэрием илI Исуф деж унэм игъэзэжащ.

Арати, икIэм-икIэжым апхуэдизу ахэр зыпэплъа махуэр къэсащ: Елизаветэ къуэ игъуэтащ! Ар сабий телъыджэт! Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ къэкIуащ сабийм еплъыну.

„Зэчрей щхьэ фIэвмыщрэ?“ - жаIэурэ зэупщIыжырт ахэр.

„Хьэуэ, абы и цIэр Зэчрейкъым, Иуанщ",  - къаритыжащ жэуап Елизаветэ абыхэм. „Ар сыт гъэщIэгъуэн а жыпIэр, - ядакъым хьэщIэхэм, - щыпэлъху къуэм адэм и цIэр фIащыж хабзэщ".

Псори къеджэн хуэдэу, Зэчрей абыхэм пхъэбгъум къахутритхащ: „Абы и цIэр Иуанщ“.

Ар зэрытритхэу, мелыIычым и жьэмкIэ Тхьэм къызэригъэгугъар зэщIащ: Зэчрей и бзэр къиутIыпщыжащ.

Зэчрей иригуфIэрт Тхьэм и унэшхуэм къыщыхъуауэ щытар иджы и жьэкIэ зэриIуэтэжыфынум.

ЗэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу псори сабийм еплъырт.

„Сыту сабий дахащэ! - жаIэрт зылъагъуу хъуам. - Ар ин хъуа нэужь, Тхьэм къалэн хэха хуигъэзэщIэну къыпоплъэ!“

„ЩIалэ цIыкIум зэреджэр Иуант" хъыбарыр Лука ХъыбарыфIыр къы-зэрыжиIам и япэ псалъащхьэм къыхэтхащ. Иуан къэхъуным куэд иIэу, Тхьэм и бегъымбархэм я жьэкIэ цIыхухэм къажриIащ КъегъэлакIуэр къазэрыхуигъэкIуэнур. Ауэ ар къигъэкIуэн ипэ цIыхухэр абы хуэгъэхьэзырын хуейт. Арати, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр къызэрыблэгъамкIэ хъыбар къаригъэщIэну, Зиусхьэныр къэкIуэн и пэ я гуэныхьхэм хущIегъуэжын зэрыхуейр цIыхухэм яжриIэну Тхьэм Иуан къигъэкIуащ. Иуан къэхъун и пи наIуэт ар цIыху къызэрыгуэкIхэм къащхьэщыкIрэ куэдкIэ нэхъ гъэщIэгъуэну зэрыщытынур.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр теухуащ цIыху цIыкIухэм я тхыдэм нэхъ мыхьэнэшхуэ дыдэ щызиIэ Iуэхугъуэм: Хьисэ Мэссихь къызэралъхуам.

**ХЬИСЭ КЪЫЗЭРАЛЪХУАР**

Ижь-ижьыж зэману Хьисэ къалъхуным и пэкIэ Назарет къалэ цIыкIум щыпсэуащ МэриемкIэ еджэу хъыджыбз дахэ гуэр.

Зэгуэрым, унагъуэ Iуэху ищIэу здэщытым, Мэрием зыщIэт пэшыр нэхугъэ гуэрым къызэщIигъэблащ. А нэхум хэту Мэрием къилъэгъуащ Тхьэм и лIыкIуэ мелыIычыр. Мэрием хуабжьу къэшынащ.

„Умышынэ, Мэрием, - къыжриIащ абы мелыIычым - сэ уэ хъыбарыфI къы-пхуэсхьащ. Уэ къуэ бгъуэтынущ куэд дэмыкIыу".

„Дауэ зэрызгъуэтынур, - сэ лIы сиIэкъым!“ - игъэщIэгъуащ хъыджэбзым.

„Ар езы Тхьэ дыдэм и Къуэу щытынущ, - жиIащ мелыIычым - абы уэ фIэпщынущ Хьисэ".

„Тхьэм фIэзахуэ псори згъэзэщIэну сэ сыхьэзырщ", - жэуап къитащ Мэрием, а зы напIэзыпIэми мелыIычыр бзэхыжащ.

Назарет ИсуфкIэ еджэу зыгуэр дэст. Абы Мэрием фIыуэ илъагъурт, ар къишэнуи и мурадт. Здэжейм, мелыIыч къыхуэкIуэри, абы мыпхуэдэу къыжриIащ:

„Сэ мы хъыбарыр бжесIэну сыкъэкIуащ: Мэрием сабий поплъэ. Ар Тхьэм и Къуэщ.

Абы уэ Хьисэ фIэпщынущ. Ар хъунущ дунейм и КъегъэлакIуэ“.

Мэриемрэ Исуфрэ къахуэмыгъэсу я хьэгъуэлIыгъуэм пэплъэрт, сыту жыпIэмэ ахэр хуабжьу фIыуэ зэрылъагъурт. Куэдрэ тепсэлъыхьырт ахэр сабий телъыджэм теухуауэ мелыIычым къажриIам.

„Я фIэщ хъуну пIэрэ цIыхухэм, Хьисэ цIыхухэм я КъегъэлакIуэщ, жытIэмэ?“ - жиIэрт Мэрием.

„Умыгузавэ абы щхьэкIэ, зыгуэрхэми я фIэщ хъунщ, - жиIэрт Исуф. - Тхьэм цIыхухэр къигъэгугъакъэ КъегъэлакIуэ къахуигъэкIуэну. Ауэ щыхъукIэ, дэ къытхуэнэжыр дыкъызэригъэгугъар Тхьэм зэригъэпэжым дригуфIэнырщ".

Арати, Исуфрэ Мэриемрэ пэплъэрт Хьисэ дунейм къытехьэнум. Сабийр зыхуеину псори абыхэм ягъэхьэзырт, апхуэдизкIэ хуэпIащIэрти, зэманыр куэдкIэ нэхъ кIыхь хъуауэ къащыхъурт.

Абыхэм зэгуэрым зэхахащ кесар императорым унафэщIэ къыдигъэкIауэ: „Къэралым щыпсэу дэтхэнэ цIыхуми и къалэнщ и лIакъуэр къыщежьэ къалэм екIуэлIэжу абы я

щыхьэт тхылъым зырыригъэтхэну. ЖриIащ Исуф Мэрием. - Аращи, дэри Бэтлэхьэм дыкIуэн хуейуэ къытпэщылъщ".

„Лъхугъэр зэфIэкIыхукIэ си унэ сисыжамэ, дауи, нэхъыфIт, ауэ Тхьэм и бегъымбархэр къигъэсэбэпурэ хъыбар къыдигъэщIащ дунейм и КъегъэлакIуэр Бэтлэхьэм къыщалъхун хуейуэ“, - жиIэрт Мэрием, я шыд цIыкIур я пэ иту лъагъуэ нашэкъашэм здрикIуэм. „Сыту хуабжьу сеша, - хуэтхьэусыхэрт ар Исуф, - сытуи жыжьэ дыздэкIуэнур“.

Еша-елIахэу къалэм щынэсам, абы зэрыхьзэриишхуэ щыIэт. Щыхьэт тхылъым зрырагъэтхэн щхьэкIэ Бэтлэхьэм апхуэдиз къыщызэхуэсати, хьэщIэщми щIэхуэжтэкъым. Исуф сымэ зыгуэрым хэщIапIэ яхуищIащ я Iуэщыр.

Исуф дэIэпыкъуурэ, Мэрием шыдым къепсыхри Iуэщым ихьахэщ. Хьэуазэ игъэтIылъурэ Мэрием гъуэлъыпIэ игъэхьэзырри, и плIэидзэ Iувыр трипхъуэжащ. Абы ищIэрт и сабийр куэд мыщIэу дунейм къызэрытехьэнур.

Сабийр къызэрыхъуу, Мэрием ар гущэ хъыданым быдэу кIуэцIишыхьри, мэкъу дэзузыдэлъ шхалъэм дилъхьащ.

„Абы и цIэр Хьисэщ, - жаIэрт Исуфрэ Мэриемрэ, - ар Тхьэм и Къуэ Закъуэрщ".

Iэщхэр щыхьэту щытащ ар дунейм къыщытехьэм. Абыхэм я Iубахъэм къигъэхуавэрт Iуэщ Iэзэблъэзэвыр.

АтIэми цIыхухэм псэхупIэ къратакъым абыхэм. Бжэр кIыргъыурэ бжэр къызэIукIри, Iуэщым къихьащ Iэщыхъуэхэр.

„Мыбы щыIэн хуейщ а сабийр, дыIуплъэ хъуну пIэрэ абы?“ - щэныфIэу къеупщIащ ахэр.

„ЛIо щIэмыхъунур, - жиIащ Исуф, - ауэ дэнэ фэ а сабийм и хъыбар щызэхэфхар?“

„Дэ мэл дгъэхъуу губгъуэм дитт, - къатащ жэуап Iэщыхъуэхэм. – Ыздитым, зэуэ уафэр зэгуэзщ, нурыр къыдидзри, а нурым хэту мелыIычхэр къэтлъэгъуащ. МелыIычхэм дэ къыджаIащ а сабийр мыбдеж къызэрыщалъ-хуар. Ар балигъ хъуа нэужь, дэ псоми КъегъэлакIуэ тхуэхъунущ. Мис аращ дэ ар зэдгъэлъагъуну, щхьэщи хуэтщIыну дыкъыщIэкIуар“.

Iэщыхъуэхэм иужькIэ ягъэзэжащ я хъушэхэм деж, здэкIуэжым, я нэгу щIэкIа псори къахуэзэу хъуам хуаIуэтащ.

Мэриемрэ Исуфрэ къанэри, Бэтлэхьэм зыкъомрэ щыIащ.

Зэгуэрым бжэм къытеуIуэIуащ. Iуахмэ, пщIэшхуэ зыхуащI хьэщIэ гуп бжэщхьэIум тетщ.

„Дэ гъуэгуанэ кIыхь зэпытчащ, - жиIащ тхьэмадэ Iущхэм ящыщ зым, - пащтыхь хъуну фи быныр зэдгъэлъагъун щхьэкIэ. Пэж дыдэу, ар щыIэ мыбы?“

„ЩыIэщ, ауэ дэнэ дэ ар дунейм къызэрытехьар къыщыфщIар?“ - игъэщIагъуэу щIэупщIащ Исуф.

„Уэгум иту дэ вагъуэ нур дыдэ къэтлъэгъуащ, - жаIащ абыхэм. - Ди тхылъхэм зэритымкIэ, а вагъуэм дэ къыдигъэщIэн хуейщ Израил пащтыхь хуэхъуну сабийр къыщалъхуну зэманри щIыпIэри“.

КъэкIуахэм лъэгуажьэмыщхьэ зрагъауэри, сабийм тыгъэхэр хуащIащ: дыщэ, ладан, смирнэ.

Тхьэмадэ Iущхэр ежьэжа нэужь, Исуфрэ Мэриемрэ набдзэгубдзаплъэу я къуэр къызэпаплъыхьащ. Абыхэм яIэт зэгупсысын. Ягу къагъэкIыжащ Iэщыхъуэхэм къахуэкIуа мелыIычхэмрэ а тхьэмадэ Iущхэр мыбы къэзыша вагъуэ зэщIэлыдэмрэ. Абыхэм я нэгу къыщIагъэхьащ къэкIуэну зэман дахащэр.

„ИкIэм-икIэжым Тхьэм Израил къыхуигъэкIуащ КъегъэлакIуэ“, - жиIащ Исуф. „Аращ, - жэуап итащ Мэрием, - Израилми зэрыдунейуи. А тхьэмадэ Iущхэр жыжьэ дыдэ къикIащ, ауэ щыхъукIэ, ахэри абы къыхуэныкъуэщ".

Исуфрэ Мэриемрэ Тхьэм фIыщIэшхуэ хуащIырт Хьисэ щхьэкIэ. Абыхэм ящIэрт Тхьэм и псалъэр зэригъэпэжар: - Абы и Къуэр уафэм къригъэхащ, дунейм и цIыхухэр мыкIуэду къригъэлын щхьэкIэ.

Ахэм я нэгуи къахущIэгъэхьэртэкъым Хьисэ и гъащIэр зыхуэдэнури зэрыхъунури. Ауэ ящIэрт Абы цIыхухэр фIыуэ зэрилъагъур Тхьэм псоми хьэкъ ящищIыну зэрыхуейр.

„Хьисэ къызэралъхуар“ хъыбарыр Инджылым щыщу ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтамрэ (I псалъащхьэм) ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтамрэ (I,2 псалъащхьэхэм) къахэтхащ. Тхьэм мурадыфIэ дунейм къытригъэхьэ цIыхухэми - бегъымбархэм - жаIакIэт Тхьэм МэссихькIэ, дунейм и ПащтыхькIэ, лъэпкъхэм я КъегъэлакIуэкIэ зэджэр къыщыунэхуну зэманыр. Тхьэм къыхиха лъэпкъым лIэщIыгъуэкIэрэ игъафIэу зэрихьащ Тхьэм къызэригъэгугъар зэщIэным-кIэ яIэ гугъапIэмрэ фIэщхъуныгъэмрэ. Зэрихьащ, я хэкур зэрыпхъуакIуэхэм (нэхъапэм - алыджхэм, итIанэ - урымхэм) я бжьым щIэмыкIыфу къекIуэкIа пэтми. Арати, икIэм-икIэжым, а гугъапIэр нахуапIэ щыхъуащ Иудейм Урымым я кесару император Август, Иудейм и пащтыхьу Ирод щытетам. Абы щыгъуэщ Тхьэр и ужь щихьар цIыхухэр къызэригъэгугъар игъэзэщIэну. Дэуэдапщэ ехьэжьа лъэпкъи хэмытрэ къызэрыгуэкI щытыкIэ дыдэм иту Бэтлэхьэм щыIэ Iуэщ гуэрым къыщалъхуащ Тхьэм и Къуэр.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр зытепсэлъыхьыр Хьисэ и сабиигъуэрщ.

**ХЬИСЭ И САБИИГЪУЭР**

ЩIыпIэ жыжьэ къикIа тхьэмадэ Iущхэр къэкIуащ къалъхуагъащIэ Хьисэ зрагъэлъагъуну. Ахэр къэкIуащ уэгум зэщIэблэу къихута вагъуэр я гъуазэу. А вагъуэр къызэрыунэхуар и щыхьэтт Пащтыхьышхуэр къызэралъхуам. Ахэр гъуэгу къытеуват, Абы тыгъэхэр хуащIын папщIэ.

Ауэ вагъуэм занщIэу къишакъым ахэр Бэтлэхьэм. Ерусалим и Iэшэлъашэхэм къыщысам, абыхэм вагъуэр яфIэкIуэдащ.

Апхуэдэу щыхъум, тхьэмадэ Iущхэр Ирод пащтыхьым и унэшхуэм екIуэлIащ. „Дэ дыхуейт пщыкъуэ цIыкIур зэдгъэлъагъуну“, - жаIащ абыхэм.

Пащтыхь Ирод а псалъэхэм ягъэгузэвауэ игъэщIагъуэу жиIащ:

„Мыбы пщыкъуэ лъэпкъ щыIэкъым“, - жиIэри и чэнджэщэгъухэр кърaджэну игъэкIуащ абы.

„Тхьэм цIыхухэр къигъэгугъащ Пащтыхьыр Бэтлэхьэм къыщалъхуну", - къыжраIащ чэнджэщэгъухэм Ирод.

Арати, Ирод тхьэмадэ Iущхэм яжриIащ Бэтлэхьэм кIуэну.

„Ар къызэрывгъуэту къэвгъэзэжи, Iуэхур зытетыр къанэ щымыIэу сэ къысхуэфIуэтэж", - яжриIащ Ирод абыхэм. Ирод хьилэшыт, хъуагъэщагъэ гуэрхэри и гум къихьакIэт.

Тхьэмадэ Iущхэм Хьисэ къагъуэтри, тыгъэхэр иратащ, ауэ Ирод деж къагъэзэжакъым. Езы Тхьэ дыдэм къажриIакIэт абыхэм пащтыхь Ирод мурад бзаджэ зэрищIар.

„Хьисэ теухуауэ пащтыхьым зыри жевмыIэ, - жиIащ Тхьэм. – НэгъуэщI гъуэгукIэ вгъэзэж".

Куэдрэ япэплъащ пащтыхьыр абыхэм. ИкIэм-икIэжым, къэгубжьри, и зауэлIхэр къриджащ.

„ИкIэщIыпIэкIэ Бэтлэхьэм фыкIуэ, - унафэ къахуищIащ абы зауэлIхэм. - ФыкIуи, щIалэ цIыкIу къалъхуагъащIэу къэвгъуэту хъуар зэтевукIэ. Сэ сыхуейкъым, балигъ хъуахэ нэужь, абыхэм ящыщ гуэр пащтыхь хъуну. Псэууэ зы къэвмыгъанэу зэтевукIэ“. Унафэр ягъэзэщIэну заулIхэр ежьащ.

Ахэр къэмыс щIыкIэ, Тхьэм Исуф хъыбар къригъэщIащ: „Мэрием зыщIыгъу, сабийр къафщти, икIэщIыпIэкIэ мы къалэр къэвбгынэ; мыбы фыкъыдэнэмэ, Ирод Ар иукIынущ".

Исуфрэ Мэриемрэ псынщIэу загъэхьэзырщ, Хьисэ къащтэри, Ар пащтыхь Ирод щахъумэн щхьэкIэ, Мысырым кIуэну ежьащ. Ахэр иринэщхъейрт я хэкур зэрабгынэм икIи ящIэртэкъым къагъэзэж щыхъуну зэманыр.

Ирод пащтыхьыр жьы хъуат икIи сымаджэрилэт. Зыкъом дэкIри, ар лIащ. Тхьэм Исуф къыжриIащ афIэкIа шынагъуэ зэрыщымыIэжыр, Хьисэ къащтэу, зэрыунагъуэу я деж, Назарет, кIуэж зэрыхъунур. Мэриемрэ Исуфрэ абы хуабжьу иригуфIащ.

Назарет дэс я ныбжьэгъухэр гуфIэжу къапежьащ абыхэм, Хьисэ щалъагъум, мыр жаIащ:

„Сыту щIалэ цIыкIу къабзащэ яIэ мы Мэриемрэ Исуфрэ, сытуи зэуэ пIащэ хъуа!“ Исуфрэ Мэриемрэ гуфIэрт. Абыхэм насыпыфIэ дыдэу залъытэжырт я деж къызэрагъэзэжам щхьэкIэ.

Исуф пхъащIэ IэщIагъэм зритыжащ. Iэнэ, шэнт, хадэм зэрилэжьыхь Iэмэпсымэ сыт хуэдэхэр абы пхъэм къыхищIыкIырт. ЦIыхухэм жаIэрт:

„Дэ хуабжьу дрогуфIэ фэ къызэрывгъэзэжам. Уэ езыр упхъащIэ бэлыхьщ, Исуф, икIи хуабжьу дыпхуэныкъуащ дэ уэ“.

Хьисэ нэхъ къызэрыдэкIуэтейуэ, Исуф зэрыпхъащIэм кIэлъыплъу, пхъащIэ Iэмэпсымэхэм ирилэжьэфу зригъэсащ.

Щэбэт махуэ къэс цIыху псоми загъэпсэхурт, лажьэртэкъым. ЦIыхухэр а махуэм синэгуэгум (тхьэлъэIупIэм) екIуалIэрт, Тхьэм елъэIуну, Тхьэм и хабзэхэм щIэдэIуну. Фэ шыхьам тетха а хабзэхэм макъ утIыпщакIэ къеджэхэрт.

ЩIалэ цIыкIухэр илъэсих зэрырикъуу, синэгуэгум хэт еджапIэм кIуэуэ щIа-дзэрт. ЕгъэджакIуэм лъэкI къыигъанэртэкъым Тхьэм и хабзэхэр цIыкIухэм къагуригъэIуэнымкIэ. Адрей щIалэ цIыкIухэм яхэту, Хьиси синэгуэгум кIуэрт. Ар хуабжьу еджакIуэ жыIэдаIуэт.

Хьисэ илъэс пщыкIутI ирикъуащ. Илъэс пщыкIущ щрикъуну махуэм, ари и ныбжьэгъухэри зэхуэсынурэ, абы ехьэлIа тхьэлъэIу синэгуэгум щащIа нэужь, ныбжьыщIэ хъуауэ къалъытэнущ.

Мэриемрэ Исуфрэ Назарет щыщ цIыху куэд я гъусэу, Ерусалим илъэс къэс кIуэрт, IутIыж махуэшхуэм хэтыну. Махуэ псокIэ лъэсу кIуа мо ешаелIахэр зэрыгупу зыщIыпIэ деж къыщцыувыIащ, нэху къыщекIыну. Мэриемрэ Исуфрэ Хьисэ япэ дыдэу здрашэжьат абы щыгъуэ.

Ерусалим зэрыщыIа зэманыр щIэх дыдэ кIуауэ къащыхъуащ абыхэм. Тхьэм и унэшхуэм ахэр махуэ къэс кIуэрти, дин егъэджакIуэхэм жаIэм щIэдэIурт, Тхьэм елъэIухэрт. IутIыж махуэшхуэм ирихьэлIэу пщыхьэщхьэшхэ ящIащ: журтхэм ягу къагъэкIыжырт адэ ижь-ижьыж зэманым Тхьэм къыхиха и лъэпкъыр мысыр гъэрыпIэм кърищыжу зэрихъумар.

Хьисэ и адэ-анэм ящIыгъу зэпыттэкъым. И ныбжьэгъухэм я гъусэуи къикIухьырт Абы. Зэгуэрым, унэм къыздэкIуэжым, ар и адэ-анэм яфIэкIуэдащ. Нэху къыщекIыну зыщIыпIэ къыщцыувыIа нэужьщ абыхэм я къуэр зэрадэщIымыгъужым гу щылъатар. Сыт ящIами, къахуэгъуэтыжакъым абыхэм я къуэр. Зыми илъэгъуатэкъым Ар а махуэм. Щымыхъум, Ерусалим къагъэзэжри, абы къыщалъыхъуэу щIадзащ.

Махуэ псокIэ къалъыхъуащ абыхэм Хьисэ. Махуищ дэкIауэ Мэриемрэ Исуфрэ ар къагъуэтыжащ, Тхьэм и унэшхуэм щIэтрэ дин егъэджакIуэхэм епсэлъылIэу. Мэрием абы хуабжьу зыхуигъэгусащ.

„Догуэ, дэ дызэрыгузэвэнур умыщIэу арат уэ?“ - еупщIащ ар Хьисэ.

„Фэ фщIэну и чэзу хъуащ сэ си хэщIапIэр мырауэ, си Адэм и унэрауэ зэрыщытыр, - жэуап итыжащ Хьисэ. - Сэ згъэзэщIэну си къалэнщ Абы и унафэр“.

Мэриемрэ Исуфрэ къагурыIуакъым абы жиIэр. Хьисэ ищIэрт ар Тхьэм и Къуэу зэрыщытыр. Абы и унафэхэр гъэзэщIэным зыхуигъэхьэзырурэ къэхъурт ар.

„Хьисэ и сабиигъуэ“ хъыбарыр Инджылым зэритым тещIыхьауэ мыбдежым къыщытIуэтэжащ.

Тхьэгурымагъуэхэм (тхьэмадэ Iущхэм) зэрахуэзам теухуар ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтам и етIуанэ псалъащхьэм, Хьисэ Ерусалим зэрыщыIар ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтам и етIуанэ псалъащхьэм къахэтхащ. А хъыбаритIым яку дэт зэманым екIуэкIахэр зыми ищIэркъым... Мэриемрэ Исуфрэ ящыгъупщэжатэкъым, Хьисэ къэхъун ипэ, мелыIыч къахуэкIуэу хъыбар къазэрыригъэщIари ар дунейм къытехьа нэужь къэхъуа Iуэхушхуэ телъыджэхэри. Ерусалим зэрыкIуам абыхэм ягу къигъэкIыжащ Хьисэ Тхьэм и Къуэу зэрыщытыр, къалэн хэха иIэуи Ар Тхьэм мы дунейм къызэригъэкIуар.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарым къыщытIуэтэжащ Хьисэ балигъыпIэ иува хъуа нэужь къэхъуахэр.

**ХЬИСЭ И НЫБЖЬЭГЪУХЭР**

Хьисэ къыщыдэкIуэтеям, Абы и Iыхьлы Иуан теухуауэ нэхъыбэ зэхих хъуащ. Иуан Иордан псым и Iуфэм цIыхухэр Тхьэм и псалъэхэм щригъэдаIуэрт. ЦIыхухэр абы къыщызэхуэсырт, Иуан и псалъэхэм едэIуэн щхьэкIэ.

„Тхьэм и Къуэр дунейм къытрегъэхьэ, - жиIэрт Иуан, - ауэ фэ фыхуэхьэ-зыркъым абы фыIущIэну. Фэ Тхьэм фыкъыхиха лъэпкъщ, ауэ къыфтехуэ къалэныр вгъэзащIэркъым“.

ЦIыхухэм ящIэрт ар зэрыпэжыр. Тхьэм и хабзэхэм куэдрэ щебакъуэ щыIэт ахэр, сыту жыпIэмэ гугъуIуэу къалъытэрт.

„Дэри дрогумэщI абы, - жаIэрт цIыхухэм, - ауэ лIо дыбгъэщIэнур?“

„Фымыщхьэхыу фыкъакIуэурэ зызвгъэумэхъ, - къажриIэрт абыхэм Иуан, - фи гъащIэр нэхъыфIи нэхъ къабзи хъуну фызэрыхуейр влэжь IуэхухэмкIэ къэвгъэлъагъуэ. Апхуэдэу фщIымэ, фи гуэныхьхэр Тхьэм къыфхуигъэгъунущ".

Зрагъэумэхъын щхьэкIэ цIыхухэр щэ бжыгъэкIэ Иуан къыхуэкIуэ хъуащ. Ахэр абы „УмэхъакIуэ ИуанкIэ“ еджэрт. Гуэныхь лъэпкъ темылъ пэтрэ, Хьисэ цIыхухэм ящIыгъуу къэкIуащ Иуан зригъэумэхъыну. Хьисэ Иуан зригъэумэхъа нэужь, уафэм макъ къиIукIащ:

„Мыращ сэ фIыуэ слъагъу си Къуэ щIасэу си гум ирихьыр“.

Хьисэ ищIэрт Тхьэм и унафэр гъэзэщIэн щыхуей пIалъэр къызэрысар. ГъэзэщIэгъуафIэтэкъым ар. Абы къыхэкIыу ар и закъуэу губгъуэ нэщIым и закъуэу кIуащ Тхьэм елъэIуну.

Махуэ куэдкIэ щыIащ Ар абы, ауэ а зэманым къриубыдэу зыри ишхакъым.

АрщхьэкIэ цIыхум я бий, Тхьэм къигъэщIа дуней дахэр зэIызыщIа шейтIаным мурад ищIащ Тхьэм и унафэхэр игъэзэщIэнымкIэ Хьисэ зэран къыхуэхъуну. Ар пэплъащ Хьисэ хуабжьу къыщцымэжэлIэнум.

Хьисэ апхуэдэу къыщцымэжэлIам, зыкъыхуигъазэри, ар хэтащ Хьисэ Тхьэм емыдаIуэу, езым жиIэм къытригъэхуэну.

АрщхьэкIэ Хьисэ абы къыжриIащ:

„Сэ зэи уэ узгъэлъэпIэнукъым, шейтIан, сыту жыпIэмэ Тхьэм и псалъэхэм мыпхуэдэу яхэтщ: „Зиусхьэну уи Тхьэр бгъэлъапIэурэ, Абы и закъуэ ухуэлэжьэн хуейщ".

ИкIэм-икIэжым шейтIаныр Хьисэ и ужь икIыжын хуей хъуащ.

Губгъуэ нэщIым къикIыжа нэужь, Хьисэ Галилей псыхъурейм кIуащ. И Iуэхур абы щиублащ. Абы къилъэгъуащ бдзэжьей ещэу псы Iуфэм Iут лIитIыр. „Симон, Идрис, - къриджащ ахэр Хьисэ. - ФынакIуэ си гъусэу! Фэ дяпэкIэ фызэщэнури къэвубыдынури бдзэжьейкъым, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щхьэкIэ цIыхупсэхэрщ".

Хъыр ядыжу щыс нэгъуэщI бдзэжьеящитIи къилъэгъуащ Хьисэ.

„Екъуб! Иуан! - къриджащ ахэри Хьисэ. - ФынакIуэ, фэри сыфхуейщ сэ!“ Арати, я Iуэху къагъанэри, бдзэжьеящиплIыр Хьисэ и ужь иуващ.

АбыхэмкъакIэлъыкIуэу, Хьисэ къриджащ Вифсайдэ къуажэм щыщ Филипп. Филипп хуабжьу и гуапэ хъуащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящIыгъуну абы къызэрыриджар. ГуфIэгъуэр иIэу, и ныбжьэгъу Нафанаил деж кIуэри, абы Хьисэ зэрыIущIар жриIэжащ.

„Назарет къикIыу фIы лъэпкъ къакIуэ хабзэкъым“, - жиIащ Нафанаил. АрщхьэкIэ, дауэ хъуми, ар Филипп щIыгъуу кIуащ, езыр и щхьэкIэ Хьисэ IущIэну хуейти.

„ФIэхъус апщий, Нафанаил, - жиIащ Хьисэ. - Филипп укъриджэн и пэ ахъуо жыгым и щIагъым ущIэсу услъэгъуат сэ уэ“.

Ар щызэхихым, Нафанаил къыгурыIуащ Хьисэ имыщIэ лъэпкъ абы и гъащIэм зэрыхэмытыр! Арати, Нафанаил ежьащ Хьисэ щIыгъуу.

Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Галилей щыщ Канэ къуажэм щекIуэкIыну хьэгъуэлIыгъуэм хэтыну ирагъэблэгъащ зэгуэрым. Хьисэ и анэ Мэрием пщэфIэнымкIэ ядэIэпыкъурт, сыту жыпIэмэ абы фIыуэ ицIыхурт нысащIэр.

ГуфIэгъуэм зэрекIуэнкIэ псоми дахэу захуэпат, нэжэгужэт, я нэгум насыпыр къищырт. ХьэгъуэлIыгъуэ Iэнэхэр удз гъэгъахэмкIэ гъэщIэрэщIат, нысащIэр, хэти хуэмыдэжу, дахащэу хуэпат, езыри дахэт.

Псори нэжэгужэт, Мэрием мыхъумэ. Хьисэ гу лъитащ абы.

„Сыт къэхъуар?“ - гузавэу еупщIащ ар Мэрием.

„ЕмыкIу дыдэ къытщыщIащ, си щIалэ, емыкIу дыдэ! ИгъащIэкIэ цIыхухэм яжьэдэлъынщ ар. ПщIэрэ, санэр дыухащ, Iэнэм къытедгъэувэн щыIэжкъым. Ярэби, уэ зыгуэр къыумыгупсысыфыну пIэрэ?“

Мэрием Хьисэ къыхуриджащ унэIутхэм я нэхъыщхьэр.

„Си Къуэм къыбжиIэу хъуар гъэзащIэ“, - жриIащ Мэрием абы.

„Кхъуэщынышхуих нэщIу къэгъуэти, ярызу псы икIэ“, - жриIащ Хьисэ унэIутым. Хьисэ къыжриIар унэIутым игъэзэщIащ.

Кхъуэщынхэм псыр изу ярыту илъэгъуа нэужь, Хьисэ жиIащ:

„Иджы къигъахъуи, тхьэмадэм ет“.

УнэIутым, къыжраIам тету, фалъэм изу кърригъэхъуащ. Фалъэм итыр санэрт!

„ИгъащIэм сызэфауэ хъуам нэхърэ нэхъ санэфIщ мыр?“ - жиIащ тхьэмадэм, зэригъэщIэгъуэнур имыщIэу.

Ар Хьисэ илэжьа Iуэхушхуэ телъыджэ къомым ящыщу япэ дыдэт.

Галилей псыхъурейм къыщигъэзэжам, абы и ужьым цIыху куэд итт. Абыхэм зэхахакIэт хьэгъуэлIыгъуэм къыщыхъуа Iуэхушхуэ телъыджэм и хъыбар, хъыбару мыхъуу, апхуэдэ гъэщIэгъуэн гуэр я нэкIэ зрагъэлъагъуну хуейт.

Ауэрэ ахэр нэсащ хьэкътын ахъшэр хэзыхыр здэщысым деж.

„Маттэ! - еджащ абы Хьисэ, - уэри мыдэ си ужь къиувэ, сэ сыпхуейщ уэ“. Маттэ къэтэджщ, ахъшэхэр зыдэлъ пхъуантэр къигъанэри, Хьисэ и ужь иуващ. А махуэм къыщыщIэдзауэ ари къахэхъуащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэну цIыху пщыкIутI къыхихащ, ныбжьэгъу дыди къыхуэхъуащ ахэр Абы. Ахэр сытым дежи щIыгъут абы, Тхьэм и псалъэхэр цIыхухэм щалъигъэIэсым деж я тхьэкIумэр тегъэхуауэ щIэдэIухэрт. „Апостолт" абыхэм зэреджэр.

Мис абыхэм я цIэр: Симон Петррэ абы и къуэш Идрисрэ, Екъубрэ абы и къуэш Иуанрэ, Филиппрэ Варфоломейрэ, Фомарэ хьэкътын ахъшэ хэзыхыу щыта Маттэрэ етIуанэ Екъубрэ Фадейрэ, Симон Зилотрэ Иудэ Искариотрэ.

„Хьисэ и ныбжьэгъухэр“ хъыбарыр къызыхэтхар ХъыбарыфIыр Марк къызэриIуэтамрэ (1-3-нэ псалъащхьэхэр) ХъыбарыфIыр Иуан къызэриIуэтамрэщ (1-2-нэ псалъащхьэхэр). Тхьэм хуэлэжьэну щIидзэн и пэ, Хьисэ Иуан зригъэ-гъэумэхъащ. Ауэ, адрейхэм хуэмыдэу, ар гуэныхьыншэт. Абы щIэрыпсу Iуэхур къыщIыщIидзэн щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэтэкъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Абы Тхьэм и унафэр игъэзэщIауэ аркъудейщ. Тхьэм итIанэ наIуэ къищIащ и нэфIыр Хьисэ къызэрыщыхуэр. Тхьэм абы къаруушхуэ кърритащ, ауэ Хьисэ ищIэрт а къарур щIиIэр, и щхьэр мыхъуу, нэгъуэщIхэм яхуэлэжьэн хуейуэ зэрыарар. ШейтIаныр, гуэныхь иригъэщIэну, Абы и ужь щитым, быдагъэ хэлъу пэуващ, Тхьэм и пса-лъэхэмкIэ жэуап иритыжу. Галилей къигъэзэжа нэужь, Абы къриджащ и гъуэгу ирикIуэну цIыху гуп. Ахэр цIыху пщыкIутI хъурт.

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр теухуащ Хьисэ и ужь къиува цIыху къомым Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и хъыбар зэралъигъэIэсам.

**ХЬИСЭ ДИН ГЪЭСАКIУЭЩ**

Зэгуэрым, къуршылъэ щIыпIэм кIуауэ здэщыIэм, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яжриIащ:

„Зы гъэщIэгъуэн гуэр вжесIэнущи, быдэу фыкъедаIуэ мыдэ. Зэгуэр, сэ сыщыфхэмытыжынум деж, ар фигу къэвгъэкIыжынщ. Фи мыгугъэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр мы дуней пащтыхьыгъуэхэм ещхьу. Фи фIэщ мыхъумэ, сыт насыпу къэфлъытэр жыфIи, цIыхухэм феупщI. Абыхэм жэуапу къыватынур мыращ: къулеигъэ, узыншагъэ, щIыхь.

Ауэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щIэтыну псори насыпыфIэу щытынущ: тхьэмыщкIэхэри, къулейхэри, сымаджэхэри, а нэхъ къызэрыгуэкI дыдэ цIыхухэри. Насыпу щыIэм я нэхъ иныр Тхьэр фIыуэ плъагъурэ абы и унафэм ущIэту упсэунырщ.

Тхьэр фэ фи лъэIухэм хуэныкъуэщ. Мис мыпхуэдэу фелъэIу хъунущ, псалъэм папщIэ, Абы:

„Уэ ди Адэ лъапIэу уафэм щыIэ! Уи цIэр цIыхухэм ягъэлъапIэу ирехъу. Уи Тепщэныгъэшхуэр кърекIуэ. Уэ узыхуейр уафэм зэрыщыхъум хуэдэу, щIылъэми щрехъу. ЩIакхъуэ дызыхуэныкъуэр нобэ къыдэт. Мыхъуну тщIахэр къытхуэгъэгъу, дэ мыхъун къыдэзыщIахэм зэрахуэдгъэгъум хуэдэу. ШейтIаным гуэныхь дигъэщIэну хуит умыщI, икIи абы дыщыхъумэ. МыкIуэдыжын тепщэныгъэшхуэр, лъэкIыныгъэшхуэр, щIыхьышхуэр ууейщ. Iэмин“.

Тхьэм жэуап занщIэу къуимытыж щхьэкIэ, жыпIэу хъуар зэхех, - жиIэри къыпищащ Хьисэ. - Зыгуэрым и бжэм фытеуIуэрэ къыфхуIуимыхмэ, къыфхуIуихыху фытеуIуэ. Мис абы ещхьыркъабзэнущ Тхьэм фыщелъэIум дежи зэрыфщIынур.

Сэ зыгуэркIэ фыкъызэлъэIурэ жэуап фэзмытыфамэ, абы щхьэкIэ фыкъызэлъэIун къэвгъанэрэ? Мис апхуэдэущ Тхьэм фызэрелъэIунури. Тхьэм фелъэIуну зэи фымышынэ.

Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм и хабзэ псори гущIэгъукIэ гъэнщIащ, - къыпищащ Хьисэ адэкIэ, - ауэ абы щыIэщ хэхауэ зы хабзэ: цIыхухэм лъагъуныгъэ яхуиIэныр. ЦIыхухэр есащ я ныбжьэгъухэр фIыуэ ялъагъурэ я жагъуэгъухэр ямылъагъуу.

Ауэ Тхьэр хуейщ фыкъэзылъагъу мыхъухэри фIыуэ флъагъуну. Мис итIанэ хэт дежкIи наIуэ хъунущ фэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фызэрыщIэтыр.

ЦIыхухэм я Iейр зэвгъэлъагъуну фыхущIэмыкъу. ЦIыхухэм я ныкъусаныгъэхэр евгъэлъагъужу щIэвдзэмэ, езыхэми фэ фи ныкъусаныгъэхэм гу лъатэнущ. Иужьу вжесIэнуращи, - пагэу фыщымыт.

Зэгуэрым, Тхьэм и унэшхуэм щIэту цIыху гуэр Тхьэм щелъэIурт:

„Ди Тхьэ! Сэ уи хабзэхэр зэрысхъумэмрэ зэрызгъэзащIэмрэ хуабжьу срогуфIэ“.

Ар хуабжьу и щхьэм хуэарэзыжт, и псэукIэм ирипагэрт.

НэгъуэщI гуэри мыпхуэдэу елъэIурт Тхьэм:

„Си Тхьэ, сэ, цIыху гуэныхьыщIэм, гущIэгъу къысхуэщI“

Мис а иужьрейращ насыпыфIэ хъуауэ и унэ кIуэжар, сыту жыпIэмэ Тхьэм абы и гуэныхьыр къыхуигъэгъуащ.

Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIэтмэ, фэ фыщIэгузэвэн лъэпкъ щыIэкъым. Феплъыт мо уэгум ит бзухэм. Абыхэм яшхыни зэфэн псыи Тхьэм къащриткIэ, фэ фызыхущыщIэ щымыIэу абы фызэригъэпсэунум шэч къытевмыхьэ.

Щыгъынри абы ещхьыркъабзэщ: феплъыт мо губгъуэм къыщыкI удз гъэгъахэм. Пащтыхь фащэм нэхърэ нэхъыкIэкъым ахэр Тхьэм зэрихуэпар. Фэри, хуей фыхъумэ, хуэпауэ фызэрыщытыным Iэмал имыIэу и ужь итынущ Ар. Фэ хьэпшып куэд фиIэну фыхуейщ, къэвгъуэтакъэ - ффIадыгъункIэ е зэкIуэкIынкIэ фышынэ зэпыту фопсэу. АтIэми, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIэтмэ, фэ фщIэн хуейщ хьэпшыпым мыхьэнэшхуэ зэримыIэр. Фэ фи хьэпшып нэхъ лъапIэ дыдэр здэщыIэр уафэрщ.

Къызыщывгъэхъут цIыхуитIым унэ зыры ящIыну къргагъэжьауэ. Япэм мывэ къырым трещIыхь. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, ар лэжьыгъэ хьэлъэщ, унэ лъабжьэр щIыным гугъуехьышхуэ пыщIащ. Абы къыхэкIыуи зэман куэд текIуэдащ а унэ лъабжьэр щIыным. ИтIанэ абы зэтрилъхьащ блынхэр. Ар куэдрэ елIэлIащ а унэм, абы къыхэкIыуи унэр быдэ хъуащ.

Борэнышхуэ къэхъуу тенджызыр къыщыукъубеям, унэм зыри къыщыщIакъым, сыту жыпIэмэ ар егугъупэрэ быдэу, къыр лъагэм и щхьэми тету ящIат. Сэ жысIэм федаIуэрэ зэхэфхар вгъэзащIэу щытмэ, абы къикIыр мис а зи унэр къыр лъагэм тезыщIыхьа цIыхум фрещхьу аращ.

ЕтIуанэм пIащIэ-тхъытхърэ нэхъ псынщIэIуэу зэриухынум хэтурэ унэр ищIащ. Унэ лъабжьэр нэхъ къэтIыгъуафIэ хъун щхьэкIэ, абы унэр щищIыну къыхихар нэхъ щабэу щыт пшахъуэщIым дежщ. Дауи, абы и Iуэхур нэхъ тыншт, абы къыхэкIыуи и унэр нэхъ псынщIэу иухащ.

АрщхьэкIэ псыхэкIуадэ хъуащ ищIа псори: борэн къэхъущ, псыр къиущ, унэ лъабжьэм къыщIэлъадэри щIилъэсыкIащ. Зи лъабжьэр быдэу щымыт унэр къэуэнтэкъэ - зэуэ къызэтещэхащ.

Сэ жысIэм фыщIэдэIурэ а жысIар фымыгъэзащIэмэ, абы къикIыр зи унэр пшахъуэм тезыщIыхьам фрещхьу аращ.

Сэ сыхуейщ фэ уэздыгъэм ещхьу фыщытыну, - жиIащ Хьисэ. - Уэздыгъэр щыпывгъанэм деж, фэ абы тефпIэIакъым, пэжкъэ? Лъагэу тывогъэувэ, унэ кIуэцIыр нэхъ къигъэнэхун щхьэкIэ. Дуней псор къэзыгъэнэху фынэхугъэщ фэ.

Сэ сыхуейщ жыжьэ дыдэ укъиплъми плъагъуу къуршыщхьэм тращIыхьа къалэм ещхьу фыщытыну. Фи Iуэху щхьэпэхэр ялъагъуа нэужь, цIыхухэм къагурыIуэнщ фэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фызэрыщIэтыр".

„Хьисэ дин гъэсакIуэщ" хъыбарыр Iуащхьэм тету Хьисэ къыжиIа псалъэхэм щыщщ. Хьисэ абы щыжиIа псалъэхэр ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтам и 5-7-нэ псалъащхьэхэм щывгъуэтынущ.

Галилей псыхъурейм и Iуфэм Iуту Хьисэ захуигъэзауэ щытащ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ фIэщхъуныгъэ къыхузиIэу и ужь къиува цIыхубэмрэ. Дунейм нэхъ фIыгъуэу телъыр цIыхухэм къазэрыгурыIуэу щытар абы зэуэ ихъуэжащ.

ЦIэрыIуэныгъэми, IэщIагъэми, къулеягъэми мыхьэнэ яIэкъым. Псом нэхърэ нэхъапэр икIи нэхъыщхьэр Тхьэращ. Пэжыгъэрэ къабзагъэрэ ди гум илъу дыпсэумэ, дызыхуейуэ хъуамкIэ дэ абы дыщыгугъыурэ, езым и пащхьэм итлъхьэн тлъэкIынущ. ИкIи жытIэ хъунущ абы щхьэкIэ: „Ди Адэ ЛъапIэ".

КъыкIэлъыкIуэ хъыбарыр теухуащ зы щIалэ цIыкIум хурикъун къудей шхынымкIэ цIыху куэдыкIей загъэнщIу Хьисэ зэригъэшхам.

**ХЬИСЭ ЦIЫХУБЭР ЗЭРИГЪЭШХАР**

Хьисэ дэнэ кIуэми, цIыху куэд и ужь итт. Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэ уафэм щыIэм ар щытепсэлъыхькIэ едэIуэну яфIэфIт абыхэм. Хьиси фIэфIт цIыхубэм Тхьэм и псалъэхэр ялъигъэIэсыну.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ зыкъомыр Галилей псыхъурейм пэгъунэ-гъуу щыпсэу бдзэжьеящэхэрт. Хьисэ цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр ялъигъэ-Iэсырт, езыхэр бдзэжьей ещэрт.

Зэгуэрым Хьисэ мурад ищIащ и гъуэгу ирикIуэхэр зыщIигъуу псыхъурейм и адрей Iуфэм кхъуафэжьейкIэ кIуэну, зыщагъэпсэхун щхьэкIэ. Ауэ псы Iуфэм щесылIам, абдежми цIыху къом бжьэм хуэдэу щызэхэтт, абы къыпэплъэу. Ахэр къэкIуат Хьисэ жиIэхэм едэIуэну.

ЦIыху куэд дыдэ зэхуэсат. Абыхэм ящыщ зыкъомыр тхьэмыщкIэ дыдэт, ахъши лэжьапIи яIэтэкъым. Щыгъын лъапIэхэр зыщыгъ къулеижь гуэрхэри яхэтт.

Балигъхэм ящIыгъуу сабий куэди къэкIуат. ГуфIэжу, удзыпцIэм къыщажыхьырт абыхэм, мывэжьхэм я зэхуакухэм гъуэрыгъуапщкIуэ щыджэгурт. Ешыху къажыхьа, джэгуа нэужь, я адэ-анэхэм деж къагъэзэжри, Хьисэ къаухъу-реихьарэ жиIэнум пэплъэу зэхэтхэм яхэуващ ахэри. Я тхьэкIумэ тегъэхуауэ псори щIэдэIурт Хьисэ жиIэхэм.

„Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэну фыхуеймэ, - жиIэрт Хьисэ, - мы цIыкIухэм ещхьу фыщыт. Мис итIанэ Тхьэм фыкъиштэнущ фэ".

„Абы и Тепщэныгъэшхуэр дауэ зэрыщытыр?" - къеупщIырт абы цIыхухэр.

„Ар ещхьщ, зэ закъуэ фыIуплъамэ, фиIэу хъуар зыщIэфтыфыну налкъут дахащэм, - къаритыжырт абыхэм Хьисэ жэуап.

„А жыхуэпIэр Тепщэныгъэ телъыджэщ итIанэ!“ - жаIэурэ арэзы техъуэрт цIыхухэр.

Ауэрэ пшапи зэхэуащ, куэдрэ гъуэгу тета цIыху къомри къэмэжэлIащ.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр хуежьащ цIыхухэм ирагъэгъэзэжыну, ауэ езы Хьисэ яхуимыдэу моуэ жиIащ: „Хьэуэ, ахэр гъуэгу теувэжын япэ, мышхэу хъунукъым. Фэ вгъэшхэн хуейщ ахэр“.

„Дауэ? - ягъэщIэгъуащ абыхэм, - апхуэдиз цIыху тхуэгъэшхэну дэ?“

ЯщIэнур къахуэмыщIэрэ зэчэнджэщыжу зэхэуващ ахэр. Япэрауэ, мы Iуащхьэ щIыпIэм тыкуэн лъэпкъ щыIэтэкъым, щыIами, апхуэдизыр къэзыгъэшхэн ахъшэ дэнэт абыхэм къыздрахынур?

Абыхэм махуэ псом къадэщIыгъуа щIалэ цIыкIу гуэр къабгъэдыхьэри, къажриIащ:

„Хьисэ седаIуэурэ мы си матэм гъуэмылэ зэрилъыр сщыгъупщэжат сэ. Мэ, къафщтэ мыр!“

Гъуэмылэ зэрылъ матэ цIыкIур Хьисэ къиштащ, ауэ езым ишхын щхьэкIэтэкъым къыщIиштар. Абы и гъуэгу ирикIуэхэм унафэ яхуищIащ цIыхухэр зэрышхэнум хуэдэу ягъэтIысыну.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм унафэр ягъэзэщIащ, щIакхъуэ цIыкIуитхурэ бдзэжьей цIыкIуитIрэ фIэкIа Хьисэ зэримыIэр ящIэ пэтми.

„А къомым дауэ мор зэрахурикъунур!“ - гузавэурэ жаIэрт абыхэм.

Ар зэхимыха хуэдэу, къэтэджри, Хьисэ Тхьэм фIыщIэ хуищIащ шхын къазэрыритам щхьэкIэ.

ИтIанэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм яхуишиящ щIалэ цIыкIум кърита матэр, шхыныр цIыхухэм хуагуэшыну къажриIэри.

Абы къыдэкIуэуи, Хьисэ цIыхухэм къажриIащ:

„Псоми фабгъэдыхьэ, зэвмыту зыри къэвмыгъанэ“.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм щIалэ цIыкIум и матэм илъ гъуэмылэр зэрыхъукIэ ягуэшри, езыхэм я матэхэм иралъхьащ. Апхуэдэут Хьис зэрыжиIари, ягъэзэщIащ.

ИтIанэ цIыхухэм яхыхьэри хуагуэшу щIадзащ шхыныр.

ЯпэщIыкIэ псоми ялъэIэсу тIэкIу-тIэкIу хуагуэшащ, ауэ зэрахурикъунур щалъа-гъум, хуит ящIащ зыхуейм хуэдиз къащтэну. Арати, псори я ныбэ изу шхащ а пщыхьэщхьэшхэ гъэщIэгъуэным.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я нэгум гузавэр итыжтэкъым. Ахэр гуфIэрт. Махуэшхуэ гуэрым ещхьт ар. Псом хуэмыдэжу щIалэ цIыкIур иригуфIэрт гъуэмылэр ишхыну зэрыщыгъупщам.

Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа нэужь, кIэрыхубжьэрыхухэр псоми зэщIащыпэжащ.

ЗэщIащыпэжри, матэхэм иралъхьащ: матэ пщыкIутIым ярыз хъуащ щIакхъуэрэ бдзэжьейуэ къэнар.

„Сыту телъыджэ ар! - жаIэрт абыхэм. - Хьисэ иIар щIакхъуэ цIыкIуитхурэ бдзэжьеитIрэщ. ИтIани, мис, псоми зыдгъэнщIащ, абы и щIыIужкIэ мо къомри къыдэхуащ!"

Тхьэм фIыщIэ хуэдвгъэщI, - жиIащ Хьисэ, - икIи зэвгъащIэ: Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щыIэ щIакхъуэр куэдкIэ нэхъыфIщ. А щIакхъуэр зэи пхуэухынукъым, сыту жыпIэмэ абы ух иIэкъым. Апхуэдэ щIакхъуэ щхьэкIи щхьэ фыкъызэмылъэIур сэ?"

„Ар дапхуэдэ, а щIакхъуэ мыкIуэдыжыныр езыр?" - къеупщIащ ахэр Хьисэ.

„Ар - сэращ, - жиIащ Хьисэ. - ЦIыхухэм гъащIэ езыт щIакхъуэр сэращ. Сэ сыкъыщIыфхуэкIуар мыкIуэдыжын гъащIэ фэстыну аращ".

„Хьисэ цIыхубэр зэригъэшхар" хъыбарыр къызыхэтхар ХъыбарыфIыр Иуан къызэриIуэтам и еханэ псалъащхьэрщ. А хъыбар телъыджэм нэгъуэщIуи йоджэ: - „Хьисэ цIыху минитхур зэригъэшхар", - абы Инджылым и япэ тхылъиплIыми ущрохьэлIэ. Иуан апостолым итхыжауэ къэнащ Хьисэ и псалъэхэр: „ЦIыхухэм гъащIэ езыт щIакхъуэр сэращ. Си деж къакIуэр мэжэлIэжынукъым, сэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр игъащIэкIэ псы хуэлIэжынукъым". Хьисэ дунейм къыщIытехьар мэжалIэхэр игъэшхэну аркъудейкъым, мыкIуэдыжын гъащIэ яритын щхьэкIэщ.

КъыкIэлъыкIуэну хъыбарыр зэрыщыту зытеухуар Тхьэм и Тепщэныгъэ-шхуэрщ.

**ХЬИСЭ ЩЭХУХЭР КЪЫЗЭРЫЗЭIУИХАР**

Хьисэ жиIэхэм щIэдэIуну апхуэдизкIэ цIыху куэд зэгуэрым зэхуэсати, а къомыр зыщIэхуэн пэш мы дунейм тету къыщIэкIынтэкъым, абы къыхэкIыуи ахэр кIуащ Галилей псыхъурейм и Iуфэм. ЦIыхур Iувти, Хьисэ псы Iуфэ дыдэм Iутын хуей хъурт.

Арати, и гъуэгу ирикIуэхэм я кхъуафэжьейм итIысхьэри, Хьисэ сымэ псы Iуфэм мащIэу IусыкIащ. Иджы ар псоми ялъагъурт, жиIэхэри зэхахырт.

„Псори хъарзынэщ, - жиIащ Хьисэ, кхъуафэжьейм здисым, - ауэ сыт фэ нобэкIэ зэхэфхыну фызыхуейр?

Хэт ищIэрэ, зы Iуэхушхуэ телъыджэ гуэр флъагъуным е зы гъэщIэгъуэн гуэр зэхэфхыным фыщIэхъуэпсу арагъэнущ фэ фыкъыщIэкIуар? Хьэмэрэ Тхьэм теухуауэ нэхъыбэ къэфщIэным фыхуейр пэж дыдэу пIэрэ? Армэ, фыкъэдаIуэ, сэ нобэ къыфхуззэIусхынщ Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм и щэху гуэрхэр.

Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр тарчицэ хьэдзэм ещхьу цIыкIунитIэщи, нэм къимыубыд жыхуаIэм хуэдэщ.

Уи фIэщ пщIыныр гугъущ, щIыгулъыр зэригъуэту, апхуэдэ хьэдзэ цIыкIунитIэм жыгышхуэ къикIыкIыныр, ари и къудамэшхуэхэр шэщIауэ тетрэ бзухэм абгъуэхэр тращIыхьыжауэ. Мис абы ещхьщ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр: иджыпстукIэ ар нэм къыхуэубыдыркъым, ауэ хэхъуэм-хэхъуэурэ, ин дыдэ хъунущ.

Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр ебгъапщэ хъунущ ятIэ шыкъырым ещхьу гъуа пщагъэм. Ар Iэнлъэм илъхьэ, хьэжыгъэ икIутэ, псы щIэкIэ, фIыуэ зэIыщIи, еплъыт зэрыхъум. Пщагъэ лъэпкъ хыумылъэгъуэжу тхьэвыр къэпщынущ.

Iэнлъэм зэрилъу хуабэм трагъэува тхьэвыр къэзыгъэпщынур абы хэлъ пщагъэ тыкъырыращ. Мис абы ещхьщ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэри -и IуэхущIафэхэр нэрымылъагъущ, ауэ дунейр къыпхуэмыцIыхужу зэзыхъуэкIын къару иIэщ.

Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр ещхьщ налкъутналмэсыр дэз ящIу щIатIа пхъуантэ-шхуэм. Зэгуэрым, мэкъумэшыщIэр тIэуэ губгъуэм здитым, и белыр быдэ гуэрым хуэзащ. Ар зищIысыр къищIэну къиулъэпхъэщурэ, мэкъумэшыщIэм къыщIитIыкIащ пхъуантэшхуэ. Абы дэлъ хъугъуэфIыгъуэ къомыр щилъагъум, ар пщIыхьэпIэу къыщыхъуащ мэкъумэшыщIэм.

Пхъуантэшхуэм щIыр тритхъуэжри, мэкъумэшыщIэм зыми зыри жриIакъым. Мылъкуу иIэр ищэщ, ахъшэфI къиугъуейри, абы къищэхуащ пхъуантэр здыщIэлъ щIыр. Мис иджы хъугъуэфIыгъуэ къомыр абы ей хъуат! Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэри апхуэдэщ. Ар сытым нэхъри нэхъ лъапIэщ, дунейм фIыгъуэу телъым нэхърэ нэхъыфIщ.

Иджыри зы щэху къыфхуззэIусхынщ сэ, - жиIэри къыпищащ Хьисэ. - Тхьэр пэж дыдэу хуейщ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фэ фыщIыхьэну.

Ахъшэ ффIэкIуэдагъэххи фэ зэгуэрым? ФфIэкIуэдауэ щытамэ, шэч хэмылъу унэм щIэлъу хъуар къызэвгъэдзэкIауэ къыщIэкIынущ, ар къэвгъуэтыжыну фыхэтурэ.

Къыщывгъуэтыжам, дауи, псоми яхуэфIуатэу фыдэтащ, фи гуфIэгъуэмкIэ адрейхэм фадэгуэшэну фыхэтурэ. Абы ещхьщ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэри. Фэ фщыщ дэтхэнэри яфIэкIуэда ахъшэм фрещхьщ, Тхьэм дежкIи гуфIэгъуэшхуэщ фыкъигъуэтыжыныр.

- Фымышынэ фэ, - къыпищащ Хьисэ адкIэ. - Фэ фщыщ дэтхэнэри лъапIэщ Тхьэм дежкIэ. Зыгуэр къызыщыщIа бзу цIыкIу нэгъунэ абы гу зылъимытэ щыIэкъым, бзууэ дунейм тетым нэхърэ Тхьэм дэ нэхъ фызэригъэлъапIэри зэвгъащIэ.

Тхьэм ещIэ уи щхьэм щхьэц налъэу итыр зыхуэдиз нэгъунэ“.

КъедаIуэу щысхэр щIэгуфIыкIащ, сабийхэри зэплъыжащ: абыхэм я щхьэцыр Iувт икIи баринэт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэц налъэ дапщэ тетми Тхьэм ищIэу щытмэ, ар гъэщIэгъуэнышэкъэ-тIэ!

„Фи хъуреягъэр набдзэгубдзаплъэу къызэхэфплъыхьрэ фIыуэ фегупсыс-мэ, фэркIэ гурыIуэгъуэ хъунущ Тхьэм и щэхухэм ящыщ зыкъом. Мы жыгыр флъагъурэ? Мыр жыгыфIщ, фхужыIэнущ фэ. Мыбы и къудамэхэр къришэхыжауэ пхъэщхьэмыщхьэ IэфI куэд пытщ. Феплъыт, нтIэ, модрей джабэ нэкIум кIэрыт жыгым. Ар жыгыфIкъым, сыту жыпIэмэ и къудамэхэр псыгъуэщ, къыпыкIэхэр цIыкIущ икIи дыджщ. Ещхьыркъабзэщ цIыхури: фIыри Iейри нэрылъагъу мэхъу, псалъэу зэхэпха е я IуэхущIафэхэр плъэгъуа нэужь.

- Сэ сытым дежи сыфщIыгъунукъым, -къыпищащ Хьисэ адэкIэ. - Абы къыхэкIыуи сэ сыхуейщ, сыфхэкIыжа нэужь, фи гъащIэ гъуэгур акъыл хэлъу фыубзыхуну. IуэхуфI влэжьыным фыхуэмыщхьэх. Сэ схуэвлэжь IуэхущIафэхэмкIэ фи махуэхэр вгъэнщI.

ЛIы гуэр зекIуэ ежьат. Ежьэн и пи, и унэIуту хъуам ахъшэ яритащ. Зым - нэхъыбэу, адрейм - нэхъ мащIэу. Яритри, ахъшэр фейдэ хэлъу зэрагъэкIуэкIыну унафэ яхуищIащ.

Мис абы ещхьу сэри си псалъэхэр къыфхузогъанэ. Фытет абыхэм икIи фигу ивмыгъэху. Нобэ хуэдэу къэзгъэзэжынущ сэ мы дунейм. Къэзгъэзэжынущ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр зыIэщIилъхьа Пащтыхь сыхъуауэ. Мис абдежым фэ си пащхьэм жэуап щыфхьынущ влэжьа псомкIи.

Бжьэмийхэр джэнурэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щыщ псори мелыIычхэм зэхуашэсынущ абы щыгъуэ. Аращи, фымыжейуэ а махуэм зыхуэвгъэхьэзыр!

ГъащIэм и гъуэгур тIууэ зэхокI Зыр бгъуэщ икIи занщIэщ, абы къыхэкIыуи урикIуэнкIэ тыншщ. Ауэ а гъуэгум фытемыхьэ фэ, сыту жыпIэмэ абы узыхуишэнур шейтIаным и лъахэрщ.

Фэ къыхэфхын хуейр бгъузэу икIи бырэтIырэу щыт гъуэгурщ. Ар къэгъуэ-тыгъуейщ, урикIуэнуи гугъущ. Ауэ абы фытемыкI фэ, сыту жыпIэмэ абы фыхуишэнущ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм. Iэмал иIэмэ, къэвгъуэт ар! Мис ар щэхуу щыIэм я нэхъ инщ".

Хьисэ и Щэхухэр - ахэр щIагъыбзэ щIэлъу цIыхухэм яхуиIуэта хъыбархэщ. Абыхэм ящыщ куэдыр топсэлъыхь Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм. Ахэр фэ къыщывгъуэтынущ ХъыбарыфIым (Инджылым): хьэдзэ закъуэм, пщагъэм, налкъутналмэсхэм ятеухуа хъыбархэр - ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтам и I3-нэ псалъащхьэм; ахъшэ кIуэдам теухуар - ХъыбарыфIыр Лука къызэиIуэтам и I5-нэ псалъащхьэм; жыгымрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ ятеухуар - еханэм; талантхэм ятеухуар - ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтам и 25-нэ псалъащхьэм, гъуэгуанитIым теухуар - и ебланэ псалъащхьэм.

Мы дунейм дытетыху, хэти хуитщ и гъащIэ гъуэгуанэр езым къыхихыжыну. Ауэ абыхэм узыхуашэр зэщхьэщокI. Тхьэр хуейщ езым и Тепщэныгъэшхуэм дыхуэзышэ гъуэгур къыхэтхыну, Хьисэ щIыгум къытехьэжа нэужь, дригуфIэжын хуэдэу.

Мы къыкIэлъыкIуэнур Хьисэ щIагъыбзэ щIэлъу къиIуэтэжа хъыбар нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ зыщ.

**САМАРИЕ ЩЫЩ ЦIЫХУУ ГУЩIЭГЪУ**

**ЗЫХЭЛЪЫМ ТЕУХУА ХЪЫБАРЫР**

Хьисэ жиIэм щIэдэIуну къекIуалIэхэм яхэтт Ар зи акъылым икIа гуэру цIыхухэм къащызыгъэхъуну хэтхэри. ЦIыхуу щыIэр Хьисэ къызэредаIуэм щхьэкIэ къыхузэгуэпырти, ахэр щIэмычэу абы къеупщIырт жэуап зэтыгъуей гуэрхэмкIэ.

ХабзэхэмкIэ дин егъэджакIуэ гуэр Хьисэ мыпхуэдэу къеупщIащ зэгуэрым:

„Сэ сыхуейщ а уэ зи гугъу къытхуэпщI мыкIуэдыжын гъащIэр згъуэтыну; сыт ар къэзгъуэтын щхьэкIэ, сщIэн хуейр?"

Хьисэ еупщIащ абы: „Торэт хабзэм пщIэн хуейуэ къыпхуигъэувыр сыт?"

„Къысхуегъэув Тхьэр гукIи псэкIи фIыуэ слъагъун, си щхьэр зэрыслъагъужым ещхьыркъабзэу спэгъунэгъу цIыхури фIыуэ слъагъун хуейуэ".

„Упсэу, пэж дыдэщ, - жиIащ Хьисэ, - нтIэ, сыт иджы къыбгурымыIуэжыр?"

Дин егъэджакIуэм игугъащ а кърита упщIэр Хьисэ къегугъуэкIыну, арщхьэкIэ нэгъэсауэ жэуап пэж кърититыжащ.

„Догуэт, догуэт. А „спэгъунэгъу цIыху" жыхуэпIэм къибгъэкIыр сыт уэ?"

„Мыдэ зы хъыбар къедаIуи, абы и жэуапыр къэпщIэнщ", - жиIащ Хьисэ.

Хьисэ и хъыбарыр иухыху, я тхьэкIумэр тегъэхуауэ псори едэIуащ. „ЛIы гуэр Ерусалим икIыу Ерихон кIуэрт. Гъуэгум псэкIэ бауэу зыри щызекIуэр-тэкъым, ихъуреягъкIэ цIыхуншэт.

Апхуэдэурэ здэкIуэм, хъунщIакIуэ гуэрхэр гъуэгубгъум къыIулъ мывэшхуэхэм къыкъуэжри, лIым къытеуащ. ФIыуэ кIуэцIакъухьщ, ахъшэу иIыгъыу хъуар трахри, уIэгъэ ящIарэ лъыр къыщIэжу гъуэгум къытранэри зэбгрыжыжащ.

ЗэрыжытIауэ, цIыху щIагъуэрэ щызекIуэртэкъым а гъуэгум, абы къыхэкIыуи уIэгъэ хъуа лIыр куэдрэ щылъащ, къыхуэмызэIауэрэ. Ауэрэ, икIэм-икIэжым, зы гъуэгурыкIуэ къыкъуэкIащ. Ар дин пашэт. Гъуэгубгъум Iулъ лIыр щилъагъум, ар хуабжьу къэшынащ. „ХъунщIакIуэхэр къыпэтIысщ, къытеуэри уIэгъэ ящIауэ аращ ар", - егупсысащ дин пашэр икIи пIащIэу блэкIащ. Ар шынащ хъунщIакIуэхэм къытрагъазэу абыи къытеуэнкIэ.

Ауэрэ, етIуанэ гъуэгурыкIуэр къэсащ. Ар Ерусалим дэт Тхьэм и унэшхуэм кIэлъыплъурэ щытыныр зи лэжьыгъэ левитт. Гъуэгум зэпрыкIри ар уIэгъэм еплъащ, ауэ, мыр псэу, хьэмэ лIа, жиIэу зэхимыгъэкIыу, левитри блэкIри ежьэжащ".

Ар апхуэдэу щIищIар къызыгурыIуа цIыхухэм „бгъэщIэгъуэн хэлъкъым" жыхуаIэу я щхьэр ящIащ. Псоми ящIэрт хьэдэ уеIусауэ Тхьэм и унэшхуэм ущIыхьэ зэрымыхъужынур.

„Ещанэ гъуэгурыкIуэр Самарие щыщ лIы гуэрт".

„Самарие“ псалъэр зэрызэхахыу, цIыхухэр мыарэзыныгъэ хэлъу зэщIэдымащ: журтхэм ялъагъу хъуртэкъым Самарие хэкум щыщхэр. Хьисэ къыпищащ адэкIэ: „ЛIы щылъыр щилъагъум, Самарие щыщ гъуэгурыкIуэр и шыдым къепсыхри хъуржыным илъ псылъэр кърихащ.

ЗэрымылIар къищIа нэужь, Самарие щыщ лIым абы и уIэгъэр хуитхьэщIащ, псыи иригъэфащ.

ИтIанэ и уIэгъэр хуипхэщ, шыдым игъэшэсщ, IумпIэр иубыдыжри, и гъуэгу хигъэщIу ежьащ. МыпIащIэурэ нэсащ ахэр нэхъ гъунэгъу дыдэу щыIэ хьэщIэщым, Самарие щыщ лIыр япэми " мызэ-мытIэу жэщ щигъэкIуам. ХьэщIэщыр зейм фIыуэ къицIыхурт ар. ЗэдэIэпыкъуурэ, абыхэм уIэгъэм и пIэр тыншу къыхуаухуащ.

Нэху къызэрекIыу, Самарие щыщ лIыр и гъуэгу теувэжащ. Ауэ, ежьэжын ипэ, хьэщIэщыр зейм абы ахъшэ иритри моуэ жриIащ:

„Мыр хъужыху укIэлъыплъыну сыхуейт сэ; гъашхэ икIи кIэлъыплъ. Ахъшэр къомэщIэкI хъумэ, къэзгъэзэжауэ сыкъыщыкIуэжкIэ иджыри уэстынщ".

Хьисэ дин егъэджакIуэм зыхуигъазэри еупщIащ:

„НтIэ, къызжеIэт мыр: а лIы уIэгъэм и Iуэхур гурэ псэкIэ зыхэзыщIар дэтхэнэра?“

Дин егъэджакIуэм, Iэмал иIэмэ „Самарие щыщ лIыр“ псалъэхэр пхужиIэнутэкъым. „Нэхъ гущIэгъу хуэзыщIаращ", - жиIэри щIэгурымыкIащ ар.

„Упсэу, - жиIащ Хьисэ, - Самарие щыщ лIым къыгурыIуащ абы и дэIэпыкъуныгъэм зыгуэр хуабжьу зэрыхуэныкъуэр, икIи дэIэпыкъуащ.

Мис апхуэдэ дыдэу гущIэгъу фхэлъу фыпсэун хуейщ фэри, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм фыщIыхьэу мыкIуэдыжын гъащIэр вгъуэтын щхьэкIэ.

«Самарие щыщ цIыхуу гущIэгъу зыхэлъым» теухуа ущие хъыбарыр Хьисэ къигъэна ущие хъыбар нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зыщ. Дин егъэджакIуэм  упщIэ гугъукIэ ар щигъэуэну зэрыхэтыр къыщищIэм, Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) щыщ псалъэхэмкIэ Хьисэ адрейм и упщIэм жэуап ирыригъэтыжащ: япэ унафэр - Тхьэр фIыуэ лъагъу, етIуанэр - цIыхухэм яхущыт ахэр уэ къыпхущытыну узэрыхуейм хуэдэ дыдэу. Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм дыщIыхьэну дэ зэи „къытхуэлэжьынукъым“ Тхьэм и унафэхэр дгъэзэщIэну дыхэт къудейкIэ. Хьисэ и жэуапым къикIыращи, дэ Тхьэми цIыхухэми яхудиIэ щытыкIэр тхъуэжын хуейщ. Хьисэ ди гум щыщ хъуну тщтэным и гъуэгу закъуэр арщ щIэрыщIэу укъезыгъэлъхужынур. Хьисэ дунейм къытехьащ Тхьэм и унафэхэр игъэзэщIэну, дэ езым и гъуэгум дрикIуэурэ, мыкIуэдыжын гъащIэ диIэн папщIэкIэ.

КъыкIэлъыкIуэну хъыбарыр зытеухуар ХъыбарыфIым цIыхухэр зэхуэмыдэу зэрыхущытарщ.

# ЖЫЛАСЭМ ТЕУХУА ХЪЫБАРЫР

КIуэтэху нэхъыбэ къызэхуэсырт Хьисэ жиIэхэм щIэдэIуну. ДэнэкIи къикIыурэ, ахэр зэхыхьэрт, Хьисэ сымаджэхэр зэригъэхъужым еплъыну, абы жиIэ Тхьэм и псалъэхэм едэIуэну. Псом нэхърэ нэхъыфIу абыхэм ялъагъур Хьисэ къажриIэ ущие хъыбархэрт. Мис абыхэм ящыщ зы.

Пасэм щыгъуэ мэкъумэшыщIэ гуэр лажьэу хьэсэм хэтт. Абы щыгът лэжьыгъэм хуэщIа щыгъын къызэрыгуэкI пхъашэ, дыгъэм исарэ жьыбгъэм ипхъэхауэ и нэкIури и Iэхэри пхъашэт. УэфIщ, уэлбанэщ, жимыIэу, ар сытым дежи, еш имыщIэу, лажьэрт. ЩIы явагъащIэр фIыцIэт икIи щабэт. Куэдрэ елэжьат ар абы, жылэ тепсэ хъуным хуигъэхьэзырурэ.

Абы хьэсэр къызэхикIухьырт, лъащIабгъуэ хъужауэ жылэ зрылъ матэшхуэр иIыгъыу. Ахэр жылэфIт, жылэу иIэм я нэхъыфIт.

IэмыщIэкIэ къищтэм ихъуреягъкIэ ипхъыурэ абы жылэр исэрт. Дэни нэст жылэфIхэр.

МэкъумэшыщIэм и хьэсэм лъагъуэ цIыкIу кIуэцIрыкIырт. Къуажэдэсхэр махуэ къэс псым кIуэ-къэкIуэжу а лъагъуэм тетт, абы къыхэкIыуи хъарзынэу пкIат.

Лъагъуэм телъалъэ хьэдзэхэр тыншу къалъагъурт бзухэм. Абы къыхэкIыуи бзухэр къэтIысурэ ахэр тращыпыкIырт. А гъуэгум телъалъэ жылэхэм лъабжьэ ящIу щIым хэкIэну хунэстэкъым.

Жылэхэм ящыщ куэди мывалъэу щыт щIым телъалъэрт. МэкъумэшыщIэм лъэкI къигъанэртэкъым, жылэхэр щIихъумэну хэтурэ, ауэ щIыгулъулъыр пIащIэ дыдэт, и щIагъыр мывэ лъэгут.

Мис а жылэхэр щIэх дыдэу хэкIэрт, сыту жыпIэмэ щIыгулъ пIащIэр дыгъэм тыншу къигъэплъырт. Ауэ щIыгулъыр къурэщ, псыIагъ лъэпкъ щIэмытыж хъууэ лъабжьэхэр мывэ лъэгум нэса нэужь, къэкIыгъэр хуэм-хуэмурэ гъуалэрти, гъужыпэрт.

Жылэхэм ящыщ зыкъоми хэлъалъэрт хьэсэбгъум Iут пыжьей гуэрэным. Абы и жылэхэри тещащэрт а щIым.

Гъатхэ зэрыхъуу ахэр Iуву зэщIэкIэрт. ЖылэфIхэр куэдкIэ нэхъ къарууншэрт, щIым и IэфIри псыIагъ щIэтри зыщIэзышэ пыжь жылэхэм нэхърэ. Абы къыхэкIыуи жылэфIхэр, къэмыкIыу, хэфыхьыжырт.

Ауэ жылэм и нэхъыбэр, дауи, зытелъалъэр хьэсэу ягъэхьэзыра щIыгулъыфIырт. Абыхэм я лъабжьэр щIыгулъ щабэм хуиту хэкIэрт, псыIагъэр яхурикъуу ягъуэтырт, дыгъэри берычэту къатепсэрт.

Куэд дэмыкIыу хьэсэм къытеуващ къэкIыгъэхэр. Къэхыжыгъуэр къыщысым, щхьэмыжхэм ящызу хьэдзэщIэхэр ирищIащ. Ахэр пхьэжу щIакхъуэ бгъажьэ хъунут. МэкъумэшыщIэм игу зэгъат кърихьэлIэжа гъавэмкIэ.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм хуабжьу ягу ирихьащ а ущие хъыбарыр. ЦIыхухэр зэбгрыкIыжа нэужь, Хьисэ щIыгъуу ахэри пщыхьэщхьашхэ зэдащIыну кIуащ. „КъыджеIэт а ущие хъыбарым къикIыр“, - къелъэIуащ ахэр Хьисэ.

Хьисэ мыпхуэдэ жэуап къаритащ: „Сэри си псалъэхэр ещхьщ а жылэфIхэм, ауэ абыхэм къыщIэдэIу псори щIыгулъыфIым ещхьу схужыIэнукъым.

Языныкъуэхэр зыщIэдэIу си псалъэхэр ещхьщ а гъуэгу пкIам телъалъэ жылэхэм. ЖысIар зэуэ ящогъупщэж апхуэдэхэм.

НэгъуэщIхэми ягухэр а мывалъэ щIыпIэм ещхьщ. Ахэри хъарзынэу щIодэIу жысIам, ауэ зэхахар ягу къызэринэным, лъабжьэ зэрыщагъуэтыным хэткъым.

Пыжьей чыцэм хэлъэлъа жылэхэри ещхьщ сэ жысIэхэм щIэдэIуну зыфIэфI, ауэ и унэ кIуэжа нэужь, щхьэлажьэ узыщI Iуэхухэм хэзэрыхьыжхэм. Апхуэдэхэм я деж щыхаса жылэхэр къыщыкIыркъым, сыту жыпIэмэ апхуэдэ цIыхухэм я дакъикъэ дэтхэнэри гъащIэм и Iуэху хьэлъэхэмкIэ гъэнщIащ.

Ауэ цIыхухэм яхэтщ щIыгулъыфIым ещхьхэри. Сэ фыкъыщызэдаIуэм деж а жысIэр фэ къывгуроIуэ. Апхуэдэм деж си псалъэхэр зэщхьыр щIыгулъыфIым хэлъалъэ жылэфIхэрщ.

Фэ сытым дежи фыхьэзырщ Тхьэм и жыIэхэр вгъэзэщIэну. Абы къыхэкIыуи ажылэхэм лъабжьэ щагъуэт фигухэм.

Тхьэм сэ къалэн къысщищIащ жыласэу сыщытыну. Сэ хэссэхэр жылэфIхэщ. Фэ фыхуитыжщ сыт хуэдэ щIыгуу фыщытынуми. Тхьэр мэгугъэ фэ гъавэшхуэ къэфтыну".

Жыласэмтеухуа хъыбарыр“ фэ къыщывгъуэтынщ ХъыбарыфIыр Маттэ къызэриIуэтам и епщыкIущанэ псалъащхьэм. Ар ящыщщ ущие хъыбархэм. Хьисэ ар къыщиIуэтэжар Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр зищIысыр цIыхухэм

къагуригъэIуэну хуейти, аращ. Абы цIыхухэр иригъэгупсысырт ущие хъыбарым къикIым, апхуэдэ Iуэхухэм езыр-езырурэ жэуап къыхуагъуэтыфуи игъасэрт.

И гъуэгу ирикIуэхэм я закъуэт апхуэдэ ущие хъыбархэм къикIыр Хьисэ зыхуиIуатэр. А жылэфIым ещхь ХъыбарыфIыр Хьисэ цIыхухэм тыгъэ яхуищIыну дунейм къихьащ. Ауэ цIыхухэр абы зэрыхущытыр зэщхьэщокI. Тхьэр хуейщ абы и псалъэхэм дэ дыщIэдэIуну, зыгурыдгъэIуэну, абыхэм дытемыкIыуи дыпсэуну. ИтIанэщ дэ ди гъащIэм фIыгъуэ къыщыпыкIынур.

## ЗЭШИТIЫМ ЯТЕУХУА ХЪЫБАРЫР

Дин егъэджакIуэхэмрэ фарисейхэмрэ Хьисэ къепщIэпщIэкI цIыху къызэрыгуэкIхэр фIыуэ ялъагъутэкъым.

„КъыхищыпыкIыурэ зэхуишэс фIэкIа пщIэнкъым абы a гуэныхьлы къомыр“, -жаIэурэ гъумэтIымэрт ахэр. Апхуэдэу щыхъум, Хьисэ абыхэм яжриIащ мы хъыбарыр.

Израилым зы къулеижь гуэр щыпсэурт. ЩIыуи, Iэщуи, ахъшэуи абы иIэр къэбжыгъуейт. А къомыр зехьа, зэгъэзэхуа хъунымкIэ абы къыдэIэпыкъурт и къуитIыр. Хьэлъэт а щIалитIым я лэжьыгъэр, нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъым щIадзэрти, кIыфI хъуху зыгъэпсэху жыхуаIэр ящIэртэкъым.

Абыхэм ящIэрт, я адэр лIа нэужь, абы и мылъкур тIу ищIыкIауэ къазэры-хуэнэнур. Дауи, ахэр хуейтэкъым я адэр лIэну, ауэ апхуэдиз фIыгъуэр къа-щыIэщIыхьэну махуэм пэплъэрт икIи щIэхъуэпсырт.

ЩIалэ нэхъыщIэр хуэмышэчыжу и адэм деж кIуащ зэгуэрым.

„Сэ къыслъысыну Iыхьэр иджыпсту къызэпт щIэмыхъунур сыт? - еупщIащ ар и адэм.

- Догуэ, сэ уэ ущылIэнум сыпэплъэн хуейуэ ара, къулей сыхъун щхьэкIэ?“

Адэм и къуитIыр хуабжьу фIыуэ илъагъурт, насыпу щыIэмкIи яхуэхъуапсэрт. Арати, мылъкуу иIэр и къуитIым яхуигуэшащ абы.

Къылъысам хэплъэри, къуэ нэхъыщIэм моуэ жиIащ: „Сыт сэ мы хьэсэ къомри гуэн къомри зэрысщIынур? Ахэр сщэуэ ахъшэ сщIымэ, нэхъыфIщ“.

Арати, къуэ нэхъыщIэм къылъысар ищэжри, къыщIиха ахъшэр иIыгъыу насыплъыхъуэ ежьащ.

Къуэ нэхъыжьыр адэм щIыгъуурэ лажьэу и лъапсэжь къинэжащ.

Сытми, къуэ нэхъыщIэр кIуэурэ зы къалэ ин гуэрым нэсащ. Апхуэдэ къалэшхуэ илъэгъуатэкъым абы къызэралъхурэ! Дунейм теттэкъым абы щумыгъуэтын: шхыныгъуэ бэлыхьхэр, санэфIхэр, ефапIэ дахэхэр, тыкуэн хъарзынэхэр!

АхъшэфI зэрыкъуэлъыр къащIа нэужь, къалэдэс щIалэгъуалэр абы къе-пщIащ, я зыри хэмыкIуадэу ефэн-ешхэн, нэжэгужэн мурад яIэу.

Апхуэдэурэ, пщэдджыжь гуэрым щIалэр фIыуэ хэжеяуэ, къэушщ, зитхьэщIри, пщэдджыжьышхэ шхащ. ИтIанэ зыкъихуапэри, а махуэм ищIэнум егупсысащ. Ефэ-ешхэ, джэгу зэхэпшэн щхьэкIэ, ахъшэ ухуейтэкъэ? Арати, и бохъшэр къещтэри доплъэ. Дэплъи пэт – бохъшэр нэщIщ!

Ар щилъагъум, щIалэщIэр къэгузавэри и ныбжьэгъухэм яхэлъэдащ:

„Ахъшэу сиIэр фэ фтезгъэкIуэдащ, иджы сытсэ сщIэжынур?“

ЩIалэм и ныбжьэгъухэр къыщыдыхьэшхри, утлъэгъуакъым – дыкъэплъагъужакъым, жыхуаIэу ежьэжащ. АфIэкIаи илъагъужакъым абы ахэр.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм мэжалIэрэ нэщхъей къэхъуауэ щIалэм мурад ищIащ: „Сеуэнщи, лэжьапIэ гуэр къэслъыхъуэнщ, ахъумэ мыпхуэдэу ахъшэншэу сыпсэуфынукъым сэ“. Ауэ, кхъуахъуэу мыхъумэ, нэгъуэщI лэжьыгъэ игъуэтакъым абы.

Абы къилэжьыр апхуэдизкIэ мащIэти, щIакхъуэ уасэ къудей хурикъутэкъым. Кхъуэхэм кърат Iусым щыщ ишхыну къыIэрыхьэмэ, гуфIэрт ар, апхуэдизкIэ мэжэщалIэу псэути!

Зэгуэрым, кхъуэхэр игъэхъуу губгъуэм здитым, абы игу къэкIащ:

„Емынэм сызэрихуэу мыбы сыщыIэ сэ?! Си адэм и лъапсэм унэIут нэгъунэ тIэпIыжу щагъашхэ. Сэ къызгурыIуащ сщIэн хуейр: згъэзэжынщи, си адэм жесIэнщ сщIам хуабжьу сызэрыхущIегъуэжар икIи унэIуту сыкъищтэну селъэIунщ. Абы и къуэу зызбжыжыну къэзлэжьыркъым сэ“.

...И къуэр зэрыбзэх лъандэрэ, зы махуэ димыгъэкIыу адэр къалэм кIуэ гъуэгум теувэрти, ириплъэу щытт, къуэ нэхъыщIэм къыщигъэзэжынум пэплъэу.

Арати, и къуэр къэкIуэжу щилъагъум, пежажьэри, адэм ар IэплIэешэкIкIэ унэм иришэжащ: „Ефэ-ешхэшхуэ тщIынщ нобэ“, - гуфIэурэ жиIащ адэм икIи унэIутхэм унафэ яхуищIащ щыгъын къабзэрэ дыщэ Iэлъынрэ къыхуахьыну.

Пщыхьэщхьэр хэкIуэтауэ губгъуэм щыIа къуэ нэхъыжьми къигъэзэжащ. Унэм къыщIэIукI пшынэ макъэр щызэхихым, ар унэIутхэм еупщIащ, джэгу зращIэкIыр сыт, жиIэри. „Уи къуэш нэхъыщIэращ зращIэкIыр, - жэуап къатащ унэIутхэм, - зиусхьэным и гугъащ ар кIуэдауэ, лIауэ. АрщхьэкIэ, мес, лажьи-хъати имыIэу нобэ къигъэзэжащ".

Къуэ нэхъыжьыр унэм ихьэжакъым.

„Ефэ-ешхэшхуэ хуащIыным и пIэкIэ, фIыуэ зегъэцIыхужын хуеящ апхуэдиз ахъшэ изыгъэсыкIа шынэхъыщIэм!“ - жиIащ абы губжьауэ.

Адэр къыщIэкIри пщIантIэм дэт къуэ нэхъыжьым IэплIэ хуищIащ.

„ПщIэуэ пIэрэ уэ сэ фIыщэу узэрыслъагъур, - жиIащ абы гуапэу. - Уэрыншэу сыпсэуфынкIэ Iэмал иIэтэкъым сэ. Ауэ уи къуэшыр лIэуэ къэтэджыжам ещхьщ сэркIэ. НтIэ, дауэ сэ абы сызэрыщымыгуфIыкIынур?“

Арати, дин егъэджакIуэхэмрэ дин пашэхэмрэ захуигъазэри, Хьисэ жиIащ:

„ФщIэрэ, Тхьэм фIыуэ фыкъелъагъу фэ и хабзэм тету фыпсэуну фызэрыщIэкъум щхьэкIэ. Ауэ абы и гуфIэгъуэр щIэншэщ гуэныхьлыхэм ящыщ, и къуэ кIуэдахэм ящыщ гуэрым и унэ къыщигъэзэжым деж".

„ЗэшитIым ятеухуа хъыбарым“ къуэ кIуэдам теухуа ущие хъыбаркIи

щеджэ щыIэщ. Ар къыхэтхащ ХъыбарыфIыр Лука къызэриIуэтам и епщыкIутхуанэ псалъащхьэм. Хъыбарищ хэтщ а псалъащхьэм: мэл кIуэдам, ахъшэ кIуэдам, къуэ кIуэдам ятеухуа хъыбархэр.

Хьисэ жиIащ мы дунейм ар къыщIытехьар кIуэдыпIэ ихуа цIыхухэр къи-лъыхъуэурэ, мыкIуэду къригъэлыну аращ. Абы зи гугъу ищIыр Тхьэм и жыIэр ягъэзэщIэным и пIэкIэ, ягу зэрыIэпих дыдэм тету псэухэрщ. Апхуэдэу гъуэщауэ дунейм дытетурэ, дэ насыпыншэ дохъу. Ауэ ди псэр тIутыху, дэ сытым дежи, мис а къуэ нэхъыщIэм ещхьу, ди тхьэмыщкIагъэр къыдгурыIуэу, къэдгъэзэжу, тщIам дыхущIегъуэжын хуейщ. Тхьэм

деж дгъэзэжу дэ жытIэ хъунущ гукIи псэкIи а тщIам дызэрыхущIегъуэжыр. Хъыбарым къегъэлъагъуэ и унэ бжаблэм къиуващ дэ дезыгъэблэгъэж Тхьэр зэрынасыпыфIэр.

## ЕФЭ-ЕШХЭМ КЪРАГЪЭБЛЭГЪАХЭМ ЯТЕУХУА ХЪЫБАРЫР

Хьисэ нэхъыбэрэ цIыху къызэрыгуэкIхэм яхэтт, ауэ къыщцыхъу щыIэт беижь гуэрхэм щрагъэблагъи. Абыхэми яхутепсэлъыхьырт Ар Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм. Зэгуэрым ар къулей дыдэу псэу гуэрым я деж ирагъэблэгъат Ар. Адрей хьэщIэхэр шхэуэ щысыху, Хьисэ абыхэм яхуиIуэтащ мы ущие хъыбарыр.

Зы къулеижь гуэрым мурад ищIащ ефэ-ешхэ ищIыну. Арати, и ефэ-ешхэ Iэнэм пэрысыну хуейхэм я цIэхэр кIыхьу къритхыхащ абы икIи нэхъ пасэу псоми хъыбар яригъэщIащ, зыри къыщымыгъупщэн, къригъэблэгъахэми загъэхьэзы-рыну Iэмал ягъуэтын щхьэкIэ. ГуфIэгъуэ Iэнэр нэхъ зэпэщ хъуным щхьэкIэ ялъэкI къагъэнакъым абы и унэIутхэм. Шхыныгъуэ нэхъыфI дыдэхэр япщэфIащ, санэ нэхъ лъапIэ дыдэхэр къащэхуащ. КърихьэлIэхэм хэт дэнэ деж щысынуми - абы нэгъунэ яубзыхуащ. Адрейуэ, ефэ-ешхэр щекIуэкIыну пэшышхуэр удз гъэгъа дахэхэмкIэ ягъэщIэрэщIащ.

Псори хьэзыр хъуа нэужь, зиусхьэныр гуапэу ехъуэхъуащ псори апхуэдэу хьарзынэу къызэзыгъэпэща и унэIут псэ хьэлэлхэм. „НтIэ, псори хьэзырщ, - жиIащ абы, - иджы къеблэгъэну зыжетIа цIыхухэм факъеджэ“.

Абы и гугъащ я щыгъын нэхъыфIхэмкIэ зыкъахуэпарэ къыщеджэнум пэплъэу яхуэмышэчыжу къригъэблэгъахэр зэхэсу. АрщхьэкIэ Iуэхур нэгъуэщIу щыту къыщIэкIащ.

Арати, лIым и унэIутхэм ящыщ гуэр кIуэри, кърагъэблэгъахэм языхэзым и бжэм теуIуащ: „Неблагъэ! Ди зиусхьэныр къолъэIужащ унэкIуэну, псори хьэзырщ", - жиIэри. „Хуабжьу си жагъуэ мэхъу сынызэрымыкIуэфыр, - жиIащ абы, - ауэ нобэ хущIыхьэгъуэ лъэпкъ сиIэкъым: щIы тIэкIу къэсщэхуащи, сыкIуэу зыхуэдэм семыплъу хъунукъым“.

„Ар делагъэ хъун, - егупсысащ унэIутыр къыщыIукIыжым, - япэ щIыкIэ емыплъу хэт щIы къэзыщэхур?“

Ирагъэблэгъахэм ящыщ нэгъуэщI гуэрым деж кIуэри абыи мыпхуэдэу жриIащ:

„Ди зиусхьэныр къолъэIужащ унэкIуэну - Iэнэр хьэзырщ!“

„Хьэуэ, нэкIуапIэ лъэпкъ сиIэкъым, - жиIащ абыи, - випщI къэсщэхуащи, сымыгъэунэхуу хъунукъым“.

„Ари сыт делагъэ, - егупсысащ унэIутыр, - япэ щIыкIэ умыгъэунэхуу зэрылажьэ випщI къызэрыпщэхунур дауэ, утегушхуэу!“

Ирагъэблэгъахэм ящыщу ещанэм дежи Iухьащ унэIутыр, Iухьэри, жриIащ:

„Ди зиусхьэным урегъэблагъэ ефэ-ешхэм ухэтыну. Псори хьэзырщ, хуэмышэчыжу къыппоплъэ!“

„Еууей, ар дауэ ухъу! СыгуфIэжу сынэкIуэнт, ауэ фыз къэсша къудейщи, нэкIуапIэ сиIэкъым“, - жиIэри жэуап къритащ адрейм.

„Ари сыт гъэщIэгъуэн, - егупсысащ унэIутыр, - фыз къэпшамэ, ефэ-ешхэм уахыхьэж мыхъуну ара-тIэ?“

Апхуэдэу егупсысурэ, унэIутыр къыIукIыжащ.

ЗэкIэлъыкIуэу зэратхам тету, кърагъэблэгъа псоми я деж джакIуэ кIуэри, унэIутым зиусхьэным деж къигъэзэжащ. Зиусхьэныр унэ дахэшхуэм и бжаблэм къиувауэ къитт, къэкIуэн хуей хьэщIэхэм япэплъэу.

И унэIутым хьэщIэ лъэпкъ и мыгъусэу къигъэзэжауэ щилъагъум, ар щIэупщIащ: „Дэнэ щыIэ-тIэ хьэщIэхэр?“

УнэIутым абы хуиIуэтэжащ псоми щхьэусыгъуэ зырыз ящIурэ къэкIуапIэ ямыIэу зэрыжаIар.

Зиусхьэныр губжьри кIиящ:

„Сыту мыгъасэ икIи гурыуэ мы цIыхухэр!“

Пэшышхуэм щIыхьэри ар еплъащ шхыным къикъутэ Iэнэм.

„Сэ сщIэнур къэсщIэжащ“, - жиIащ абы.

„Къалэм кIуэ, - унафэ хуищIащ абы унэIутым. - КIуэи, зы уэрам къыумыгъанэу удыхьэурэ тхьэмыщкIэуи, нэфуи, никъуэдыкъуэуи узыхуэзэу хъуар зэхуэшэс. Зэхуэшэси, яжеIэ ефэ-ешхэм ахэр къызэрезгъэблагъэр“.

Арати, унафэр игъэзэщIэну унэIутыр къалэм кIуащ. Куэд дэмыкIыуи зиусхьэным и унэм хуаунэтIащ еблэгъэну зэзымыусыгъуэджа цIыху гупышхуэм: тхьэмыщ-кIэхэм, сымаджэхэм, никъуэдыкъуэхэм.

„Ар хъарзынэт, - жиIащ зиусхьэным, - ауэ тIысыпIэ куэд иджыри нэщIу къэнащ. Мы Iэгъуэблагъэм щыIэ къуажэхэр къызэхэкIухьи, узыхуэзэу хъуар ди ефэ-ешхэм къегъэблагъэ“.

Унафэр игъэзэщIэну ежьэри, зы къуажэм дэкIмэ, адрейм дыхьэурэ, унэIутым Iэгъуэблагъэр къызэхикIухьащ. Зэхахар я фIэщ мыхъущэурэ, цIыху тхьэмыщкIэ къомыр пIащIэу ефэ-ешхэм кIуэрт.

Ауэрэ унэм щIэз хъуащ ефэ-ешхэм къызэрырагъэблэгъам иригуфIэ цIыхухэр. ХьэщIэкIэ фIы зиусхьэным и гур япыIукIуэтащ мыбы къеблэгъэну зэзыусыгъуэджахэм.

Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр абы ещхьыркъабзэщ, - яжриIащ Хьисэ, Iэнэм къыдыбгъэдэсхэм захуигъазэри. - Езы Тхьэ дыдэм фыщригъэблагъэм деж, «Хъунщ!» жыфIэну фепIэщIэкI“.

„Ефэ-ешхэм ирагъэблэгъахэм ятеухуа хъыбарыр“ - ар щIагъыбзэ зыщIэлъ хъыбарщ. Хьисэ дунейм къыщIытехьар, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм дыщIыхьэну дыхуриджэну аращ. Абы и къыхуеджэныгъэр дэ къэтщтэнуи къэдмыщтэнуи дыхуитщ. Ауэ абы и къыхуеджэныгъэм делъэстауэмэ, мы дуней нэпцIым щыдиIэ Iуэхухэм дыщIагъэнапэмэ, а къыхуеджэныгъэр зылъысынухэм дахэмыхуэнкIэ хъунущ.

# Библие Хъыбархэр 5

**МЭЛ КIУЭДАМ ТЕУХУА ХЪЫБАРЫР**

Хьисэ зэгуэрым зэхихащ дин егъэджакIуэхэмрэ дин пашэхэмрэ зэрытхьэу-сыхэр: „Хьисэ цIыху мыхъумыщIэхэм япыщIащ. Абыхэм зэманыр ятригъэкIуадэурэ, дэ абы нэмыплъ къыдет!“

Хьисэ къызэпиплъыхьащ абыхэм я нэкIу пагагъэр къызытещхэмрэ щыгъын лъапIэ ящыгъхэмрэ. Абы жиIэр къазэрыгурыIуэнум пылътэкъым ахэр, щIедэуэн фIэгъэнапIэ къалъыхъуэу арат.

Абы итIанэ къызэпиплъыхьащ ар къэзыухъуреихьауэ зэхэт цIыхухэр: мо цIыху ешаелIахэм, мэжэщIалIэхэм я щыгъынхэри хъыбий защIэт. ЗыгуэркIэ загъэлъэгэнуи хэмыту, зы къалэм икIрэ адрейм кIуэуэ абыхэм къакIухьырт Хьисэ и гъусэу, псалъэу жиIэу хъуари ягу ираубыдэрт. Арати, Хьисэ закъы-хуигъэзащ дин егъэджакIуэхэмрэ дин пашэхэмрэ: „Мы хъыбарым фыкъедаIуэт, абы къикIыр къызэрывгурыIуэнум фыхэтурэ.

Мэлыхъуэ гуэрым и хъушэр Галилей псыхъурейм пэгъунэгъу Iуащхьэхэм щигъэхъурт. Мэлыхъуэу ирихьэкIат абы и гъащIэр, икIи мэлым и пIалъэ фIы дыдэу ищIэрт.

Ар емышыжу елIалIэрт и мэлхэр зыхуей хуэзэным, бэгъуэным. Зиужьурэ мэлищэм нэсат абы и хъушэр. Хъушэм щыщ дэтхэнэри абы апхуэдизкIэ фIыуэ ицIыхурти, зыгуэр лъэрымыхь е щIакъуэ хъуамэ, занщIэу къищIэрт.

А пщэдджыжьым мэлыхъуэр гузавэрт, и мэлхэм ящыщ зы кIуэдати. Щыуауэ къыщыхъуащ абы япэ щIыкIэ. АрщхьэкIэ, аргуэру зэ щIибжыкIыжати, зы къэтт.

- НтIэ, дауэ къыфщыхъурэ? - захуигъэзащ Хьисэ дин пашэхэмрэ дин егъэджакIуэхэмрэ.

- „Хъуакъым, бетэмал. Си хъушэм, зы мэл хэщIащ, ауэ, сыт пщIэн“, - жиIэу тIысыжауэ пIэрэт мэлыхъуэр?

ТIысыжакъым-тIэ! Хъушэр чэтым щигъэзагъэри, ар ежьащ хэкIуэдыкIа мэл закъуэр къилъыхъуэжыну.

Мэлыхъуэ Iэзэм фIы дыдэу ицIыхурт хъушэм хэкIуэдыкIар сыт хуэдэ мэлырами. Мэлыр къилъыхъуэжыху, зэ нэхъ мыхъуми ар етIысэхакъым зигъэпсэхуну.

Мэлыхъуэм фIыуэ ицIыхурт бгылъэ щIыпIэ Iэгъуэблагъэхэр икIи ищIэрт мэлыр нэхъ щыщхьэрыуэнкIэ е щыхупIэм ехуэхынкIэ щыхъуну щIыпIэхэр. Абы къанэ щымыIэу къызэхикIухьащ а щIыпIэр, бгым ущыхуу ущиукIынкIэ е фэбжь щыбгъуэтынкIэ хъунухэри хэту. Iэмал имыIэу къигъуэтыжын хуейт абы и мэлыр!

ИкIэм-икIэжым, мэл кIуэдар абы къыщигъуэтыжащ адэ къуршым нэхъ лъагэу. Къурш зэгуэзам дэхуауэ дэлъти, къыдихыжри, и лъакъуэ къутар хуипхащ. Хуипхэщ, и плIэм ирилъхьэри, гуфIэпсыжу къежьэжащ къэкIуэжыну.

Сакъыпэурэ къехыжырт ар бгым. Ауэрэ пшапэр зэхэуащ, мэлыхъуэми зыхищIащ зэрымэжэлIар. Мэл кIуэдам фIэкIа и щхьэм илъыжтэкъыми, махуэ псом ар етIысэхатэкъым шхэну е зигъэпсэхуну.

И лъакъуэхэр мывэ дзакIэ жанхэм зэхауIыхьа пэтми, зыхищIэртэкъым. Ар хуабжьу иригуфIэрт мэл кIуэдар къызэригъуэтыжам.

Къигъуэтыжар чэтым хуээсакъыпэурэ щIигъэзэгъэжри, аргуэру зэ щIибжыкIыжащ абы мэлхэр: „... бгъущIрэ блырэ, бгъущIрэ ирэ, бгъущIрэ бгъурэ, щэ!“

И мэлхэм ящыщ зыри къызэрымытыр хьэкъ щыхъуа нэужь, зигъэпсэхуну унэм кIуэжащ мэлыхъуэр.

ЗдэкIуэжым, и ныбжьэгъухэмрэ и благъэхэмрэ ар и гуфIэгъуэмкIэ ядэгуашэрт:

„Си мэлыр къэзгъуэтыжащ! Ефэ-ешхэ сщIыжынущи, фынакIуэ, дауэ къыфщыхъурэ - си мэл кIуэдар къэзгъуэтыжащ!“

Мэлыхъуэм и ныбжьэгъухэмрэ и благъэхэмрэ фIыуэ ящIэрт мэл кIуэдар къызэригъуэтыжар абы дежкIэ зэрыгуфIэгъуэшхуэр икIи а гуфIэгъуэр даIэтыну къыхуеблэгъащ.

- НтIэ, къывгурыIуэрэ, - еупщIащ Хьисэ дин егъэджакIуэхэмрэ фарисейхэмрэ, - Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр а мэл хъушэм, сэ а мэлыхъуэм дызэрещхьыр? МыкIуэдахэр бгъущIрэ бгъурэ фыхъу пэтми, сэ а кIуэда зыр къэслъыхъуэжыну си къалэнщ. Мис апхуэдэр къыщызгъуэтыжым деж мелыIычхэм Тхьэм фIыщIэ уэрэдхэр уафэм щыжаIэ!

Сэ срещхькъым лIыщIэу къащтауэ хамэ мэл зыгъэхъум. Апхуэдэр зэрелIэлIэ-шхуэ щыIэкъым зыпэрыт хъушэм, сыту жыпIэмэ езым ейкъым.

Сэ си мэл дэтхэнэми солIалIэ. Я цIэкIэ нэгъунэ зэхызоцIыхукI сэ ахэр псори. Сытым дежи си нэIэ ятезгъэтщ. Зыгуэр хэщхьэрыукIамэ, ар къэзмыгъуэтыжауэ сыувыIэнукъым. Си гъащIэр хэслъхьами, ахэр къезгъэлынущ, схъумэнущ!“

„Мэл кIуэдам теухуа хъыбарыр“ Инджылым итхэм ящыщу нэхъ хэIущIыIу хъуахэм ящыщщ.

ХъыбарыфIыр Лука къызэрыжиIам и I5-нэ псалъащхьэм хэтщ „Дыжьын ахъшэ кIуэдар“, „Къуэ кIуэдар“ хъыбархэр. А хъыбархэм хъарзынэу къагъэлъагъуэ дэ тщыщ дэтхэнэми Тхьэм и нэIэ къызэрыттригъэтыр, къызэрыттегузэвыхьыр. Тхьэм деж зыгъэзэж дэтхэнэми щхьэкIэ гуфIэгъуэшхуэм зыкъыщеIэт мо уафэм. Я гуэныхьхэм хущIегъуэжахэм ар гуфIэжу къапожьэ, лъагъуныгъэкIэ къадогуашэ. ХъыбарыфIыр Иуан къызэрыжиIам и I0-нэ псалъащхьэм Хьисэ зыкъыщегъэлъагъуэ зи мэлхэм щхьэкIэ гъащIэр зыт мэлыхъуэу. КIуэдыпIэ ихуа цIыхухэр къилъыхъуэнурэ, мыкIуэду къригъэлыну аращ ар дунейм къыщIытехьар.

Мыбы къыкIэлъыкIуэ „Мыдэ къехыт, Закхей!“ хъыбарыр теухуащ а „мэл щхьэрыуахэм“ ящыщ зым.

**МЫДЭ КЪЕХЫТ, ЗАКХЕЙ !**

„Хьисэ нобэ Ерихон къэкIуэнущ!“ - а хъыбарыр жылагъуэ псоми щыIуащ. Дэтхэнэри хуейт ар илъагъуну, хэт - ауэ сытми епсэлъэну, хэти - игъэхъужын щхьэкIэ елъэIуну. ПщIэнукъым, и ущие хъыбархэм языхэз къажриIэнкIи мэхъу. Зыри лэжьакIуэ кIуэну хэттэкъым а махуэм, псори Хьисэ пэплъэрт.

Ерихон щыпсэурт лIы гуэр Закхей и цIэу. ЦIыхум фIыуэ ялъагъутэкъым ар, сыту жыыпIэмэ ар хьэкътын ахъшэр хэзыххэм ящыщт. Къалэпсо мылъкум халъхьэн папщIэ, дэтхэнэми и къалэнт и лэжьапщIэм къыхэкIыу зы Iыхьэ хьэкътын ахъшэр хэзыхым иритыну.

Хъэкътын ахъшэр хэзыххэм я нэхъыбэм хуэдэу, Закхей цIыху пэж дыдэкIэ уеджэнутэкъым: къалэдэсхэм куэдрэ къаIихырт ятыпхъэм нэхърэ нэхъыби, къызыдидзэр езым зрихьэлIэрт.

„Мис аращ ар щIэкъулейр, дэ дыщIэтхьэмыщкIэр“ - жаIэрт цIыхухэм.

Арати, Закхей къищIащ Хьисэ къызэрыкIуэр. Абы куэдрэ зэхихат цIыхухэм мыпхуэдэу жаIэу:

„Хьисэ зэрыжиIамкIэ, ахъшэр Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм зыми щищIыскъым. ТхьэмыщкIэхэр нэхъапэ щIыхьэнущ а Тепщэныгъэшхуэм, къулей куэд щIэмыхьэфу къэнэнущ".

Закхей игу ирихьыртэкъым абыхэм жаIэр, ауэ ари хуейт Хьисэ илъагъуну. Ар лIы цIыкIут, Хьисэ пэплъэу уэрамым дэт цIыхухэм ящхьэпрыплъыфыртэкъыми, Ар къыхуэлъагъунутэкъым. ЦIыкIухэр мывэ хъунэхэм дэпщеяуэ тест, псори нэхъ хуиту зрагъэлъагъун щхьэкIэ. Закхей и закъуэт егъэзыпIэ къызы-хуэмыгъуэтыр.

Ауэрэ Закхей къигъуэтащ хэкIыпIэ. Уэрамым жыг зыбжанэ тетти, абыхэм языхэзым бгъэдэлъадэри, къудамэ нэхъ гъум дыдэм тетIысхьащ. ЦIыкIухэм ар ялъагъунтэкъэ – занщIэу къалъагъури, зэрыгъэкIиящ:

„Ей, феплъыт мо Закхей, жыгым дэпщеящ!“

Ар жаIэурэ, цIыкIухэр щыдыхьэшхырт зыхэзышу къалэм дэсхэм языхэз Закхей.

Ауэ Закхей къафIэIуэхужыртэкъым цIыхухэм: Хьисэ къалэм къызэрыдыхьар цIыхухэм зэпрадзыжу жаIэрт.

Хьисэ нэхъыфIу ялъагъуну хуейти, псоми я пщэр хашырт. Ауэрэ цIыхухэм къалъэгъуащ уэрамым кърикIуэ гупыр. Хэти къыхицIыхукIыфынут а гупым Хьисэ - абы и нэгум гуапагъэр илът, мы зэIущIэм кърита гуфIэгъуэр, и нэхэр къилыдыкIырт.

ЦIыхухэр Iэнкун къэхъуащ: Хьисэ къэувыIауэ жыгым щIыдэплъейр сыту пIэрэ? ЛIоуэ пIэрэ абы гъэщIэгъуэну къилъэгъуар? ЯгъэщIагъуэу, цIыхухэри абыкIэ щыплъэм, къалъэгъуащ: Закхей и лъакъуитI папыщ зылъыгъхэр жыгым къелэлэхырт.

„Закхей, - къыпыгуфIыкIыурэ еджащ абы Хьисэ, - сыт а жыгыщхьэм тепщIыхьыр? Къех мыдэ, сэ уи деж шэджагъуашхэ сыщышхэну си мурадщ. Къех псынщIэIуэуи, хьэщIэхэр зэребгъэблэгъэнум зыхуэгъэхьэзыр!“

Закхей зэхихар апхуэдизкIэ игъэщIэгъуати жыгым къелъащ.

„Дэнэ Хьисэ си цIэр щызэхихар? Жыгыщхьэм сызэрисри дауэ къищIа абы? Сэ стеухуауэ абы псори ищIэу къыщIэкIынущ!“ жыхуиIэу егупсысри, Закхей лъэгуажьэмыщхьэу гъуэгу сабалъэм тетIысхьащ.

ЦIыху цIыкIум ялъагъур я фIэщ хъужыртэкъым: догуэ, мор хьэкътын ахъшэр хэзыхыр армырауэ пIэрэ?

„Хуабжьу си гуапэ хъунущ, фынысхуеблагъэмэ!“ - жиIэу Закхей ита жэуапыр цIыхухэм зэхахащ.

Закхей пIащIэу унэм кIуэжащ.

„НэхъыфIу диIэу хъуар къэфхь“, - унафэ яхуищIащ абы унэIутхэм.

Унафэр зыгъэзэщIэну хэт унэIутхэр зэхэзежэ хъуащ. Хьисэ нэхърэ нэхъ хьэщIэ лъапIэ зэи еблэгъатэкъым абы деж.

АрщхьэкIэ Закхей егупсыс зэпытт:

„Ди Тхьэ! Сэ скъуэлъ псори ищIэ пэтрэ, Хьисэ сэ къысхуэгуапэщ! Абы ещIэ сэ си мыахъшэ куэд си жып зэрислъхьар. Си унэ зэIузэпэщыр зэрилъагъуу абы къыгурыIуэнущ сэ сызэрымыцIыху щIагъуэр!“

Ауэрэ Хьисэрэ и ныбжьэгъухэмрэ къэсри, шэджагъуашхэ шхэну тIысащ. КIуэтэху Закхей и нэгур нэхъри зэхэуэрт.

Абы илъагъурт цIыхухэр зэрызехьэу щIантIэм зэрыдэтыр. Бжэ зэIудзамкIэ щIэплъэурэ, цIыхухэм жаIэрт: „Феплъыт, феплъыт, Хьисэ хьэкътын ахъшэр хэзыхым деж щошхэ. Догуэ, абы имыщIэу ара Закхей и ахъшэр къыздрихыр?“

ИкIэм-икIэжым, Закхей хуэшэчыжакъым. Хьисэ хуеплъэкIри, абы зыгуэр жиIэну зигъэхьэзыращ. Псори щым хъуащ, абы жиIэнум пэплъэу.

„Зиусхьэн! Уэ уощIэ псори. УощIэ егъэлеяуэ цIыху мыхъумыщIэу сызэрыщытар. Ауэ иджы зыщхьэщысхыну сыхуейщ а стелъ гуэныхьхэр. Сэ зэсхьэлIащ мо бжэм адэкIэ къыщыт цIыху тхьэмыщкIэхэм я ахъшэ куэд. КъэзгъэпцIауэ хъуам плIыкIэ бэгъуауэ псори естыжынщ".

„Хъарзынэу жыпIащ ар, Закхей, - жриIащ Хьисэ абы щыгуфIыкIыурэ. - Апхуэдэу пщIымэ, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм уизышэ бжэр пхузэIуахынущ. Сэ мы дунейм сыкъытехьащ, - къыпищащ Хьисэ, - кIуэдыпIэ ихуэ цIыхухэр къэслъыхъуэурэ, мыкIуэду къезгъэлыну. Си гуапэ хъуащ, Закхей, нобэ уэ укъызэрызгъуэтар!“

Закхей теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ ХъыбарыфIыр Лука къызэрыжиIам и I9-нэ псалъащхьэм.

Тхьэр дэ къыдэщхькъым. Абы фIыуэ елъагъу гуэныхь зыщIэхэри пэжыгъэ зигу илъхэри. Ар хуейщ дэтхэнэри илэжьа гуэныхьхэм хущIегъуэжыну, Мэссихь и гъуэгу пэжым теувэну.

Закхей зыхуеяр Хьисэ Iуплъэн къудейуэ арат. Абы и гущхьэ къэкIакъым Хьисэ апхуэдэ гулъытэ къыхуищIыну. АрщхьэкIэ Ерихон дэс псоми ялъагъуу Хьисэ абы деж кIуащ шэджагъуашхэ. Абы ищIэрт Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм ухуэзышэ лъагъуэр Закхей къыхузэIухын зэрыхуейр. Арати, Хьисэ апхуэдэ щIыкIэкIэ хуэза нэужь, Закхей зихъуэжри нэгъуэщI цIыху хъуащ.

## МЭРИЕМ, МАРФЭ, ЛАЗАР СЫМЭ

Марфэрэ Мэриемрэ зэшыпхъуитIт. Я дэлъху Лазар ящIыгъуу ахэр щыпсэурт Вифание зи цIэ къуажэ цIыкIу гуэрым. Ахэр и ныбжьэгъути, абыхэм я деж куэдрэ кIуэрт Хьисэ.

Абыхэм я унагъуэм нэщхъеягъуэшхуэ къихъуащ зэгуэрым. Лазар сымаджэ хьэлъэт. Зы жэщ фIыуэ ужеямэ, пкIэрыхуж узхэм ящыщтэкъым Лазар къеузыр. Хьэуэ, Лазар къеуэлIар апхуэдизкIэ узыфэ шынагъуэти, телъыджэ гуэр къэмыхъумэ, имылIыкIыу къелынкIэ Iэмал зимыIэт. Мэриемрэ Марфэрэ я нэгу щIэкIауэ ящIэрт Хьисэ Iуэхушхуэ телъыджэ куэд зэрилэжьар. Абыхэм ялъэгъуат пIэхэнэ хъуахэр къызэрызэфIигъэувэжар, нэфхэм я нэхэр къызэригъэплъэжар. Арати, зэшыпхъуитIым Хьисэ лIыкIуэ хуагъакIуэри жрырагъэIащ я дэлъху Лазар лIэн къэнэну зэрыхэлъыр.

А хъыбарыр щыжраIам, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящIыгъут. И гъуэгу ирикIуэхэм ящIэрт а унагъуэр Хьисэ фIыуэ зэрилъагъур, абы къыхэкIыуи занщIэу традзэу кIуэну я гугъащ. АрщхьэкIэ Хьисэ пIащIэртэкъым.

„Зыри къыдгурыIуэркъым, - жиIащ абыхэм ящыщ зым, - Лазар сымаджэ хьэлъэщи, и псэм йоджэ, сыт уэ Вифание икIэщIыпIэкIэ ущIэмыкIуэр?"

„Абы щхьэусыгъуэ иIэщ, - жиIащ Хьисэ. - ТIэкIу зыхуэвгъэшэчи, псори фи нэкIэ флъагъунщ".

МахуитI дэкIа нэужь, сытми, икIэм-икIэжым, Хьисэ моуэ жиIащ: «Мис иджы игъуэ хъуащ ди ныбжьэгъу Лазар деж дыкIуэну». ЩыхьэщIа я хэгъэрейхэм фIэхъус ирахыжри, ахэр Iуащхьэм щхьэдэх гъуэгумкIэ Вифание кIуэну ежьащ.

Вифание щынэблагъэм, я унэхэм къыщIэжурэ Хьисэ къепщIэпщIэкIыу щIадзащ цIыхухэм.

Мы щIыпIэм щыпсэу дэтхэнэми фIыуэ къицIыхурт Хьисэ.

„Щхьэ нэхъ пасэу укъэмыкIуарэ? - къеупщIт ахэр Хьисэ. - Лазар лIакIэщ!"

Абыхэм къалъэгъуащ Хьисэ къыпежьарэ пIащIэу къыхуэкIуэ Марфэ. Ар гъырт. „Хьисэ! ФIыщэу слъагъу си дэлъху закъуэ мыгъуэр... Сэ шэч къытесхьэркъым, нэхъ пасэу укъакIуэу и псэр Iуту укърихьэлIамэ, ар лIэнутэкъым!"

Хьисэ гуапэу еплъащ Марфэ: „Тхьэм абы кърититынущ гъащIэщIэ. Мы сэ ныбжесIэр уи фIэщ щIыи, плъагъунщ уи нэкIэ“. „Сэри сощIэ, Тхьэр псоми тлъэгъуа нэужь, ар зэгуэр къызэрыхъужынур“, - жиIащ Марфэ, зэхихам къигъэуIэбжьауэ.

„Сэращ лIахэр къэзыгъэтэджыжу гъащIэр езытыр, - жэуап кърритащ абы Хьисэ. - СэркIэ фIэщхъуныгъэ зиIэр лIэми, мыкIуэдыжын гъащIэр иIэнущ. Умынэщхъей, Марфэ, сэркIэ фIэщхъуныгъэ зигъэIэ!“

Мэриеми унэм къыщIэкIри, ахэр зэщIыгъуу кхъэлэгъунэр зыщIэт бгъуэнщIагъым кIуащ. Абы щIэлът Лазар и хьэдэр. БгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэр мывэ инкIэ зэхуэщIат.

ЦIыху гуапэу, псэ хьэлэлу дунейм тета Лазар зэрахэмытыжым щхьэкIэ гъыурэ, ахэр бгъуэнщIагъым хуэкIуэрт. Гъырт езы Хьиси. БгъуэнщIагъым зэрынэсу Хьисэ Iэдэбу, ауэ унафэ хэлъу жиIащ:

„Мывэр IувгъэкIуэт бгъуэнщIагъ щIыхьэпIэм“.

„МахуиплI хъуащ ар дунейм зэрехыжрэ“, - идакъым Марфэ.

Ауэ мывэр IуагъэкIуэтащ, дауэрэ хъуми. Хьисэ уафэм дэплъейри, Тхьэм зыхуигъэзащ:

„Ди Адэ ЛъапIэ! ФIыщIэ пхузощI. Сэ сщIэрт уэ си лъэIур зэхэпхыу зэрыбгъэзэщIэнур. Мы цIыхухэм фIэщхъуныгъэ ягъуэтыну щIы сэ сыкъызэрыбгъэкIуамкIэ“.

БгъуэнщIагъ кIыфIым зыщIишиери, Хьисэ макъ лъагэкIэ жиIащ: „КъыщIэкI, Лазар!“

Шынагъуэм зэщIиубыдауэ цIыхухэр еплъырт бгъуэнщIагъым и къыщIэкIыпIэм. Мы екIуэкIыр псоми яфIэтелъыджэрт. Мэриемрэ Марфэрэ я закъуэт Хьисэ жиIар зи фIэщ хъуар. Абыхэм ящIэжт абы къажриIар: „Сэращ лIахэр къэзыгъэтэджыжу гъащIэ езытыр“.

Абы хэту Лазар кIыфIым къыхэкIащ. Я жьэр ущIарэ жаIэнур ямыщIэу, цIыхухэр жауэ зэхэтт.

„ПсынщIэу къытефхыт абы джэбыныр“, - жиIащ Хьисэ. Нэхъ лIыхъужьу зытIущ къахэкIащ абы и унафэр ягъэзэщIэну...

ЦIыхухэм Лазар къаухъуреихьащ итIанэ. ЗэрагъэщIэгъуэнур къахуэщIэр-тэкъым: Лазар теплъэкIэ лажьэ иIэтэкъым, узыншэт! ХъуэпскIыр къызыщIих абы и нитIым цIыхухэр щIэплъэрт, и IэпкълъэпкъыркъаIэбэрэбыхьырт.

Къуажэдэсхэм я нэхъыбэр Лазар и унэм кIуащ, ар къызэрыхъужам щхьэкIэ ефэ-ешхэ ящIыну. Хьисэ щIыгъуахэм ящыщ зыбжанэм къалэм къагъэзэжащ. К Ахэр къыздэкIуэжым, зыхуэзэу хъуам хуаIуэтэжащ Вифание къыщыхъуа Iуэхушхуэ телъыджэр.

„Телъыджэ дыдэщ ар, - жаIэрт абыхэм. - Хьисэ зэреджэу, Лазарыр бгъуэнщIагъым къыщIэкIри, псэууэ, лажьи-хъати имыIэу къытхыхьэжащ!“

Зэхахар зигу иримыхьар дин егъэджакIуэхэмрэ дин пашэхэмрэ я закъуэт. Зэи хуэмыдэжу, ахэр иджы нэхъри хуэмыарэзы хъуат Хьисэ.

„Мэрием, Марфэ, Лазар сымэ ятеухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ ХъыбарыфIыр Иуан къызэрыжиIам и 11-нэ псалъащхьэм.

„Iуэхушхуэ телъыджэкIэ“ дызэджэу дунейм и ухуэкIэ-зыужьыкIэ хабзэхэм къащхьэщыкI Хьисэ илэжьахэр щIилэжьар цIыхухэм яригъэгъэщIэгъуэн е ядэIэпыкъун къудей щхьэкIэкъым. А Iуэхушхуэ телъыджэхэмкIэ Мэссихь цIыхум хьэкъ ящищIырт ар зэрызэджэж дыдэрауэ зэрыщытыр. „ЛIахэр къэзыгъэтэджыжу, гъащIэ езытыр сэращ“ жиIэу Лазар къигъэхъужа нэужь, цIыхум хьэкъ ящыхъуащ абы жиIэр зэрыпэж дыдэр. ГъащIэми ажалми я тепщэт ар. ЛIахэм къазэрыхэтэджыкIыжамкIэ Хьисэ куэд дэмыкIыу ажалым текIуащ. А текIуэныгъэми кIэ иIэкъым!

**ХЬИСЭ ХУЭЗАХЭМРЭ ЗЭРЫХУЭЗА ЩIЫКIЭХЭМРЭ**

ЦIыкIухэм фIы дыдэу ялъагъурт Хьисэ.

„ФынакIуи, къэдвгъэлъыхъуэ ар", - жаIащ абыхэм зэгуэрым.

Адэ-анэхэми, унагъуэ лэжьыгъэри губгъуэ лэжьыгъэри къагъанэрти, Хьисэ жиIэхэм едэIуэну куэдрэ кIуэрт. ЩыкIуэкIэ сабийхэри зыщIагъурт абыхэм. ЦIыхубэм щахэпсэлъыхьын зэман езы Хьиси сытым дежи къигъуэтырт. Ар дапщэщи хьэзырт ахэр зыщIэупщIэу хъуам жэуап иритыну, ядэIэпыкъуну.

Хьисэ сымаджэхэр щигъэхъужкIэ, цIыхубэм гуфIэгъуэшхуэр яIэт. Зэгуэрым абыхэм я нэгу щIэкIащ къызэралъхурэ ныкъуэдыкъуэу, къимыкIухьыфу щытар къэтэджу къикIухь зэрыхъуар. НэгъуэщI зэгуэрми нэфым япэ щIыкIэ жыгхэмрэ плъыфэхэмрэ зэхигъэкI хъуащ, итIанэ и нэхэр къэплъэжыпащ.

УпщIэ гугъу гуэрхэм жэуап щаритым е Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щытепсэлъыхьым деж Хьисэ едэIуэну яфIэфI дыдэт цIыхухэм.

ФщIэжрэ Никодим жыхуаIэу щыта лIыр? Ар хуабжьу фIэлIыкI зиIэ цIыхут, упщIэ гугъухэмкIи Хьисэ зыхуигъазэрт. Ар иришынэрт Тхьэмадэ Хасэшхуэм хэт адрейхэм къалъагъункIэ, абы къыхэкIыуи Хьисэ деж жэщкIэрэ кIуэрт.

„Уи фIэщ щIы, Никодим, - къыжриIащ Хьисэ абы зэгуэр, - Тхьэм дунейм и цIыхухэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъэгъуати, езым и Къуэ закъуэ сэ а дунейм сыкъигъэкIуащ, фIэщхъуныгъэ къысхузиIэ дэтхэнэми мыкIуэдыжын гъащIэ естын щхьэкIэ“.

Никодим хэгупсысыхьыпауэ щIэкIыжащ. Абы зэи щыгъупщакъым япэ дыдэу Хьисэ щыхуэза махуэр.

Зэгуэрым Хьисэ деж сымаджэ гуэр къахьат. Узым апхуэдизкIэ къарууншэ ищIати, абы къыхуэкIухьыртэкъым. Кхъаблэм телъу ар и ныбжьэгъухэм къахьат. ЦIыху Iув зэхэтыр щалъагъум, абыхэм къагурыIуащ а къомым япхыкIыу сымаджэр унэм зэрыщIамыхьэфынур.

Апхуэдэу щыхъум, абыхэм языхэзым мыр и щхьэм къихьащ. „Унащхьэм гъуанэ хуэтщIу абыкIэ етхьэх щIэмыхъур сыт?“ - жиIащ абы.

Хьисэ сымаджэр сапсауэ игъэхъужри, щIэкIуэрыкIрэ дуней гуфIэгъуэр иIэу унэм кIуэжащ. А цIыхум игъащIэкIэ щыгъупщэжын хуейтэкъым Хьисэ зэрыIущIар.

Псыкъуийм деж Хьисэ зыхуэзауэ щыта Самарие щыщ бзылъхугъэр-щэ? ФщIэжыркъэ ар? А бзылъхугъэм игъэщIэгъуауэ щытащ Хьисэ, сэ езым уэ псы уезгъэфэфынущ, къыщыжриIам.

„Дауэ сызэребгъэфэфынур, псы къызэрипхын кхъуэщын къудей уимыIэу?” - жиIащ абы.

„А сэ узэзгъэфэну псыр, - жэуап къритащ абы Хьисэ, - мыкIуэдыжын гъащIэ здэщыIэ дунейм къыщыщIэж псынэращ. Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэ-шхуэм зэи зыри псы щыхуэлIэнукъым“.

Абы къыдэкIуэу Хьисэ бзылъхугъэм къыхурибжэкIащ къигъэщIам къри-убыдэу абы Iейуэ ищIауэ хъуар.

Абы и ужькIэ бзылъхугъэм игъэзэжащ къалэм.

«Хьисэ Тхьэм и Къуэщ! - яжриIэрт абы цIыхухэм. - Абы сэ стеухуауэ псори ещIэ!»

А махуэм къыщыщIэдзауэ Хьисэ зэрыхуэзауэ щытар зэи игу ихужакъым а бзылъхугъэм.

ЦIыхухэм яхэтт Хьисэ зыгуэркIэ елъэIун укIытэхэри. Бзылъхугъэ гуэр, псалъэм папщIэ, хуабжьу щIэхъуэпсырт Хьисэ зрыригъэхъужыну. Куэд щIат ар зэрысымаджэрэ, ахъшэу иIари Iэзэхэ ятриухат, ауэ зи нэхъыфI хъуртэкъым.

Мызэ-мытIэу ар кIэлъыплъат Хьисэ сымаджэхэр зэригъэхъуж щIыкIэм. „Абы и щыгъыным сеIусэмэ, занщIэу сыхъужынущ", - жиIэрт абы. Арати, зэгуэрым, Хьисэ здыблэкIым, бзылъхугъэр абы и щыгъыным еIусащ. ЗэреIусэуи нэхъыфI къэхъуащ бзылъхугъэр! Хьисэ игъэхъужауэ арат! Зэи щыгъупщакъым ар а бзылъхугъэм.

Иаир бауэбапщэу Хьисэ деж жэрт, елъэIуну. Абы ипхъу цIыкIур лIэуэ телът, Iэзи-гъуази хэзагъэртэкъым. АрщхьэкIэ, Хьисэ деж апхуэдизкIэ лъэIуакIуэ куэд къэкIуауэ Iутти, абыхэм къахэкIыу Иаир и унэм кIуэну хунэмысурэ, хъыджэбз цIыкIум и псэр хэкIащ.

Унагъуэм ису хъуар зэщIэгъуагэрт. Арати, Хьисэ, хъыджэбз цIыкIум и хьэдэр зыщIэлъ пэшым щIыхьэри, и Iэр къиштащ. „Тэдж!“ - унафэ хуищIащ абы хъыджэбз цIыкIум. Лажьи-хъати имыIэжу, хъыджэбз цIыкIур къыщызэфIэувэжым, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу псори гуфIащ... Иаири ипхъуми игъащIэкIэ ящымыгъупщэжыну я гум къинащ абы щыгъуэ Хьисэ зэрыIущIамрэ абы къахуищIамрэ.

Хьисэ зэгуэрым еджащ:

„Хьисэ! Еплъыт мы дэ бэлыхьрэ гузэвэгъуэу ттелъыр зыхуэдизым!"

Ахэр уэшын уз жыхуаIэр къызэфыкIхэрат. Егъэлеяуэ узыфэ Iейт абыхэм къеузыр. А узыр зэфыкIым и щIыфэр шыным зэщIи-щтэрти, уэтэпсыр къижу цIынагъэ хъужырт. А узыр зэфыкIым цIыхур щымэхъашэрт, къицIэлэнкIэ щышынэу къыпакIухьырт. Абыхэм яхэплъэри, Хьисэ жиIащ:

„Си цIэр жыфIэурэ фыщцылъэIуакIэ, узыншэ фыхъужыным зыкIи шэч къытевмыхьэу щхьэж и унэ фыкIуэж!“

Къалэм кIуэжу гъуэгум здытетым, абыхэм гу лъатащ цIынагъэхэр гъущу я щIыфэр къабзэ зэрыхъужам. Ахэр апхуэдизкIэ пIащIэрт нэсыжу я унагъуэхэр ягъэгуфIэнуи, Хьисэ фIыщIэ хуащIыну ящыгъупщат. Зы закъуэщ ар зигу къэкIыу Хьисэ фIыщIэ хуищIын щхьэкIэ къэзыгъэзэжар. Зэи щыгъупщакъым абы Хьисэ Мэссихь зэрыIущIауэ щытар.

Хьисэ деж зэгуэрым къэкIуащ зы щIалэ бей.

„КхъыIэ, Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэМ къысхутепсэлъыхьыт, - къелъэIуащ ар Хьисэ. - МыкIуэдыжын гъащIэ зэрызгъуэтыну щIыкIэр зэзгъэщIэну сыхуейт".

ЦIыхубэр пэплъэрт Хьисэ жиIэнум, сыту жыпIэмэ,а щIалэм и закъуэтэкъым - псори хуейт ар къащIэну.

„Уэ Тхьэр фIыуэ уолъагъу, абы и унафэхэр уогъэзащIэ. Ауэ, сэ къызэры-сщыхъумкIэ, уэ уи мылъкум хуабжьу утегужьеикIащ, - жэуап кърита щ Хьисэ абы. - НтIэ, мис а уи мылъкур цIыхум яхуэбгуэшрэ фIэщхъуныгъэ къысхуиIэу си ужь укъиувэмэ, итIанэ мыкIуэдыжын гъащIэр бгъуэтынущ".

ЩIалэщIэр, нэщхъей къэхъуауэ, лъэныкъуэкIэ IукIащ. Ар тегушхуэртэкъым и мылъкур цIыхухэм яхуигуэшыну, егъэлеяуэ къулейти. Дауэ щытми, Хьисэ щыхуэза махуэр гуимыхуж щыхъуащ абыи.

Ерихон кIуэ гъуэгум и бгъум деж щыст ВартимейкIэ зэджэ лIы нэфыр. Псоми яцIыхурт ар. Хьисэ блэкIыу щызэхихым, ар ину кIиящ:

„Хьисэ! Мыдэ къызэдаIуэт!“

„УмыкIий! УмыкIий!“ - жраIэрт абы. АрщхьэкIэ и макъым нэхъри зригъэIэтурэ еджэрт ар Хьисэ.

Щымыхъум, Хьисэ къэувыIащ.

„СыткIэ укъысхуей?“ - еупщIащ абы Хьисэ.

„Сыту насыпыфIэу зыслъытэжынут сэ, мы дунейр слъагъуу щытамэ!“ - жиIащ нэфым, гущIэгъу лъыхъуэу.

А зы напIэзыпIэми Вартимей и нэр къэплъэжащ икIи къилъэгъуащ къызэралъхурэ къэзыухъуреихь, ауэ зэи зыIумыплъа дунейр.

ИгъащIэкIэ игу имыхужыну Хьисэ щыIущIа махуэр къыхэнащ абы и гъащIэм.

Хьисэ хэт хуэзами, а махуэр гуимыхужу абы и гъащIэм къыхэнэрт, Хьисэ теухуа хъыбархэр яхуиIуэтэнуи цIыхухэм яхуэпIащIэрт.

«Хьисэ хуэзахэмрэ зэрыхуэза щIыкIэмрэ» теухуа хъыбархэр Инджылым и кIыхьагъкIэ хэту къыщывгъуэтынщ.

Хьисэ хуэза нэужь, цIыхухэм я гъащIэм зэрыщыту зихъуэжырт. Япэм ещхьу, иджыри Хьисэ зэрыIущIэм цIыхухэм я гъащIэр ехъуэж. Мыбы къыкIэ-лъыкIуэ „Хьисэ Израилым и пащтыхь» хъыбарыр топсэлъыхь Хьисэ лIэным махуэ зыбжанэ фIэкIа имыIэжу абы цIыхухэр зэрыхуэзам, жиIэу зэхахам, далъэгъуахэм.

## ХЬИСЭ ИЗРАИЛЫМ И ПАЩТЫХЬЩ

„Хьисэ къокIуэ! Хьисэ къокIуэ!“ - жаIэурэ цIыхухэр щызэрызехьэрт Ерусалим. IутIыж махуэшхуэр ягъэлъэпIэну Ерусалим къэкIуа цIыху къомыр къалэм дэз хъуат. Мор щызэхахым, заублэрэкIри, цIыху Iувым къалэ уэрам нэхъ иным-кIэ яунэтIащ. Куэдрэ пэплъат цIыхухэр Мэссихь. Иджы, мис, икIэм-икIэжым, шыд шыщIэм тесу ар къалэм къахуеблэгъащ.

ЦIыху къыIущIэхэм я плIэидзэхэр ар зэрыкIуэ гъуэгум къыхутраубгъуэрт. ПалыIэ къудамэхэр яIыгъыу абыхэм Хьисэ Iэ къыхуащIырт.

„Хьусаннэ! Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэ Пащтыхьым щIыхьышхуэр ейщ! Я нэхъ Иным щIыхьышхуэр ейщ!

ЦIыхубэм гуфIэгъуэр яIэт. Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, бегъымбархэм жаIауэ щытащ Израилым я Пащтыхьыр шыдым тесу Ерусалим къызэрыдыхьэнур. Арати, мис, ар къокIуэ! Ерусалим къызэрысу, Хьисэ, цIыхубэм яхэту, Тхьэм и унэшхуэм кIуащ.

Тхьэм и унэшхуэм и пщIантIэр бэзэрти, зэхэвэ-зэхэжьэм зыри зэхыуигъэхыртэкъым. Хьисэ гу лъитащ цIыхухэр къэзыгъапцIэ хъуэжакIуэхэм икIи хуабжьу къэгубжьащ.

„Тхьэм и унэшхуэр Тхьэ елъэIупIэущ зэрыщытын хуейр, фэ ар хъунщIакIуэ гъэпщкIупIэм ещхь фщIащ.

«Зевгъэхь адэ!» - макъ лъагэкIэ жиIэри Хьисэ, ахъшэхэр къещэщэхыу, хъуэжакIуэхэм я Iэнэхэр щхьэпридзащ.

Тхьэм и унэшхуэм и щIыхьэпIэм деж никъуэдыкъуэрэ нэфу куэд щызэхэтт. Ахэр Хьисэ елъэIурт, езыми, хьэуэ къыхимыгъэкIыу, псори игъэхъужырт.

Я гъащIэм къриубыдэу, нэфхэр дунейм япэ дыдэу теплъэрт, щIакъуэхэми Тхьэм и унэшхуэм и дэкIуеипIэхэм къыщажыхьырт. ГуфIэгъуэшхуэр яIэу сабийхэри зэрыгъэкIийрт.

Дин егъэджакIуэхэм я нэхъыбэр иригузэващ цIыхубэр апхуэдэу Хьисэ фIыуэ зэрыхущытым, абы фIэщхъуныгъэ зэрыхуаIэм. Абыхэм Хьисэ зэрагъэтIысын, зэраукIын щхьэусыгъуэ къалъыхъуэу щIадзащ.

„Куэдщ дэ тшэчар, - жаIащ абыхэм, зэчэнджэщыжри, - игъуэ хъуащ ар ди натIэм идгъэкIыну".

АтIэми Хьисэ хьарзынэу ищIэрт абы къыпэплъэр зыхуэдэр, а къэхъуну псори Тхьэм и унафэу, Абы иухауэ зэрыщытыр. Хьисэ псоми щыгъуазэт, яукIыну мурад зэращIари ищIэрт.

Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм елъэIуащ  IутIыж  махуэшхуэм щхьэкIэ хэхауэ ефэ-ешхэ ящIу псори абы къыщызэхуэсыну. Ар нэщхъейт, сыту жыпIэмэ ищIэрт и гъуэгу ирикIуэхэм ящIыгъуу афIэкIа зэи ефэ-ешхэ зэрыхэмысыжынур, ар иужь дыдэу зэрыщытыр.

Арати, Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ щызэхуэсащ абыхэм хухаха пэшым. Пщыхьэщхьэшхэр хьэзырт.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я лъакъуэхэр сабэ защIэт. Ар щилъагъум, Хьисэ, и щыгъын щIыIутелъыр зыщихщ, лъэгуажьэмыщхьэу тIысри, я лъакъуэхэр яхуи-тхьэщIрэ напэIэлъэщIкIэ яхуилъэщIыжу щIидзащ.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм укIытауэ ядэртэкъым: „Уэ дэ удигъэсакIуэщ, итIани унэIут къалэныр уогъэзащIэ!“

„Ар дыдэрщ си мурадыр. Сэ фи унэIут къалэныр согъэзащIэ, зыр адрейм фыхуэгуапэу, фызэдэIэпыкъуу, зызэщIэвгъакъуэу фызэрыщытынум и щапхъэ фэзгъэлъагъун щхьэкIэ“.

Ахэр шхэну Iэнэм къетIысэкIащ итIанэ. И гъуэгу ирикIуэхэр шхэуэ здэщысым, Хьисэ абыхэм яжриIащ:

„Фэ фязыхэз сэ нобэ тепщэныгъэ зиIэхэм саIэщIигъэхьэнущ".

Хьисэ жиIар абы и гъуэгу ирикIуэхэм апхуэдизкIэ зыхащIати, гу лъатакъым Иудэ къэтэджу зэрыщIэкIам. Ар дин егъэджакIуэхэм я деж кIуауэ арат, Хьисэ ныжэбэ къыщаубыдыфынур дэнэми яжриIэну.

МыдэкIэ, Хьисэ щIакхъуэр къиштэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, Iыхьэ-Iыхьэу зэпищIыкIыурэ тепщэчым ирилъхьащ.

„Фышхэ! - жиIащ абы. - Куэд дэмыкIыу сэри си Iэпкълъэпкъыр, мис мы щIакхъуэм ещхьу, къаудыныхьынущ икIи зэхакъутэнущ".

Ар жиIэри, Хьисэ жызумыпс зэрыт фалъэр къищтащ. Тхьэм фIыщIэ хуищIри, фалъэр хъурейуэ къригъэкIуэкIыну яхуишиящ абы адрейхэм.

„Фефэ псори мыбы щыщ, - яжриIащ абы и гъуэгу ирикIуэхэм. - Жызумыпсым къикIыр сэ фэр щхьэкIэ сщIэкIыну си лъыр арщ".

Пщыхьэщхьэшхэр зэфIэкIа нэужь, Хьисэрэ абы и гъуэгу ирикIуэхэмрэ пэшым къыщIэкIащ. Хьисэ жиIащ итIанэ:

„Фэ псори фызэбгрыжыжынурэ си закъуэу утыкум сыкъивнэнущ".

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягъэщIэгъуащ я дин гъэсакIуэм жиIар. Симон Петр жэуап къитащ итIанэ:

„Псоми утыкум укъранэми, сэ зэикI укъизнэнукъым“.

„Утыкум сыкъибнэнущ, - жиIащ, къытригъэзэжри Хьисэ. - Утыкум сыкъибнэ къудей мыхъуу, уэ сэ сыкъыумыщIыхуу жыпIэнущ".

„Уэ сыуигъусэу сылIэн хуей хъуми, узмыцIыхуу жысIэнукъым“, - идакъым Петр. Ар дыдэр адрейхэми жаIащ.

Абы и ужькIэ ахэр кIуащ зейтун жыгхэр къыщыкIыу Гефсимание щыIэ хадэм. Абы къакIуэу щытащ ахэр япэми. Хьисэ лъэныкъуэ зригъэзащ, уафэм щыIэ и Адэм дэщIыгъун щхьэкIэ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр шынати, ящIэнур ящIэжыртэкъым.

Махуэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, цIыхубэм зыжьэу икIи ину жаIэу щытащ: «Зиусхьэным и цIэкIэ къакIуэ Пащтыхьым щIыхьышхуэр ейщ!» Хьисэ лIэн хуейуэ ар иджы? Ар дауэ? Абы и гъуэгу ирикIуэхэм ящIэртэкъым Хьисэ Мэссихь Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэу зыми емыщхьым и Пащтыхьу зыми емыщхьыр ару зэрыщытыр. Сыту пIэрэ-тIэ абы къыщыщIынур?

„Хьисэ Израилым и пащтыхьщ" хъыбарым Инджылым и япэ тхылъиплIми фыщрихьэлIэнущ.

Хьисэ Мэссихь къалъхуным куэд иIэу Тхьэм къыхиха и лъэпкъыр къи-гъэгугъауэ щытащ ахэр къезыгъэлын Пащтыхь къахуигъэкIуэну. Ар мамырыгъэм и хъумакIуэ тепщэу щытынущ, абы къыхэкIыуи, зауэм хуэгъэпса шы емылыджым темысу, шыд Iэсэм тесу Ерусалим къыдыхьэнущ.

Пасэрей ЗэгурыIуэныгъэм (Ветхий Завет) ит а псалъэхэу Тхьэм бегъымбархэм ягу кърилъхьэу, къажригъэIахэр зэщIащ иужь дыдэу Хьисэ Ерусалим щыдыхьам. ЦIыхухэр гуфIэпсыжу къыпежьат абы. Езы Хьисэ мыхъумэ, зыми ищIэртэкъым махуэ зыбжанэ дэкIмэ, ар зэраукIынур, и закъуэу псоми утыкум къранэу. Абы и ужькIэ къэхъуар фэ къэфщIэнщ, „Хьисэ укI зэрытралъхьар“ хъыбарым фыкъеджэмэ.

**ХЬИСЭ УКI ЗЭРЫТРАЛЪХЬАР**

Хьисэрэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ Ерусалим кIуауэ щыIэт. Мысыр пщылIыпIэм журтхэр Тхьэм къызэрыришыжар ягу къэзыгъэкIыж IутIыж махуэшхуэм кIуэну абыхэм загъэхьэзырт.

Арати, къалэм дэкIри, абыхэм хуэмурэ драгъэзеящ Елеон Iуащхьэм тет Гефсимание жыг хадэу зейтун жыг хъарзынэхэр къыщыкIым хуэкIуэ гъуэгумкIэ.

„Фэ мыбдеж фыкъанэ, - жиIащ Хьисэ. - Сэ си закъуэ уафэм щыIэ си Адэм сыщIыгъун хуейщ. ФыкъызделъэIу Тхьэм, сыту жыпIэмэ нэхъ хьэлъэ дыдэу си гъащIэм хэтыну махуэр къэсащ".

Арати, лъэныкъуэкIэ IукIуэтри, Хьисэ лъэгуажьэмыщхьэу тIысащ. „Си Адэ, мы гугъуехь шэчыным и фалъэр сIых! - жиIащ абы и псэр гуIэгъуэм ихузу. -Сэ сылIэн хуейщ, мы дунейм тет цIыху тхьэмыщкIэ къомыр уи Тепщэныгъэшхуэм щIэбгъэхьэн щхьэкIэ. Уэ узэрыхуеуэ ирехъу - сэ сыхьэзырщ сылIэну!“

И гъуэгу ирикIуэхэм я деж абы къыщигъэзэжам, ахэр жейрт. Хьисэ къи-гъэушащ ахэр. „Сэ тIэкIу фыкъыздэщымысыфыну ара?“ - жиIэри и гъуэгу ирикIуэхэм еупщIащ Хьисэ, нэщхъейуэ.„Фыплъэт, мес, саубыдыну цIыхухэр къокIуэ“.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къалъэгъуащ жыг хадэм къыхэкIауэ къахуэкIуэ зауэлIхэр. Абыхэм яIыгът мафIэр къызыпих пхъакъуэ зырызрэ джатэрэ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр къэшынащ.

ИтIанэ абыхэм къалъэгъуащ зауэлIхэр къэзышэ цIыхур. Ар абыхэм я ныбжьэгъу Иудэт. И ныбжьэгъухэм я нэгум къызэрыщIэмыплъэным хэтт ар. Хьисэ абыхэм зэраIэщIигъэхьэнум пэкIуэу дин егъэджакIуэхэм Иудэ къратат дыжьын ахъшэ тIощIрэ пщIырэ.

Иудэ бгъэдыхьащ Мэссихь, и дин егъэджакIуэм, икIи ба хуищIащ. АбыкIэ Иудэ зауэлIхэм къаригъэщIащ яубыдын хуейр хэтми.

Джатэ пцIанэхэр зыIыгъ зауэлI гупым, арати, Хьисэ къаувыхьащ.

„Сыт Iэщэ зэрыфщIынур? - къеупщIащ ар абыхэм. - ЛIо, Тхьэм и унэшхуэмсыкъыщывмылъэгъуауэ ара нобэ? Щхьэ сывмыубыдарэ абы щыгъуэ?“

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр апхуэдизкIэ шынати, жыг хадэ и Iувым зэрызы-хагъэпщкIуэнум хэту зэбгрыжащ.

ЗауэлIхэм Хьисэ Iуаша нэужь, абы и гъуэгу ирикIуэхэм къагъэзэжащ мы къэхъуам и пэ къихуэу ахэр зэщIыгъуу щышха унэм. Петр и закъуэщ Хьисэ зышэ гупым я ужь иувэу якIэлъыкIуар. Ар хуейт Хьисэ здашэр зригъэщIэну.

ЗауэлIхэм Хьисэ яшащ дин пашэшхуэм деж. Дин пашэхэр зэгурыIуащ Хьисэ жэщу яубыдыну, сыту жыпIэмэ ахэр шынэрт Хьисэ фIыуэ зылъагъу цIыхубэм зыкъаIэтынкIэ.

Хьисэ щIагъэкъуэншэн лъэпкъ ягъуэтынутэкъыми, дин пашэхэм къраджащ абы пцIы тралъхьэу зыгъэкъуэншэн цIыху гуэрхэр.

ЗауэлIхэм я ужь иту кIуэрт Петр. АрщхьэкIэ, Хьисэ къыпкърыупщIыхьыну дин пашэшхуэм деж щашэм, ар унэIутхэм я гъусэу мыдэкIэ къэнащ. Жэщыр щIыIэти, Петр зигъэхуэбэну мафIэм бгъэдыхьащ.

Петр зэхихырт дин пашэшхуэр Хьисэ къызэреупщIыр: „Догуэ, Тхьэм къыт-хуигъэкIуэну дыкъызэригъэгугъауэ щыта Тхьэм и Къуэ уэра?“

„Сэращ", - жэуап къитащ Хьисэ.

„Мис иджы езы дыдэм жиIэу зэхэтхащ дэ а пцIыр, - жаIэри зэрыгъэкIиящ псори. – Куэдщ дэ абы хуэтшэчар. Езы Тхьэ дыдэм и Къуэу зыкъызэрилъытэжым щхьэкIэ ар укIын хуейщ“.

УнэIутхэм ящыщ зы хъыджэбз мафIэм щыбгъэдыхьэм, Петр гу лъитащ. И Iэ пIыщIахэр мафIэм иригъэуну зыщигъэщхъкIэ, абы и нэкIур мафIэ бзийм къигъэнэхурт.

„Сыщымыуэмэ, уэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм уащыщщ", - жиIащ хъыджэбзым.

Петр къэшынащ.

„Хьэуэ! Хьэуэ! Уэ ущоуэ! - жиIащ абы. – Сэ игъащIэм сытеплъакъым Абы“.

НэгъуэщIхэри щэнейрэ абыкIэ къеупщIати, ар дыдэращ яжриIар.

Ещанэу апхуэдэ жэуап щит дыдэм ирихьэлIэу  адакъэр ину Iуащ. Абы ехутылIауэ мафIэм пэмыжыжьэу блаш Хьисэ Петрым къыхуеплъэкIащ:

„Сэ ныщхьэбэ тхьэ хуэсIуат абы игъащIэкIэ ныбжьэгъу пэжу сриIэну, - жиIэурэ егупсысырт Петр, - иджы, мис, сэ ар сцIыхуркъым, жызоIэ“. Арати, укIытэр къыщIэнауэ исурэ абы игу къэкIыжащ пщыхьэщхьэшхэ щхэуэ щыщысам, ныщхьэбэ, Хьисэ къыжриIар: „Адакъэр мыIуэ щIыкIэ сыкъыумы-цIыхуу щэнейрэ жыпIэнущ уэ“.

ЗауэлIхэм Хьисэ яшащ Израилым и Iэтащхьэу урым императорым къигъэкIуа Пилат деж.

„Уэ пащтыхь ухъуну ухуейщ, ара? - жиIэри ар къеупщIащ Хьисэ. - Си фIэщ хъуркъым ар императорым и гуапэ хъуну".

„Сэ си тепщэныгъэшхуэр мы фи дунейракъым зыщыщыр, - жиIэри жэуап къитащ Хьисэ. - Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм ухуэзышэ лъагъуэр къахузэIусхыну аращ сэ мы дунейм сыкъыщIытехьар“.

„Апхуэдэу щытмэ, сыт-тIэ мы къомым ущIагъэкъуаншэр?“ - жиIэри Пилат къыпэплъэу пщIантIэм дэт дин пашэхэм я деж щIэкIащ.

„Сэ а цIыхум къуаншагъэ лъэпкъ кIэрылъу къысхуэгъуэтакъым“, - жиIащ Пилат. „Дауэ зэрымыкъуаншэр?! Тхьэм и Къуэу зелъытэж абы, ауэ щыхъукIэ ди хабзэм жеIэ ар укIын зэрыхуейр!“ - жаIэурэ зэрыгъэкIийрт дин пашэхэр.

„Сыт абы букIын хуэдизу къуаншагъэу ищIар?“ - жиIэурэ яхэупщIыхьырт итIани Пилат. АрщхьэкIэ дин пашэхэм къагъэдэIуа цIыху къомыр зэрыгъэкIийрт: „Жорым еIулI! Жорым еIулI!“

Пилат афIэкIа едэуэжакъым абыхэм. Ар шынэрт журтхэм зыкъаIэтынкIэ е урым императорым бзэгу хуахьыжынкIэ. Арати, Пилат арэзы хъуащ Хьисэ жорым ираIулIыну.

Дин пашэхэм ягу зэгъат. ИкIэм-икIэжым, абыхэм я натIэм ирагъэкIынут Хьисэ! Мэссихь фIыуэ зылъагъу цIыхухэм я гур къигъыкIыу еплъырт къалэ блыным адэкIэ щыIэ Iуащхьэм жор хьэлъэр абы зэрыдихым. Хьисэ пащтыхь къахуэхъуну щыгугъат ахэр! Хьисэ и закъуэт зыщIэр Тхьэм ар щIыгум къыщIигъэкIуа Iуэхугъуэр зэщIа хъуным и пIалъэр къызэрысар.

Жорым кIэраIулIауэ кIэрылъ Хьисэ цIыхухэм къахэплъэрт. Абы илъагъурт и гъуэгу ирикIуэхэр, къэзылъхуа и анэ Мэрием. Хьисэ фIы дыдэу ищIэрт абы и лIэныгъэр абыхэм я дежкIэ гуауэшхуэу зэрыщытыр. Иуан нэкIэ къилъыхъуэри, Хьисэ абы къыжриIащ:

„Укъэзылъхуам узэрыхущытынум хуэдэу си  анэм хущыт, Иуан, уи нэIэ тегъэт".

„Адэ ЛъапIэ! Яхуэгъэгъу мы цIыхухэм, - жиIэри лъэIукIэ абы зыхуигъэзащ Тхьэм, - сыту жыпIэмэ абыхэм къагурыIуэркъым ялэжьыр зищIысыр!“

Хьисэ и псэр итащ куэд дэмыкIыу.

„Ар, пэж дыдэу, Тхьэм и Къуэт!“ – жиIэри зауэлIхэм ящыщ зы къыхэкIиикIащ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр гуауэшхуэм зэщIиIулIат. Абыхэм я гугъащ псори зэфIэкIауэ, Хьисэ зэи ямылъагъужыну: Ауэ ахэр щыуауэ къыщIэкIащ.

Инджылым и япэ тхылъиплIым итщ Хьисэ хьэзабу ишэчамрэ зэрылIа щIыкIэмрэ теухуа хъыбархэр.

Иужь дыдэу Ерусалим дыхьэным куэдкIэ и пэ иту, Хьисэ ищIэрт ар зэраубыдынури зэраукIынури.

Щаубыдыну пщыхьэщхьэм Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къазэрыгурыIуэн-кIэ яжриIат къэхъункIэ хъунур, ауэ я дин гъэсакIуэм и псалъэм къикIхэр къагурыIуакъым абыхэм.

Ар зэрагъэкъуаншэу хъуар, дауи, пцIы зэфэзэщт. Iэтащхьэ Пилат зэхигъэкIат икIи къыгурыIуат щIэбгъэкъуэншэн лъэпкъ абы зэрыбгъэдэмылъыр, ауэ и къулыкъум тешыныхьырти, япэрымыуэу иращIэнур ирыригъэщIащ.

„МэлыхъуэфIыр сэращ, - жиIащ Хьисэ. – Сэ си гъащIэр си мэлхэм щхьэкIэ сот". Хьисэ Мэссихь лIэным щхьэусыгъуэ закъуэ хуэхъуар дэращ. Дэ длэжьа гуэныхь къомыр къипшыныжын щхьэкIэщ Хьисэ и гъащIэр щIитар.

**IУТIЫЖ МАХУЭШХУЭР**

Жорым кIэрылIыхьа нэужь, Хьисэ и ныбжьэгъу лIы цIэрыIуэхэу Аримафей щыщ Исуфрэ Никодимрэ, Мэссихь и хьэдэр жорым къыкIэрахыжри, кхъэлэгъунэ папщIэу къыхаха бгъуэнщIагъ гуэрым щIалъхьащ. ЩIалъхьэри, и щIыхьэпIэм мывэшхуэ IуагъэукIуриежащ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм абы и хьэдэр ямыдыгъужын щхьэкIэ, тепщэхэм бгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэм хъумакIуэхэр Iуагъэуващ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэмрэ ар фIыуэ зылъагъуу щытахэмрэ къагъэзэжри, мы гуауэр къэхъуным и пэ къихуэу ахэр шхэуэ зыщIэса пэшым щызэхуэсыжащ. Псори гуауэщхьэуэт, зыми и щхьэр къыхуэIэтыртэкъым.

Тхьэмахуэ пщэдджыжьым жьы дыдэу цIыхубз зыбжанэ Хьисэ и хьэдэм щахуэн щхьэкIэ мэ IэфI къызыпих дагъэ лъапIэхэр къыздащтэри, уэрам кIыфIкIхэм ирикIуэурэ бгъуэнщIагъым кIуэну ежьащ. абыхэм ящIэрт Хьисэ и хьэдэр бгъуэнщIагъым зэрыщIэлъыр, ауэ дин махуэшхуэу ирихьэлIати, журт хабзэм тету хьэдэр зыхуей хуагъэзэну хунэсатэкъым.

ЗамыгъэIэуэлъауэурэ, цIыхубзхэр хадэм хыхьащ. Ахэр щIэгупсысырт мывэшхуэкIэ зэхуащIа бгъуэнщIагъым щIыхьа зэрыхъунум. АрщхьэкIэ, гъунэгъуу бгъэдыхьа нэужь, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэу ахэр къыхэкIиикIащ. БгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэм мывэшхуэ IугъэукIуриикIауэ IущIащ, хъумакIуэхэри бзэхат.

ЦIыхубзхэр бгъуэнщIагъым щIэлъадэмэ, ар нэщIт. Ахэр къэшынащ. Ар зыхуахьынур ямыщIэу здэщытым, щыгъын зэщIэлыдэхэр ящыгъыу мелыIычитI я пащхьэм къихутащ. ЗэрагъэщIэгъуэнур къахуэщIэртэкъым цIыхубзхэм мы ялъагъур.

„Сыт мыбдеж Хьисэ къыщIыщыфлъыхъуэр? - къеупщIащ мелыIычитIыр цIыхубзхэм. - Ар къэхъужащ! КъывжиIатэкъэ фэ абы, яукIыу махуитI дэкIа нэужь, ещанэ махуэм къызэрыхъужынур? Ар дыдэращ-тIэ къэхъуар. ФыкIуи, абы и гъуэгу ирикIуэхэм яжефIэж къэхъуар".

ЦIыхубзхэм ягъэзэжауэ, пIащIэу къалэ уэрамым ирикIуэрт.

„Хьисэ псэущ! МелыIычхэр къыдэпсэлъащ!" жаIэрт абыхэм бэуэбапщэрэ зэкIэлъагъэпIащIэу.

Хьисэ и ныбжьэгъухэр щызэхуэса унэм нэсри, бжэм теуIуэу щIадзащ.

„КъыIуфхыт, - жаIэурэ ахэр еджэрт Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм. Къыфхуэтхьащ дэ хъыбарыф!: Хьисэ псэущ!"

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщу тIу Эммаус кIуэ гъуэгум тетт а махуэ дыдэм. Абыхэм ящIэртэкъым Хьисэ къызэрыхъужар.

„Хьисэ щымыпсэужкIэ, лIо дэ Ерусалим дэтщIыхьыжынур?“ - апхуэдэу Iуэхум егупсысат а тIур.

Апхуэдэу ахэр гъуэгум здрикIуэм, нэгъуэщI гъуэгурыкIуэ гуэр къащIыхьащ. Ерусалим къыщыхъуахэм зыри химыщIыкI хуэдэу щытт абыи, Хьисэ зэрылIа щIыкIэр хуаIуэтэжащ. Хуабжьу ягъэщIэгъуащ гъуэгурыкIуэм абы теухуауэ жиIар. ГъуэгурыкIуэм къахуиIуатэу щIидзащ Мэссихь лIэн хуейуэ зэрыщытар. „Неблагъи, пщыхьэщхьэшхэ къыддэшхэ“, - жаIэри, я унэм щынэсыжым, абыхэм гъуэгурыкIуэр щIашащ.

Iэнэм здыпэрысым, хьэщIэм щIакхъуэр къищтэщ, Тхьэм фIыщIэ хуищIри, зэпищIыкIащ. Мис абдежым къыщацIыхужащ абыхэм ар! КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдизрэ къадэуэршэрауэ мы къабгъэдэсыр езы Хьисэт! АрщхьэкIэ, къызэрацIыхужу, ар бзэхыжащ.

„ИкIэщIыпIэкIэ Ерусалим дгъэзэжу мы дызыIущIар яхуэдмыIуэтэжу хъунукъым ди ныбжьэгъухэм“, - жаIэри, хэкIуэта пэтми, ахэр гъуэгу теувэжащ.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягъэзэжа нэужь, кхъэлэгъунэм деж цIыхубзхэм щалъэгъуамрэ щызэхахамрэ къыхуаIуэтэжащ.

„Ди фIэщ хъуатэкъым цIыхубзхэм къытхуаIуэтар, - жиIэрт Петр, - ауэ кхъэлэгъунэм дыщыщIыхьам, хьэкъ тщыхъуащ: Хьисэ къэхъужащ!“

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр апхуэдэу зэпсалъэу здэщытым, езы Хьисэ пэшым къыщIыхьащ. Псори зэуэ къаскIэри зэлъыIукIуэтащ.

„Фымышынэ, - жиIащ абы, - сэ сыхьэдэджадэкъым. Тшхын гуэр щымыIэу пIэрэ?“

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм Iэнэр къыхуаухуащ. Хьарзынэтэкъэ-тIэ ар абыхэм я дежкIэ псэууэ Хьисэ ялъагъужыныр!

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ зы, Фома, къэтт. Ар щIэсатэкъым Хьисэ пэшым къыщыщIыхьам. Я дин гъэсакIуэр къэхъужауэ зэралъэгъуар щыжраIэм, абы мыпхуэдэ жэуап къаритыжащ:

„Хьисэ и Iэхэм телъ гъущI IунапIэхэр си нэкIэ сымылъэгъуауэ а жыфIэр си фIэщ схуэщIынукъым“.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр, Фомаи яхэту, къыкIэлъыкIуэ тхьэмахуэм къызэ-хуэсащ. Мис абы щыгъуи Хьисэ къахуэкIуащ абыхэм.

„Сэ сыфщIыгъущ, Фома, - жиIащ абы щэху дыдэу. – Къызбгъэдыхьи, къызэIусэт. Мис гъущI IунапIэхэр. У и фIэщ хъуа иджы сэ сыкъызэрыхъужар, сызэрыпсэур?“

„Хъуащ! - жиIащ Фома. - Си Зиусхьэн икIи си Тхьэ!“

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр Ерусалим къикIыжри, Галилей псыхъурейм къа-гъэзэжащ. Псы Iуфэм пэмыжыжьэу щыт кхъуа-фэжьей нэщIым ахэр ист пщэдджыжь гуэрым. Зы бдзэжьей цIыкIу нэхъ мыхъуми жэщ псом къахуэубыдатэкъым абыхэм. Апхуэдэу псым здытетым, мыдэкIэ псы Iуфэм Iут лIыр егуоуащ абыхэм:

„Хъыр кхъуафэжьейм и адрей лъэныкъуэмкIэ щыхэвдзэт!“

„Бдзэжьей ещэкIэ дымыщIэ и гугъэу аращ абы“, - жаIэурэ зэплъыжащ ахэр, арщхьэкIэ, егупсысыжри, а лIым зэрыжиIам тету, хъыр хадзащ.

Къыхахыжмэ, хъым и Iум къэсу бдзэжьейр изт...

„Ар Хьисэщ!“ - жаIэри зэрыгъэкIиящ ахэр.

А пщэдджыжь дыдэм, пщэдджыжьышхэ шхуэу здэщысым, Хьисэ Петр хуэму епсалъэрт.

Абы, дауи, хуигъэгъуакIэт гукъинэж хъуа а жэщым Петр шынауэ зэрыщы-тар, абы къыхэкIыуи щэнейрэ Хьисэ имыцIыхуу къызэрыжиIар.

Тхьэм абы и пщэм къалэнышхуэ къызэрыдилъхьар Хьисэ Петр гуригъэIуащ.

Тхьэмахуих дэкIа нэужь, Хьисэ, и гъуэгу ирикIуэхэр зыщIигъури, Ерусалим пэмыжыжьэу щыт Елеон Iуащхьэм и щхьэм дэкIащ.

„Фэ фи нэкIэ флъэгъуагъэххэщ сэ Тхьэм къызита лъэкIыныгъэр зыхуэдизыр: узым пIэхэнэ ищIахэр къызэрызэфIэзгъэувэжар, лIахэр къызэрызгъэтэджыжар, - яжриIащ абы и гъуэгу ирикIуэхэм. - Фэ къанэ щымыIэу зэхэфхащ Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэныгъэшхуэм теухуа хъыбар пэжхэр.

Иджы игъуэ хъуащ сэри си Адэм деж згъэзэжыну. Сэ сыхуейт си хъыбарыр дуней псом щыфIуэтэну, щызэлъэфщIысыну. Ерусалим вгъэзэжи, фыпэплъэ. Тхьэм фэри къывитынщ езым и Псэ ЛъапIэм и къарур“.

Ар жиIэщ, и Iэр къиIэтщ, псоми Тхьэм и нэфI къащыхуэну яхуелъэIури, япыIукIуэтурэ бзэхыжащ...

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къалэм къагъэзэжри, пэплъэу щIадзащ. Хьисэ зэрыригъэсам ещхьу, ахэр Тхьэм елъэIурт. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ягу къагъэкIыжырт куэдри тепсэлъыхьыжырт я дин гъэсакIуэм илэжьу далъэгъуа Iуэхушхуэ телъыджэхэм.

Абыхэм хащIыкIIатэкъым нэгъуэщI гъащIэ, гъащIэщIэ къазэрыпэплъэм.

«IутIыж махуэшхуэм» теухуа хъыбархэр Инджылым и япэ тхылъиплIым итщ. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм я дежкIэ дин гъэсакIуэм и лIэныгъэри дунейкъутэжри зыт. Ахэр пэплъэрт Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэр куэд дэмыкIыу къызэрысынум, арщхьэкIэ я Пащтыхьыр лIакIэт. ГугъапIэ лъэпкъ щыIэжтэкъым. Абыхэм ящыщ зыми Мэссихь тепщэныгъэ зиIэхэм яIэщIилъхьэжащ. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэнракъэ, тхьэмахуэ пщэдджыжьым цIыхубзхэм къалъэгъуащ бгъуэнщIагъым и щIыхьэпIэм Iулъа мывэшхуэр зэры-IугъэукIуриикIари Хьисэ и хьэдэр бгъуэнщIагъым зэрыщIэмылъыжри. Пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэ псоми къащIакIэт я дин гъэсакIуэр къызэрыхъужар. Я нэкIэ ялъэгъуат абыхэм ар. Япэм абы къажриIарэ къызэригъэгугъауэ хъуар зэщIакIэт. ЛIэныгъэм текIуат ар. Къанэ щымыIэуи ипшыныжакIэт дэ гуэныхьу ттелъу хъуар. Арати, Мэссихь деж гъащIэщIэ щыдгъуэтын папщIэ, Мэссихь ди пIэкIэ дунейм зэрехыжам теухуа хъыбарым зэуэ дунейр зэлъищIысащ.

**ПСОМИ ЯХУЭГЪЭЗА ХЪЫБАРЫФI**

Хьисэ, арати, къыздикIа уафэм дэкIуеижащ и Адэм деж. Ауэ щIыгур ибгынэн и пэ, абы и гъуэгу ирикIуэхэм пщэрылъ къахуищIащ ХъыбарыфIыр дуней псом щызэлъащIысыну.

„Ауэ Тхьэм и дэIэпыкъуныгъэ Iэмал имыIэу къыфхуэкIуэнур хэмытмэ, фэ ар флъэкIынукъым. Ерусалим вгъэззэжи, фыпэплъэ“, - яжриIащ абыхэм Хьисэ.

Зэгуэрым, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр, зэрахабзэу, зэхуэсарэ Тхьэ елъэIуу здэщысым, жьапщэшхуэм ищIым хуэдэ макъ уафэм зэуэ къехри, макъышхуэр щIэз хъуащ. Абыхэм итIанэ къалъэгъуащ мафIэ бзийм ещхьу дэтхэнэми и щхьэгум нэхугъэ гуэр къызэрыщызэщIэнар. ЗэрагъэщIэгъуэнур къахуэмыщIэу, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр зыр зым еплъыжырт.

А бзэр зэуэ къиутIыпщыжри, ахэр къэпсэлъащ, ауэ игъащIэм зэрымы-псэлъа бзэ зэмылIэужьыгъуэ гуэрхэкIэт ахэр зэрыпсалъэр.

„Ар Хьисэ зи гугъу ищIа лъэкIыныгъэшхуэу Тхьэм къытхуигъакIуэр аращ!“ – жаIэри къэгуфIащ ахэр.

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыгъупщэжат зы тэлайкIэ узэIэбэкIыжмэ, ахэр дзыхыIыщIрэ щтэIэщтаблэу зэрыщытар. Иджы ахэр тепыIэжыртэкъым, Хьисэрэ Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэмрэ я хъыбар мы дунейм цIыхуу тетым хуаIуэтэну хуейт.

Ерусалим цIыхур дэзт, сыту жыпIэмэ дунейм и лъэныкъуэ псомкIи къикIыурэ журтхэр къыщызэхуэсат ПэнтэкосткIэ зэджэ махуэшхуэр ягъэлъэпIэну. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр а зэрыхьзэрийм къызэхуишэса цIыху къомым дин гъэсакIуэ Хьисэ Мэссихь теухуауэ яхутепсэлъыхьырт, гум къипсэлъыфым къедаIуэхэр дахьэхыу. ЦIыхухэм яхэттэкъым къыжраIэр къызыгурымыIуэ, сыту жыпIэмэ дэтхэнэми къызэрепсалъэр езым и анэдэлъхубзэмкIэт.

Ар Iуэхушхуэ телъыджэт! Тхьэм Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм къаритат Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм мышынэжу тепсэлъыхьын щхьэкIэ къаруушхуэ. Хьисэ яхэттэкъым абыхэм, ауэ Тхьэм къахуигъэкIуат езым и Псэ ЛъапIэр.

Псом нэхъри нэхъ гъэщIэгъуэну зызыхъуэжар Петрт. Хьисэ жорым щыкIэраIулIам щыгъуэ, ар шынагъуэм зэуэ зэщIиубыдат. Абы щыгъуэ Петр хъуэпсапIэу къы-хуэнар зыт: Галилей псыхъурейм нэхъ щIэхыIуэу кIуэжу и Iуэху и ужь ихьэжынырт.

АрщхьэкIэ Тхьэм и Псэ ЛъапIэм и къарур иджы Петр икъукIэ игу илъ хъуат. Псом япэ иту, ХъыбарыфIыр абы цIыхухэм ялъигъэIэсырт. ГуфIэгъуэм и нурыр кърихырт абы и нэгум.

Махуэ зыбжанэ дэкIа нэужь, Петррэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщ Иуанрэ Тхьэм и унэшхуэм кIуащ, Тхьэм елъэIунхэу. Тхьэм хуаIэ лъагъуныгъэр абыхэм ягу хуабжьу илъ хъуат.

Уэрамым щрикIуэм, абыхэм гу лъатащ къызэралъхурэ зи лъакъуэр къыщIэмыува лIы гуэр Тхьэм и унэшхуэм пэгъунэгъуу щысрэ факъырэIус щIэлъэIуу. Махуэ къэс ар и ныбжьэгъухэм къахьырт мыбдежым, Тхьэм и унэшхуэм кIуэхэм гущIэгъу къыхуащIу зыгуэр къыхуашиин щхьэкIэ.

„КхъыIэ, фыкъыздэIэпыкъу сэ тхьэмыщкIэм!“ - жиIэри ар къелъэIуащ Петррэ Иуанрэ.

„Дэ ахъшэ диIэкъым, - жриIащ абы Петр, - ауэ дэ уэ уэттынщ ахъшэ нэхърэ нэхъыфI гуэр. Хьисэ Мэссихь и цIэкIэ сэ бжызоIэ: тэджи, къэкIухь!“

Петр Iэбэри, дэIэпыкъуурэ, ар къызэфIигъэуващ. ГъэщIэгъуэнышэратэкъэ, абы и лъакъуэхэр зэуэ быдэ хъущ жыпкъэуи, лъэрэ пкIэуэ Тхьэм и унэшхуэм и дэкIуеипIэр къызэхижыхьу щIидзащ. А лIыр, макъ лъагэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуищIурэ, Петррэ Иуанрэ ар Тхьэм и унэшхуэм щIашащ.

Тхьэм и унэшхуэм щIэтхэм никъуэдыкъуэу щыта лIыр щалъагъум, зэрагъэщIэгъуэнур ямыщIэрэ я бзэр иубыдауэ зы тэлайкIэ щытащ.

„Догуэт, догуэт, - жаIащ абыхэм, - уэракъэ Тхьэм мы и унэшхуэм и щIыхьэпIэм деж лъаIуэу Iусар? Уэ уи лъакъуэр къыщIэмыувэу щытащ, дауэ-тIэ мыр зэрыхъуар?“

Ягъэхъужам Iуэхур зытетыр абыхэм яхуиIуэтэжащ.

„Апхуэдизу вгъэщIэгъуэн хэлъкъым абы, - яжриIащ Петр журтхэм. - Дэ ди лъэкIыныгъэкIэкъым ар зэрытщIар, ди фIыщIэ лъэпкъ хэлъкъым. Назарет щыщ Хьисэу а фэ фыукIар Тхьэм и Къуэт. Тхьэм къигъэхъужакIэщ ар. Абы и цIэкIэщ мы сымаджэр зэрыхъужар. Тхьэм къыфхуигъэгъуну фелъэIу, щIэпхъаджагъэу влэжьам фызэрыхущIегъуэжар жефIи, абы къыфхуигъэгъунущ. Зыщывмыгъэгъупщэ икIи фи фIэщ фщIы - Хьисэ къэхъужащ, ар псэущ!“

Петр къедаIуэхэм ящыщ куэд гуфIащ, Хьисэ къызэрыхъужар къыщащIэм. Псом хуэмыдэу Хьисэ Мэссихь игъэхъужахэмрэ абы жиIэхэм едэIуэну зыфIэфIу щытахэмрэ.

Ерусалим щыщ цIыху куэдым Тхьэм и ТепщэныгъэшхуэмтеухуаХъыбарыфIыр я фIэщ хъуащ, абы пэкIуэу Тхьэм абыхэм я гум кърилъхьащ езым и Псэ ЛъапIэр. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъыбэм  фIэщхъуныгъэ яIэ хъуащ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм пэжыгъэр зэрыжаIэмкIэ - Хьисэ псэущ!

Дин егъэджакIуэхэмрэ Тхьэмадэ Хасэшхуэм хэтхэмрэ я закъуэщ къэгубжьар, Хьисэ псэууэ жаIэурэ абы и гъуэгу ирикIуэхэм яIуатэр щызэхахам щыгъуэ.

„Мы Хьисэ тепсэлъыхьыныр щывгъэт!“ - жаIэурэ абыхэм Петррэ Иуанрэ паубыдырт. „Ар щыдэзыгъэгъэтыни зэрыщыдгъэтыни щыIэкъым, - жаIэурэ жэуап къатырт модрейхэм, - Хьисэ дэ ди пщэм кърилъхьащ а ХъыбарыфIыр цIыхухэм зэпымычу яхуэтIуэтэну". Зэпыу имыIэу абыхэм цIыхухэм хуаIуэтэжырт Хьисэ къэхъужа зэрыIущIахэр.

Хьисэ Мэссихь и гъуэгу техьахэр нэхъыбэ хъурт. Ахэр Тхьэм и унэшхуэм щIэх-щIэхыурэ щызэIущIэрт, къахуищIэмрэ къазэрыщхьэщыжымрэ щхьэкIэ Тхьэм фIыщIэ хуащIырт. Хьисэ унафэ къазэрыхуищIам тету, пщыхьэщхьэшхэ зэдэшхэрт, езыр ягу

къагъэкIыжу. Зыгуэрым и Iуэху зэIыхьамэ, ахъшэкIэ е шхынкIэ еплIэкIуамэ, къекIуэлIахэр апхуэдэм дэIэпыкъурт, яIэр зэдагуэшырт.

ФIэщхъуныгъэ зиIэхэр, пэж дыдэу фIыуэ зэрылъагъурт икIи ящIэрт абыхэм зэхуаIэ лъагъуныгъэр къызыпкъырыкIыр Тхьэм и Псэ ЛъапIэрауэ зэрыщытыр. Езым и Псэ ЛъапIэр икъукIэ ягу кърилъхьэурэ, Тхьэм абыхэм ягу илъыр зэрихъуэкIащ. Мэссихь и ХъыбарыфI дуней псом тет цIыхухэм лъагъэIэсын папщIэ, шынагъуэм, гужьгъэжьым, фыгъуэным я пIэкIэ лъагъуныгъэр, гущIэгъур, жэрдэмыр абыхэм я гъащIэм тепщэ щыхъуащ.

Дин егъэджакIуэхэмрэ Ерусалим дэс дин пашэхэмрэ ялъэкI къагъанэртэкъым, Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм и хъыбар цIыхухэм ялъэIэсыныр къызэпаудын щхьэкIэ. Хьисэ Мэссихь и гъуэгу тетхэр, гущIэгъу лъэпкъ хуамыщIу, къалэм дахурт. Ерусалим къабгынэрти, ахэр нэгъуэщI къалэхэм кIуэрт, Хьисэ и хъыбар цIыхухэм хуаIуэтэн щхьэкIэ.

Арати, Мэссихь теухуауэ Абы и бийхэм ящIа гурылъ фIейри ар зэрагъэлъапIэ Iэмал хъуну Тхьэм иухащ. ХъыбарыфIым мы дуней псор зэлъищIысу щIидзащ.

Мы хъыбарыр дэ къыхэтхыжащ «Апостолхэм ялэжьа Iуэхухэр» тхылъым, сабийхэм нэхъ къазэрыгурыIуэнкIи ттхыжащ. Пэнтэкост махуэшхуэм къэхъуар етIуанэ псалъащхьэм къыхэтхащ; Петррэ Иуанрэ щIакъуэр зэрагъэхъужар - ещанэм, журт пашэхэр апостолхэм зэреныкъуэкъуар -еплIанэ псалъащхьэм къыхэтхащ. Зыми къыхуэлъагъунукъым Тхьэм и Псэ ЛъапIэр, ауэ Хьисэ ар къыхуигъэкIуэну къигъэгугъащ фIэщхъуныгъэ къыху-зиIэу и ужь къиувэ дэтхэнэми. „Абы фэ фригъэсэнщ пэжыр зыхуэдэм, Тхьэм зэрыфIэкъабылым тету фыпсэунымкIи къывдэIэпыкъунщ", - къигъэгугъащ Хьисэ цIыхухэр. Пэнтэкост махуэм щыгъуэ Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм зыри хащIыкIыртэкъым Тхьэм и Псэ ЛъапIэр абыхэм къазэрыхуехыну щIыкIэм. Жьапщэшхуэм ищIым хуэдэ макъыу уафэм къехамрэ я щхьэгум къиувa мафIэ бзийхэмрэ я закъуэтэкъым абыхэм ягъэщIэгъуар. Абыхэм зэуэ зыхащIащ я гум шынэр зэрикIари я Iэпкълъэпкъыр псынщIэ зэрыхъужари. Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр иджы хуэхьэзырт хэку Iэджэм къикIыу зэхуэса цIыхухэм гу ихакIэ Хьисэ теухуа хъыбарыфIхэр бзэ зэхуэмыдэхэмкIэ хуаIуэтэну. Зыми зыкIи къыхуэгъэувыIэжынутэкъым иджы ахэр.

## ЩАУЛ ЩАМ ЗЭРЫЩЫIАР

Щаул Ерусалим щытепщэхэм ящыщ зыт. Ар Тхьэм и фIэлIыкIыр зигу илъ цIыху пэжт. ЦIыху куэд къакIуэурэ къечэнджэщырт абы, сыту жыпIэмэ Тхьэм и унафэ хабзэхэр хъарзынэу ищIэрт, гурыIуэгъуэ дыдэуи къыбжиIэфырт.

Щаул зэхихат Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ятеухуа хъыбар, я дин гъэсакIуэр яукIа нэужь, щэхуурэ зэрызэIущIэхэри ищIэрт.

АрщхьэкIэ псоми зэуэ зихъуэжащ: Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр дэни щыIэу фIэкIа пщIэнтэкъым! Абыхэм Тхьэм и унэшхуэм щIыхьышхуэ Тхьэм щыхуа-щIырт, уэрамыщхьэ къэс Хьисэ и хъыбар цIыхухэр иригъэдаIуэу уащыхуэзэрт. Щаул кIуэ пэтми нэхъыбэрэ зэхих хъуат абы и гъуэгу ирикIуэхэм сымаджэхэр Хьисэ и цIэкIэ ягъэхъужу.

Щаул и фIэщ хъуртэкъым Хьисэ Тхьэм и Къуэу. ИкIи ищIэртэкъым Тхьэм езым и Псэ ЛъапIэр цIыхухэм къазэрыхуригъэхар. Щаул къыщыхъурт абыхэм цIыхухэр къагъапцIэу. Абы щхьэкIэ езымрэ и ныбжьэгъухэмрэ хуабжьу хущIэкъурт Хьисэ и гъуэгу техьахэм ялэжь Iуэхум кIэ иратыну.

Щаул унащхьэзэдикIыу къикIухьурэ Мэссихьрэ Тхьэуэ уафэм щыIэм и Тепщэ-ныгъэшхуэмрэ ятеухуа хъыбархэр цIыхухэм ялъэзыгъэIэсхэр къыщигъуэт-кIэ, лъэхъуэщым ишэрэ игъэтIысу щIидзащ. Абыхэм ящыщ гуэрхи иригъэукIащ Щаул. Дин егъэджакIуэхэмрэ тепщэхэмрэ хуабжьу къыхуэарэзыт Щаул.

Щаул Щам къалэм кIуэну ежьащ зэгуэрым. Абы зэхихат Хьисэ Мэссихь и гъуэгу ирикIуэ гуэрхэр Щам щыпсэуууэ. Щам кIуэуэ гъуэгум здытетым, зэщIэлыдэрэ, кIуэаракъэ, и нэр игъэузу абы зы нурыбэ гуэр зэуэ къыжьэхэпсащ.

ИтIанэ абы зэхихащ къеджэ гуэрым и макъ: „Щаул! - уафэгъуагъуэм хуэдэу Iурт а макъыр. - Щаул!“

„Ухэт уэ? - еупщIащ абы Щаул. - Сэ зыри слъагъуркъым!“

„Хьисэу гугъу ебгъэхьыр сэращ, - къита жэуап макъым. - Къэтэдж, Щам кIуэи, пщIэн хуейр къыбжаIэху пэплъэ“.

Щаул къэуIэбжьащ. Нурыр кIуэдыжри, дунейр зэуэ кIыфIыгъэм щIиуфэжащ. ГущIэгъу лъэпкъ хэмылъу чыристанхэм гугъуехь езыгъэшэчхэм я нэхъ лъэрыхьу Щаул хъужыр нэфт, лъэкIыжIатэкъым.

Щаул и гъусэхэми зэхахат а макъыр, ауэ зыри ялъэгъуатэкъым. Щаул къагъэтэджыжри, лъэпэрэпэжу ирашэжьащ, Щам кIуэ гъуэгум тету.

Зыри зылъэмыкIыж Щаул, япэм ещхьу, зэхэзехуэн хуэщIыжIатэкъым, къалъа-гъумэ, я фэр пыкIыу щыщытри блэкIат. Жэщищ-махуищкIэ, къыщIэкI имыIэу, ар унэм щIэсащ. Абы зыри илъагъуртэкъым, шхэртэкъым, псы къудеи ефэртэкъым. И щхьэр къимыIэту, махуэ псом ар егупсысырт къэхъуам.

Щаул зыри хищIыкIыртэкъым абы сэбэп къыхуэхъун цIыху Тхьэм къызэрихуигъэкIуам. Ананиет абы и цIэр, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ящыщт. Абы зэхихат Щаул теухуауэ куэд, ищIэрт чыристанхэм Щаул яригъэшэчу щыта гугъуехьхэр зыхуэдизыр.

Езы Тхьэ дыдэр къепсалъэрт Анание.

„Анание, - жиIащ Абы, - нобэ уэ бгъэзэщIэн хуейщ си зы унафэ. Сэ сыхуейщ ЩаулкIэ зэджэ цIыху гуэрым уIущIэну. Ар иджыпсту Щам щыIэщ".

„Ди Зиусхьэн, ар хъунукъым! - къэуIэбжьащ Анание. - Щаул ди бий кIэуфIыцIхэм ящыщ зыщ, ар Щам къэкIуэнкIэ щIэхъуари гурыIуэгъуэщ: Уи гъуэгу ирикIуэхэр Ерусалим дишэу лъэхъуэщым дридзэну аращ".

Тхьэм Анание итIанэ къыжриIэжащ Щам щыкIуэм щыгъуэ Щаул къыщыщIар. „Сэ абы жесIэнщ уэ укIуэу зэрыбгъэхъужынур“, - къыпищащ Зиусхьэным. Анание тхьэмыщкIэ! Сытым хуэдэу къэшынат ар!

„Умышынэ, - къыжриІащ абы Тхьэм. - Щаул сэ къалэнышхуэкІэ нэ хуисщащ. Сэ сыхуейщ лъэпкъ куэдым сыкъащІэну, а къалэн гугъур зыгъэзэщІэну къызыпэщылъри Щаулщ».

Арати, Щам и уэрамхэм тету, Щаул и хэщІапІэ унэм кІуэну Анание ежьащ. Ар щыгугъырт Тхьэм икІи ищІэрт Хьисэ къыхилъхьэ къарумрэ зэфІэкІымрэ хуэдэ дыдэ абыи къызэрыритынур. АтІэми абы хуабжьу игъэщІэгъуащ иужькІэ къэхъуар.

Бжэм теуІуэри, Щаул зыщІэс пэшым Анание щІыхьащ. Щаул щыст. Анание абы бгъэдыхьэри, и Іэр трилъхьащ и дамэм.

„Къуэш Щаул! - жиІащ абы. - Тхьэм сэ сыкъыпхуигъэкІуащ, уи нэхэр къэплъэжу Тхьэм и Псэ ЛъапІэр уигу хуабжьу илъ хъун папщІэ“.

А напІэзыпІэми къэплъэжащ Щаул и нитІыр. Иджы абы шэч лъэпкъ къытрихьэжыртэкъым Хьисэ Мэссихь Тхьэм и Къуэу зэрыщытым. Абы теухуауэ чыристанхэм жаІэ псори пэжу къыщІэкІащ. Ахэр зэхэзехуэн ищІыну зыкІи хуеижтэкъым Щаул. Зэхэзехуэн ищІын дэнэ къэна, ар хьэзырт Хьисэ теухуа ХъыбарыфІыр дуней псом цІыхуу тетым ялъигъэІэсыну.

Щаул зэрызихъуэжар щалъагъум, Щам дэс чыристанхэм егъэлеяуэ ягъэ-щІэгъуащ.

„Дэ ди гугъащ абы дыкъиубыду лъэхъуэщым дридзэну, - жаІэрт абыхэм, - арщхьэкІэ Хьисэ тепсэлъыхьынрэ щытхъунрэ фІэкІэ Іуэху иІэжкъым абы, ар къыбгъэувыІэн плъэкІынукъым!“

Щаул куэд щІауэ зыцІыху и ныбжьэгъухэм игъащІэкІэ ягу къэкІынтэкъым абы апхуэдэу зихъуэжыну.

„Дауэ ар занщІэу чыристан зэрыхъуар? Ар фІэщхъугъуейщ!“ - жаІэрт абыхэм. АтІэми ар пэжт, пэж дыдэт. Тхьэм Щаул фІыкІэ ихъуэжри, еш имыщІэу ХъыбарыфІыр цІыхухэм ялъэзыгъэІэс дингъасэлІ ищІат. Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэм щІыхьэну и бжэр къахузэІуихыурэ, Мэссихь теухуа хъыбархэр абы хэку куэдым щыщ лъэпкъхэм яхуиІуатэрт. Куэд дэмыкІыу Щаул къеджэу щІадзащ абы и етІуанэ цІэмкІэ - ПаулкІэ.

Чыристанхэм гугъуехь езыгъэшэчу щытар Тхьэм и члисэ зэІущІэ къэрал куэдым къыщызэІухынымкІэ жэрдэмщІакІуэ Тхьэм зэрищІам теухуа хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ „Апостолхэм ялэжьа Іуэхухэр” тхылъым и ебгъуанэ пса-лъащхьэм. Апостол Паул Мэссихь и гъуэгу зэрытехьам и хъыбарыр апхуэдэ хъыбархэм янэхъ гъэщІэгъуэн дыдэхэм ящыщщ.

Тхьэм фІэзахуэщ, дэтхэнэри, езыр зытет гъуэгу бзаджэр къигъанэу, Мэссихь и гъуэгу дахэм техьэну. Хьисэ и лІэныгъэмрэ лІахэм къазэрыхэтэджыкІыжамрэ гъуэгу къытхузэІуахащ абы и ужь диувэу гъащІэр щІэрыщІэу къыщІэддзэжынымкІэ.

КъыкІэлъыкІуэну хъыбарыр теухуащ Паул щІыпІэ куэд зэрызэхикІухьамрэ абы и ІуэхущІафэхэмрэ.

**ПАУЛРЭ АБЫ И НЫБЖЬЭГЪУХЭМРЭ**

Паул Щам щыкIуэм щыгъуэ, Хьисэ тепсэлъыхь дэтхэнэри къиубыду лъэхъуэ-щым иридзэну хьэзырт. Ауэ абы кIуэуэ гъуэгу здытетым, Тхьэм къигъэувыIэри абы къепсэлъащ. Iуэхур зэриухын хуейрати, ХъыбарыфIыр цIыхухэм яхуиIуатэу, ялъигъэIэсу езыр ежьэжащ.

Щам дэс чыристанхэм ар зэрагъэщIэгъуэнур ящIэртэкъым.

„Паул дыдейщ иджы! - жаIэурэ гуфIэрт ахэр. - Абы щхьэкIэ дигъэтIысыным и пIэкIэ, иджы езым Хьисэ и хъыбар цIыхухэр ирегъэдаIуэ“.

„Дауэ апхуэдэу зихъуэжынкIэ хъуа? - жаIэурэ ягъэщIагъуэрт нэхъапэхэм Паул и ныбжьэгъуу щытахэм. - Хьисэ лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам теухуа хъыбарыр цIыхум яхимыхьэ щIыкIэ, укIын хуейщ ар“.

Паул къызэрещэр къащIэри, Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэм ар ягъэпщкIуащ икIи жэщ кIыфIу ирырагъэхьэлIэри, ар Щам къыдагъэкIуэсыкIыжащ. Матэшхуэм ирагъэтIысхьэри, ар кIапсэкIэ къыщхьэдахьэхыжащ къалэ блыным.

Хьисэ фIэщхъуныгъэ хузиIэхэм Антиохие къалэм дэсхэм ХъыбарыфIыр хуа-Iуатэрт. Я тхьэкIумэ тегъэхуауэ цIыхухэр щIэдэIурт абыхэм жаIэм.

„Дэри Тхьэм нэгъуэщI цIыху дыхуэщIыну?“ щIэупщIэрт ахэр.

КIуэ пэтми цIыху нэхъыбэм фIэщхъуныгъэ хуаIэ хъурт Мэссихь. Антиохие къалэм дэсхэр нэгъуэщIыцIэкIэ еджэу щIадзащ Хьисэ фIэщхъуныгъэ хузиIэу абы и гъуэгум теувахэм - чыристанкIэ.

Антиохие къыщежьа IуэхущIэм теухуа хъыбарыр Ерусалим щIэхыу нэсащ. ВарнавэкIэ еджэу лIы гуэрым мурад ищIащ щIэуэ къэунэхуа члисэ зэIущIэм зыщIигъэкъуэну. Ар Паул елъэIуащ, ХъыбарыфIыр цIыхум яхуиIуэтэн щхьэкIэ, щIыгъуу Антиохие кIуэну. ФIэщхъуныгъэ зиIэ хъуахэм ялъагъуат, Мэссихь цIыхухэм зыщыхуагъазэм деж, Тхьэм дэтхэнэми къалэн пыухыкIа къызэрыритыр.  Язынызкъуэхэм сымаджэхэр зэрагъэхъужын зэфIэкI къахилъхьэрт, адрейхэм Хьисэ и хъыбарыфI цIыхухэм лъагъэIэсыну ялъигъэкIырт, ещанэхэр цIыху тхьэмыщ-кIэхэм, гуауэ зиIэхэм щыжакIуэрэ бампIэдэхрэ яхуищIырт. Зыкъом дэкIа нэужь, Антиохием щыпсэу чыристанхэм къагурыIуащ Тхьэм Варнавэрэ Паулрэ къалэн хэха я пщэ зэрырилъхьар, абы къыхэкIыуи зыкIи къагъэувыIакъым. Абыхэм ягъэзэщIэну къапэщылът мы Iуэхур: зы къалэм дэкIмэ, адрейм дыхьэу, Хьисэ Мэссихь теухуа ХъыбарыфIыр цIыхухэм хуаIуэтэну.

Паулрэ Варнавэрэ Листрэ къалэм нэсарэ уэрамым дэту ХъыбарыфIыр цIыхуу хъуам хуаIуатэрт. Абыхэм яхэтт къызэралъхурэ и лъакъуэр къыщIэмыувэу зыныкъуэдыкъуэ гуэр.

Абы хьэкъ щыхъуат Паул жиIэу хъуар. Паул ищIэрт а ныкъуэдыкъуэр игъэ-хъужыну Тхьэр зэрыхуейр.

„Тэдж!“ - жиIащ Паул.

ЛIыр къэтэджри, адэкIэ-мыдэкIэ къикIукI-никIукIыу щIидзащ. Ар хъужакIэт!

А Iуэхушхуэ телъыджэр зылъэгъуа цIыхухэм къащыхъуащ Паулрэ Варна-вэрэ езыхэм я къарукIэ а ныкъуэдыкъуэр ягъэхъужауэ. „Ахэр цIыху теплъэ зиIэу уэгум къеха тхьэхэщ!“ - жаIэурэ зэрыгъэкIийрт цIыхухэр.

„Хьэуэ, хьэуэ! Фыщоуэ фэ! - яхуидэртэкъым абыхэм Паул. - Фэ фхуэдэу дыцIыху къызэрыгуэкIщ дэри. Дэ фэ дыкъыфхуэкIуащ, мы ди дунейр зыухуа Тхьэм къыбгъэдэкI хъыбарыфI къыфхуэтхьри. Абы и къарукIэщ дэ мы щIакъуэр зэрыдгъэхъужар. ФIэщхъуныгъэ хувиIэн хуей къудейуэ аращ Абы фэ.“

ЩIыпIэ куэд къызэхакIухьа нэужь, Паулрэ Варнавэрэ Ерусалим къагъэзэжащ. Адрей апостолхэр тепыIэжтэкъым абыхэм япкърыупщIыхьыну, а мурадыр яIэуи ахэр къызэхуэсащ.

„Нэхъапэм щыгъуэ дэ къытщыхъурт ХъыбарыфIыр зылъэдгъэIэс хъунур Тхьэм къыхиха лъэпкъым - журтхэм - я закъуэу, - жиIащ Симон Петр, - ауэ, къы-зэрыщIэкIымкIэ, Тхьэр хуейщ цIыху псоми ХъыбарыфIыр зэхахыну. Пэжкъэ, Паул?“

Апостолхэм я пащхьэ иувэри, Паулрэ Варнавэрэ къаIуэтэжащ ахэр къигъэ-сэбэпурэ Тхьэм илэжьа Iуэхугъуэхэр. Абыхэм цIыхухэм жраIэжащ Тхьэм сымаджэ-хэр зэригъэхъужар, езым и Псэ ЛъапIэр ягу кърилъхьэурэ, цIыхухэм я гурылъхэр зэрихъуэжар.

„Тхьэм ар хэт щхьэкIи дэнэ щIыпIи щелэжь, - жиIащ Паул, - сыту жыпIэмэ дэ дощIэ: Ар хуейщ, журтхэм я мызакъуэу, дунейм цIыхуу тетым Хъыбары-фIыр зэхахыну". Абы жиIэм апостол псори арэзы техъуащ.

ХъыбарыфIыр цIыхухэм ялъигъэIэсыну гъуэгуанэщIэ теуващ аргуэру Паул. Мы зэм абы зыщIигъуащ СилэкIэ зэджэ и ныбжьэгъу гуэр. ЩIыгум тетуи кIуаи, тенджызым тетуи кIуаи, - сытми, ауэрэ, Филиппи зи цIэ къалэм нэсащ. Псом япэрауэ, ахэр кIуащ цIыхухэр щызэIущIэу икIи тхьэлъэIу щащIу псы Iуфэм щыIэ щIыпIэм. Мис абдежым Паул цIыхухэм яхуиIуатэу щIидзащ гуэныхьхэр Тхьэм зэрыпщхьэщихыфынури уи гъащIэ гъуэгуанэр пхъуэ-жынымкIэ къызэрыбдэIэпыкъунури.

Языныкъуэхэм я фIэщ хъуащ Паулрэ Силэрэ жаIэр, ауэ зымыдахэри яхэтт. ИкIэм-икIэжым, куэдрэ зэдэуа нэужь, Паулрэ Силэрэ къалэ лъэхъуэщым яшащ. ЗэкIуэцIапхэщ, щIадзэхэри, бжэр ягъэбыдэжащ.

ГъущI IэхъулъэхъукIэ зэкIуэцIапхауэ, Паулрэ Силэрэ лъэхъуэщым ист. Ауэ тхьэу-сыхэртэкъым ахэр, тхьэусыхэным и пIэкIэ, Тхьэм фIыщIэ хуащIырт. Абыхэм уэрэд жаIэрт Тхьэм и фIылъагъуныгъэмрэ и лъэкIыныгъэшхуэмрэ теухуауэ. ХужаIэрт Хьисэ ажалым текIуэу ар лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжам.

А уэрэдыр здыжаIэм, лъэхъуэщым и блынхэр зэщIэсысэри къызэщIэчащ. ЩIыр хъейуэ арат.

ЛIитIым ярылъ Iэхъулъэхъухэри бжэр зэрыгъэбыда гъущI 6жэIулъэхэри а зы напIэзыпIэм щIым ехуэхащ.

Лъэхъуэщ хъумакIуэхэм я Iэтащхьэр шынауэ къыщIэлъэдащ: гъэрхэр щIэпхъуэжауэ къыфIэщIри, кърашIэнкIэ хъунум щыщтауэ, езым зиукIыжыну арат. АрщхьэкIэ, гъэщIэгъуэныратэкъэ, - абы зэхихащ Паул и макъ:

„Дэ дымис!“

„Ар фи Тхьэм и Iэужьщ I - и гур пыIэжауэ къыхэкIиикIащ хъумакIуэр.Аращ фэ хуит фызыщIыжар. Сэри сыхуейщ сщIар къысхуигъэгъуу ар си Тхьэ хъуну".

Ар и щIыкIэу, лъэхъуэщ хъумакIуэхэм я Iэтащхьэри абы и унагъуэм ису хъуари а зы жэщым кърииубыдэу Хьисэ и гъуэгу теуващ.

Нэху зэрыщу, гъэрхэр къаутIыпщыжащ. Паул гуфIэрт: абы ищIэрт ХъыбарыфIыр абы иджыри куэдым зэрахуиIуэтэнур. Хьисэ Мэссихь теухуа ХъыбарыфIыр цIыхухэм яхуиIуэтэну Iэмал игъуэту абы зэи къигъэнакъым.

«Паулрэ абы и ныбжьэгъухэмрэ» хъыбарыр фэ къыщывгъуэтынщ «Апостолхэм ялэжьа Iуэхухэр» тхылъым. Паул Хьисэ и гъуэгу щытехьам щыгъуэ, Тхьэм абы къыгуригъэIуащ Мэссихь щхьэкIэ куэд зэришэчынур. Ауэ Паул а зытеува гъуэгум зэи текIакъым: цIыхуу мы дунейм тетми абыхэм ящыщ дэтхэнэми ХъыбарыфIыр ялъигъэIэсыныр и къалэну илъытэжырт абы. Абы гугъуехь щрагъэшэч щIыпIэхэми Iэмал имыIэу къыщыкъуэкIырт абы жиIэхэм щIэдэIуну зыфIэфI цIыхухэр. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъы-кIуэм нэхъыбэ хъурт Мэссихь и гъуэгум теувэхэр. Паул и тхылъхэр зыхуэгъэзар члисэ зэIущIэ щхьэхуэхэрщ, ауэ абыхэм апхуэдизкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщи, Инджылым и Iыхьэ щанэм нэхърэ нэхъыбэр яубыд.

„Паул лъэхъуэщым зэрисар“ хъыбарыр зытеухуар а тхылъхэр щитхым щыгъуэ Паул и Iуэху зытетамрэ Урым щыкIуэм зэрыса кхъухьыр хы борэным зэрикъутамрэщ.

## ПАУЛ ЛЪЭХЪУЭЩЫМ ЗЭРИСАР

Хьисэ и гъуэгу ирикIуэхэр хуабжьу игъэпIейтеят къэхъуам. Гу ихакIэ Хъыбары-фIыр цIыхухэм ялъэзыгъэIэс апостол Паул ягъэтIысат. Дауэрэ ящIми, абы и бийхэм къехъулIащ ар къаубыдын, лъэхъуэщым ирадзауи ист.

Ауэ зыми къыхуэгъэувыIэртэкъым Паул: абы Хьисэ теухуа ХъыбарыфIыр яжриIэрт лъэхъуэщ хъумакIуэхэми, урым кесарым къигъэкIуа Iэтащхьэхэми, езы кесар дыдэми. „Хабзэм къемызэгъ лъэпкъ злэжьакъым сэ, - жиIэрт трикъузэу Паул - Сэ сытепсэлъыхьу аркъудейщ Хьисэ, мис а яукIыу иужькIэ лIахэм къахэтэджыкIыжам“.

„Ар зыхуэгъэзари зыжеIэн хуейри уи лъэпкъым, журтхэм, я закъуэщ, - жиIащ урым кесарым къигъэкIуа Iэтащхьэм. - Ауэ щыхъукIэ, Ерусалим удгъэкIуэжынщи, зэфIэкIащ".

„Сэ сыжурт къудейкъым, урым къэралыгъуэшхуэми срицIыхущ, ауэ щыхъукIэ, кесарым фIэкIа, зыри хуиткъым хьэкум къыстрищIыхьыну".

„Хъунщ-тӀэ, апхуэдэу щыщыткӀэ, Урым удгъэкӀуэнщ", - жиӀащ Ӏэтащхьэм, абыкӀэ арэзы хъуауэ.

НэгъуэщӀ гъэрхэм яхэту Паул кхъухьым ирагъэтӀысхьэри, Урым яшэну ежьащ. Паул гуфӀэрт и ныбжьэгъу Лука зэрыщӀыгъум щхьэкӀэ. ТемыплъэкъукӀыу, гъэрхэр зауэлӀхэм яхъумэрт. Апхуэдэурэ тхьэмахуэ зыбжанэкӀэ кӀуауэ, тенджызым борэн ин дыдэ къыщхьэщыхьащ.

Хысыдж домбейхэм кхъухьыр адэкӀэ-мыдэкӀэ зэрадзэрт, и кӀуэцӀым псыр къиуэрт, дридзейрт, къридзыхырт. Псори гужьеят - зауэлӀхэри гъэрхэри. „Псоми кӀуэдыр къытхуокӀуэ!" - зэрыгъэкӀийрт ахэр, гугъапӀэ лъэпкъ ямыӀэжу.

Ауэ Паул ищӀэрт абыхэм яцыщу зыри зэрыхэмыкӀуэдэнур. Тхьэм абы зыхригъэщӀакӀэт и гъусэ псори борэным къызэрелынур. Паул ягу фӀы яхуищӀырт и гъусэхэм, Тхьэм щхьэузыхь зыхуащӀу зы щхьэкӀи мышынэну яжриӀэрт. ИкӀэм-икӀэжым, нэхущхэм деж абыхэм къалъэгъуащ хытӀыгу гуэрым гъунэгъу зэрыхуэхъур.

Абы хэту къэӀуащ тхьэкӀумэӀупсыр Ӏуиуду макъышхуэ... Кхъухьыр псыте-пхъэм нэсри, мывэхэм жьэхэуауэ арат. Хысыдж домбейхэр къытеукӀуриеурэ кхъухьыр цӀыкӀу-цӀыкӀуу зэхикъутэу щӀидзащ. ЦӀыхухэм, псы щӀыӀэм хэлъэм, кхъухь къутахуэхэм зыкӀэращӀэурэ, къащымыӀауэ я псэр хы Ӏуфэм нахьэсащ.

Зыр зым дэӀэпыкъужурэ псым къыхэпщри, псыфыбзэрэ зэщӀэкӀэзызэу ахэр хытӀыгум техьащ.

ПсынщӀэу чыщч зыкъом къызэщӀащыпэри мафӀэ ящӀащ абыхэм. ХытӀыгум щыпсэу цӀыхухэри абыхэм къадэӀэпыкъурт. Мо цӀыху еша-елӀахэр, зэхэукӀахэр мафӀэм бгъэдэст зрагъэурэ загъэгъущыжу.

Паул чыщч ӀэплӀэ къихьащ, мафӀэм трилъхьэну. Абы гу лъитакъым а чыщчхэм блэ шынагъуэ зэрыхэсым... Псори зэуэ я пӀэм ижыхьащ, сыту жыпӀэмэ абыхэм къащыхъуат блэр Паул къеуарэ иджыпсту къытехуэу лӀэну. АрщхьэкӀэ Паул, зыкӀи къыхэмыщтрэ Ӏэдэбу, мо блэ зыкъезыдзар мафӀэм хэхуэу зыкӀэригъэхужащ. Тхьэм къихъумэрт Паул, мыпхуэдэ псэзэпылъхьэпӀэ дапщэми къриша Абы ар!

ЩӀымахуэр блэкӀат, гъуэгуанэм утехьэж хъунут. Арати, гъэрхэр нэгъуэщӀ кхъухь ирагъэтӀысхьэри ирашэжьащ. Дунейр уэфӀт, кхъухьыр хуабжьыфӀу зыгъакӀуэ жьыбгъэ къепщэрти, Урым хъарзынэу нэсахэщ.

Урым дэст Хьисэ и гугъу зэхэзыха гуэрхэри. Паул Урым къызэрашэр щызэхахым, ахэр гуфӀэжу къыпежьащ абы.

Паул гуфӀащ Урыми абы ныбжьэгъухэр - Хьисэ и гъуэгу ирикӀуэхэр – зэрыщигъуэтам щхьэкӀэ.

ЗауэлӀхэм языхэзым Паул ишащ ар щыпсэун хуей унэм.

„Уэ зыри 6укӀакъым, къэбдыгъуакъым, ауэ щыхъукӀэ лъэхъуэщым ущӀисын лъэпкъ щыӀэкъым, мис мы унэм щӀэс. Уэ уахъумэнущ, ущӀэкӀи хъунукъым, ауэ уи ныбжьэгъухэр къыпкӀэлъыкӀуэнумэ, япэдубыдынукъым"

Арати, Хьисэ теухуауэ Паул къиIуэтэжхэм едэIуэну хуейуэ хъуар абы и унэм къыщызэхуэсу щIадзащ. Ар фIэфIыпсу тепсэлъхьырт Хьиси Тхьэм и Тепщэныгъэшхуэми.

Паул зэман куэд тригъэкIуадэрт тхэным. ЯгъэтIысын и пэ къалэ куэдым цIыхухэм Тхьэм и псалъэхэр щалъигъэIэсат, абы къыхэкIыуи ныбжьэгъу куэд иIэт. Абыхэм къахуэщIэртэкъым Паул апхуэдэу зэуэ щIэбзэхар. Хьисэ Мэссихь теухуауэ зыкъомым мащIэ дыдэт ящIэр, абы къыхэкIыуи Паул тхыгъэ кIыхьхэр яхуитхын хуей хъурт. Паул абыхэм ягу щIэмычэу къигъэкIыжырт Хьисэ щIэлIар цIыхухэм ятелъ гуэныхьыр ящхьэщихын щхьэкIэу зэрыщытар, ар лIахэм къазэрыхэтэджыкIыжар. Абы фIэщхъуныгъэ хузиIэ дэтхэнэми Тхьэшхуэм гъащIэщIэ ирет. Хьисэ и гъуэгу теувахэм Паул сытым дежи яжриIэу щытащ абыхэм я гъащIэщIэр гъащIэжьым емыщхьу щытын зэрыхуейр.

Паул итх тхылъхэр и ныбжьэгъухэм къаритти, модрейхэм хэт лъэсу, хэт кхъухькIэ, хэти шыдкIэ зэбграхырт. Паул зыхуэтхэхэм апхуэдизкIэ жыжьэ щыIэ къахэкIырти, абыхэм я деж нэсын щхьэкIэ, куэд дыдэрэ гъуэгу щытет щыIэт.

Паул къахуитххэр къазэрыIэрыхьэу, фIэщхъуныгъэ зиIэхэр гуп-гупурэ зэхуэсырти, къытрагъэзэжурэ щIаджыкIырт. Абыхэм ящIэну хуейт Мэссихь я псэм щыщ хъуауэ къагъэщIэну гъащIэщIэм теухуауэ псори.

ФIэщхъуныгъэ зиIэхэм хуабжьу ягъэлъапIэрт Паул къахуитххэр, хуэсакъыпэу яхъумэрт. Абыхэм я фIыгъэкIэ, Паул и тхыгъэ куэд хъума хъури Библием хыхьауэ ноби дыкъыщоджэ. Абыхэм яхэтщ Урым кIуэн и пэ къихуэу Паул урымдэсхэм яхуигъэхьа тхылъыр.

Абы къыкIэлъокIуэ Коринф, Фессалоникэ къалэхэм, Галатие хэкум, Ефес, Филиппи, Колоссэ къалэхэм щыпсэууэ  фIэщхъуныгъэ зиIэхэм яхуигъэхьа тхылъ-хэр. Абыхэм нэмыщI, Библием итщ Паул и ныбжьэгъухэм яхуигъэхьа тхылъхэри: Тимофей, Тит, Филимон сымэ.

Хьисэ и гъуэгум тетрэ и пэкIэ плъэуэ псэуащ Паул дунейм тетыху - абы и нэгум щIэтт лIа нэужь, Мэссихь и пащхьэм ихьэжу, Абы и нэгум зэриплъэжынур. Хьисэ Мэссихь и ХъыбарыфIыр цIыхухэм зэралъигъэIэсам къыхэкIкIэ, Паул яубыдри, Урым къалэм щаукIащ.

Илъэс минитI мэхъури, а ХъыбарыфI дыдэм щIодэIу мы дунеишхуэм тет цIыхухэр. Ноби макIуэ ар и пэкIэ.

Апостол Паул и гъащIэмрэ ар Урым зэрыкIуа, зэрыщыIа щIыкIэмрэ теухуа хъыбархэр итщ «Апостолхэм ялэжьа Iуэхухэр» тхылъым и 25-нэ псалъащхьэм къыщыщIэдзауэ 28-нэр къыхиубыдэу. Урымдэсхэм яхуитха тхылъым къыщы-щIэдзарэ Филимон хуитха тхылъыр къыхиубыдэу тхылъ пщыкIущ мэхъури, а псори зи Iэужьыр Паулщ. Ахэр щыхьэт тохъуэ лъахэ куэдым къыщыунэхуауэ щыта члисэ зэIущIэхэм Паул лъагъуныгъэшхуэ яхуиIэу и нэIи ятет зэпыту зэрыщытам. Нэхъ иужьыIуэкIэ итха тхылъхэм ящыщ зым (Тимофей хуитха етIуанэ тхылъым) Паул Мэссихь хуэлажьэурэ къипсэуа гъащIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ къыщепщытэж. Абы лIэныгъэм зыхуигъэхьэзырт. „ХъыбарыфIым фIыуэ сыхущIэкъуащ, - етх абы, - къэзжынур къэзжащ, фIэщхъуныгъэр схъумащ“. ГъащIэм нэхърэ лIэныгъэр нэхъ къищтэрт абы, сыту жыпIэмэ лIа нэужь, Мэссихь IущIэнут. IущIэнурэ, „пэжыгъэм и тажыр“

къыщхьэритIэгъэнут. ЦIыхуу дунейм тетым хьэкум ятрищIыхьэну Хьисэ уафэм къыщехыну къемэт махуэм деж, а тажыр Хьисэ ящхьэритIэгъэнущ езым и гъуэгум ирикIуа псоми.

Фэ щIэвджыкIащ нэхъ цIыкIу дыдэхэм папщIэ Библием къитхыжа хъыбархэр щызэхуэхьэса етхуанэ тхылъыр. Дыщогугъ а хъыбархэм фыкъеджэурэ ди Зиусхьэным и нэфI къыфщыхуауэ ди КъегъэлакIуэ Хьисэ Мэссихь нэхъыфIу фагъэцIыхуауэ фIыуи фагъэлъэгъуауэ. Ар апхуэдэу щытмэ, мы тхылъхэр къыдэдгъэкIыныр игъуэу зылъыта ди Тхьэм фIыщIэшхуэ худощI.

Мы тхылъым ехьэлIауэ гу зылъытапхъэхэр къытхуэфтхмэ, ди гуапэ хъунт. Фыкъатхэ мыпхуэдэ адресымкIэ: Licht im Osten, Postfach 1340, 70809 Korntal, Germany.